ДЖОН БИВЕР

# ШАЙТАННЫҢ ЖЕМТИГИ

Өлимге алып барыўшы дузақ болған

кеширмеўшиликтен азат өмир

Бир миллионнан артық нусқада басылып шығылған

Дүнья бойлап 6.000.000 нан артық нусқалар тарқатылған

Қымбатлы Достым,

Бәлким, сиз бул китапты оқып атырғаныңызда, өмириңиздеги ең әҳмийетли ҳақыйқатлық пенен дусласыўыңыз мүмкин. Бундай деп исенимли түрде айтып атырғанымның себеби - бул китапты мен жазғаным ушын емес, ал оның мазмуны себепли айтып атырман. Бул - аспаннан хат. Оны биринши болып мениң оқығаным себепли ғана, бул китапқа мениң атым түскен. «Шайтанның жемтиги» деп аталаўғын бул китапта азғырылыўлар ямаса өкпелеўлер машқаласы сөз етиледи. Оларға ҳәр биримиз дус келетуғынымыз анық ҳәм олар бизлердиң жеңип өтиўимиз керек болған ең қыйын бөгетлер менен қақпанлардың бири.

Бул китаптың жарыққа шыққанына он жыл болды. Соннан берли ол дүньяның көп тиллерине миллионнан аслам нусқада басылып шықты. Бизлер бул китапты оқып шыққан адамлардан оғада көп хатлар алдық. Олар хатларында бул китаптың оларға қалай тәсир еткенлиги, Қудайдан күш алып, душпан қуллығынан қалай азатлық алғанлығы туўралы гүўалықлар берип қойыпты.

Бул китапты дүнья бойлап барлық жетекшилерге ҳәм келешектеги жетекшилерге өз сүйиспеншилигимниң белгиси ретинде жеткизиўим кереклигин Қудай анық етип мениң жүрегиме салды. Бул китап оларға басқаларды көтериўге ҳәм азат етиўге жәрдем беретуғын қолланба болып хызмет ететуғынына исенемен.

Достым, Қудай маған бул китаптағы ҳақыйқатлықты ашқан ўақтында, мениң өмирим түптен өзгерди. Енди сиз бул китапты оқып атырғаныңызда, ондағы ҳақыйқатлықлардың ашылып барыўы арқалы, сизиң де өмириңиздиң өзгериўи ушын дуўа етемен. Бул китаптың сизге ҳәм сиз хызмет етип атырған адамларға қалай тәсир еткенлиги туўралы гүўалықларды еситсем, мен қатты қуўанаман.

Масийхтағы туўысқаныңыз,



Джон Бивер
JohnBevere@ymail.com

MessengerX

Messenger INTERNATIONAL

# ДЖОН БИВЕР

# ШАЙТАННЫҢ ЖЕМТИГИ

**Өлимге алып барыўшы дузақ болған**

**кеширмеўшиликтен азат өмир**

**Бир миллионнан артық нусқада басылып шығылған**

T**he Bait of Satan** by John Bevere, Karakalpak
© 2024 Messenger International
MessengerInternational.org
Originally published in English as The Bait of Satan

Additional resources in Karakalpak by John and Lisa Bevere are available for free download and video streaming at: **MessengerX.com** and on the **MessengerX** App.
To contact the author: JohnBevere@ymail.com

This book is a gift from Messenger International and is NOT FOR SALE

**«Шайтанның жемтиги»** Джон Бивер, қарақалпақ тилинде
© 2024 Messenger International
MessengerInternational.org
Дәслеп бул китап инглис тилинде «Bait of Satan» деген атамада шықты.

Қарақалпақ тилинде Джон ҳәм Лиза Бивердиң басқа да қосымша ресурсларын **MessengerX.com** сайтында ҳәм **MessengerX** қолланбасында табыўға ҳәм бийпул жүклеп алыўға болады.
Автор менен байланыс қурыў ушын электрон адреси: JohnBevere@ymail.com

Бул китап «Messenger International» хызметинен саўға ҳәм САТЫЎҒА БОЛМАЙДЫ.

Жүклеў App Store

Қабыллаў Google Play

App Store Apple Inc компаниясының саўда белгиси болып есапланады. Ол АҚШ та ҳәм басқа еллерде есаптан өткен.
Google Play ҳәм Google Play логотипи Google LLC компаниясының саўда белгиси болып есапланады.

## МЕНИҢ ШЕКСИЗ МИННЕТДАРШЫЛЫҒЫМ...

Қудайдан кейинги мениң ең жақын достым Лизаға. Сен ҳақыйқаттан да жақсы ҳаялсаң. Қымбатлым, Қудай бизлер екеўимизди өмирлик жолдас етип бирлестиргени ушын, Қудайға шексиз миннетдарман. Бул китапты редакторлаўға пидакерлик пенен жәрдем бергениң ушын саған рахмет айтаман.

Бул проект әмелге асыўы ушын әкеси менен сөйлесиўге ўақытларын қурбанлық қылған мениң үш улым Эдисонға, Остинге ҳәм Александрға. Балалар, сизлер мениң жүрегимниң қуўанышысыз!

Туўылайын деп турған улыма ямаса қызыма. Сен әлле қашан бизлердиң шаңарағымыз ағзасы болдың ҳәм бизлер сени көретуғын сол саатты қатты асығыслық пенен күтип атырмыз.

Усы сөзге исенген ҳәм бул мийнеттиң жазылып, басып шығарылыўына мени жигерлендирген Джон Мэйсонға айрықша миннетдаршылық билдиремен; редакторлаўдағы оның таланты ҳәм қоллап-қуўатлаўы ушын Поулалион Дебораға ҳәм усы проект үстинде бизлер менен бирге мийнет еткен «Creation House» баспаханасының барлық хызметкерлерине де миннетдаршылық билдиремен.

Бирақ, ең баслысы, мен шын жүректен шыққан барлық миннетдаршылығымды  сөз бенен тәрийиплеп болмайтуғын сыйы ушын Аспандағы Әкемизге, мийрими, ҳақыйқаты ҳәм сүйиспеншилиги ушын Ийемиз Ийсаға ҳәм бул китап үстинен жумыс ислеген ўақтымызда бизлерди жетелегени ушын Мухаддес Руўхқа жоллайман.

## МАЗМУНЫ

*КИРИС СӨЗ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5*

*КИРИСИЎ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9*

1. МЕН ӨКПЕЛЕП ҚАЛҒАНМАН БА? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 15
2. КӨПЛЕР ӨКПЕНИҢ ҚАҚПАНЫНА ТҮСЕДИ . . . . . . . . . . . . . . . . . 27
3. БУНДАЙ НӘРСЕ ҚАЛАЙ МЕНИҢ БАСЫМА ТҮСИЎИ МҮМКИН? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45
4. ӘКЕ, ӘКЕ! . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 63
5. РУЎХЫЙ ГЕЗЕНДЕЛЕР ҚАЛАЙ ПАЙДА БОЛАДЫ? . . . . . . . . . . . 81
6. ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚТАН ЖАСЫРЫНЫЎ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 101
7. ИСЕНИМЛИ ТИЙКАР . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 117
8. ШАЙҚАЛАТУҒЫН ҲӘММЕ НӘРСЕ ШАЙҚАЛАДЫ, СИЛКИНЕТУҒЫН ҲӘММЕ НӘРСЕ СИЛКИНЕДИ . . . . . . . . . . . 137
9. СҮРНИКТИРЕТУҒЫН ТАС . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 161
10. ОЛАРДЫ ТҮСИНБЕЎШИЛИККЕ САЛМАЎЫМЫЗ УШЫН… . . . 185
11. КЕШИРИМ: БЕРМЕСЕҢИЗ, АЛМАЙСЫЗ!. . . . . . . . . . . . . . . . . 199
12. ӨШ АЛЫЎ БУЛ ҚАҚПАН . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 217
13. ҚАҚПАННАН ҚАЛАЙ ҚАШЫП ҚУТЫЛЫЎҒА БОЛАДЫ? . . . . . 233
14. БИЗЛЕРДИҢ МАҚСЕТИМИЗ ЖАРАСЫЎ . . . . . . . . . . . . . . . . . 247

*ЭПИЛОГ: ӘМЕЛИЙ ҚӘДЕМЛЕР. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 261*

# КИРИС СӨЗ

Қудай жаңа әўлад хызметкерлерин көтермекте. Олар жойтылған ҳәм набыт болып баратырған бул дүньяға Хош Хабарды жеткизиўге таяр адамлар. Джон Бивер усы әўладқа тийисли.

Мен Джон менен 1983-жылы таныстым. Мени оның жәмәәтине ўаз айтыўға шақырған еди. Сонда Джон сол жәмәәттиң бир хызметкери еди. Бир неше жыл өткеннен кейин Қудай оны Орландодағы бизлердиң жәмәәтимиздиң жумысшысы болыў ушын алып келди. Мен оның Қудай менен жеке қарым-қатнасығында ҳәм Хош хабар хызметкери сыпатында қалай раўажланғанын ҳәм ержеткенин көрдим. Оның ишинде ҳақыйқатлыққа ҳәм адамларға деген сүйиспеншилик лаўлап жанып атыр еди, бул оның Хош Хабарды ўаз қылыўында қозғалтыўшы күши болып хызмет етеди. Оның

компромиссиз, адамларға түсиникли қылып Қудайдың Сөзин ўаз қылыыўы, гүнакарларды тәўбе етиўге ҳәм мухаддес өмир сүриўге шақырады.

«Шайтанның жемтиги» китабында Джон ҳәр бир исениўши ушын итимал болған дузақлар ҳаққында, яғный азғырылыўлар ҳәм өкпелеўлер ҳаққында әҳмийетли теманы талқылайды. *Азғырылыўлар ҳәм өкпелеўлер* себепли исениўшиниң өмирине келетуғын сынақлар ҳәм қыйыншылықлар ҳәр қыйлы ақыбетлерге алып келиўи мүмкин. Нәтийжеде толығы менен адамның буларға қандай мүнәсебетте болыўына байланыслы болады. Егер сиз өкпелеп, жарақатланып қалған болсаңыз, Қудайдың баласы ретиндеги сизиң руўхый өсиўиңиз, жолыңызда пайда болған тосқынлықлар себепли тоқтап қалады. Сиз өз-өзиңизди аяп, өзиңизге «байрам» шөлкелестирип баслайсыз ҳәм өзиңизди оның «ҳүрметли қонағы» етип аласыз! Сизге қаншелли дәрежеде әдалатсызлық қылғаны туўралы бәрқулла ойлап, нәзериңизди Қудайдан узақлатасыз ҳәм ишиңизде жаўылып қаласыз. Ҳақыйқатын айтқанда, бул жүдә ҳийлекер дузақ!

Бирақ, егер сиз өкпени азықландырмай ҳәм оның өмириңизде тамыр жайыўына жол қоймай, ал барлық жағдайды Қудайдың қолына тапсырып үйренсеңиз, онда Қудай менен қарым-қатнасығыңыз еле де беккемленип бара береди. Яқып: «Туўысқанларым, түрли сынаўларға ушырағаныңызда оны үлкен қуўаныш пенен қабыл етиңлер. Себеби исенимиңиздиң сыналыўынан сабырлылық пайда болатуғынын билесизлер. Ҳеш бир кемшиликсиз, жетилискен ҳәм минсиз адамлар болыўыңыз ушын толық сабырлылық етиңлер», - деп жазады (Яқып 1:2-4).

Азғырылыўлар ҳәм өкпелеўлер сөзсиз келеди. Ийса Өзиниң шәкиртлерин бул дүньяда азғырылыўларға ҳәм өкпелеўлерге дусласпай жасаў мүмкин емес деп ескертеди. Гәп азғырылыўлар менен өкпелеўлердиң сизге келиўинде ямаса келмеўинде емес, ал олар келген ўақытта, сизиң оларға қандай қатнас қылыўыңызда!

Егер сиз әлле қашан оларға шатасып қалған болсаңыз, бул китап сизге бул дузақларды анықлаўға ҳәм олардан жеңимпаз болып шығыўға жәрдем береди. Шайтанның бул ҳийлелерин танып, оларды жеңиўди үйренесиз. Бивердиң бул китабы: «Азғырылыўлар ҳәм өкпелеўлерге қандай жуўап қайтарыўым керек?» деген әҳмийетли сораўға Мухаддес Китапқа тийкарланған дана жуўапты усынады. Сизди тек жеке өзиңиз таныған ҳақыйқатлық ғана азат қылатуғынын есиңизде сақлаң! Руўхый дүньяға саяхат етип, өзиңиздиң негизги душпаныңыз шайтан екенин билиң.

Бенни Хинн, шопан ҳәм Хош Хабаршы.

Флорида штаты, Орландо масийхыйлар орайы

1994-жыл, апрель

# КИРИСИЎ

Ҳайўанларға дузақ қойған қәлеген адам, дузақ табыслы жумыс ислеўи ушын еки шәрт зәрүр екенин биледи. Биринрншиден, ҳайўан бул дузақты сезбейтуғын дәрежеде жасырылған болыўы керек. Екиншиден, онда ҳайўанды дузақтың қанлы аўзына алдап алып келетуғын жемтик болыўы керек.

Биздердиң жанымыздың душпаны, шайтан, өзиниң ең азғырыўшы ҳәм өлтиретуғын дузақларын қойғанда, усы еки ҳийледен де пайдаланады. Оның дузағы нықап пенен жаўылған болады, бирақ жемтиги көзге көринип турады.

Шайтан ҳәм оның жинлериниң легионы көпшилик адамлар ойлағандай соншелли ақмақ емес. Олар ҳийлекер, сум ҳәм азғырыўға шебер. Шайтан нәзик ҳәрекет етеди, ол шаққан ҳәм тапқыр. Ол нур периштеси нықабы астында бола алатуғынын умытпаң. Егер бизлер Қудайдың Сөзи тийкарында жақсылықты

жаманлықтан ажыратып үйренбеген болсақ, онда оның дузақларын танып биле алмаймыз.

Ҳәр бир масийхый дусласатуғын оның ең азғырыўшы жемтиклериниң бири — бул өкпе. Негизинде, дузақта турған өкпе ҳеш кимди өлимге жетелей алмайды. Бирақ егер бизлер бул шайтанның жемтигин алып, оны жүрегимизге киргизип қойсақ, әне, сонда ғана ол бизлерди өлимге жетелеп баслайды. Бундай адамды *«өкпели», «өкпелеп қалған»* деп атаймыз. Өкпелеп қалған адамлар мынаған уқсаған көп ғана жаман мийўелерди бере баслайды: *ғәзеп, ашыў, қызғаныш, ашыўшақлық, алаўызлық, қайғы, аўырыў, жек көриўшилик ҳәм көре алмаўшылық.*

Өкпени киргизип адамлар өз өмирлеринде төмендеги ақыбетлерди орып алады: *масқараланыў, ҳәр қыйлы ҳүжимлер, жарақатлар, бөлиниўлер, қарым-қатнасықтың бузылыўы, сатқынлық ҳәм исенимнен қайтыўшылық.*

Көбинесе өкпелеп қалған адамлар өзлериниң дузаққа түсип қалғанын түсинбейди. Олардың бар дыққаты оларға қылған «жаман қатнасларға» қаратылады, сонлықтан өзлериниң қорқынышлы жағдайға түсип қалғанын да сезбейди. Олар ҳақыйқатлыққа жүзбе-жүз қараўдан бас тартады. Душпанның адамды соқыр қыла алатуғын ең нәтийжели усылы адамның бар дыққатын өз-өзине қараўға мәжбүрлеў.

Сиз қолыңызда услап турған китап, усы набыт қылыўшы дузақтың бетин ашады ҳәм қалай оның пәнжесинен қутылып, азат болыў мүмкинлигин көрсетеди. Өкпелеўден азат болыў ҳәр бир масийхый ушын оғада әҳмийетли. Себеби бул дүньяда өкпелеўлерге ҳәм азғырылыўларға әлбетте дусласатуғынымыз ҳаққында Ийемиз Ийса ескертеди (Лука 17:1ге қараң).

Бул туўралы АҚШта ҳәм басқа еллерде ўаз айтқанымда, тыңлаўшылардың ярымынан көбиси тәўбе етиў ушын алдыға шықты. Бул жетерли дәрежеде үлкен процент, бирақ негизи бул еле ҳәммеси емес. Менменлик көпшилик адамлардың тәўбе етиўине кесент етип, оларды орынларында услап қалады. Мен бул дузақтан

адамлар азатлық алған ўақтында, олардың қалай шыпа алғанын, Мухаддес Руўхқа толғанын ҳәм ибадатларына жуўап алғанларын көрдим. Әдетте, азатлық алған гезде, олар жыллар бойы излеп жүрген нәрсесин енди тапқанлығы туўралы гүўалық береди.

XX әсирдиң ақырына келип, жәмәәтлерде Қудай ҳаққында билим бир қанша көбейди. Бирақ, тилекке қарсы, ҳәзир исениўшилер, жетекшилер ҳәм жәмәәтлер арасында еле де көбирек бөлиниўлердиң болып атырғанын көрип турыппыз.

Буның себеби мынаў: ҳақыйқый сүйиспеншиликтиң жоқлығы себепли жәмәәтлерде «өкпелеў руўхына» орын берилген ҳәм ол үлкен ҳәм терең тамырларын жайған.

«Билим адамды менмен қылады, ал сүйиспеншилик жигерлендиреди» (1Коринфлилерге 8:1). Көпшилик исениўшилер бул азғырыўшы дузаққа түсип қалған ҳәм үйренисип кеткен. Олар буны әпиўайы өмир тәризи деп есаплайды.

Бирақ, қуўанышлы жаңалық соннан ибарат, Масийх екинши рет жерге келерден алдын, ҳақыйқый исениўшилер көз көрип, қулақ еситпеген дәрежеде бирлеседи. Сан-санақсыз жүдә көп адамлар өкпе дузағынан азат болатуғынына исенимим кәмил. Бул пүткил елди жайлап алатуғын Уллы Ояныўдың ең тийкарғы көринислериниң бири болады. Исенбейтуғынлар Ийсаны бизлердиң бир-биримизге деген сүйиспеншилигимиз арқалы көрип таныйтуғын болады. Себеби сүйиспеншиликтиң жоқлығы себепли олар алдын Оны көре алмаған еди.

Мен бул китапты қурыдан қуры жазғаным жоқ. Қудай мениң жүрегиме бул сөзди салды ҳәм бул шынлықтың отын жақты. Мен ҳәзир бул сөздиң қандай әжайып жемислер әкелип атырғанын көрип атырман. Бир шопан мен ўаз айтқан хызметтен кейин маған: «Мен бир жыйналыстың өзинде сондай көп адамлар азат болғанын ҳеш қашан көрмедим», - деди.

Қудай мениң жүрегиме тийинди ҳәм бул тек басланыўы деди. Бул китапты оқығаныңызда көп адамлар азат болады, шыпаланады ҳәм қайта тикленеди. Олар Мухаддес

Руўхтың оларға сөйлеп атырғанын еситеди. Сиз бул китапты оқып атырғаныңызда, исенимим кәмил, Устазымыз ҳәм Жубатыўшымыз болған Мухаддес Руўх сизиң жүрегиңизге сөйлейди ҳәм Оның сөзи өмириңизге ҳәм хызметиңизге үлкен азатлық алып келеди.

Келиңлер, оқымастан алдын, биргеликте былай деп дуўа етейик:

*Әке, Ийсаның атынан Сеннен сорайман, бул китапты оқып атырғанымда, маған Өз сөзиңди Мухаддес Руўхың арқалы ашып бер. Сени таныўыма ҳәм Саған еле де жемислирек хызмет етиўиме кесент ететуғын жүрегимниң жасырын тараўларын маған ашып бер. Мен Сениң Руўхыңның әшкаралаўын қабыл етемен ҳәм Саған унайтуғын затты ислей алыўым ушын Сеннен мийрим сорайман. Усы китапты оқып атырғанымда, Сениң даўысыңды еситкеймен ҳәм Сени еле де көбирек танығайман. Аўмийин!*

# БИЗЛЕРДИҢ ӨКПЕГЕ ҚӘЙТИП ЖУЎАП БЕРЕТУҒЫНЫМЫЗ - КЕЛЕШЕГИМИЗДИҢ ҚАНДАЙ БОЛАТУҒЫНЫН ШЕШЕДИ

«Шайтанның жемтиги» деп аталатуғын бул китап бизлердиң өмиримизди ҳәм хызметимизди өзгертти. Бизлер видео сабақларын кем дегенде жигирма мәрте көрип шықтық ҳәм китапты да жүдә көп мәрте қайталап оқыдық. Өз өмирлеримизде ҳәм басқалардың өмирлеринде өзгерислер жүз бериўи ушын, бизлер видеодан да, китаптан да пайдаландық. Бул китапта Қудайдың күшине толы ҳақыйқатлықлар бар ҳәм олар тап ҳәзирги ўақытқа керек болған ҳақыйқатлықлар.

– С. К., КОННЕКТИКУТ

# 1-БАП

# МЕН ӨКПЕЛЕП ҚАЛҒАНМАН БА?

***Адамларды гүнаға азғырыйўшы нәрселердиң келийи сөзсиз.***

**– ЛУКА 17:1**

Хызмет етиў мақсетинде Америка Қурама Штатлары бойлап жүрип, мен сан-санақсыз масийхыйларды қул қылған, олардың қарым-қатнасықларын бузған, араларындағы тосықларды ҳәм тик жарлықларды кеңейткен душпанның ең қәўипли ҳәм азғырыйўшы дузағын көрдим. Бул дузақтың аты *«өкпелеў»* деп аталады.

Жүдә көп исениўшилер *өкпе* ҳәм *кемситилиўлер* себепли жарақатларда жасап атыр. Сол себепли олар Қудай алдында дурыс ҳәрекет ете алмайды ҳәм өз шақырығына кире алмайды. Ал бул өз гезегинде оларға өз имканиятларынан

толық пайдаланыўға мүмкиншилик бермейди. Көпшилик жағдайларда, исениўшиге исениўшилер жарақат алып келеди. Бундай жағдайда өкпе *сатқынлық* сыпатында қаралады. Забур жырларында Даўыт қайғырып, былай дейди:

> Егер жаўым мени кейисе, Буны көтере алар едим, Душпаным меннен өзин жоқары қойса, Оннан жасырынған болар едим. Бирақ сен маған теңлес болған адам, Достым ҳәм жақыным. Бизлер сырлас дос едик, Қудайдың үйине бирге барар едик.
>
> – ЗАБУР 54:13-15

Бул адамлар сениң қасыңда бирге отыратуғын, бирге алғыс айтатуғын ямаса ҳәтте жәмәәтте ўаз айтатуғын адамлар болыўы мүмкин. Олар менен бирге бизлер дем алыс күнлерин өткиземиз, ҳәр қыйлы хызметлерге қатнасамыз ҳәм бирге жумыс ислеймиз. Ямаса, бәлким, бул еле де саған жақынырақ адамлар болыўы мүмкин. Бизлер биргеликте өсемиз, оларға өз сырларымызды ашамыз, олардың қасында жасаймыз. Қарым-қатнасық қаншелли жақын болған сайын, өкпе де соншелли аўыр болады! Ең күшли жек көриўшиликлер, көбинесе, ең жақын қарым-қатнасықта болған адамлардың арасында болады.

Неке ажырасыўы менен шуғылланатуғын адвокатлар сизге көплеген қорқынышлы ҳәм қатал ўақыяларды айтып бере алады. Өз жақынларын өлтиргени ҳаққында жаман хабарларды ўақты-ўақты менен ғалаба хабар қураллары хабарлап турады. Бизлердиң өз үйимиз, аўа, бизлер туўылып өскен, бизлерге пана болған, бизлерди тәмийинлеген, меҳир берген ҳәм алған өз үйимиз, көбинесе, бизлердиң жарақатларымыздың тамыры болады. Тарийх бизлерге ең қанлы урыс бул пухаралық урыс екенин көрсетеди. Бунда туўысқан туўысқанына қарсы, ул әкесине қарсы, әкеси улына қарсы урысады.

Қарым-қатнаслар қаншелли көп болса, өкпелеп қалыў итималлығы да соншелли үлкен болады. Бул ҳақыйқатлық

өзгериссиз қалады: сизлерге бийпарық емес адамлар сизге жарақат келтириўи мүмкин. Сиз олардан көп нәрсени күтесиз, себеби сиз де оларға көп нәрсе берген боласыз. Адамнан күтиў қаншелли көп болған сайын, түскинлик те соншелли көп болады.

Ҳәзир жәмийетимизде эгоизм раўажланып атыр. Адамлар тек өзлерин ойлайды, әтирапындағы адамларға итибар бермейди ҳәм оларды жарақатлайды. Бул бизлерди таң қалдырмаўы керек. Мухаддес китап анық қылып, соңғы күнлери *"адамлар өзин жақсы көретуғын болады"* дейди (2-Тимофейге 3:2). Бизлер усыған уқсас затларды исениўши емес адамлардан күтемиз, бирақ Павел буны жәмәәттиң сыртындағы адамларды нәзерде тутып айтпаған.

Ол масийхыйлар туўралы айтқан. Ҳәзир жүдә көп адамлар жарақатланған, олардың кеўлине тийген, оларды қапа қылған. Сонлықтан олар өкпе руўхын жүрегине киргизип қойған. Олар өкпели! Олар азғырылған, шайтанның дузағына түскен! Бирақ олар шайтанның дузағына түсип қалғанын түсинбейди.

Ким буған айыпкер? Өзлеримиз емес пе? Бул дүньяда азғырылыўларға ямаса өкпелеўлерге дусласпай жасаў мүмкин емес екенлигин Ийемиз Ийса анық қылып айтпады ма? Солай болса да, көпшилик масийхыйлар усындай ҳүжимге ушырағанында, аңтаң болып, өзлерин жоғалтып алады. Бизлер өзлеримизди басқа ҳеш ким бундай надурыс қатнасқа ушырап көрмегендей етип тутамыз. Бирақ өзлеримизди сондай етип тутыўымыз, бизлердиң душпан алдында ҳәлсиз екенлигимизди көрсетеди ҳәм оған жүрегимизге ашшы тамырды пайда етиўине шәраят жаратып береди. Соның ушын, бизлер азғырылыўлар ҳәм өкпелеўлерге қарсы қуралланып, ҳәмийше таяр болып турыўымыз керек. Себеби өкпелеў руўхы ҳүжим қылғанда өзлеримизди қәйтип тутатуғынымыз ҳәм оған қәйтип жуўап беретуғынымыз келешегимиздиң қандай болатуғынын белгилейди.

## АЗҒЫРЫЎШЫ ДУЗАҚ

Лука жазған Хош Хабардағы (17:1) *«азғырыўшы»* деген сөз грекше *«скандалон»* деген сөзден келип шыққан. (Мухаддес Китаптың инглис тилиндеги аўдармасында бул «азғырыўшы» деген сөз «өкпе» деген мәнисти де билдиреди. Сонлықтан автордың ойын толық жеткизиў мақсетинде, «азғырыўшы» деген сөзди гейде «өкпе» сөзи менен аўдарамыз. - *Аўдармашы еслетпеси*).

Билесиз бе, басында бул сөз дузаққа қойылған жемтикти билдирген. Демек, бул сөз кимниңдур жолына қойылған дузақты аңлатады. Жаңа Келисимде бул сөз көбинесе душпан қалай адамларды өз дузағына түсиретуғынын тәрийиплеў ушын қолланылады. Өкпелетиў — бул душпанның азғырыўшы қуралы. Усы қуралдың жәрдеминде ол адамларды өз қуллығына түсириўге ҳәрекет қылады. Павел жас Тимофейге былай деп нәсият береди:

> Ийемиздиң хызметшиси жәнжелпаз болмаўы керек. Керисинше, ол ҳәмме менен мүләйим, тәлим бериўге қәбилетли ҳәм сабырлы болыўы тийис. Және ол өзине қарсы болғанларға әлпайымлылық пенен жол-жорық бериўи лазым. Сонда, мүмкин, Қудай сол адамлардың да тәўбеге келип, ҳақыйқатлықты билиўи ушын жол ашар. Солай етип, олардың ақылы киреди ҳәм қәлегенин ислетиў ушын өзлерин тутқын қылған шайтанның дузағынан қутылады.
>
> – 2-ТИМОФЕЙГЕ 2:24-26

Урысып бир-бирине душпан болып қалған адамлар шайтанның дузағына түсип қалады ҳәм оның еркин орынлайтуғын қулына айланады. Оннан да қорқынышлысы, бул адамлар шайтанның тутқынлығына түсип қалғанын ҳәттеки аңламайды да! Адасқан улға уқсап олар ояныўы керек. Сонда ғана олар өзлериниң қандай жағдайда турғанын көрип,

өзлерине келеди. Адам азғырылыўда турғанында оған өзиники дурыстай болып көринип турады. Сонлықтан ҳәмме нәрсе керисинше болса-да, ол өзин ҳақпан деп есаплай береди.

Қандай жағдай болыўына қарамастан, барлық өкпелеген адамларды еки тийкарғы категорияға бөлиўге болады.

- Әдилсизликке ушырағанлар.
- Өзлерин *«әдилсизликке ушырадым»* деп санайтуғынлар.

Екинши категорияға киретуғын адамлар өзлерине жаман қатнас қылғанына пүткил жүреги менен исенеди. Бирақ олардың шешими надурыс мағлыўматларға тийкарланған болады. Гейде мағлыўмат дурыс, бирақ олар надурыс шешим шығарған болады. Қандай болса да, олар жүрегине өкпе киргизип қойған, сонлықтан олар жағдайға туўры баҳа бере алмайды. Олар болжаўларға, сыртқы белгилерге, мыш-мышларға ҳәм шамалаўларға қарап ҳүким етеди.

## ЖҮРЕКТИҢ ҲАҚЫЙҚЫЙ ЖАҒДАЙЫ

Душпан адамды өкпе дузағында қалай услап тура алады? Көпшилик жағдайда, душпан менменликтен пайдаланады, яғный, өкпелеў руўхы менменликтиң артында жасырынып турады. Менменлик бизлерге ҳақыйқый жағдайымызды тән алыўымызға тосқынлық қылады.

Бир рет маған бир неше хызметкерлер күшли жарақат келтирди. Айырым адамлар: «Олардың саған сондай қатнас қылғанына мениң исенгим келмейди. Саған қатты аўыр болып атырған шығар?» - деди. Сонда мен тез жуўап берип: «Яқ, менде ҳәммеси жақсы. Мен ҳеш кимге өкпелеп атырғаным жоқ», - дедим.

Мен өкпелеўге болмайтуғынын билетуғын едим, соның ушын да мен ҳәр қандай өкпеден бас тарттым ҳәм басып тасладым. Ал негизинде, мен өкпелеген болсам да, өзимди өкпелемеймен деп исендирген едим. Менменлик маған

жүрегимниң ҳақыйқый жағдайын көриўиме тосқынлық етти.

Менменлик сизди ҳақыйқатлықтан узақластырады ҳәм ҳақыйқатлыққа жүзбе-жүз қараўға жол бермейди. Ол сизиң көз-қарасыңызды бузады. Егер сиз өкпелегиниңизди тән алмай, «менде ҳәммеси жақсы» деп тура берсеңиз, онда сиз ҳеш қашан өкпеден қутылмайсыз. Менменлик жүректи тас етип, ақылды гүңгиртлестиреди. Тәўбе азат етеди. Бирақ менменлик тәўбе етиўден сизди иркип, жүрегиңиздиң өзгериўине жол бермейди ҳәм шайтанның торында услап турады (2-Тимофейге 2:24-26 аятларға қараң). Менменлик сизди өзиңизге қурбанлыққа қарағандай қылып қараўға ийтермелейди. Сонда сизиң мүнәсибетиңиз мынадай болады: «Маған жаман мүнәсибет қылды, маған кем баҳа берди, сонлықтан да мен өзимди усылай тутыўға толық ҳуқыққа ийемен». Өзиңизди айыпсыз ҳәм жала жабылған деп есаплағаныңыз себепли, сиз кешире алмайсыз. Жүрегиңиздиң ҳақыйқый жағдайы сизден жасырылған. Бирақ ол Қудайдан жасырылмаған. Ҳақыйқатында, қандай жағдай болса да, жүректе өкпени сақлаўға болмайды! Яғный сизге әдилсиз қатнас қылғаны ушын, сиз өзиңизде өкпени сақлаў ҳуқықына ийе емессиз. Надурыс нәрсени надурыс нәрсеге көбейтсек, дурыс нәрсе келип шықпайды!

Аян китабында Ийса Лаодикия жәмәәтине сөйлеп, олар өзлерин ҳеш нәрсеге мүтәж емес, баймыз деп есаплайтуғынын айтады. Бирақ соңынан олардың ҳақыйқый жағдайын ашып береди. «...Өзиңниң бахытсыз, аянышлы, жарлы, соқыр ҳәм жалаңаш екенлигиңди билмейсең» (Аян 3:14-20 аятларын көриң). Лаодикия жәмәәти алжасып, финанслық жарылқаўды «руўхый жарылқаў» деп қабыл еткен еди. Менменлик олардан өзлериниң ҳақыйқый жағдайын жасырып турды.

Көпшилик адамлар бүгинги күнде тап сондай жағдайда жасап атыр. Сол хызметкерлерге қатты өкпелегенимде, мен өз жүрегимниң ҳақыйқый жағдайын көрмегеним сыяқлы, олар да өз жүреклериниң ҳақыйқый жағдайын көрмейди. Мен өзимди: «Олардан жарақатланбадым», деп исендирдим. Ийса

Лаодикиялыларға азғырылыўлардан қәйтип азат болатуғынын да айтады. Олар Қудайдың алтынын сатып алыўы ҳәм өзлериңниң ҳақыйқый жағдайын көриўи керек.

## ҚУДАЙДЫҢ АЛТЫНЫН САТЫП АЛЫЎ

Азғырылыўлардан қалай азат болыў туўралы Ийсаның берген биринши нәсияты төмендегише:

> «Сонлықтан Мениң саған айтатуғын мәсләҳәтим мынаў; бай болыўың ушын, Меннен отта тазаланған алтын сатып ал».
>
> – АЯН 3:18

Тазаланған алтын жумсақ ҳәм ийилиўшең болады, онда ҳеш қандай тат, коррозия (шириў) ҳәм ҳәр қыйлы араласпалар болмайды. Ал алтын басқа металлар (мыс, темир, никел) менен араласса, ол қатты, аз ийилиўшең, көбирек коррозияға ҳәм оксидлениўге ушырағыш болады. Металлардың бундай араласпасы еритпе деп аталады. Басқа металлардың процентлик қурамы жоқары болған сайын, алтын еле де қаттырақ болып бара береди. Ҳәне керисинше, араласпалар проценти аз болған сайын, алтын жумсағырақ ҳәм ийилиўшең болып бара береди.

Бизлер дәрҳал паралелди көремиз: таза жүрек таза алтынға уқсайды-ол жумсақ, нәзик ҳәм ийилгиш. Еврейлерге жазылған хатта (3:13) егер адамлардың жүреклери гүнаға алданса, ол тас болып қалады делинген. Егер бизлер өкпе менен гүресип, оннан азат болмасақ, онда бизлерде *ҳәсирет, ғәзеп ҳәм қарсыласыў* сыяқлы гүнакар исҳәрекетлер пайда бола береди. Өзге қосымталар менен араласпалар алтынды қатты қылғаны сыяқлы, бул гүнакар исҳәрекетлер де бизлердиң жүрегимизди қатты қылып бара береди. Олар бизлерди тас баўыр қылып, нәзикликтен ҳәм жумсақлықтан айырады. Бизлерде Қудайдың

даўысын еситиў ҳәм ҳәммесин анық көриў қәбилетимиз жаманласады. Бул болса алданыў ушын әжайып шәраят болып хызмет етеди.

Алтынды тазалаўдың биринши қәдеми бул оны унтақ қылып майдалап, флюс деп аталған зат пенен араластырыў болып есапланады. Соннан кейин бул араласпаны ошаққа салып, жоқары температурада еритеди. Еритпелер ҳәм араласпалар флюске қарап умтылады ҳәм жоқарыға көтериледи. Алтын аўырырақ болғанлықтан түбинде қалады. Араласпалар ямаса (флюс пенен араласқан мыс, темир ҳәм цинк сыяқлы) ғаўажақлар соннан кейин алып тасланады ҳәм сизде таза металл қалады.

Ал енди Қудайдың айтқанларына қарап көремиз:

> Мине, мен сени тазаладым, бирақ гүмистей қылып емес, сени азап ошағында сынадым.
>
> – ИЙШАЯ 48:10

Және қайтадан:

> Усы себепли қуўанып, шадланыңлар. Ҳәзир қысқа бир ўақыт ҳәр түрли сынаўларға ушырағаныңызда азап шегиўге туўра келсе де, бул исенимиңиздиң таза болыўы ушын пайдалы. Ҳәтте, жоқ болып кететуғын алтын да отта тапланып, сыналады. Ал сизлердиң исенимиңиз алтыннан да қымбатырақ. Сыналған исенимиңиз, Ийса Масийх келгенде сизлерди мақтаў, даңқ ҳәм ҳүрметке сазаўар қылады…
>
> – 1-ПЕТР 1:6, 7

Қудай адамды азаплар, сынақлар ҳәм қайғылар арқалы тазалайды. Олардың ыссылығы бизлердиң ишимиздеги Қудайдың характеринен кеширмеўшиликти, менменликлерди, қайғыҳәсиретти, ашыўғәзепти, көре алмаўшылықты ҳәм басқа усыған уқсаған араласпаларды ажыратады. Ҳеш қандай

сынақлар менен азаплардың ыссылығы жоқ жерде гүна аңсат жасырынады. Табыслар дәўиринде, ҳәтте, жаўыз ҳәм нызамсыз адам да жақсы ҳәм сақый болып көриниўи мүмкин. Бирақ қатал сынақлар ўақтында ҳәмме нәпәкликлер менен араласпалар жоқарыға қалқып шығады.

Мен де бир сапары өмиримде сондай қатал сынаўлардың астына түскенмен. Сонда мен өзиме жақын адамларға қопал ҳәм қатты қол болып қалғанман. Нәтийжеде, шаңарағымның ағзалары ҳәм досларым меннен қаша баслады.

Мен Жаратқан Ийеге жалбарынып: «Бул ғәзеп менде қаяқтан пайда болды? Бурын ол менде улыўма жоқ еди ғо!» дедим.

Сонда Қудай маған: «Улым, алтын отта балқып баслаған ўақытта, нәпәкликлер ҳәм араласпалар жоқарыға қалқып шығады», деди.

Соннан кейин Ол маған өмиримди өзгерткен бир сораўды берди: «Алтынды отқа салмастан алдын ондағы араласпаларды көре аласаң ба?»

«Яқ», — деп жуўап бердим мен.

Ол маған былай деди: «Бирақ бул олар жоқ дегенди билдирмейди. Олар бар еди, бирақ олар жасырынып турған еди. Енди сен сынақлар отына түскениңде, бул араласпалар жоқарыға қалқып шықты. Олар бурын сеннен жасырын болғаны менен, Маған бәрқулла көринип туратуғын еди. Соның ушын ҳәзир сениң алдыңда келешегиңе байланыслы таңлаў турыпты. Сен өзиң менен бирге жумыс ислейтуғын адамларды, шопанларды, досларыңды ҳәм ҳаялыңды айыплап, ғәзеплениўди даўам етиўиң мүмкин ямаса гүналы араласпалардың негизи не екенин түсинип жетип, айыплаўдың орнына кешириўди қабыл етиўиң мүмкин. Сен кешириўди таңлаған ўақтында, Мен шөмишимди иске қосып, сениң өмириңнен бул араласпаларды алып таслайман».

### *Өзиңиздиң ҳақыйқый жағдайыңызға қараң*

Жалғаннан азат болыўдың және бир гилти бул ҳәмме нәрсениң негизги ҳалатын ҳақыйқат нуры арқалы көре алыў болып есапланады. Көбинесе, өкпелеп қалған ўақтымызда, бизлер өзлеримизди қурбанлық болып атырғандай етип көремиз ҳәм бизлерди өкпелеткен адамларды айыплаймыз. Ал гүналы араласпалар жоқарыға қалқып шыққан ўақытта, өзлеримиздиң қайғы-ҳәсиретимизди, кеширмеўшилигимизди, ғәзебимизди, күншиллигимизди ҳәм ашыўымызды ақлап баслаймыз. Айырым ўақытлары бизлер ҳәттеки бизлерди өкпелеткен адамларды еслеткенлерге де ашыўланамыз. Сол себептен Ийса мынадай мәсләҳәт береди: «…көриўиң ушын көзлериңе сүртетуғын дәри сатып ал» (Аян 3:18). Нени көриў ушын? Өзиңниң ҳақыйқый жағдайыңды! Өзиңниң ҳақыйқый жағдайыңды көриў бул азат болыў ушын жалғыз жол. Тек сонда ғана бизлер Ийемиз Ийсаның буйрығына қулақ салып, ықласлы түрде тәўбе етемиз. Сиз басқаларды айыплаўды тоқтатқан ўақтыңызда ғана тәўбе ете аласыз.

Бизлер басқаларды айыплап, өзимизди ақлап атырған ўақтымызда, руўхый соқыр болып турамыз. Сонда өз көзимизде үлкен қада бола тура, туўысқанымыздың көзинен кишкене шөпти алыўға ҳәрекет қылып атырған боламыз. Бирақ бизлерге ҳақыйқат ашылған гезде, бизлер азатлық аламыз. Қудайдың Руўхы бизлерге гүнамызды көрсеткен ўақтында, Ол бәрқулла гүнаны бизлерге қоспай, бизлерден бөлек ҳалда көрсетеди. Яғный, Ол айыпламайды, ал әшкаралайды. Сонда бизлер айып емес, ал әшкара аламыз.

Бул китапты оқып атырғаныңызда, Қудай Сөзи сиздиң руўхый көзиңизди ашыўы ушын ҳәм сиз өзиңиздиң ҳақыйқый ҳалатыңызды көрип, ҳәр қандай өкпеден азат болыўыңыз ушын, дуўа етемен. Менменликтиң сизге дурыс жолды таңлаўға ҳәм тәўбе етиўиңизге тосқынлық қылыўына жол қоймаң.

## ӨКПЕЛЕГЕН МАСИЙХЫЙ ӨЗИНЕ ӨМИРДИ ҚАБЫЛ ЕТКЕН, БИРАҚ ҚАНДАЙ ДА БИР ҚОРҚЫНЫШЛАРЫ СЕБЕПЛИ ОНЫ БАСҚАЛАР МЕНЕН БӨЛИСЕ АЛМАЙТУҒЫН АДАМ.

Он жыл бурын күйеўим мени таслап кетти. Бул бизлердиң турмыста жигирма жыл бирге жасағанымыздан кейин жүз берди. Кетпесинен алдын ол маған: «Сениң менен мен бахытлы емеспен», деди. Қәлбим қатты жарақатланып, мен пүткиллей түскинликке түсип қалдым. Соннан кейин мен көп жыллар даўамында жан азабы ишинде жасадым ҳәм өзимди таслап кетилген ҳеш кимге керек емес буйымдай етип сездим. Мен Қудайдан оны кешире алыўыма жәрдем сорадым ҳәм оны кешире алдым деп ойлап жүрдим. Бирақ жүрегим елеге дейин азапланып, бул азапты жеңе алмас едим. Оны ҳәр қашан көрип қалғанымда, қатты қыйналып қалар едим. «Шайтанның жемтиги» деп аталатуғын бул китапты оқып болғанымнан соң, Мухаддес Руўх мени сол бурынғы күйеўимниң алдына барып, оның менен сөйлесиўге ҳәм оннан өкпем ушын кеширим сораўға жетеледи. Солай етип, он жылдан кейин мен оның менен биринши мәрте сөйлестим. Мен өзимниң шыпа таўып, азат болғаныма ҳақыйқаттан да исенемен! Мен Қудайға алғыслар айтаман, себеби Ол мени көп жыллар даўамында өз дузағында услап турған өкпе руўхының дузағынан азат етти!

- Д. Б., НЬЮ-ЙОРК

# 2-БАП

# КӨПЛЕР ӨКПЕНИҢ ҚАҚПАНЫНА ТҮСЕДИ

***Сонда көп адамлар исенимнен қайтады, бир-бирине сатқынлық ислеп, бир-бирин жек көреди. Көплеген жалған пайғамбарлар пайда болып, көп адамларды алдайды. Нызамсызлық көбейгенликтен, көп адамлардың сүйиспеншилиги суўыйды. Бирақ, ақырына дейин шыдаған қутқарылады.***

**– МАТТА 24:10-13**

Матта жазған Хош Хабардың 24-бабында Ийса ақырзаманның белгилери туўралы айтады. Шәкиртлери Оннан: «Сениң келиўиңниң белгиси қандай?» - деп сорады.

Ҳәзир көп адамлар Ийса келетуғын дәўирде жасап атырғанлығына исенеди. Ийса жерге анық қайсы сәнеде қайтып

келетуғын анықлаў мүмкин емес. Буны тек Әке биледи. Бирақ Ийса қайтып келетуғын *анық сааты ҳәм сәнени* билмесек те, Ол келетуғын *мәўсимди* биле алатуғынымызды Оның Өзи айтты. Сол мәўсим болса, әлле қашан келди!

> «Әнжир ағашын мысалға алыңлар: оның шақалары жумсарып, жапырақ шығара баслағанда, жаздың жақын екенин билесизлер. Сол сыяқлы, сизлер усылардың ҳәммесин көргениңизде Адам Улының жақынлап, есик алдында турғанын билиңлер!».
>
> – МАТТА 24:32-33

Мухаддес Китаптағы пайғамбаршылықлардың жәмәәтте, Израилда ҳәм дүньяда ҳәзиргидей көп орынланып атырғанын бурын ҳеш қашан көрмедик. Сонлықтан бизлер: «Матта жазған Хош Хабардың 24-бабында Ийса сүўретлеген дәўирде жасап атырмыз!» деп исеним менен айта аламыз.

Дыққатыңызды Ийсаның келиўинен алдын болатуғын белгилердиң биреўине қаратың: «*Көп адамлар* исенимнен қайтады...». Айырым адамлар емес ямаса тек бираз адамлар емес, ал *көп адамлар* исенимнен қайтады дейди. «Исенимнен қайтады» деген сөз *«сүрнигеди, азғырылыўға түсип қалады, өкпеге орын берип қояды»* деген мәнислерди береди. Демек, көп адамлар азғырылыўға түсип, өкпеге орын берип қояды ҳәм исенимнен қайтады.

Биринширден, бизлер: *«Бул исенимнен қайтқан ҳәм өкпелеген адамлар кимлер?»* деген сораўды өзлеримизге бериўимиз керек. Масийхыйлар туўралы айтып атыр ма ямаса барлық адамлар туўралы ма? Бул сораўға жуўапты кейинги аяттан табамыз:

> «Жаўызлық көбейгенликтен көп адамлардың сүйиспеншилиги суўыйды».
>
> – МАТТА 24:12

Бул аяттағы «сүйиспеншилик» сөзи грек тилиндеги *агапэ* деген сөзден алынған. Жаңа Келисимде *«сүйиспеншилик»* деген сөз грек тилинде және *«филео»* деп те айтылады. Бирақ *агапэ* менен *филео* екеўи еки мәнистеги сүйиспеншиликти береди.

Филео бул дослар арасындағы сүйиспеншиликти билдиреди. Бул шәртли сүйиспеншилик. Филео былай дейди: *«Сен маған хызмет қыл, сонда мен де саған хызмет қыламан»* ямаса *«Маған сыпайылық пенен қатнас қыл, сонда мен де саған сыпайылық пенен қатнас қыламан»*.

Ал *агапэ* болса, басқа сүйиспеншилик. Бул Қудайдың сүйиспеншилиги. Бул *шәртсиз ҳәм кемшиликсиз сүйиспеншилик.*

Ийса бул сүйиспеншиликти бизлерге ешейин береди. Қудай Өз балаларының жүрегине усы сүйиспеншиликти қуяды.

Ол адамның ислеринен ямаса қатнасынан келип шықпайды. Агапэ, ҳәтте, өзинен бас тартқанларға да көрсетилетуғын сүйиспеншилик.

Қудайсыз бизлер тек *эгоистлик* сүйиспеншиликке ийе боламыз. Эгоистлик сүйиспеншилик оны қабыл етпей қалған ўақытта ямаса күткен жуўабын ала алмай қалған ўақытта, дәрҳал тоқтайды. Бирақ *агапэ* ҳеш нәрсеге қарамастан сүйиўин даўам ете береди. *Агапэ* Ийсаның адамзатқа атанақ ағашта көрсеткен сүйиспеншилиги. Ол атанақта адамлардың гүналарын Өзине алып, бизлердиң ҳәммемиз ушын Қудайдан кеширим сорады ҳәм ҳәр бир адам ушын қурбан болды. Әне, усы агапэ! Адам Ийсаны қабыл еткен ўақтында, усы *агапэ* деп аталатуғын шәртсиз сүйиспеншиликти қабыл етеди. Сонлықтан *агапэ* тек Қудайдан туўылған масийхыйларда ғана болады.

Матта 24:12 аятта, әне, усы *агапэ* деп аталатуғын сүйиспеншиликтиң суўыйтуғынын Ийемиз Ийса айтады.

> «Жаўызлық көбейгенликтен, көп адамлардың сүйиспеншилиги суўыйды».

Сонлықтан да Ийса айтқан бул «көп адамлар» масийхыйлар болып есапланады.

Бир рет мениң өмиримде мынадай бир ўақыя болды. Мен бир адамға өзимниң сүйиспеншилигимди көрсетиў ушын, оған қолымнан келген ҳәмме нәрсени иследим. Бирақ ҳәр сапары мен оған сүйиспеншилигимди усынған ўақытта, бул адам мени сынға алғандай ҳәм маған қопаллық пенен жуўап қайтарғандай болып көринди. Бул бир неше ай даўам етти. Бир күн келип, мениң сабырым таўсылды. Мен Қудайға: «Жетер енди. Енди бул туўралы мениң менен сөйлеспесең болмайды. Ҳәр сапары бул адамға Сениң сүйиспеншилигиңди көрсеткен ўақтымда, жуўап ретинде мен оның тек қопаллығын көремен!» - деп шағым еттим.

Сонда Ийем маған былай деди:

Джон, сен Қудайдың сүйиспеншилигине деген исенимиңди раўажландырыўың керек!

Нени нәзерде тутып атырсаң? дедим мен.

Ол маған Галатиялыларға 6:8-9 аятлар арқалы жуўап берди:

> «Өзиниң гүнакар тәбиятына бойсыныўшы сол тәбиятқа тән өлим алады. Ал Мухаддес Руўхқа бойсыныўшы Мухаддес Руўхқа тән мәңгилик өмирди алады. Солай екен, жақсылық ислеўден жалықпаңлар. Егер ҳәлсизленип қалмасақ, ўақты келгенде жемисин орып аламыз».

Бизлер мына Қудай нызамын түсинип алыўымыз керек: *Адам Қудайдың сүйиспеншилигин еккен ўақтында, Қудайдың сүйиспеншилигин орып алады.* Бул жүдә әҳмийетли руўхый нызамға исенимимизди күшейтиўимиз керек. Бәлким, сиз өзиңиз еккен атыздан орып алмаўыңыз мүмкин, ямаса өзиңиз қәлегендей етип тез орып алмаўыңыз мүмкин, бирақ басқа атызлардан болсын, я сол атыздан болсын, сиз еккен нәрсеңизди бир күни артығы менен әлбетте орып аласыз.

Ийем маған сөйлеўин даўам етти:

Мен жәрдемге оғада мүтәж болған саатларымда, ең жақын дosларым Мени таслап кетти. Үш жыл даўамында Мен оларға ғамхорлық қылдым, аўқатландырдым ҳәм тәлим бердим. Бирақ Яҳуда Маған сатқынлық қылды, Петр Меннен бас тартты, ал қалғанлары болса, өз жанларын сақлап қалыў ушын Мени таслап қашып кетти. Тек Юхан ғана узақтан изимнен жүрди. Бирақ дүньяның гүналары ушын өлип атырып, Мен олардың ҳәммесин кеширдим. Мени таслап кеткен досларымнан баслап, Мени атанақ ағашқа шегелеген Рим әскерлерине шекем ҳәммесин азат қылдым. Олар Меннен кеширим сорамады, бирақ Мен сонда да оларды кеширдим. Себеби Менде Әкениң сүйиспеншилигине деген исеним бар еди. Бүгин сүйиспеншиликти ексем, бир күн келип Патшалықтың көплеген улларының ҳәм қызларының сүйиспеншилигин орып алатуғынымды Мен билетуғын едим. Мениң қурбанлығым Мениң сүйиспеншилигим ҳаққында оларға гүўалық берди ҳәм олар Мени сүйетуғын болды.

Ийемиз кейин ядыма Мухаддес Китаптағы мына сөзлерин түсирди:

> «Ал Мениң сизлерге айтатуғыным: душпанларыңызды сүйиңлер, сизлерди қуўдалайтуғынлар ушын дуўа етиңлер. Сонда аспандағы Әкеңиздиң балалары боласызлар. Өйткени Ол жаманлардың үстине де, жақсылардың үстине де, Өз қуяшының нурын төгеди ҳәм ҳақ адамлардың үстине де, наҳақлардың үстине де, жаўынын жаўдырады. Егер сизлер өзлериңизди сүйгенлерди ғана сүйсеңлер, қандай сыйлық аласызлар? Салықшылар да солай ислемей ме? Сизлер туўысқанларыңыз бенен ғана сәлемлессеңлер, онда қандай өзгешелигиңиз бар? Бутқа табыныўшылар да солай ислемей ме?».
>
> – МАТТА 5:44-47

## УЛЛЫ КҮТИЎЛЕР

Сонда мен соны түсинип жеттим: мениң көрсеткен сүйиспеншилигим жуўапсыз қалып атырған ўақытлары, ол адамнан қайтпағаны менен, мен сүйиспеншиликти Мухаддес Руўхқа егип атырған екенмен. Егер еге берсем, бир күни сүйиспеншиликтиң зүрәәтин орып аламан. Мен қаяқтан болса да, зүрәәттиң әлбетте болатуғынын түсинип жеттим. Енди кимдур мениң сүйиспеншилигиме жуўап қайтармаса, буны әўметсизлик деп есапламайтуғын болдым. Керисинше, ҳәр қашан кимгедур сүйиспеншилик көрсеткен гезимде, өзимди бахытлы сезе басладым. Мен басқалардан күтиўден азат болдым.

Егер де барлық масийхыйлар буны түсинип жеткенде ме еди, олар тәслим болмай ҳәм азғырылыўға түспей, сүйиспеншилигин суўытпаған болар еди. Әдетте, бизлер ондай сүйиспеншиликти көрсетпеймиз. Бизлер, көбинесе, көрсеткен сүйиспеншилигимизге ылайықлы жуўап күте баслаймыз. Егер күткенимиздей жуўап көрмесек, дәрҳал жүрегимизге өкпе киргизип баслаймыз. Бул  эгоистлик сүйиспеншилик. Егер мен адамлардан бир нәрселерди күтсем, онда мениң қапашылыққа түсетуғыным анық. Себеби олар мениң күткен нәрселеримди бере алмай қалыўы мүмкин, ямаса ойлағанымнан дым аз етип бериўи мүмкин. Аўа, қаншелли көп күтсем, бул мени соншелли көп өкпеге алып келиўи мүмкин. Уллы күтиўлер уллы өкпелеўшиликке алып келеди. Ал егер мен адамлардан ҳеш нәрсе күтпесем, онда олар маған ҳеш нәрсе бермесе де, өкпелемеймен. Ал егер олар маған азмаз жуўап қайтарса, мен буны жарылқаў деп қабыл етемен ҳәм Қудайға алғыс айтаман.

Бизлер басқа адамларды өзлеримизге тап қарыздардай етип көрип, олардан қандай да бир нәрселерди талап еткен ўақтымызда, азғырылыўларға ҳәм өкпеге есикти ашып беремиз. Басқалардан қанша көп күтсек, өкпелеўге ҳәм азғырылыўға соншелли көп имканиятлар болады. Демек, адамлардан күтиў де  өкпениң қақпаны болып хызмет етеди.

# ҚОРҒАНЫЎ ДИЙЎАЛЛАРЫ?

«Өкпели туўысқан бекитилген қалаға, Арасындағы даў болса, қорған қала дәрўазасының тәмбисине уқсар».
– ҲИКМЕТЛЕР 18:19

Өкпелеп қалған туўысқанның жүрегин ашыўбеккем қорғанлы қаланың дәрўазасын ашыўдан да қыйынырақ. Әййемги дәўирде қалалар *диййаллар* менен қоршалған болып, дийўаллар қаланы душпанлардан қорғаған ҳәм қәўипсизлик пенен тәмийинлеген. Шақырылмаған қонақлар менен басқыншылар сол дийўаллардың себебинен қаланың ишине кире алмаған. Қалаға киретуғын ҳәмме дәрўазалар дыққат пенен қадағаланатуғын еди. Салық төлемегенлерди салық төлемегенше киргизбейтуғын еди. Қаланың абаданшылығына ҳәм қәўипсизлигине қәўип туўдырыўы мүмкин болған адамлардың қалаға кириўине рухсат етилмеген.

Бизлер өкпелеп қалған ўақтымызда, жүрегимизди қорғаўымыз ушын ҳәм қайтадан жарақат алмаўымыз ушын, өзлеримизге сондай дийўалларды қурып аламыз. Бизлер адамларды таңлап қарым-қатнас қылатуғын боламыз ҳәм бизлерди жарақатлаўы мүмкин болған ҳәмме адамлардан қашатуғын боламыз. Бизлерге зыян тийгизген адамларды өзлеримизге «қарыздар» етип көрип, оларға жүреклеримиздиң есигин жабамыз. Бул адамлар өз қарызларын толық төлеп болмағанша, олардың алдында дәрўазаларымызды тәмбилеп таслаймыз. Бизлер жүреклеримизди тек «мен тәрепте» деп есаплайтуғын адамларға ғана ашамыз. Деген менен, көпшилик жағдайда, бул «мен тәрепте» жүрген адамларымыз да тап өзлеримиз сыяқлы биреўлерге өкпелеген ҳәм жарақатланған адамлар болады. Сондай қылып, адамларға жәрдем бериўдиң орнына, бизлер тек дийўалларымыздың үстине қосымша дийўалларды өрген боламыз. Сөйтип бир күни бул қорған дийўаллар үлкен түрмеханаға айланады. Бирақ бизлер бунның

қашан жүз беретуғынын билмеймиз. Сондай ўақытлары бизлер қорғанымызға киретуғын ҳәр бир адамға қатты абайлап қарайтуғын боламыз ҳәм өзлеримиз де сол қорғаннан сыртқа шығыўға қорқатуғын боламыз.

Қапа болған масийхыйлар бар дыққатын тек өзине қаратып, тек өзин-өзи анализ қылыў менен шуғылланатуғын болып қалады. Бизлер өз ҳуқықларымыз бенен жеке қарым-қатнасықларымызды дыққат пенен бақлап барамыз. Қайтадан жарақат алыўымыз мүмкин болған ҳәр қандай қатнастан өзлеримизди қорғаў ушын, барлық энергиямызды жумсаймыз. Бирақ егер бизлер қайтадан жарақат алыўдан қорқып, жаңа қатнасларға қәдем тасламасақ, онда өмиримизде ҳеш қашан Қудайдың шәртсиз сүйиспеншилигин көрсете алмаймыз. Түсин, ҳеш қандай шәрт қоймайтуғын Қудай сүйиспеншилиги басқалардың бизлерди жарақатлаўына ҳуқық береди.

Сүйиспеншилик өз пайдасын гөзлемейди, ал өкпелеген адамлар барған сайын тек өз мәпин ойлайтуғын жаўық адамлар болып қалады. Нәтийжеде, Қудайдың сүйиспеншилиги суўыйды. Буған тәбийий мысал етип, Мухаддес Жер болған Израилдағы еки теңизди алсақ болады.

Галила теңизи Иордан дәрьясынан суўды өзине алады ҳәм кейин және суў береди. Оның ишинде жүдә көп муғдардағы түрлитүрли балықлар ҳәм өсимликлер бар, яғный өмирге толы. Галила теңизиниң суўлары Иордан дәрьясы арқалы Өли теңизге барып қуяды. Бирақ Өли теңиз суўды өзине тек қабыллайды да, бирақ ҳеш жаққа бермейди. Сонлықтан ол өли теңиз. Оның ишинде я балықлар, я өсимликлер жасамайды. Галила теңизиниң тири суўлары Өли теңизге түскенде, өледи. Өли теңиздиң турып қалған өли суўлары тири суўларды өлтиреди. Себеби егер өмирди тек қабыл ете берип, бирақ басқаларға бермесек, оны сақлаў мүмкин емес.

Солай екен, өкпелеген масийхый бул өмирди қабыллайтуғын, бирақ қандай да бир қорқынышлары себепли оны басқалар менен бөлисе алатуғын адам. Нәтийжеде, ҳәтте, оның ишине

киретуғын өмир де, өкпе қамақханасының дийўаллары ишинде қамалып қалады ҳәм өледи. Жаңа Келисим бул қамақхананы *«душпанның беккем қорғанлары»,* деп атайды.

> «Бизлердиң қуралларымыз дүньяға тийисли қураллар емес, ал душпанның беккем қорғанларын қыйрататуғын Қудайдың қүдиретине ийе болған қураллар. Сол қураллар менен сандырақ сөзлерди ҳәм Қудайды билиўге тосқынлық қылатуғын ҳәр қандай менменликти жоқ қыламыз, Масийхқа бойсынбайтуғын ҳәр бир ой-пикирди Масийхқа тутқын етип бойсындырамыз».
>
> – 2-КОРИНФЛИЛЕРГЕ 10:4, 5

Душпанның беккем қорғанлары  бул душпанның жаратқан күшли пикирлери. Адам бул өтирик пикирге шын жүреги менен исенсе, бул пикир оның сана-сезиминиң ишине әбден жайғасады ҳәм душпанның беккем қорғанларына айланады. Душпан сол пикирлердиң, яғный өз қорғанларының ишинде турып, адамды иштен басқарады. Сонлықтан өкпелеген адам келген барлық мағлыўматларды сол пикирлерге бойсындырады, яғный сол душпан қорғанларының ишине қамайды. Басында олар бул дийўалларды қорғаныў ушын қурған еди, бирақ кейин олар азаплайтуғын ҳәм бузатуғын дийўалларға айланады. Себеби бул пикирлер душпанның қорғанлары болып хызмет етеди ҳәм Қудайды *билиўге* ямаса *таныўға* ҳәр қашан қарсы гүреседи.

Егер бизлер өтмиштеги өкпелердиң, шетлетилиўлердиң ҳәм тәшўишлердиң ишинде батып қалсақ, онда ҳәр қандай мағлыўматты бузылған ҳалында, өтириктей етип қабыл ете беремиз. Нәтийжеде, бизлерде Қудайға деген исениў имканы қалмайды. Бизлер, ҳәтте, Қудайдың айтып атырған сөзлерине де исене алмай қаламыз. Бизлер Оның ийгилигине ҳәм садықлығына гүманланамыз. Қудайды бизлердиң кеўлимизге жарақат келтирген адамларға уқсатамыз, себеби душпанның қорғанлары Қудайдың келбетин де бизлерге натуўры етип көрсетип турады. *Бирақ Қудай адам емес!* Ол өтирик

сөйлей алмайды (Санлар 23:19 аятқа қараң). Оның жоллары бизлердиң жолларымыздай емес, Оның пикирлери бизлердиң пикирлеримиздей емес (Ийшая 55:8, 9 аятларға қараң).

Өкпелеген адамлар өз пикирлериниң дурыс екенлигин дәлиллеў ушын Мухаддес Китаптан бир аятларды излеп табады. Бирақ бул натуўры ҳәрекет. Себеби Қудай Сөзинен душпанның исин, яғный өкпемизди қорғаў ушын пайдаланыўға болмайды. Егер бизлерде сүйиспеншилик болмаса, бирақ Мухаддес Китапты билетуғын болсақ, бул билим қатты қәўипли билим. Сүйиспеншиликсиз билим қыйратыўшы күш болып есапланады. Себеби ол адамды менмен қылып, оны *орынлаўшыға* емес, ал *ҳүким етиўшиге* айландырады (1-Коринфлилерге 8:1-3 аятларды көриң). Нәтийжеде, бизлер кеширмеўшилигимиз ушын тәўбе етиўдиң орнына, тек өзлеримизди ақлаў менен ғана шуғылланатуғын боламыз. Бул азғырылыўымыз ушын әжайып ықлым. Себеби қурғақ билим Қудайдың сүйиспеншилигисиз адамды жолдан адастырады.

Ийса: «Көп адамлар исенимнен қайтады *(азғырылыўларға түседи, сүрнигеди, өкпелейди)***»,** деп айтқаннан соң, дәрҳал жалған пайғамбарлардың келетуғыны туўралы ескертеди:

> «Көплеген жалған пайғамбарлар пайда болып, көп адамларды алдайды…».
>
> – МАТТА 24:11

Жалған пайғамбарлардан алданып қалатуғын бул *көп адамлар* кимлер?

Олар жүрегине өкпе киргизип алып, азғырылып кеткенлер, яғный сүйиспеншилигин суўытып алған адамлар (Матта 24:12ге қараң).

## ЖАЛҒАН ПАЙҒАМБАРЛАР

Ийса жалған пайғамбарларды қой терисин жамылған қасқырлар деп атайды (Матта 7:15). Сыртынан олар масийхыйға

уқсайды (қой терисин жамылған), бирақ олар қасқырдың тәбиятына ийе.

Қасқырлар қойлардың қасында айланып жүриўди жақсы көреди. Олар исениўшилердиң арасында, ҳәтте, кафедра артында да көриниўи мүмкин. Олар масийхыйлардың арасына кирип, оларды азғырыў ушын душпан тәрепинен жиберилген. Оларды тәлимине ямаса пайғамбаршылығына қарап емес, ал жемисине қарап таныў керек. Көбинесе, олардың тәлими саламат тәлимге уқсайды, бирақ өмирине ҳәм хызметине қарасаң, жақсы жемислерди көрмейсең. Бир хызметкердиң ямаса әпиўайы бир исениўшиниң қандай масийхый екенлигин оның не ўаз қылып атырғанына қарап емес, ал қалай жасап атырғанына қарап анықлаўымыз керек.

Қасқырлар саў ҳәм күшли қойларды емес, ал бәрқулла жараланған ҳәм жас қозыларды излейди. Бул қой терисин жамылған қасқырлар адамларды қалай өз қармағына түсиреди? Олар адамларға негизи *керек* сөзлерди айтпайды, ал оларға *жағатуғын* сөзлерди айтады. Себеби саламат тәлимди емес, ал қулағына жағатуғын сөзлерди еситкиси келетуғын адамлар болады. Келиңлер, елши Павелдиң соңғы күнлер ҳаққында не деп жазғанын оқыйық:

> «Мынаны билип қой: дүньяның ақырғы күнлеринде аўыр ўақытлар келеди. Адамлар... *кекшил* (заманагөй аўдармада «өш алғыш») болады..., *өзлерин Қудайдың жолы менен жүрген қылып көрсетеди, бирақ Оның жолының күшин тән алмайды.* Бундайлардан аўлақ бол. Себеби адамлар дурыс тәлиматты тыңламайтуғын ўақытлар келеди. Олар жаман қәлеўлерине берилип, қулақларына жағатуғын сөзлерди сөйлейтуғын көп муғаллимлерди әтирапларына жыйнайды. Олар ҳақыйқатлықты еситпеў ушын қулақларын жаўып, аңызларға қулақ асатуғын болады».
>
> – 2-ТИМОФЕЙГЕ 3:1-5; 4:3, 4

Итибар берсеңиз, олар өзлерин Қудайдың жолы менен жүрген қылып көрсетеди, яғный олар масийхыйлар сыяқлы болады, бирақ масийхыйлардың күшинен бас тартады. Қандай қылып олар Қудай жолы менен жүриўдиң күшинен бас тартады? Олар Ийса Масийхтың оларды кеширмеўши адамнан кешириўши адамға айландыра алатуғынынан бас тартады. Олар масийхышылықты қабыл етип, бирақ Масийхтың Өзин жүрегине Хожайын етип қабыл етпейди. Сыртынан қарағанда, олар ҳақыйқый масийхыйларға уқсайды, себеби өзлериниң жоқарыдан туўылып, Ийсаның шәкирти болғанын мақтаныш пенен айтып береди. Бирақ олар жүреклериниң төрине Ийсаны киргизбейди ҳәм Ийсаның оларды өзгертип, Өзине уқсас қылыўына жол қоймайды.

## МАҒЛЫЎМАТЛАРҒА МАНТЫҚҚАН ӘЎЛАД

Павел соңғы күнлерде жасайтуғын адамлардың қандай болатуғынын пайғамбаршылық сыйы арқалы көреди. Ол нени көрди? Алданған адамларды! Павел: «Олар билим алыў ушын көп мағлыўматларға ийе болады, бирақ бул билимлерди ҳеш қашан өзлерине қолланбайды. Сонлықтан олардың өмирлери ҳеш қашан өзгермейди», дейди. Павел оларды мынадай етип сүўретлейди:

> «... олар ҳақыйқатлықты бәрқулла үйренеди, бирақ оны ҳеш қашан түсинип жетпейди».
>
> – 2-ТИМОФЕЙГЕ 3:7

Егер де Павел усы күнлери тири болып, өзи пайғамбаршылық қылып айтқан затлардың ҳақыйқаттан жүз бергенин көргенде, қатты қапа болған болар еди. Ол көплеген еркеклердиң ҳәм ҳаяллардың конференцияларға, семинарларға, жәмәәт хызметлерине барып, Мухаддес Китап билимлерин топлап атырғанын көрген болар еди. Ол олардың және де көбирек эгоистлик «табыслы» өмирде жасаўы ушын, «жаңа

ашылысларының» изинен қуўып жүргенин көрген болар еди. Ол масийхый хызметкерлердиң бир-бирин судқа берип атырғанын ҳәм булардың ҳәммесин «әдиллик» деп ақлап атырғанын көрген болар еди.

Ол масийхыйлардың ғалаба хабар қураллары арқалы Қудайдың ҳақыйқый ер ҳәм ҳаял хызметкерлерине қарсы ҳүжимлер әмелге асырылып атырғанын көрген болар еди. Ол харизматлардың өкпеден қутылыў ушын, бир жәмәәттен екинши жәмәәтке көшипқонып жүргенин көрген болар еди. Қызығы, олардың ҳәммеси Ийсаны «Ийем» ҳәм «Патшам» деп ашық түрде тән алады, бирақ Оның: «Кешириң!» деген буйрығына бойсынбайды ҳәм кеширмейди.

Павел бар даўысы менен оларға: «Ҳәй, еки жүзли ҳәм менмен әўлад! Тәўбе етиңлер ҳәм өзлериңиз түсип қалған бул азғырылыўлардан тез қутылыңлар!» - деп бақырған болар еди.

Сизиң семинарлардан ҳәм Мухаддес Китап мектеплеринен қаншелли жаңа ашылысларды алғаныңыз, ямаса қанша китап оқығаныңыз, ҳәтте, қанша саат ибадат етип, Мухаддес Китапты иззертлегениңиз де әҳмийетли емес, егер сизиң ишиңизде өкпе ҳәм кеширмеўшилик бар болса! Егер сиз бул гүна ушын тәўбе етип, өкпе ҳәм кеширмеўшиликтен қутылмаған болсаңыз, демек, сиз еле ҳақыйқатлықты танымағансыз. Сиз алданыўда жасап атырсыз ҳәм басқаларды өзиңиздиң еки жүзли өмир тәризиңиз бенен алдап жүрсиз. Сизде қандай ашылыс болса да, жүрегиңизде сизди өлимге алып кететуғын «мийўе» бар. Сиз ҳақыйқатлық емес, ал азғырылыў ҳәм жалған алып келетуғын ҳәм ашшы суў шығаратуғын булақ боласыз.

## САТҚЫНЛЫҚ

«Сонда көп адамлар исенимнен қайтады, бир-бирине сатқынлық ислеп, бир-бирин жек көреди».

– МАТТА 24:10

Келиңлер, усы тастыйықлаўды изертлеп көрейик. Егер бизлер оған дыққатлырақ болып қарасақ, онда избе-изликти көремиз. Исенимнен қайтыў (Өкпелеў) сатқынлыққа, ал сатқынлық жек көриўшиликке алып барады екен. Алдын айтқанымыздай, өкпелеп қалған адамлар өзлериниң әтирапына қорған дийўалларын қурып алады. Олардың мақсети өзөзлерин қорғаў болады. Олар өзлерин қәйтип болса да қорғаўды ҳәм қәўипсиз болыўды қәлейди. Бул оларды сатқынлыққа мейил қылады. Олар биреўди сатқан ўақтында, өзлерин қорғаўға ямаса сатыўы арқалы қандай да бир пайдаға ерисиўге урынады. Бирақ кимди сатады? Әлбетте, олар менен жақын қарым-қатнасыққа ийе болған адамды.

Сондай қылып, Аспан Патшалығында қандай ўақытта сатқынлық жүз береди екен? Бир исениўши өз қара басын ҳәм қәўипсизлигин ойлап, басқа исениўшиден пайдаланыўды излегенде. Қарым-қатнас қаншелли жақын болса, сатқынлық соншелли қорқынышлы болады. Сатқынлық дослық келисиминиң аўыр түрде бузылыўы болып есапланады. Сатқынлық жүз берген ўақытта, ҳақыйқый тәўбе болмағанша, қарым-қатнас тиклене алмайды.

Сатқынлық күшли жек көриўшиликке ҳәм оның қорқынышлы ақыбетлерине алып келеди. Мухаддес Китап бизлерге анық қылып мына ҳақыйқатлықты жәриялайды:

> «Туўысқанын жек көретуғын ҳәр бир адам адам өлтириўшидур. Ҳеш қандай адам өлтириўши мәңгилик өмирге ийе болмайды».
>
> – 1-ЮХАН 3:15

Бул қандай қайғылы! Себеби бизлер ҳәзир исениўшилердиң арасында өкпелеўлердиң, сатқынлықтың ҳәм жек көриўшиликтиң жийижийи болып туратуғынына гүўамыз. Бул жаманлықлардың бизлердиң үйлеримизде ҳәм жәмәәтлеримизде кең тарқалғаны соншелли, бизлер оларға, ҳәтте, үйренисип те кеткенбиз. Аўа, сондай дәрежеде етимиз өлип кеткен, ҳәтте, бир хызметкердиң

басқа бир хызметкерди судқа берип атырғанын көрсек, буған қапа да болмаймыз. Исениўши ерли-зайыплылардың судта бир-бирине арыз қылып, ажырасып атырғанлары бизлерди енди таң қалдырмайтуғын да болған.

Бөлиниўлер жәмәәтлерге кирип келди ҳәм кең тарқала баслады. Бул да бизлерди таң қалдырмайтуғын болды. Көплеген хызметкерлер тәрепинен ислеп шығылған сиясат әмелде толық ҳәрекет етпекте. Оны Аспан Патшалығының ямаса Жәмәәттиң «жоқарғы мәплери»ниң артына жасырады.

Өзлерин «масийхыймыз» деп жүрген адамлар: «Маған жаман қатнас қылмайтуғынына ҳәм меннен пайдаланбайтуғынына қашан исенимим кәмил болмағанша, мен судласаман», дейтуғын болды. Сонда исениўшилер Жаңа Келисимниң бизлерге берген мына нәсиятын умытқан ба?

> «Оннан гөре, наҳақлыққа шыдағаныңыз жақсырақ болмас па еди? Тоналғаныңыз жақсырақ болмас па еди?».
>
> –1-КОРИНФЛИЛЕРГЕ 6:7

Ийсаның бизлерге айтқан мына сөзлерин умыттық па?

> «Ал Мениң сизлерге айтатуғыным: душпанларыңызды сүйиңлер, сизлерди қуўдалайтуғынлар ушын дуўа етиңлер».
>
> – МАТТА 5:44

Қудайдың бизлерге берген мына буйрықларын умыттық па?

> «Ҳеш бир нәрсени өз атақ-абырайыңызды асырыў ушын ямаса мақтаншақлық пенен ислемеңлер. Ал ҳәр бириңиз кишипейиллик пенен, басқаларды өзиңизден үстин деп есаплаңлар».
>
> – ФИЛИПЛИЛЕРГЕ 2:3

Не ушын бизлер бул сүйиспеншилик нызамлары бойынша жасамаймыз? Не ушын бизлер бир-биримиз ушын жанымызды бериўдиң орнына, сатқынлық қылыўға сондай шаққанбыз? Неге бизлер алданып қалыўдан қатты қорқамыз? Бунның себеби төмендегидей: бизлердиң сүйиспеншилигимиз суўыған! Нәтийжеде, бизлер тек өзлеримизди қорғаўға ҳәм қәўипсиз қылыўға ғана ҳәрекет етемиз. Бизлерге ғамхорлық қылыўы ушын, өзлеримизди Қудайдың қолына исеним менен тапсыра алмаймыз ҳәм сонлықтан да өзлеримизге өзлеримиз ғамхорлық қылыўға ҳәрекет етемиз.

Ийсаға жаўызлық ислегенинде, Ол жаўызлық пенен жуўап бермеди, ал Өз жанын Қудайға, Әдил Судьяға тапсырды. Мухаддес Жазыў бизлерди Оның жоллары менен жүриўге шақырады.

> «Өйткени Қудай сизлерди усы ушын шақырды. Масийхтың Өзи сизлер ушын азап шегип, Оның изинен жүриўиңиз ушын өрнек көрсетти. Ол гүна ислемеди, аўзынан жалған сөз де шықпады. Хорланғанда, ҳеш кимге қарсы шығып, кеўлине тиймеди. Ол азап шеккенде де ҳеш кимди қорқытпады, ал Өзин әдиллик пенен ҳүким етиўши Қудайдың қолына тапсырды».
>
> – 1-ПЕТР 2:21-23

## ИМКАНИЯТ БЕРИЎШИ

Бизлер денеге емес, ал Қудайға исениўди үйрениўимиз керек. Көп адамлар: «Қудай мениң өмиримнның Булағы! Мен Оны алғыслайман!» дейди, бирақ өзлери жетимлер сыяқлы жасайды. Олар өз өмирлерин өзлериниң қолларында услап турады, сол ўақыттың өзинде аўызлары менен: «Ийса — мениң Ийем ҳәм Қудайым», деп те тән алады.

Сиз енди «өкпелеў» деп аталатуғын гүнаның қаншелли

дәрежеде жаман екенин көрдиңиз. Егер оны үзилкесил сапластырмасаңыз, ақыр-ақыбетинде, ол сизди өлимге алып барады. Сиз өкпе руўхының азғырыўларына бар күшиңиз бенен қарсы гүрескен ўақтыңызда, Қудай сизге уллы жеңис сыйлайды.

# ЕГЕР ШАЙТАН БИЗДИ ҚӘЛЕГЕН ЎАҚЫТТА ЖОҚ ҚЫЛЫП ЖИБЕРЕ АЛАТУҒЫН БОЛҒАНЫНДА, ОЛ БУНЫ ӘЛЛЕ ҚАШАН ӘМЕЛГЕ АСЫРҒАН БОЛАР ЕДИ.

Бул китапты оқымасымнан алдын менде Қудай менен ҳеш қандай қарымқатнас жоқ еди. Мен қутқарылған едим, бирақ Қудай екеўимиздиң арамызда қандай да бир тосқынлық турғандай еди. Мен бунығ Қудайдың қәлеўи емес екенлигин билер едим, бирақ не ушын бундай екенлигин түсинбес едим. Бир рет мен достымның үйине қыдырып бардым ҳәм оның үйинде Джон Бивердиң «Шайтанның жемтиги» деген китабына көзим түсти. Мен достымнан сорап, бул китапты үйиме алып кеттим. Оны оқып баслағанымда, ишинен шыға алмай қалдым. Бул китаптың ишинде сондай көп майланыўлар бар екен, мениң руўхым оларды ашларша қабыл ете берди, қабыл ете берди. Китаптың ярымына келгенде, мениң көзим шайдай ашылды: Қудай екеўимиздиң арамызда өкпе руўхы бизлерди айырып турған екен.

– С. С., ДЖОРДЖИЯ

# 3-БАП

# БУНДАЙ НӘРСЕ ҚАЛАЙ МЕНИҢ БАСЫМА ТҮСИЎИ МҮМКИН?

***Бирақ Юсуп: «Сизлер маған жаманлық ойлаған едиңиз. Бирақ Қудай көп адамлардың өмирин сақлап қалыў ушын, ҳәзир өзлериңиз көрип турғаныңыздай, бул жаманлықты жақсылыққа айландырды...», деди.***

**– ЖАРАТЫЛЫС 50:20**

Биринши бапта бизлер барлық өкпели адамларды еки тайпаға бөлген едик:

1) Ҳақыйқаттан да жаман қатнасқа ушыраған адамлар.

2) Негизи, оларға жаман қатнас қылмаған, бирақ олар: «Маған жаман қатнас қылды», деп исенген адамлар.

Бул бапта мен биринши тайпаға тийислилерге, яғный, ҳақыйқаттан да жаман қатнасты басынан кеширген адамларға

мүрәжәт қылмақшыман.

Келиңлер, мына сораўдан баслайық:

*Егер сизге ҳақыйқаттан да әдалатсыз қатнас қылған болса, сизиң өкпелеўге ҳақыңыз бар ма?*

Жуўап алыў ушын, келиңлер, Яқыптың сүйикли улы Юсуптиң өмирине қарап көремиз (Жаратылыс китабы, 37-48 баплар).

## ӘЖАЙЫП ТҮСЛЕРДИҢ АҚЫБЕТИ ...

Юсуп Яқыптың он биринши улы еди. Әкеси оны басқа балаларынан көбирек жақсы көреди ҳәм оны басқа улларынан артық қойып, Юсупке қымбат кийимлер саўға етеди. Сонлықтан Юсупти әжағалары жек көре баслады. Оннан қалса, Қудай Юсупке еки пайғамбаршылық түс берди. Биринши түсинде ол атызда баўланған баўларды көрди. Оның баўлары көтерилип, тик тур, ал әжағаларының баўлары оның баўларына ийилип, тәжим етип атыр. Екинши түсинде болса, ол өзине тәжим етип атырған қуяш, ай ҳәм он бир жулдызды көрди. Булар оның әкесин, анасын ҳәм әжағаларын билдиреди. Ол бул түслерди әжағаларына айтып береди. Сонда әжағалары, сирә дә, бул хабарға мәс болмайды. Керисинше, бурынғыдан да бетерирек оны жек көрип қалады.

Бираздан соң оның он әжағасы әкесиниң қойларын алып, жайлаў излеп кетеди. Әкеси Юсупти әжағаларынан хабар алыўға жиберди. Әжағалары оларға жақынлап киятырған Юсупти көрип, бирбирине:

> «Әне, түс көргиш киятыр! Келиңлер, оны өлтирип, бир суў сақланатуғын шуқырға таслайық. Соңынан оны жыртқыш ҳайўан жеп кетипти, деп айтамыз. Сонда оның көрген түслериниң не болатуғынын көремиз!».
>
> – ЖАРАТЫЛЫС 37:19-20

Олар Юсупти өледи деп, бир терең шуқырдың ишине

таслайды. Әжағалары оның кийимлерин шешип алып, жыртады ҳәм «Юсупти жабайы ҳайўан талап кетти» деп әкесин инандырыў ушын, Юсуптиң кийимлерин ҳайўанның қанына бояйды.

Бирақ әжағалары Юсупти шуқырға таслағаннан кейин, олар исмайыллылардың Мысырға баратырған кәрўанын көреди. Сонда Яҳуда: «Ҳәй жигитлер, тоқтаңлар. Егер бизлер оның бул шуқырда өлиўине жол қойсақ, бизлерге буннан ҳеш қандай пайда болмайды. Келиңлер, оны қуллыққа сатып, буннан бираз ақша табайық. Қуллыққа сатылғаннан соң ол бизлер ушын өлген болып есапланады ҳәм ҳеш қашан бизлердиң тынышымызды алмайды. Ал өзлеримиз ақшаларды бөлисип аламыз!» - деди.

Бул пикир бәрине мақул түсип, олар Юсупти өтип баратырған кәрўанға жигирма шекел гүмиске сатып жибереди. Олар Юсупке қатты өкпели еди. Соның ушын да, оны аямай, мийрасынан ҳәм шаңарағынан айырып, сатып жибереди. Булардың ҳәммесин Юсуптиң өз туўысқан әжағалары ислеп атыр еди! Олардың әкеси бир еди! Олар бир шаңарақтың ағзалары болған қанлас туўысқанлар еди.

Бизлер пүткиллей басқа мәдениятта тәрбияланған адамларымыз, сонлықтан олардың ислеген жаўызлығының қаншелли реҳимсиз болғанын толық түсиниў бизлерге қыйынырақ болады. Буннан да жаўызырақ нәрсе тек адам өлтириў болса керек. Сол дәўирде ул балаларыңның болыўы жүдә әҳмийетли еди. Уллар әкесиниң атын сақлап қалып, оның бар малмүлкин мийрас қылып алатуғын еди. Бирақ өз әжағалары Юсупти бул мийрасларды алыў имканиятынан мәңгиликке маҳрум етеди.

Олар оны шаңарағы менен бириктиретуғын ҳәмме нәрседен айырып, Юсуптиң атын өширген еди. Басқа елге қуллыққа сатылған адам өлемен дегенше қул болып қалатуғын еди. Ол үйленсе, ҳаялы да қул болатуғын еди ҳәм олардың ҳәмме балалары қул болатуғын еди. Туўылып өскен өз шаңарағында Юсуп ушын қымбат болған нәрсениң ҳәммеси енди оның ушын жоқ болды.

Туўылғаннан баслап қул болыў қыйын, бирақ үлкен байлықтың ҳәм уллы келешектиң мийрасхоры болып туўылып, бирақ кейин олардың ҳәммесинен айырылыў ҳәм қулға айланыў  бул сүўретлеп болмас дәрежеде қыйын нәрсе. Өзиңниң бахытлы өтмишиң туўралы ҳеш қашан билмеўәдеўир жеңилирек болса керек. Юсуп өзин тири өлик қылып сезди. Оған азғырылыўлар дус келгенине гүманым жоқ. Оның ойынан: «Бүйтип ғайры журтта қул болғанымнан гөре, әжағаларым тәрепинен өлтирилгеним жақсырақ болар еди»,  деген пикирлер өткен болса керек. Гәптиң тоқ етери мынаў: Юсуптиң әжағалары оған қарсы үлкен ***жынаят*** ислеген еди.

## ӨТМИШКЕ НӘЗЕР

Бәлким, сиз Юсуптиң тарийхының соңы не менен жуўмақланатуғынын билетуғын шығарсыз. Не менен жуўмақланатуғынын билген адамлар ушын, әлбетте, бул қатты әжайып ҳәм жигерлендиретуғун ўақыя. Бирақ Юсуп алдында өзин нелердиң күтип турғанын билмейтуғын еди. Ол енди сүйикли әкесин де, көрген түслерин де умыта берсе болатуғын еди. Ол ғайры журтта қул еди ҳәм енди ҳеш қашан Мысырды таслап кете алмас еди. Ол бир мысырлы адамның өмирлик мүлкине айланған еди.

Юсупти Мысырда фараон сақшыларының баслығы Потифар қуллыққа сатып алады ҳәм Юсуп оған он жылға шамалас ўақыт садық хызмет етеди. Юсуптиң өз шаңарағы менен байланысы пүткиллей үзиледи ҳәм әкеси Яқып та Юсупти өлди деп есаплайды. Әкесиниң хожалығы енди Юсупсиз даўам ете берди. Юсупте: «Әкем мени бир күн келип қутқарадыаў», деген үмит те жоқ еди.

Ўақыттың өтиўи менен Юсуп хожайынының мийримине еристи ҳәм ол Юсупке жақсы қатнас қылып баслады. Потифар Юсупти пүткил хожалығының ҳәм малмүлкиниң үстинен басқарыўшы етип қойды. Бирақ Юсуптиң өмири енди жақсырақ

болып баслаған ўақытта, Потифардың ҳаялының жүрегинде жүдә бир жаман нәрсе оянады.

Ол Юсупке ышқы нәзери менен қарап, оның менен бузықшылық ислеўди қәледи. Ол ҳәр күни оны азғырыўға урынды, бирақ Юсуп оннан бас тартты. Бир күни Юсуп үйинде жалғыз қалған ўақытта, ол үйге кирип, Юсупти өзи менен жатыўға мәжбүрлейди. Бирақ Юсуп оның қолынан атлығып шығып, асығыс түрде сыртқа қашып кетеди. Бирақ Юсуптиң сыртқы кийими ҳаялдың қолында қалған еди. Юсуптиң өзин таслап, сыртқа қашып кеткенин көрген Потифардың ҳаялы өзин кемситилген ҳәм масқараланған қылып сезеди ҳәм Юсуптен өш алыў мақсетинде: «Мына еврей қул мени зорламақшы болды», деп жылап бақыра баслайды. Нәтийжеде, Потифар Юсупти фараонның қамақханасына таслатады.

Соны айтыў керек, фараонның қамақханасы Американың қамақханаларынан пүткиллей басқаша еди. Мен Американың базыбирқамақханаларындахызметөткизиптураман.Сонлықтан соны анық айта аламан, Америкадағы қамақханалар қаншелли унамсыз болмасын, оларды фараонның қамақханасының қасында «сарай» десең де болады. Юсуп түскен қамақханаға қуяш нуры түспейтуғын еди. Себеби оләйнек я соған уқсаған тесиклер қоятуғындай дийўалларға ийе емес терең шуқырлық еди. Қамақхананың шәраяты жүдә жаман ҳәм адам баласы жасай алмастай дәрежеде еди. Тутқынларды ол жерге әсте өлиўи ушын таслайтуғын еди ҳәм оларға тек нан менен суў берип туратуғын еди (3-Патша 22:27). Оларға нан менен суўды тек олар өлип қалмай, азап шегиўин даўам етиўи ушын берип туратуғын еди. Забур 104:18 аят бойынша, Юсуптиң аяқлары буғаўлардан азап шегеди ҳәм ол денесин тырнаған темирлерге байланып жатады. Оның өлиўи тийис еди.

Егер де ол мысырлы болғанында, оның азат болыўға азғана болса да имканияты болған болар еди, бирақ жат жерли, зорлықта айыпланған қулдың азат болыўға ҳеш қандай үмити жоқ еди. Жүз бериўи мүмкин болған жаман нәрселердиң

ишиндеги ең жаманы оның басына түскен еди. Бирақ ол өлмеди.

Сол зинданның қараңғы түнегинде жатырғанда, Юсуптиң ойынан нелер өткен екен? Шамасы, мынадай ойлар менен Юсуп гүрескен шығар: «Мен хожайыныма он жыл садық ҳәм ҳадал хызмет қылдым. Мен оның ҳаялының қасында мың есе садықпан. Мен Қудайға да, хожайыныма да садық болдым. Ҳүжданыма қарсы шықпадым. Бирақ, нәтийжеде, мен неге еристим? Садықлығым ушын маған қандай сыйлық алдым? Мына қамақхананы ма? Шамасы, мен қанша дурыс ҳәрекет етсем, сонша жаман болып бара беретуғынға уқсайды! Қалайынша Қудай буған жол қойды екен? Сонда әжағаларым меннен Қудайдың ўәдесин урлай алды ма? Келисимине садық қалатуғын Қудиретли Қудай не ушын жағдайыма араласып, мени қорғамады? Сонда мийримли ҳәм садық Қудай Өз хызметкерлерине сондай қылып ғамхорлық қыла ма? Мен өзи не ушын жазаланып атырман? Жазаланатуғындай мен қандай жынаят иследим? Әжағаларым жынаят иследи. Потифардың ҳаялы жынаят иследи. Бирақ олар емес, ал мен қамақханада отырыппан. Мениң айыбым не? Қудайдың сөзлерине ҳәм берген түслерине исенгеним бе?»

Оның усындай ойлар менен гүрескенине исенимим кәмил.

Қамақханада оның азатлығы жүдә шекленген еди, бирақ бәрибир онда таңлаў ҳуқықы бар еди! Қандай? Басына түсип атырған ўақыяларға ҳәм өзине қарсы исленип атырған жаманлықларға енди ол қандай жуўап қайтарады? Қудайға исениўди даўам етиў керек пе ямаса түңилиўшиликке түсиў керек пе? Ҳадал болып жасаўды даўам ете бериў керек пе ямаса тәслим болыў керек пе? Жаманлықларға жаманлық пенен жуўап қайтарыў керек пе ямаса жақсылық пенен бе? Өзи ушын кек алыў керек пе ямаса кешириў керек пе? Қандай жуўапты таңлаў оның өзиниң қолында еди! Қамақханада да онда таңлаў ҳуқықы бар еди!

Юсуп алдын әжағаларына, кейин Қудайға өкпелеп ҳәм жаўылып қала ма? Оны бул дүньяда услап турған жалғыз үмити

бар еди. Енди басына түскен сонша жаманлықлардан кейин, ол Қудайдың берген ўәделеринен сол үмитин үзе берсе бола ма?

### *Ҳәммеси Қудайдың қолында ма?*

Бул азаплар сынақлар еди. Негизи, Қудай бул сынақлардан өткизиўи арқалы оны ҳүкимдар болыўға таярлап атырған еди. Бирақ бул сынақлар таўсыламан дегенше, Юсуп буның таярлық екенлигин аңғарған да жоқ. Ол келешекте ҳүкимдар болғанда, өзиниң ҳәкимиятынан қалай пайдаланады? Мийримсизлик пенен өзин ғайры журтқа сатып жиберген әжағалары оның қол астына келгенде, ол қолындағы бийликтен қәйтип пайдаланады? Юсуп өзиниң шеккен азаплары арқалы Қудайға қулақ салыўды үйренип атырған еди. Оның әжағалары, негизи, Қудайдың қолланған қураллары болған еди. Юсуп Қудайдың ўәдесин услап қала ала ма екен? Ол Қудайдың берген ўәдесине ерисиў ушын, Қудайды излей ме екен?

Юсуп жаслығында сол түслерди көрген ўақтында, бәлким: «Қудай мени жақсы көреди. Сонлықтан әкем мени ҳәмме балаларынан көбирек сүйеди. Қудай мени жақсы көргени ушын, усы түслерди маған берип атыр», деп ойлаған шығар. Қудай адамға бийликти хызмет етиўи ушын береди, ал басқалардан ажыратып қойыў ушын емес. Бирақ Юсуп ол ўақытта буны еле түсинбейтуғын еди. Сондай таярлық дәўирлерден өтип атырғанымызда, көбинесе, бизлер Қудайдың уллылығына дыққатымызды қаратыўдың орнына, жағдайларымыздың қатты аўыр екенлигине қаратамыз. Нәтийжеде, буннан өзлеримиз азап шегемиз ҳәм усы жаманлықлардың бәрине себепши болған «айыплы» адамды излей беремиз. Сондай ўақытлары мийимизге: «Қудай бул жаманлықлардың алдын алып, мениң бул азапларға түсиўиме жол қоймаўы мүмкин едиғо», деген ой келеди ҳәм сол арқалы бизлер енди Қудайды да айыплай баслаймыз.

Юсуптиң ойында: «Мен қолымнан келгенинше Қудайдың

еркинде болыўға ҳәрекет қылдым ҳәм Оның нызамларын бузбадым. Мен Қудайға қарсыласпадым. Мениң айыбым тек Қудайдың Өзи маған берген түсти айтып бергеним. Нәтийжеси не болды? Әжағаларым маған сатқынлық қылып, мени қуллыққа сатып жиберди! Әкем мени өлди деп есаплайды, сонлықтан ҳеш қашан Мысырға мени излеп келмейди», - деген пикирлер қыйнаған болса керек.

Юсуп: «Мениң басыма бундай азап ақыретлердиң түсиўине ең баслы айыпкер адамларбулар өз туўысқан әжағаларым», деп санайтуғын еди. Бәлким, оның ойына: «Егер де Қудай маған түсимде көрсеткен жоқары дәрежени ҳәм ҳәкимиятты бергенде, ҳәммеси басқаша болған болар еди. Егер де әжағаларым мениң келешегимди меннен урлап алмағанында, ҳәммеси пүткиллей басқаша болған болар еди», деген пикирлер де келген шығар.

Жүрегине өкпе руўхын киргизип қойғанлар душпанның қақпанына ҳәм қуллығына түсип қалады, сонлықтан олар душпанның басқарыўында басқаларды айыплай баслайды. Сондай қақпанға түсип қалып, басқаларды қаралап жүрген туўысқанлардың айыплаўлары ҳәр гезде қулақларымызға еситилип турады. Мысалы:

«Егер де ҳаялым болмағанында, мен әлле қашан хызметкер болған болар едим. Ол маған тосқынлық қылды ҳәм мен әрман еткен нәрселеримнен айырылдым. Барлығына ҳаялым айыпкер!»

«Мениң бахытсыз болыўыма ата-аналарым себепши. Мениң бул жағдайға түсиўиме олар айыплы. Не ушын басқа адамлардың ата-аналары жақсы, ал меники болса жаман? Ҳәзир мениң шаңарағымның бахытсыз болыўына да ата-анамның ажырасқаны себеп болды. Барлығына атаанам айыпкер!»

«Мен қашшан сыйымды иске қосып, бул ўақытта үлкен хызметлерди ислеп атырған болар едим. Бирақ шопаным мениң сыйымды көрмейди ҳәм мениң аяғымнан тарта береди. Егер де ол болмағанда ма еди, ҳәзир мен күшли хызметкер

болып жүрер едим. Бирақ ол шақырығымды орынлаўыма маған имканият бермеди. Ол, ҳәтте, жәмәәттеги адамларды да маған қарсы қойды. Барлығына шопан айыпкер!»

«Егер де мениң бурынғы күйеўим болмағанында, менде ҳәм мениң балаларымда ҳәзиргидей финанслық машқалалар болмаған болар еди. Барлығына бурынғы күйеўим айыпкер!»

«Егер де жәмәәттеги усы ҳаял болмағанында, онда ҳәзир жетекшилер менен қарым-қатнасым әжайып болған болар еди. Өзиниң өсеклери менен ол мени де, мениң абырайымды да жер менен жексен қылды. Барлығына жәмәәттеги сол ҳаял айыплы!»

Бул дизим таўсылмайды, даўам ете берсең, кете береди. Өз бахытсызлығында: «Егер де сол адам болмағанында, бәри жақсы болар еди. Бәрине сол айыплы!» деп өз машқалаң ушын басқаларды айыплаў аңсат. Сиз өз түскинликлериңиз ҳәм бахытсызлықларыңыз ушын басқаларды айыплы деп есаплайсыз ба?

Мен мына ҳақыйқатлыққа бар дыққатыңызды қаратыўды илтимас қылар едим: *Дүньядағы ҳеш бир адам: еркек болсын, ҳаял болсын, ямаса, ҳәттеки шайтанның өзи де, сизди Қудайдың еркинен шетке шығара алмайды! Сизиң тәғдириңиз толығы менен тек Қудайдың қолларында ғана тур!*

Қудай Юсупке түслери арқалы әжайып көринис берди. Бирақ әжағалары бул көринисти жоқ қылыў ушын, бар күши менен ҳәрекет етти. Олар: «Юсуптиң түслери енди ҳеш қашан орынланбайды!» деп ойлады. Олардың аўызларынан: «Келиңлер, оны өлтирип, бир суў сақланатуғын шуқырға таслайық… Сонда оның көрген түслерине не болатуғынын көремиз!» – деген сөзлер шықты (Жаратылыс 37:20). Олар Юсупти түслери менен қосып пүткиллей набыт қылмақшы болды. Олар Юсупти тосаттан, билмей қалған ҳалда, сатқан жоқ. Ал оны жоқ қылыў ушын, биле тура, биротаға сатып жиберген еди! Олар Юсуптиң табысқа ерисиўине ийнениң

ушындай да имканият қалдырғысы келмеди.

Бирақ, сизлер қалай ойлайсызлар, әжағалары Юсупти қуллыққа сатып жиберген ўақытта, Аспанда Қудай Өз Улына ҳәм Мухаддес Руўхқа қарап: *«Енди Бизлер не қыламыз? Көрдиңиз бе, әжағалары Юсупти ҳәзир ғана сатып жиберди! Олар бизлердиң Юсуп ушын дүзип қойған жобамызды бузып жиберди. Енди Бизлер тез арада басқа бир нәрсе ойлап табыўымыз керек! Сизлерде аўысық вариант бар ма?»* - деди ме?

Көпшилик масийхыйлар кризислик жағдайларға түскенде, Аспанда Қудай да не қыларын билмей атырғандай етип, албырасып, сасқалақлап қалады. Көз алдыңызға келтирип көриң, Әке Ийсаға: *«Ийса, көрдиң бе, Гүлназды жумыстан босатып жиберди. Себеби оның бир коллегасы ол туўралы жалған өсек айтқан. Бизлер енди не қыламыз? Жерде енди Сенде қандай да бир бос жумыс орынлары бар ма?»* деп атыр. Ямаса: *«Ийса, Гөззал 34 жасқа шықты, бирақ еле турмысқа шыққан жоқ. Сенде Жер бетинде ол ушын қандай да бир үйленбеген жигитлер бар ма? Себеби Гөззалдың ең жақын достысы оны оның жигитине жаманлаған. Мен сол жигитти Гөззал ушын таярлап қойған едим. Ол Гөззалға сүўып кетип, оның сол жаманлаған достысына үйленип кетти»,* - деп атыр. Бул күлкили ҳәм биймәни емес пе?! Бирақ сондай қыйын жағдайларға түскенимизде, бизлердиң реакцияларымыз Қудайды тап сондай қылып қабыл ететуғынымыз туўралы гүўалық береди.

Келиңлер, Юсупти бүгин бизлердиң жәмәәтимиздиң бир ағзасы деп көрейик. Егер ол бизлердиң көпшилигимиз сыяқлы ис тутқанда, не қылған болар еди? Өш алыў жобаларын дүзген болар еди. Ол өзин мынадай ойлар менен жубатқан болар еди: *«Бәри алдымда, еле көрсетемен, оларды өлтирип тынаман! Маған қылған ислери ушын, оларды түбинде жоқ қыламан. Оларға ислеген исине еле пушайман жегиземен».*

Бирақ егер де Юсуптиң өз әжағаларына қатнасы сондай болғанында, Қудай оны сол зинданнан шығармай, ол өлемен дегенше сол жерде шириўин даўам еткен болар еди! Себеби,

егер де ол сондай қәлеўлер ҳәм нийетлер менен қамақтан шыққанында, ол Израилдың келешектеги он урыўының ҳәр бир басшысын өлтирген болар еди. Өлиўи керек болған әжағаларының арасында Масийх келип шығыўы керек болған урыўдың түп бабасы Яҳуда да бар еди.

Аўа, Юсуп пенен сондай аяўсыз қатнас қылған сол адамлар Израилдың аталары еди! Ал Қудай болса Ибрайымға оннан үлкен бир халық жарататуғынына ўәде берген еди. Олар арқалы ақыр-ақыбетинде Ийемиз Ийсаның Өзи келиўи керек еди! Бирақ Юсуп жүрегине өкпениң кириўине жол қоймады. Соның ушын, оған ҳәм оның әжағаларына дүзилген Қудайдың жобасы олардың өмиринде толық орынланды.

## БУННАН ДА ЖАМАНЫРАҚ БОЛЫЎЫ МҮМКИН БЕ?

Түрме Юсуп ушын тек терең ой жүритетуғын ўақыт емес, ал және де, жаңа имканиятлар ўақты болды. Юсуптың қасына қамақханаға патшаның еки хызметкери тутқын болып түседи. Бир күни олардың екеўине де Қудайдан түс бериледи. Юсуп бул еки түсти де таң қаларлық анықлық пенен оларға жорып береди. Юсуп биринширине былай дейди:

> «Үш күн ишинде фараон сениң тәғдириңди шешеди ҳәм сен бурынғы хызметиңе қайтасаң. Оған бурынғыдай шарап усынатуғын боласаң».
>
> – ЖАРАТЫЛЫС 40:13

Ал екиншисине былай дейди:

> «Үш күн ишинде фараон тәғдириңди шешип, сени дарға астырады ҳәм қуслар келип, денеңди шоқыйды».
>
> – ЖАРАТЫЛЫС 40:19

Юсуп үш күннен кейин азат етилетуғын ҳәмелдарға былай дейди:

> «...исиң жүрискеннен кейин, мени есиңе ал. Маған жақсылық ислеп, фараонға мен туўралы айт ҳәм мени бул қамақханадан шығарып ал. Себеби мен еврейлердиң жеринен урлап әкелингенмен. Бул жерде де қамаққа таслағандай ҳеш нәрсе ислемедим».
>
> – ЖАРАТЫЛЫС 40:14-15

Сол адам Юсуптиң айтқанындай, үш күннен соң азат етилип, қайтадан фараонның хызметине киристи. Бирақ хызметине қайтқан соң, ол Юсуптиң илтимасын да, өзин де ядынан шығарып жиберди. Бул да Юсуптиң өкпелеп, түскинликке түсиўине гезектеги бир себеп болған еди.

***Қудайдың еркикемшиликсиз!***

Бир күни фараон қорқынышлы бир түс көреди. Пүткил Мысыр елиндеги ҳеш бир сыйқыршы, түс жорғыш ямаса данышпан фараонның түсин жорып бере алмады. Әйне сол гезде, хызметине қайта тикленген баяғы ҳәмелдар Юсупти есине түсиреди. Ол фараонға өзиниң ҳәм екинши тутқынның түсин Юсуптиң қалай жорығанын айтып береди. Сонда қамақханада жатырған Юсуп фараонның алдына алдырылады.

Юсуп Мысыр патшасының алдына турып, оның түсин ап-анық етип жорып береди. Фараонның түси бойынша, алдында 7 жыл тоқшылық, кейин 7 жыл ашлық болатуғынын айтады ҳәм сол ўақытлары не ислеў кереклиги туўралы фараонға дана кеңеслер береди.

Фараон дәрҳал Юсупти ең жоқарғы лаўазымға көтерип, оны өзинен кейинги пүткил Мысырдың екинши ҳүкимдары етип қояды. Юсуп Қудайдың даналығы менен елди басқарып, алдында жақынласып киятырған қатты қыйын ўақытларға таярланады. Юсуптиң жорығанындай, 7 жыл тоқшылық, кейин 7 жыл ашлық жыллары келеди. Ашлық сол ўақыттағы барлық халықларды, Юсуптиң әжағалары жасап атырған Қанан жерин де, ийелеп алады. Бирақ Юсуптиң даналығы менен Мысырда

теңизтеңиз дән болады. Сонда ашлыққа ушыраған Юсуптиң әжағалары Мысырда дән барын еситип, Мысырға дән сатып алыўға кетеди. Юсуп оларды таныйды, бирақ олар Юсупти танымайды. Егер де Юсуптиң жүрегинде әжағаларына қарсы қандай да бир өкпе болғанында, ол енди олардан арқайын өш алса болатуғын еди. Ол оларды өмирликке қамақханаға таслаўы, азаплаўы ямаса ҳәтте, өлтириўи де мүмкин еди. Ҳәтте, оларды өлтирсе де, Юсупти ҳеш ким айыпламаған болар еди. Себеби ол Мысырда фараоннан кейинги екинши ҳүкимдар еди. Оның әжағалары фараон ушын ҳеш қандай қәдирге ийе емес еди.

Бирақ Юсуп әжағаларына не иследи? Оларға нанды ешейин берип жиберди.

Юсуп әжағаларына өзин танытқаннан кейин, олар ҳәм олардың пүткил шаңарақлары келип жасаўы ушын, Мысырдағы ең жақсы жерди ажыратып береди ҳәм олар усы жердиң «*өнимдар* топырағынан» өним алып жейди. Басқаша қылып айтқанда, Юсуп оларға Мысырдағы ең жақсы жерди берген еди. Юсуп өзин нәлетлегенлерди жарылқады, жек көретуғынларға жақсылық қылды (Матта 5:44). Юсуптиң әжағалары не ислейтуғынын Қудай алдыннан билетуғын еди. Юсупке сол түслерди берместен алдын ямаса олардың ҳеш қайсысы еле туўылмастан алдынақ, олардың сондай қылатуғынын Қудай толық билетуғын еди.

Юсуптиң және не ислегенин билесиз бе? Ол әжағалары менен және ушырасқан ўақытта, оның әжағаларына айтқан сөзлерине бир дыққатыңызды қаратың:

> «Мени бул жерге сатып жибергениңиз ушын қыйналмаң ҳәм өзлериңизди айыпламаң. Қудай адамлардың өмирин сақлап қалыў ушын, мени сизлерден алдын бул жерге Өзи жиберген еди. Елде еки жылдан бери ашлық болмақта, және бес жыл даўамында жер де егилмейди, зүрәәт те жыйналмайды. Қудай жер жүзинде урпақларыңызды

сақлап қалыў ушын ҳәм таң қаларлық жол менен жанларыңызды қутқарыў ушын, мени сизлерден алдын бул жерге Қудай жиберди. Мени бул жерге сизлер жибергениңиз жоқ, ал Қудай жиберди. Ол мени фараонға кеңесгөй, оның сарайына хожайын ҳәм пүткил Мысыр елине басшы етип қойды …»

– ЖАРАТЫЛЫС 45:5-8

Забур китабының 104:1617 аятларына қараң:

«Елге ашлық жиберди, Бир тислем нанға зар қылды. Олардың алдынан бир адамды жиберди, Аўа, Юсуп қул болып сатылды».

Юсупти ким жиберди? Оның әжағалары ма ямаса Қудай ма? Оны Қудай жибергенин бизлер еки гүўаның айтқан сөзлеринен көрип атырмыз. Юсуп әжағаларына анық қылып: «Мени бул жерге сизлер жибергениңиз жоқ, ал Қудай жиберди», деп айтты. Мухаддес Руўхтың сизге не айтып атырғанына қулақ салың!

Алдын айтқанымдай, басында өлими бар ҳеш қандай адам ямаса шайтан сиздиң өмириңизден Қудайдың мақсетин қысып шығарып таслай алмайды. Егер сиз бул ҳақыйқатлықты қабыл етсеңиз, ол сизди азат қылады. Бирақ сизди Қудайдың еркинен шығарып таслаўы мүмкин болған тек бир адам бар: булсизиң өзиңиз!

Израил халқы туўралы бир ойланып көриң. Қудай оларды Мысыр қуллығынан алып шығып, ўәде етилген жерге алып келиў ушын, оларға азат етиўши Муўсаны жиберди. Шөлистанда бир жыл ўақыт өткизгеннен кейин Израилдың көсемлери ўәде етилген жерди көзден өткизип келиў ушын жансызларды жиберди. Қайтып келгеннен кейин жансызлар налып баслады. Себебеи олар өзлерине қарағанда бойшаң ҳәм әскерий ислерде шебер болып көринген Қананлы халықларды көргенде, өзлери менен Қудай бирге екенин умытып, қатты қорқынышқа түскен еди.

Нун улы Ешуа менен Калебтен басқа пүткил Израил халқы бул жансызлардың пикирине қосылды. Адамларға Қудай оларды бул жерге набыт етиў ушын алып келгендей болып көринди. Олар Муўсаға ҳәм Қудайға өкпеледи. Бундай жағдайда олар бир жылдан зыят ўақыт болды. Олардың өкпеси Мысырдан шыққан әўлад ўәде етилген жерди ҳеш қашан көрмейтуғын дәрежеге алып келди.

Көплеген адамлар Қудайға қайнақ болып хызмет етип жүреди, бирақ кейин олар бир исениўшилердиң жаман қатнасы менен дусласады. Сонда олар азғырылыўға түсип, өмирлеринде қыйын жағдайларға түсип қалады. Олар өзлерин: «Маған жаман қатнас қылды», деп өкпе руўхын киргизип қояды. Бирақ, ҳақыйқатлық соннан ибарат, өкпе сизди Қудайдың кемшиликсиз еркинен сыртқа шығарып жибериў ушын келген шайтанның руўхы. Дурыс, ол сизди күш пенен шығара алмайды, бирақ оны ишиңизге киргизсеңиз, ол сизди надурыс жолға ишиңизден баслайды.

Дурыс, сизге биреў ҳақыйқаттан да әдалатсыз қатнас қылған шығар, бирақ ким не қылған болса да, сиз Юсуп сыяқлы жаманлықтан жеңилип қалмаң! Керисинше, Қудайдың минсиз еркинде болыўды даўам етип, жаманлықты жақсылық пенен жеңип шығың. Сизди өкпелетиў бул сизди Қудайдың еркинен шығарыў ушын дүзилген душпанның мақсети.

Сиз өкпе руўхын қабыл етиўден бас тартқан ўақтыңызда, Қудайдың еркинде қаласыз. Ал егер сиз өкпе руўхын жүрегиңизге киргизип қойсаңыз, онда душпан сизди өз қулына айландырып, өмириңизде өз мақсетин ҳәм еркин орынлатып баслайды. Өкпе руўхынан бас тартыў ямаса оны жүрегиңизге киргизиў қайсысын таңлаўды өзиңиз шешесиз. Өкпелемеў анағурлым пайдалырақ.

Қудай сиздиң күшиңиз жетпейтуғын ҳеш бир сынақтың келиўине жол қоймайды. Сизиң өмириңизге қандай сынақ келген болса да, Қудай буны сиз туўылмастан алдынақ билетуғын еди. Буны есиңизден шығармаң. Егер де шайтан

бизлерди өзи қәлеген ўақытта набыт қыла алатуғын болғанда, ол әлле қашан бул нийетин әмелге асырған болар еди. Себеби ол адамларды оғада қатты жаман көреди.

Мына аяттағы әжайып ҳақыйқатларды ядлап алың ҳәм ҳеш қашан ядыңыздан шығармаң:

> «Сизлердиң басыңызға ҳәмме адамлардың басына түсетуғын сынақлардан басқа сынақлар түскен жоқ. Қудай садық! Ол күшиңизден артық сынақларға түсиўиңизге жол қоймайды. Сынақларға шыдаўыңыз ушын, Ол сынақлар менен бирликте олардан шығыў жолын да береди».
>
> – 1-КОРИНФЛИЛЕРГЕ 10:13

Бул аяттағы *«олардан шығыў жолын да береди»* деген ҳақыйқатты сана-сезимиңиздиң төрине киргизиң. Келешекте бизлер қандай унамсыз жағдайларға түсетуғынымызды Қудай көрип тур, олар қандай үлкен болыўына қарамастан, олардан шығыў жолын да Қудай алдыннан таярлап қойыпты. Ол сынақлар менен бирге олардан шығыў жолын да береди!

Және таң қалдыратуғын бир нәрсе бар: айырым жаманлықлар жүз бергенде, бизлерге Қудайдың мақсети бузылып кеткендей болып көринеди. Бирақ, егер бизлер Юсуп сыяқлы Қудайға садық болып қалсақ ҳәм өкпелемесек, онда, ҳәтте, сол қорқынышлы жаманлықлар да Қудайдың мақсетиниң орынланыўына хызмет етип баслайды. Юсуп барлық сатқынлықлар менен жаманлықлардан өтип болып артына қарайды ҳәм бир таң қалдырарлық нәрсени көреди. Ол бул туўралы әжағаларына жәриялайды:

> «Сизлер маған жаманлық ойлаған едиңиз. Бирақ Қудай көп адамлардың өмирин сақлап қалыў ушын, ҳәзир өзлериңиз көрип турғаныңыздай, бул жаманлықты жақсылыққа айландырды».
>
> – ЖАРАТЫЛЫС 50:20

Бул ҳақыйқатлықты есиңизде сақлаң: Қудайға бойсынған ўақтымызда, Ол жаманлықты жақсылыққа айландырады!

Қандай жағдай болған болса да, Қудайға бойсынып, өкпе руўхын қабыл етиўден бас тартың ҳәм ҳеш қашан ҳеш кимге өкпелемең!

> «Солай етип, Қудайға бойсыныңлар! Шайтанға қарсы турыңлар, сонда ол сизлерден қашып кетеди»
>
> – ЯҚЫП 4:7

Бизлер жүрегимизге өкпени киргизбеўимиз арқалы Қудайға бойсынамыз ҳәм шайтанға қарсы турамыз. Түс ямаса көринис, бәлким, сиз буны күткендей болып орынланбас, бирақ Қудайдың Сөзи ҳәм Оның ўәделери мәңгиге исенимли болып қала береди. Қудайдың Сөзи ҳәм ўәдеси бизлерди ҳеш қашан алдамайды! Олар тек бир ўақытта орынланбай қалыўы мүмкин: бизлер Қудайға қулақ салмаған ўақтымызда.

## САТҚЫНЛЫҚТЫҢ БАСҚА ТҮРИ

Юсуп сыяқлы өз жақынлары тәрепинен сондай қорқынышлы қатнасларға ҳәм азапларға дус келген адамлар аз. Оған жақынлары сатқынлық еткен еди, ал душпанлары емес! Егер де душпанлары сатқынлық қылғанында, оған сондай қатты аўыр болмаған болар еди. Бирақ булароның өз әжағалары, қанлас туўысқанлары. Олар негизи иниси Юсупке ғамқорлық қылып, оны қайта қорғаўы, жигерлендириўи ҳәм қоллап-қуўатлаўы керек болған адамлар еди. Юсуп исенген адамлары ҳәм сүйенген жақынлары тәрепинен жүдә реҳимсиз сатқынлықларды ҳәм әдилсиз қатнасықларды өз басынан кеширеди. Буннан да жаманырақ сынақлар болмаса керек. Бирақ Юсуп ҳасла өкпелемеўди, ал кеширип, не болса да Қудайға бойсыныўды таңлады! Ал сиз қайсы жолды таңлайсыз?

## ТУЎЫСҚАНЫҢНЫҢ ҚАБЫЛ ЕТПЕЎИН ҲӘМ ҒӘЗЕБИН БАСТАН КЕШИРИЎ ҚЫЙЫН БОЛАР. БИРАҚ ӘКЕҢ ҚАБЫЛ ЕТПЕСЕ, ОННАН ДА ҚЫЙЫН.

Мен орта мектепте муғаллим болып жумыс ислеймен. Жақында мен «Шайтанның жемтиги» деген китапты оқып шықтым. Мен китаптан өмириме бир нешше ашылыслар алдым. Мен өз оқыўшыларым менен бул теманың видеосы менен бөлистим. Мухаддес Руўх оқыўшыларға күшли тәсир етти ҳәм олар өзлеринде өкпе барлығын тән алып, бирбиринен кеширим сорап баслады. Айырым оқыўшылар: «Бул  усы жылдағы ең жақсы күн болды»,  деди. Бир оқыўшы-қызым өзиниң әкеси менен жарасты, ал басқа оқыўшым өзиниң кемпир апасын кешире баслады, себеби кемпир апасы оның қәлбин қатты жарақатлаған екен. Қудай бул балалардың өмиринде жүдә күшли ҳәрекет етти. Бул китап ушын Қудайға алғыслар айтаман.

– Р. Ф., ИНДИАНА

# 4-БАП

# ӘКЕ, ӘКЕ!

***Ҳәй әке!... Буннан кеўлимде жаманлықтың ҳәм зулымлықтың жоқ екенин билип алың. Мен сизге жаманлық қылмасам да, сиз мени өлтирмекши болып атырсыз.***

**– 1-ПАТША 24:12**

Алдынғы бапта бизлер Юсуптиң әжағалары қалай оны өлтирмекши болғанын көрип шықтық. Әжағаларының сатқынлығы себепли ол қандай азапларды басынан өткизгенин бизлер көрдик. Бәлким, сиз соған уқсас жағдайда турған шығарсыз. Сизге көбирек жақын болған, яғный сиз сүйиспеншилик ҳәм жигерлендириў күткен адамлар сиздиң исенимиңизди ақламаған шығар.

Бул бапта мен туўысқанның сатқынлығынан да жаманырақ *бир жарақатлаўшы жағдайды* көрип шықпақшыман. Туўысқанның қабыл алмаўшылығын ҳәм ғәзебин бастан өткизиў басқа нәрсе, бирақ әкениң қабылламаўшылығын бастан өткизиў — пүткиллей басқа нәрсе. Мен әкелер ҳаққында айтқанымда, тек биологиялық әкелерди нәзерде тутып атырған жоқпан, ал Қудай бизлердиң үстимизден қойған ҳәмме жетекшилерди де нәзерде тутып атырман. Булар бизлерди сүйиўи, беккемлеўи, тәрбиялаўы, азықландырыўы ҳәм бизлерге ғамхорлық қылыўы керек болған адамлар.

## СҮЙИСПЕНШИЛИК ҲӘМ ЖЕК КӨРИЎШИЛИК МҮНӘСЕБЕТЛЕРИ

Әке сатқын болған мысалды үйрениў ушын, патша Шаул менен Даўыттың арасындағы мүнәсебетти көрип шығамыз (1-Пашалық 16-31). Шаул еле Израил патшасы болып тахтта отырғандаақ, Қудайдың пайғамбары Самуел Даўытқа келип, оны Израил үстинен патшалыққа майлайды. Сонлықтан олар еле бир-бири менен ушыраспай турыпақ, олардың өмирлери бир-бири менен байланысып үлгерген еди. Сонда Даўыт таң қалды ҳәм қуўанып: «Бул Шаулды майлаған сол адамғо. Демек, ҳақыйқаттан да, мен патша боламан!» деп ойлады. Шаул Қудайға қулақ салмағаны себепли жаўыз руўх оны азаплайтуғын еди. Тек оның алдында лира шертилген ўақытта ғана, ол жеңиллик сезиўи мүмкин еди. Сонлықтан Шаулдың хызметкерлери жақсы лира шертип билетуғын адамды излей баслады. Олар Ийшайдың улы жас жигит Даўытты тапты. Патша Шаул Даўытқа адам жиберип, өзине хызмет етиўи ушын оны сарайға алдырды. Даўыт, бәлким: «Қудай Самуел пайғамбар арқалы маған берген Өз ўәдесин орынлап баслап атыр. Патшаның кеўлинен шыға алатуғыныма шубҳа жоқ. Бул мени патшалыққа көтериў ушын, алдымдағы ең биринши текшем болса керек», - деп ойлаған шығар.

Бир рет филистлер Израилға урысқа келди. Олар урыс майданына жыйналған еди ҳәм Даўыттың үш әжағасы да урысқа келген еди. Сонда Даўыттың әкеси Ишай әжағаларына азық-аўқат алып барыў ушын, Даўытты урыс майданына жибереди. Сол жерге келип, Даўыт урыс майданында бақырып турған бир филистли дәў жаўынгерди көреди. Бул қырық күн даўамында Қудайдың әскерлерин масқаралап атырған күшли жаўынгер Голиат еди. Бул дәўди жеңген адамға патша өзиниң қызын бериўди ўәде еткен еди. Даўыт бул туўралы еситти.

Сонда Даўыт патшаның алдына келип, Голиат пенен урысқа шығыўына рухсат бериўин оннан илтимас қылды. Солай етип, ол Голиатқа қарсы шығып, оның басын алады ҳәм Шаулдың қызын ҳаяллыққа алады.

Даўыт әлле қашан Шаулдың мийримине ерисип үлгерген еди. Сонлықтан ол патшаның қасында жасаў ушын сарайға мирәт етиледи. Шаулдың үлкен улы Ионатан Даўыт пенен мәңгилик дослық келисимин дүзди. Даўыт патша Шаулдың оған исенип тапсырған ҳәмме нәрсени булжытпай орынлайды, себеби Қудайдың мийримли қолы оның үстинде еди. Патша өзиниң уллары менен биргеликте бир дәстүрхан басында оның аўқатланыўын буйырды.

Даўыт қатты қуўанышлы еди. Ол сарайда жасады, патша дәстүрханынан аўқат жеди, патшаның қызына үйленди, Ионатан менен досласты ҳәм өзиниң барлық әскерий жүрислеринде табыслы болды. Ол израил халқының мийримине ҳәм сүйиспеншилигине еристи. Ол Самуелдиң пайғамбаршылығы орынланып атырғанын көрди. Шаул басқа барлық хызметкерлерден Даўытты артық көрди. Ол Даўыт ушын әке сыяқлы болды. Шаул оны тәрбиялап, оған тәлим беретуғынына ҳәм бир күн келип, оны уллы ҳүрмет пенен тахтқа отырғызатуғынына Даўыттың исеними кәмил еди. Даўыт Қудайдың садықлығына ҳәм буншелли жақсылықларына қатты қуўанышлы еди. Бирақ, күтилмегенде, ҳәммеси өзгерди.

Шаул менен Даўыт биргеликте саўаштан қайтып киятырғанда,

Израилдың барлық қалаларынан келген ҳаяллар: «Шаул мыңлағанын өлтирди, ал Даўыт он мыңлағанын өлтирди», - деп қосық айтып баслады. Бул Шаулды қатты ғәзеплендирди ҳәм сол күннен баслап ол Даўытты жек көре баслады. Даўыт ол ушын лира шерткен ўақытлары, Шаул еки мәрте оны өлтирмекши болып, оған қолындағы найзасын ылақтырды.

Мухаддес Китап: «Шаул Даўытты жек көрди», дейди. Себеби Қудай оның менен емес, ал Даўыт пенен бирге екенин сезген еди. Даўыт қашыўға мәжбүр болды ҳәм шөлистанға қашып кетти. Ол астын үстин болып кеткен ўақыяларды түсинбей: «Неге бундай болып атыр? Патшам ҳәм тәрбияшым мени өлтирмекши. Мен не қылыўым керек? Шаул  Қудай тәрепинен майланған хызметкер. Егер ол маған қарсы болса, менде табысқа ерисиўге қандай имканият болады? Ол патшағо! Ол Қудайдың халқын басқаратуғын Қудайдың адамы. Не ушын Қудай буған жол қойып атыр?»  деген ойлар астында қалды.

Шаул Даўытты Израилдың үш мың ағла әскерлери менен бир шөлистаннан басқа бир шөлистанға қуўдалап, бир үңгирден басқа үңгирге куўып жүрди.

Енди патша болыў ҳаққындағы ўәдениң тек ғана саясы қалған еди. Даўыт енди сарайда жасамады ҳәм патша дәстүрханынан аўқат жемеди. Ол ызғар үңгирлерде жасады ҳәм шөлистанда жасайтуғын ҳайўанлар жеп таўыспаған қалдықлар менен аўқатланды. Ол енди патшаның қасында отырмайтуғын болды, ал бир ўақытлары оның менен бир сапта урыс алып барған күшли әскерлер тәрепинен қуўдаланды. Оның енди жыллы төсеги ҳәм хызметкерлери болмады, ол патша сарайы хызметкерлеринен енди мақтаў сөзлер еситпеди. Патша оның ҳаялын басқа бир адамға ҳаяллыққа берип жиберди. Ол ўатаны жоқ қашқынға айланған еди.

Байқадыңыз ба, Даўытты Шаулдың қолына шайтан емес, ал Қудай тапсырған еди? Қудай бундай болыўына тек жол қойды ма ямаса жүз берген нәрселердиң ҳәммесин Өзи жобаластырды ма? Бул  Оның жобасы еди! Не ушын Ол алдын Даўытты сондай

жақсылықлар менен жарылқады, бирақ кейин, күтилмегенде, оннан барлық нәрсени тартып алып қойды? Себеби Даўыт ушын азғырылыў ҳәм сынақ дәўири басланған еди. Ол тек Шаулға емес, ал Қудайға да налып ҳәм өкпелеп баслаўы мүмкин еди. Оның кеўлинде Қудайдың даналығына ҳәм Оның оны таңлағанына гүман туўдырыўшы сораўлар көбейе баслады. Бул қыйнаўшы сораўлар азғырылыў қәўпин еле де күшейткен еди. Шаул бул жас жигитти қандай қылып болса-да, түбинде өлтирмекши болды ҳәм оның ақылсызлығы өсип бара берди. Даўыт түскинликке түсти.

Ноб қаласындағы руўханийлер Даўытты патшаның хызметкери деп ойлап, оны үй ҳәм аўқат пенен тәмийинледи. Және де оған Голияттың қылышын да берди. Олар Даўыттың Шаулдан қашып киятырғанын билмейтуғын еди. Олар Даўыт ушын Қудайдан сораныды, кейин оны патшаның күйеў баласы ҳәм садық әскер баслысы деп, жақсылап жолға шығарып салды. Шаул бул туўралы еситкенде, оның Ноб қаласындағы руўханийлерге қатты ғәзеби келди. Ол Жаратқан Ийениң сексен бес айыпсыз руўханийин алдына алдыртып, өлтиртеди ҳәм олардың қаласындағы барлық тири жанды: еркеклерди, ҳаялларды, жасларды, нәрестелерди, өгизлерди, ешеклерди ҳәм қойларды қылыштан өткизеди.

Шаул амалеклерге сондай шара қолланып, олардың бәрин өлтириўи керек еди, бирақ буның орнына, ол Қудайдың руўханийлерин ҳәм оларға тийисли ҳәмме нәрсени өлтиртеди. Ол қорқынышлы ҳәм реҳимсиз қанхор патшаға айланған еди. Сондай адамды бир ўақытлары Қудай Муқаддес Руўхы менен қалай майлады екен?

Бир күни Шаул Даўыттың Эн-Гадди шөлинде екенин билди ҳәм өзи менен үш мың әскерди алып, оның изинен кетти. Ол бир жерлерге келген ўақытта, бир үңгирдиң аўзында тоқтап, ҳәжет ушын үңгирдиң ишине киреди. Ал Даўыт болса, сол үңгирдиң төринде өз адамлары менен жасырынып отыр еди. Шаул ҳеш нәрсени сезбей, өзиниң қасына патшалық шапанын шешип

қояды. Сонда Даўыттың қасындағы ашыўлы әскерлер Шаулды өлтирмекши болады. Бирақ Даўыт оларға Шаулды өлтиртпейди ҳәм өзи билдирместен барып, шапанның бир шетин кесип алады. Шаул үңгирден шығып, бираз жерге кеткеннен кейин Даўыт та үңгирден шығып, бир тастың үстине минип, Шаулдың изинен бақырады. Шаул артына қарағанда, Даўыт жерге шекем ийилип, оған тәжим етеди. Кейин ол Шаулға былай дейди:

> «Ҳәй әке, шапаныңыздың шалғайынан кесип алынған қолымдағы мына қыйындыға қараң... Буннан кеўлимде жаманлықтың ҳәм зулымлықтың жоқ екенин билип алың. Мен сизге жаманлық қылмасам да, сиз мени өлтирмекши болып атырсыз», - деди.
>
> – 1-ПАТША 24:12

Даўыт Шаулға: «Әке! Әке!» - деп шын жүректен бақырған еди. Бул түсиниклирек болыўы ушын, оның не деп атырғанын басқаша сөзлер менен айтамыз: «Әке, Мениң жүрегимниң қандай екенине қара! Маған әке бол. Мен басшыға мүтәжбен!» Даўыттың жүрегинде үмит бар еди.

## ӘКЕЛЕР ҚАЯҚТА?

Мен жәмәәтлерде сан-санақсыз еркек ҳәм ҳаяллардың жүреклериндеги сондай қышқырықты еситтим. Олардың көпшилиги Қудайдың шақырығына ийе болған жаслар. Олар өзлерин үйрететуғын, сүйетуғын ҳәм жигерлендиретуғын *әкелерге* зар болып, нала шегеди. Мине, соның ушын Ески Келисимниң ең соңғы китабының ең соңғы аяты Қудайдың мына сөзлери менен жуўмақланады:

> «Мен келип, пүткил елди ғарғап, жоқ қылмаўым ушын, ол әкелердиң (жетекшилердиң) жүреклерин балаларына (Қудайдың халқына), балалардың жүреклерин әкелерине қаратып, жарастырады»
>
> – МАЛАХИЯ 4:6

Бизлердиң мәмлекетимиз 1940-1950-жылларда көп әкелерден айырылды ҳәм сонлықтан бүгинги күнде бизлердиң жағдайымыз жаманласып кетти. Бизлердиң үйлеримиздеги, жумысларымыздағы ҳәм жәмәәтлеримиздеги жетекшилердиң көпшилиги Шаулға уқсап, жас әўладтың өмирине қарағанда, көбирек өзлериниң жеке мақсетлери менен бәнт еди.

Олар Қудай халқына хызмет етиў ушын жетекшилер етип қойылған еди. Олар буның орнына, өз жетекшилигин сақлап қалыў ушын, Қудайдың халқына бир имканиятқа қарағандай етип қарады. Олардың жетискен табысларының астында неше жарақатланған өмирлер менен сынған жүреклердиң баҳасы жатыр. Бундай жетекшилер табысқа ерисиў ушын, әдилликти, мийрим-шәпәәтти, ҳадаллықты ҳәм сүйиспеншиликти қурбан қылады ҳәм өз ҳүжданының аўзын жабады. Олардың шешимлери ақшаларға, санларға ҳәм жетискенликлерге тийкарланады. Бул Шаулдың Даўытқа қылған жаман мүнәсебети сыяқлы жаўыз мүнәсебетлерге есиклерди ашады. Шаул сыяқлы тас баўыр жетекшилер бәрқулла өзлериниң жаман ислерине бир ақланыўлар табады. Шаул да өз жаўыз исин мынадай сөзлер менен ақлайтуғын еди: «Мен өз патшалығымды қорғаўым керек!»

Тилекке қарсы, көп ғана жетекшилер өз ғамқорлығындағы адамларға усындай тас баўырлық мүнәсебетте болады ҳәм буны ҳәр түрли нәрселер менен ақлаўға урынады.

Көпшилик жетекшилер не ушын өз тәрепдарларын жоғалтып алады? Бәлким, ҳәр кимнен гүманлана беретуғыны ушын шығар. Не ушын олар ҳәр кимнен гүманлана береди? Себеби олар Қудайға емес, ал өзлериниң табысына хызмет етеди. Шаулға уқсап, олар өзлериниң шақырығына толық көзи жетпейди. Сонлықтан бул олардың жүрегине қызғаныш пенен менменлик алып келеди. Олар басқа адамлардағы Қудайға унамлы қәбилетлердиң барлығын мойынлайды ҳәм бундай адамларды өзлерине пайдалы болып турған ўақытта пайдаланыўға таяр болады. Шаул да басында Даўыттың хызметлеринен

пайдаланған еди ҳәм «Маған ол қәўип туўдырып атыр» деген ой оған келмегенше, оның табысларынан рәҳәтленип жасады. Ал жаман ойды киргизип алған соң, ол Даўытты өлтириўге бар күши менен киристи.

Мен *исениўге болатуғын жетекшини* излеген оғада көплеген жас жигит ҳәм қызлар менен сөйлестим. Олар сондай жетекши ямаса әке таўып, олардан үйренгиси келген, үлги ҳәм жигер алғысы келген. Бирақ Қудай олардың Даўыт сыяқлы қабыл етилмеўине, шетлетилиўине ҳәм жалғызлыққа ушыраўына жол қойған. Не ушын? Қудай Даўыттың өмиринде жаратқан нәрселерин олардың өмиринде де жаратқысы келди. Мухаддес Руўхтың айтып атырғанын дыққат пенен тыңлаң.

Шаул Даўытты: «Жаўыз ҳәм қозғалаңшы адам», деп атады ҳәм бул Даўытты қапа қылды. Соннан кейин ол, бәлким, жүрегин изертлеп: «Не ушын Шаул мени ондай деп ойлап атыр? Мен бир нәрселерди надурыс қылдым ба екен? Не ушын Шаулдың жүреги маған қарсы шықты?» деп ойлаған болса керек. Бәлким, Даўыт мынадай деп те ойлаған шығар: «Егер мен Шаулға өз сүйиспеншилигимди дәлиллей алсам, ол маған өз мийримин қайтарады. Сонда Самуелдиң мен туўралы айтқан пайғамбаршылығы орынланады».

Мине, соның ушын да, ол бәлент даўыс пенен былай деп бақырған еди:

> «Базылар мениң сизди өлтириўимди қәлеген еди. Бирақ мениң сизге жаным ашыды. Мен тек сиздиң шапаныңыздың шалғайынан кесип алдым. Буннан сиз кеўлимде жаманлықтың ҳәм зулымлықтың жоқ екенин билип ҳәм көрип алың».
>
> – 1-ПАТША 24:11

Әкениң ямаса жетекшиниң шетлетиўин басынан өткизген адамлар ҳәмме нәрседе өз-өзлерин айыплаўға мейил болады. Олар өзлерин қыйнап: «Мен не иследим? Мениң жүрегим

нәпәк болғаны ма сонда? Ким жетекшиниң жүрегин маған қарсы қаратты?» - деп ойлай береди. Сондай-ақ, олар қайтадан қабылланбай қалмаўы ушын, бәрқулла өзиниң айыпсызлығын дәлиллеўге ҳәрекет етеди. Бирақ, ашынарлысы, олар қанша ықлас пенен бундай қылған сайын, сонша көбирек өзлерин шетлетилген қылып сезе береди.

## МЕН УШЫН КИМ ӨШ АЛАДЫ?

Шаул Даўыттың өзин өлтириўи мүмкин болғанын, бирақ буны ислемегенин көргенде, оның жақсылығын тән алды. Себеби соннан кейин ол өз әскерлерин алып кетти. Даўыт, бәлким: «Енди патша мени қайта тиклейди. Бүгин пайғамбаршылық орынланады. Шубҳасыз, ол мениң жүрегимди көрип тур ҳәм маған деген мүнәсебетин өзгертеди», - деп ойлаған шығар.

Еле асықпа, Даўыт! Бир неше күн өткеннен кейин, Шаулға Даўыт Хахила төбешигинде жасырынып атыр деген хабарды жеткизди. Шаул өзи менен сол үш мың ағла әскерди алып, қайтадан оның изине түсти. Бул Даўытты түскинликке түсиргенине исенимим кәмил. Шаул оны өлтириўге анық бел байлағанын ол түсинди. Сонда Даўыт өзин қандай етип сезген екен? Толық шетлетилиўди ҳәм бироталаға қабыл етилмеўшиликти сезген болыўы мүмкин. Даўыт Шаулға жүрегин ашып, оған ҳеш қандай жаман ойы жоқ екенлигин билдирген едиғо, солай болса да, патша оған қарсы шықты.

Шаул бир жерге келип, әскерлери менен дем алды. Сонда Даўыт Абишай деген әскери менен бирге Шаулдың ордасына кирип барды. Шаулдың сақшыларының ҳеш бири оларды байқамады, себеби Қудай барлық әскерлерге терең уйқы берген еди. Еки адам душпанның пүткил ордасы арқалы Шаул уйқылап атырған жерге дейин кирип барды.

> «Абишай Даўытқа: Бүгин Қудай душпаныңды қолыңа тутып берди. Енди рухсат бер, оны найза менен бир

> урғанда жерге қадап қояйын. Екинши рет урыўыма ҳәжет қалмайды, – деди».
>
> – 1-ПАТША 26:8

Абишай: «Шаул нағыз жынаятшы. Сонлықтан Даўыт маған оны өлтириўиме сөзсиз рухсат береди», деп ойлады. Абишайдың ойында жан бар еди. Себеби, биринshiден, Шаул суўыққанлық пенен сексен бес айыпсыз руўханийди ҳәм олардың шаңарақларын өлтирген еди! Екиншиден, Шаул үш мың ағла әскерлери менен Даўытты ҳәм оның изине ергенлердиң бәрин өлтириўге келип тур. «Ҳәй, Абишай! Егер сен душпанды биринши болып өлтирмесең, онда ол кейин сизлерди сөзсиз өлтиреди. Сен өзиңди ҳәм жанындағыларды қорғаўың керек емес пе? Ҳәр қандай қазы сениң бул исиңди ақлайды!» - деген ойлар оған келген шығар. Үшиншиден, Қудай Самуел арқалы Даўытты Израилға патша болыўға майлады. Даўыт егер Самуелдиң пайғамбаршылығының орынланыўын қәлесе, өзиниң мийрасына жетисиўге умтылыўы керек. Төртиншиден, Даўыт пенен Абишай арқайын Шаулдың қасына бара алыўы ушын, Қудай пүткил армияға терең уйқы берди. Қудай не ушын олардың бәрине терең уйқы берип қойыпты? Абишайдың Шаулдан өш алыўы ушын емес пе?

Абишайға Шаулды өлтириў әдилликти қайта тиклеў ушын жалғыз имканият болып көринди. Оған Шаулды өлтириў ушын, бул себеплер жеткиликли ҳәм орынлы болып көринди.

Егер де Даўыттың жүрегинде Шаулға деген азғана өкпе бар болғанында, ол өзиниң ҳақ екенин дәлиллеў ушын, Шаулға ҳүжимге өтер еди ямаса Абишайдың найзасы менен Шаулды жерге қадаўына рухсат берген болар еди.

Бирақ, Даўыттың жуўабын тыңлаймыз:

> «... Яқ, оны өлтирме. Жаратқан Ийениң майлаған адамына қол көтерген адам жазасыз қалмайды. Тири Жаратқан Ийе ҳақы ант ишемен: Шаулды Жаратқан

> Ийениң Өзи өлтиреди. Ол я өмири таўысылып өледи, я урыста өледи. Бирақ Жаратқан Ийениң майлаған адамына қарсы қол көтериўден Жаратқан Ийениң Өзи сақласын!».
>
> – 1-ПАТША 26:9, 10-11

Шаул айыпсыз адамларды аямаған ҳәм Даўыттың өлимин излеген болса да, Даўыт оған қолын көтермеди. Даўыт өзи ушын өш алмады, ал бар ҳүкимди Қудайдың қолына тапсырды.

Шаулдан сол жерде өш алып, оны өлтиргенде, бир қарағанда, бул бәрине жеңилирек болған болар еди: Даўыт ушын да, Израил халқы ушын да. Даўыт халықтың шопансыз қойлар сыяқлы болып қалғанлығын билетуғын еди. Қасқыр оларды өзиниң эгоистлик қәлеўлери ушын тонап атырғанын ол билетуғын еди. Өзөзиңди қорғамаў  бул қыйын мәселе, ал жақсы көрген халқыңды ақылсыз патшадан қорғамаў  бул оннан да қыйынырақ мәселе еди. Шаулды өлтирмегенше, оның тынышланбайтуғынын билсе де, Даўыт сондай шешим қабыл етти.

Ол Шаулға биринши мәрте реҳим еткен ўақтында-ақ, жүрегиниң таза екенин толық дәлиллеген еди. Енди дәлиллейтуғын ҳеш нәрсе қалмаған еди. Бирақ Шаул сонда да, оны өлтириўге келди. Бул сапары да, Шаулды өлтириўге және бир зор имканият туўылды. Бирақ бул сапары да ол Шаулға қол көтермеди. Себеби Шаул Жаратқан Ийениң майлаған адамы еди. Сонлықтан Даўыт оны ҳүким қылыў ушын Қудайдың қолына тапсырды.

Бүгинги күнде көпшилик адамлардың жүреги Даўыттикиндей ме? Бизлер енди физикалық қылышлар менен өлтирмеймиз, бирақ бизлер басқа түрдеги қылыш болған «тил» менен бир-биримизден өш аламыз. «Өлим ҳәм өмир  тилдиң ықтыярында» (Ҳикметлер18:21). Адамлардың үмити ақланбай қалғанда ямаса бир әдилсизликлерге дус келгенде, олардың жүрегине ғәзеп, өкпе ҳәм қайғыҳәсирет кириўи мүмкин. Ғәзепке ҳәм өкпеге толы

жүректен шыққан жаман сөзлер жәмәәтлердиң бөлиниўине, шаңарақлардың бузылыўына, некелердиң шайқалыўына ҳәм сүйиспеншиликтиң өлиўине алып келеди. Егер досларымызға, шаңарақ ағзаларымызға ямаса жетекшилеримизге қарсы жүреклеримизге өкпе руўхын киргизип алсақ, онда бизлер өткир қылышқа уқсаған тилимиз ҳәм зәҳәрленген сөзлеримиз бенен оларға қарсы ҳүжимге шығамыз. Бизлер, бәлким, ҳақыйқат нәрселерди ҳәм дурыс мағлыўматларды оларға айтатуғын шығармыз, бирақ нийетлеримиз жарасыў болмаса, бәрин қәте ислеп атырған боламыз.

Ҳикметлер китабының 6:16-19 аятларында туўысқанлар арасына от салыўшы ҳәм бөлиниў алып келиўши адам Жаратқан Ийе ушын жеркенишли деп айтылған. Бизлер адамлар арасындағы қарым-қатнасықты бузыў ушын ямаса кимниңдур абырайын түсириў ушын ҳақыйқатлықты айтсақ, бул Қудайға тил тийгизген менен тең болады.

## ЖЕТЕКШИМНИҢ ГҮНАЛАРЫН АШЫП БЕРИЎ УШЫН ҚУДАЙ МЕНИ ҚОЛЛАНА МА?

Бизлердиң (ҳаялымыз екеўимиздиң) ҳәзирги хызметимиз ушын Қудай есиклерди ашқанға шекем, жети жыл даўамында мен шопан жәрдемшиси хызметин алып бардым ҳәм жаслар шопаны болдым. Сол ўақытта бизлердиң жәмәәтте мени ҳәм ўазларымды унатпайтуғын бир адам бар еди. Әдетте, мени бундай затлар тынышсызландырмайды, бирақ бул адам жәмәәтте абырайлы жетекши еди.

Оның улы мениң топарымда еди. Қудай маған жасларға пәклик ҳәм батыллық ҳаққында ўаз қылыўды буйырды. Мениң ўазларымды тыңлаған сайын, бул жас жигит жүрегинде көбирек әшкаралаўды сезип бара берди. Бир күни ол бизлердиң алдымызға келди. Ол қатты қайғыда еди ҳәм көзлеринен жас аға баслады. Ол жарылды: оның өз үйинде көрген нәрселери мениң жасларды шақырып атырған нәрселериме туўра

келмейтуғын екен.

Сол ўақыядан кейин, оның әкеси меннен қутылыўға анық шешим қабыл еткен екен. Ол аға шопанның алдына барып, мени жалған айыплаўлар менен айыплай баслады. Соннан кейин ол маған келип: «Аға шопанның саған деген наразылықлары бар екен, бирақ мен сени қоллап-қуўатладым», деди. Ескертиўлер аўыспалы түрде маған қаратылғанын сездим. Ол маған сыртынан күлип қарап, бирақ ишинен мени жоқ қылыўға нийет еткен еди. Жаслар топарының бир неше ағзалары мени хызметтен босатпақшы болып атырғаны ҳаққындағы хабарды еситти. Бул хабарды сол адамның улы жеткизген екен, ол буны маған жаманлық қылыў ушын емес, ал тек үйинде әкесинен еситкен сөзлерин жеткизген екен. Бул ўақыялар себепли мен албырап қалдым ҳәм ишиме ғәзеп киргизип алдым. Мен сол адамға барып сөйлестим. Ол: «Дурыс, мен бул сөзлердиң бәрин айтқанымды мойынлайман, бирақ мен тек аға шопанның айтқан сөзлерин айтып жүриппен», деди.

Арадан айлар өтти ҳәм жағдайды өзгертиў ҳеш мүмкин еместей болып көринди. Ол аға шопан менен ушырасып алыўыма ҳеш имканият бермей, шопан екеўимиздиң арамыздағы барлық байланысларды бузды. Ол бундай исти тек маған емес, ал оған жақпай қалған басқа ҳәмме хызметкерлерге де ислеген екен. Бизлер шаңарағымыз бенен аўыр басым астында қалып қойдық, себеби сол жәмәәтте қаламыз ба ямаса бизлерди оннан қуўып жибере ме, билмес едик. Бизлер үй сатып алған едик ҳәм ҳаялым ҳәмиледар болып, бизлердиң баратуғын басқа ҳеш жеримиз жоқ еди. Мени сол жәмәәтке Қудайдың Өзи алып келгенине мен исенетуғын едим ҳәм мениң оннан кетким келмейтуғын еди.

Мениң ҳаялым қатты күйип-писип: «Қымбатлым, мен билемен, олар сени жумыстан босатпақшы. Маған ҳәмме усы туўралы айтып атыр», - деди.

«Олар мени жаллаған жоқ ҳәм Қудайдың келисимисиз олар мени босата алмайды», — дедим мен оған. Ол мени жағдайға

сап ақыл менен қараўдан бас тартып атыр деп ойлады ҳәм маған өзиме келиўимди илтимас қылды.

Ақыры мени жумыстан босатыў туўралы шешим қабыл етилгенин билдим. Аға шопан жаслар топарында өзгерислер болатуғынын жәмәәтте жәриялады. Мен елеге шекем сол жетекши менен болған келиспеўшилик туўралы аға шопан менен сөйлескен жоқ едим. Маған биреўлер келип: «Аға шопан сениң менен ҳәм ана жетекши менен ертең ушыраспақшы», деди. Қудай маған жүдә анық етип: «Өзиңди қорғама!» деп нәсият берди.

Келеси күни мен шопаным менен ушырасқанымда, ол офисинде бир өзи отырғанын көрип таң қалдым. Ол маған қарап: «Джон, бул жәмәәтке сени Қудай жиберди. Мен сениң бул жерден кетиўиңе жол коймайман», - деди. Мен жеңилликти сездим. Қудай мени ең соңғы сәтте қорғаған еди.

Ол маған: «Не ушын ол сизге соншелли қарсы? Илтимас, оған бар ҳәм қарым-қатнасықларыңызды жақсылаң», деди.

Сол ушырасыўдан кейин көп өтпей, мен сол жетекшиниң мениң хызметиме байланыслы қабыл еткен қарарының жазба дәлилин алдым. Бул қағаздағы жазыўлар оның қәтелери туўралы ҳақыйқый дәлил еди. Мен оны аға шопанға алып барыўға таяр едим.

Сол күни мен өзимди дым қолайсыз сезе басладым ҳәм бул сезимди жеңиўге ҳәрекет етип, 45 минут даўамында дуўа еттим. Мен: «Қудайым, бул адам ҳадал емес, ал нызамды бузыўшы. Оны әшкара қылыў керек. Ол бул хызметте бузыўшы күш болып есапланады. Мен шопанға оның негизинде ким екенин айтып бериўим керек!» дедим. Мен өзимди исендириўди даўам етип: «Оны әшкара қылыўым шәрт. Себеби мениң көрсетежақ нәрселерим эмоциялар емес, ал нағыз ҳүжжетлер менен фактлер. Егер мен буны тоқтатпасам, нызамсызлық пүткил жәмәәтке тарқап кетеди», - дедим.

Ақыры, түскинликке түсип, аўзымнан мына сөзлер шығып

кетти: «Қудайым, мен оны әшкара қылғанымды Сен қәлемейсең, мен Сени дурыс түсиндим бе?» Мен бул сөзлерди айтқанымда, Қудайдың тынышлығы жүрегимди толтырып жиберди. Мен таң қалдым! Қудай мениң ҳеш нәрсе ислегенимди қәлемеди. Соның ушын, мен де бул дәлиллерди таслап жибердим. Кейинирек мен жағдайға анығырақ қарағанымда, мен жәмәәтти қорғаўға қарағанда, көбирек *өзим ушын өш алыўды* қәлегенимди түсиндим. Мине, мениң негизинде қәлеген нәрсем сол екен. Егер сол ўақытта биреў маған: «Сениң нийетиң таза ма?» деп сорағанда, мен: «Жүз пайыз дурыс! Мен тек анық мағлыўматларды ғана айтажақпан», деп жуўап берген болар едим. Бирақ та мениң хабарламақшы болған мағлыўматларым дурыс, ал нийетлерим надурыс болған екен.

Арадан бираз ўақытлар өтти. Бир күни мен жәмәәттиң қасында дуўа етип турған едим. Сонда меннен қутылыўды қәлеген сол адам машинада жәмәәтке келди. Қудай маған: «Оның қасына бар ҳәм оның алдында кишипейиллик көрсет», деди. Мен дәрҳал өзимди қорғап: «Яқ, Қудайым, оның өзи маған келиўи керек. Ҳәммесине ол айыплы», дедим. Мен дуўа етиўди даўам еттим, бирақ Қудай тез оның алдына барып, жарасыўымды талап қылып турып алды. Буны Қудай айтқанын мен билдим. Офисимнен бул адамға қоңыраў қылып, оның алдына бардым. Егер Қудай сол гезде маған сөйлемегенде, мен оған бара алмас та едим, оның менен сөйлесе алмас та едим. Қудай сөйлегенликтен бәри пүткиллей басқаша болды.

Мен шын жүрегим менен оннан кеширим сорадым. «Мен сизди сынға алдым ҳәм ҳүким еттим», деп қәтемди тән алдым. Ол дәрҳал жумсарып қалды ҳәм бизлер бир саат даўамында сәўбетлестик. Оның басқа шопанлар менен машқалалары сақланып қалған болса да, сол күннен баслап, оның маған ислейтуғын ҳүжимлери тоқтады.

Алты айдан соң, мен Америкадан тысқарыда хызмет етип атырған ўақтымда, бул адамның ислеген барлық жаманлықлары әшкара болып, аға шопанға да мәлим болған.

Оның айырым ҳәрекетлери мен билгеннен де бетер жаманырақ болып шықты. Ол тез арада жумыстан босатылды. Суд болды, бирақ мениң қатнасыўымсыз. Оның маған ислемекши болған нәрсеси өзиниң басына түсти. Бирақ, бул нәрселер жүз бергенде, мен қуўанбадым, ал ол ушын ҳәм оның шаңарағы ушын қыйналдым. Мен оның нелерди басынан кеширип атырғанлығын түсиндим, себеби өзим де сол нәрселерди басымнан өткизген едим. Мен оны алты ай алдын кеширдим. Сонлықтан енди оны жақсы көремен ҳәм оған жаманлық тилемедим. Егер де оны бир жыл алдын, мен оған ғәзепленген ўақтымда жумыстан босатқанында, мен буған қатты қуўанған болар едим. Бирақ сол ўақытта оны толық кеширгенимди ҳәм ишимде оған деген ийнениң ушындай да өкпениң жоқлығын түсиндим. Кишипейиллик ҳәм өзим ушын өш алыўдан бас тартыў «өкпе» деп аталатуғын қамақханамнан мени азатлыққа алып шыққан гилтлер болған еди.

Бир жылдан кейин мен оны аэропортта ушыраттым. Мен Қудайдың сүйиспеншилигине толып кеткен едим. Жуўырып барып, оны қушақладым. Ол: «Менде енди ҳәммеси жақсы», деди. Буны еситкенимде, мен шын жүректен қуўандым. Егер де мен оның алдына бармағанымда ҳәм оның алдында кишипейил көрсетпегенимде, сол күни аэропортта оның көзлерине қарай алмаған болар едим. Сол ўақыттан бери бир неше жыллар өтти, ал мен оны елеге шекем жақсы көремен ҳәм оның Қудайдың еркинде болғанын шын жүректен қәлеймен.

Даўыт Қудайдың орнына судья болмады ҳәм өзин-өзи ақлаўға урынбады, ал буны әдил Қудайдың қолына тапсырды. Бул Даўыттың даналығы еди. Сиз: «Өзиниң хызметкери Шаулды ҳүким етиў ушын, сонда Қудай кимди қолланды?» деп сораўыңыз мүмкин. Филистлерди. Шаул филистлер менен урысып, саўаш майданында уллары менен биргеликте өлди. Бул хабар Даўытқа жетип келгенинде, ол қуўанбады, ал қайғырып жылады.

Бир амалек Даўытқа келип: «Мен Шаулды өлтирдим», деп мақтанды. Ол буның менен Даўыттан сыйлық аламан деп үмит

еткен еди, бирақ, керисинше болды. Даўыт оған: «Жаратқан Ийениң майлаған адамына қол көтерип, оны өлтириўге қорқпадың ба?» деди ҳәм әскерлерине сол амалекти өлтириўге буйрық берди (2-Патша 1:14, 15).

«Даўыт Шаул ҳәм оның улы Ионатан ушын жоқлаў айтты» (2-Патша 1:17). Душпанлар қуўанбаўы ушын, Израилдың батырларының қалай қулағанын филист қалаларында жәрияламаўын халыққа буйырды. Ол Шаул өлтирилген сол жерде ҳеш қандай жаўын ҳәм зүрәәт болмасын деп жәриялады ҳәм пүткил Израилды Шаул ушын жоқлаў айтыўға шақырды. Бул өкпелеген адамның жүрегине уқсамайды. Өкпелеген адам: «Ол ылайықлы жазасын алды», деген болар еди. Даўыт Шаулдың үйиниң қалған урпақларын жоқ қылмады. Буның орнына, оларға мийрим көрсетти. Оларға жер ҳәм аўқат берди. Шаулдың баласы Ионатанның баласын таўып, оған патша дәстүрханының әтирапында отырыў сыйын берди. Бул өкпелеп қалған адамның ҳәрекетлерине уқсай ма?

Даўыт өзине әкелик қатнас қылыўы керек болған адам тәрепинен шетлетилди, бирақ ол ҳәттеки өлгенинен кейин де Даўыт оған садық болып қалды. Сизди жақсы көретуғын жетекшиге ямаса әкеге садық болып қалыў аңсат, бирақ сизди набыт қылыўға ҳәрекет етип атырған адамға садық болып қалыў аңсат па? Сиз Қудайдың жүрегиндеги еркек ямаса ҳаял боласыз ба ямаса өзиңиз ушын өш алыўға ҳәрекет етесиз бе?

## ҚУДАЙДЫҢ ӨЗ ҚУЛЛАРЫ УШЫН ӨШ АЛҒАНЫ ӘДИЛЛИК БОЛАДЫ, БИРАҚ ҚУДАЙДЫҢ ҚУЛЛАРЫНЫҢ ӨЗЛЕРИ УШЫН ӨШ АЛҒАНЫ ӘДИЛСИЗЛИК БОЛАДЫ.

Ҳүрметли Бивер, мен бүнин сизиң «Шайтанның жемтиги» деген китабыңызды оқып болдым. Оны оқып баслағанымнан, қашан таўыспағанымша, оннан басымды көтере алмай қалдым! Бул мениң оқыған китапларымның ишинде ең жақсы китаплардың бири болды.

– П. А., МИССУРИ

# MessengerX

*Күнделикли шәкирт таярлаўға арналған сизиң қолланбаңыз*

## Пүткиллей бийпул!

Өз мобиль қурылмаңызға
жүклеп алың да, пайдалана бериң!
Ямаса төмендеги сайттағы
веб-версиясын қолласаңыз болады:




**MessengerX.com**

**125 тен аслам тиллерде! Бирақ бул да еле шеги емес.**

- 125 тен аслам тиллерге аўдарылған материалларды дәрҳал көре аласыз.
- Досларыңыз бенен ресурсларды бөлисиң ямаса үйрениў бойынша топар баслаң.
- Бизлер жаңа аўдарылған материалларды үзиликсиз түрде қосып барамыз.

# Көриң. Оқың. Тыңлаң.

Курсларды, электрон китапларды, аудиокитапларды, қысқа метражлы фильмлерди ҳәм тағы басқа да материалларды өз ишине алатуғын кең көлемли китапхананы изертлеўди баслаң. Сиз оларды көрсеңиз де, оқысаңыз да ҳәм тыңласаңыз да болады.



## Ең әҳмийетли тараўларда өсиў

Шаңарақ, жақсы қарым-қатнас, өмириңиздиң мақсети, порнографиядан азат болыў, исенимди күшейтиў, Қудайдың даўысын еситиў, бизнес ҳәм жетекшилик сыяқлы басқа да темаларды изертлең!

## Өсиўиңиз ушын жол

"**MessengerX**" тиң мақсети - сизге өз өмириңизде келеси адымды атыўға жәрдем бериў. Бизлер шәкирт таярлаў ушын жол ҳәм күшли әспапларды ислеп шықтық. Олар сизге бул жолда қалыўға жәрдем береди.




## Сизге унайтуғын көп әжайып мүмкиншиликлер!

- Әпиўайы ҳәм аңсат әспаблар. Олар сизге бул материаллар менен бөлисиўге жәрдем береди.
- Өзлериңиздиң сүйикли смарт телевизорларыңызда көре алыўыңыз ушын Chromecast ҳәм AirPlay.
- Өз жетискенликлериңизди барлық қурылмаларыңызға сақлап қойың.
- Аңсат табыў ушын өзиңизге унаған материалларды китапханаңызға сақлап қойың.
- Офлайн көре алыў ушын материалларды өз қурылмаңызға жүклеп алың.
- Излеп атырған нәрсеңизди табыў ушын, ақыллы излеў ҳәм фильтр мүмкиншилиги.

# MessengerX - бул 1-2-3 сыяқлы әпиўайы!




**1** App Store ҳәм Google Play арқалы **MessengerX** қолланбасын (приложение) жүклеп алың.

**2** Есап бетин (аккаунт) ашың ҳәм өз ана тилиңизде **MessengerX** қолланбасынан пайдаланың.

**3** Өзиңизге унаған ресурсларды көриң, оқың, тыңлаң, жүклеп алың ҳәм бөлисиң.

## Шәкиртке айланың, шәкиртлер таярлаң

"**MessengerX**"тиң бир бөлеги болыўыңыз арқалы, сиз аўдарылған ресурсларды дүнья жүзи бойлап адамларға жеткизиў хызметинде бизлерге жәрдем бересиз.

***Себеби ҳәр бир адам билиўге ылайықлы!***

**MessengerX.com**

Жүклеў
App Store

Қабыллаў
Google Play

Барлық браузерлерде кириўге болады

# 5-БАП

# РУЎХЫЙ ГЕЗЕНДЕЛЕР ҚАЛАЙ ПАЙДА БОЛАДЫ?

***Даўыт өз адамларына: «Тақсырыма, Жаратқан Ийениң майлаған адамына қол көтерип, оған бир нәрсе ислеўден Жаратқан Ийениң Өзи сақласын! Себеби ол Жаратқан Ийениң майлаған адамы», – деди. Даўыт усы сөзлери менен адамларына тыйым салып, Шаулға қол тийгизиўге рухсат бермеди.***

**– 1-ПАТША 24:7-8**

Өткен бапта бизлер Даўыт: «Маған әкелик қатнаста болады», деп күткен адамының оған қаншелли жаман қатнаста болғаны туўралы көрип шықтық. Даўыт өзиниң не нәрседе қәтелескенлиги туўралы түсиниўге көп ҳәрекет қылды. Патша Шаулдың жүреги не ушын оған соншелли дәрежеде

жаўылып қалды? Оның жүрегин қандай етип енди өзине қайтарса болады?

Бир рет Шаул өзиниң сайланды үш мың әскери менен Даўытты өлтириўге шығады. Бирақ Қудай Шаулды өлтириўге Даўытқа пурсат береди. Даўыт Шаулды өлтирмей ҳәм өз әскерлерине де өлтиртпей, оның жанын сақлап қалып, оған өз садықлығын дәлиллейди.

Кейин Шаул кеткеннен соң, Даўыт оның изинен бақырады ҳәм жерге дейин ийилип, Шаулға былай дейди:

> «Ҳәй әке, минекей, шапаныңыздың шалғайынан кесип алынған қолымдағы мына қыйындыға қараң! Мен сиздиң шапаныңыздың шалғайынан кесип алдым, бирақ сизди өлтирмедим. Буннан кеўлимде жаманлықтың ҳәм зулымлықтың жоқ екенин билип алың. Мен сизге жаманлық қылмасам да, сиз мени өлтирмекши болып атырсыз»
>
> – 1-ПАТША 24:12

Даўыт өз жетекшисине өз садықлығын дәлиллеген ўақытта, бираз жеңиллик сезди. Бирақ кейинирек оның қулағына: «Шаул сени өлтириў ушын қайтадан жолға шықты», деген жаман хабар жетип келеди. Шаул өзиниң ағла әскерлери менен Даўытың жанын және излеп келген еди. Бирақ Қудай Шаулдың пүткил әскерлерине терең уйқы береди. Сонда Даўыт өз жолдасы менен Шаулдың қасына барады. Даўыттың жолдасы Шаулды өлтириўге Даўыттан рухсат сорайды. Бирақ бул сапары да Даўыт Шаулға қарсы қол көтериўден бас тартады. Себеби ол қандай да бир жол менен: «Қудай бул әскерлерди уйықлатып таслап, мениң жүрегимди сынап көрип атыр», деп шешеди.

Даўыт Шаулға уқсап, өз патшалығын беккемлеў ушын жақынын өлтириўге дейин бара ма ямаса ҳақлық жолы арқалы тахтын мәңги беккемлей алатуғын Қудайға исениўди таңлай ма? Әне, усыны Қудай сынап көрип атырған еди.

> «Сүйикли туўысқанларым! Өзиңиз ушын өш алмаңлар. Ал буны Қудайға тапсырыңлар. Себеби Мухаддес Жазыўда Ийемиз былай дейди: *“Өш алыў Мениң қолымда, сазайын Өзим беремен”».*
>
> – РИМЛИЛЕРГЕ 12:19

Қудайдың Өз қуллары ушын өш алғаны әдиллик болады, бирақ Қудайдың қулларының өзлери ушын өш алғаны әдилсизлик болады. Шаул өзи ушын өзи өш алыўға урынған еди. Ол өзине садық хызметкер болған Даўытты он төрт жыл даўамында қуўдалайды ҳәм Қудайдың руўханийлери менен олардың шаңарақларын өлтиртеди.

Даўыт уйықлап атырған Шаулдың бас ушында турғанда, әҳмийетли сынаққа түседи. Бул сынақ Даўыттың жүрегинде не барын ашып бериўи тийис еди: ол еле бурынғы адамгершиликли шопан ба ямаса Шаулға еликлеген жүреги сум ҳәм наҳақ адамға айланды ма? Ол Қудайдың жүрегине унайтуғын адам болып қалды ма?

Негизи, Қудайдың ҳақлығы қашан көринетуғынын күтип отырғаннан гөре, жағдайды өз қолыңа алып, өзиң шешип таслаған анағурлым аңсатырақ.

Қудай Өз хызметкерлериниң қаншелли дәрежеде қулақ салатуғынлығын сынап көреди. Ол бизлерди сондай қыйын жағдайларға бир мақсет пенен салады. Сондай ўақытлары адамның ойына: «Егер мен ҳәзир өзим ушын өш алсам, бул әдиллик болады ҳәм мени ҳәмме түсиниўи керек», деген пикирлер келеди. Бизлердиң исҳәрекетимизди қоллап-қуўатлап туратуғын бир жақын адамды да Қудай арнаўлы түрде қасымызға қояды. Бирақ өш алыў Қудайдың жолы болмайды. Бул гүнакар дүньяның даналығы ҳәм жерге тийисли жол болады.

Мен үстимде турған өз жетекшимниң қәтелерин ашып таслаў туўралы ойлап жүргенимде, «егер оның қәтелерин мен ашып тасламасам, онда ол басқаларға да жаманлық қылыўы мүмкин» деген ой менен гүрескеним еле ядымда.

Мениң мийимди: «Мен тек ҳақыйқатлықты айтаман. Егер мен айтпасам, онда оның ҳийлелерин басқа ким тоқтатады?» деген ой ийелеп алған еди. Басқа адамлар да оның қәтелерин ашып таслаў кереклигимди мақуллаған еди. Оның үстине, мениң қолыма оның қәтелери туўралы жазба дәлил келип түскен еди.

Деген менен, мен бүгин Қудайдың сол дәлилди маған тек бир себеп пенен бергенлигин билемен: мени сынап көриў ушын. Мен де сол мени жоқ қылмақшы болған адам сыяқлы боламан ба? Ямаса мен Қудайдың ҳүкимине, ал егер ол тәўбе етсе, Оның меҳрине орын беремен бе?

## ҚУДАЙ БУЗЫЛҒАН ЖЕТЕКШИЛЕРДЕН ҚАЛАЙ ПАЙДАЛАНА АЛАДЫ?

Көп адамлар: «Не ушын Қудай үлкен қәтелер ислейтуғын, ал гейде улыўма гүнакар жетекшилердиң қол астына адамларды қояды?» деп сорайды.

Самуелдиң балалығына бир қарап көриңлер (1-Патша 2-5 баплар). Самуелди шайтан емес, ал Қудай Элий деген бузылған руўханийдиң ҳәм оның Хофний ҳәм Пинехас деген еки бузық улларының қол астына қойған еди. Олар ҳийле ҳәм күш қолланып, адамлардың Қудайға алып келген қурбанлықларын тартып алатуғын еди ҳәм Мухаддес Шатыр алдына жыйналған ҳаяллар менен бузықшылық ислейтуғын еди.

Әне, усындай напәк өмир сүретуғын руўханийдиң қол астында хызмет етиўдиң қандай болатуғынын көз алдыңызға келтире аласыз ба? Элий Мухаддес Руўхты ҳеш сезбес еди. Ол, ҳәтте, бир рет Ибадатханада шын жүректен ишиндеги дәртин Қудай алдында төгип атырған ҳаялды айыплап, оған былай дейди:

> «Мәскүнемликти қашанға шекем даўам етесең? Ишкенди тоқтат».
>
> – 1-ПАТША 1:14

Соншелли дәрежеде бийпәрўа, ҳәтте, Қудайдың шатырында бузықшылық ислеп атырған улларын тоқтатпаған адамның қол астында Самуел кишкене ўақтынан баслап хызмет қылады.

Егер бүгин масийхыйлар жәмәәтте сондай басшының қол астына түсип қалса, онда олардың көбиси өзлерин хорланған етип сезер еди ҳәм тез басқа жәмәәтке өтип кетип, алдынғы шопанының айыпларын ҳәммеге жәрия қылып жүрген болар еди. Сондай бузылған әўладтың арасында өскен жас өспирим Самуел туўралы Мухаддес Китапта не деп жазылғаны маған унайды:

> «Өспирим Самуел Элийдиң қолы астында Жаратқан Ийеге хызмет ететуғын еди».
>
> – 1-ПАТША 3:1

Бирақ сол бузық әўладтың қылмыслары өз шыңына жеткен еди: «Ол күнлери Жаратқан Ийениң сөзи сийрек, аянлары да аз болды» (1-Патша 3:1). Қудай тап пүткил еврей халқын таслап кеткендей еди. Жаратқан Ийениң Үйиндеги Қудайдың шырасы өшип қалыўға сәл қалып турған еди. Бирақ Самуел Қудайға сыйыныў ушын басқа орынларға кетип қалды ма? Ол Элий ҳәм оның улларының нызамсыз ислерин әшкара етиў ушын, халық ақсақалларының алдына барды ма? Ол Элий ҳәм оның улларын шопанлықтан түсирип таслаў ушын, өз тәрепдарларын жыйнап баслады ма? Яқ! Ол Жаратқан Ийеге хызмет қылды!

Самуелди ол жерге Қудай қойған еди. Элий ҳәм оның улларының минез-қулқы ушын Самуел жуўапкер емес еди. Қудай Самуелди олардың қол астына не ушын қойды? Оларды ҳүким етиў ушын ба? Яқ! Ал оларға хызмет етиў ушын! Элийдиң Қудайдың қулы екенлигин ҳәм Қудайдың Өз хызметкерлери менен есапласыўға қәдир екенлигин Самуел билер еди.

Балалар әкелерин дүзете алмайды. Ал бул ўазыйпа әкелердиң мойнына жүкленген. Әкелер өз балаларын үйретиўи ҳәм дүзетиўи керек. Қудай бизлерди үйретиўи ушын кимди устаз етип жиберген болса, бизлер солар менен

іслесиўимиз керек. Бул бизлердиң жуўапкершилигимиз, қарызымыз ҳәм парызымыз. Ал бизлер менен тең дәрежеде жайласқан туўысқанларымызға болса, туўысқан сыпатында жигерлендирип, хызмет қылыўымыз керек. Бирақ бул бапта, өткен баптағы сыяқлы, үстимизге қойылған адамлар туўралы ҳәм олардың исҳәрекетлерине бизлердиң реакцияларымыз туўралы көрип шығамыз.

Самуел Қудайдың қойған хызметкерине қолынан келгенинше жүдә жақсы хызмет қылды. Ол устазын ҳүким де етпеди, я оны дүзетиўге де урынбады. Тек бир рет Самуел Қудайдың оған шығарған ҳүкимин оған айтты. Онда да Элийдиң өзи оған келип, Самуел айтпаса болмайтуғындай етип оннан сораған еди:

> «Жаратқан Ийе саған нелерди айтты? Меннен ҳеш нәрсени жасырма. Егер Оның саған айтқанларынан бирин жасырып қалсаң, Ол сени жазалаған үстине жазаласын»
>
> – 1-ПАТША 3:17

Бирақ бул сапары да Элийге айтылған дүзетиўши сөзлер Самуелдиң өзинен емес, ал Қудайдан шыққан еди. Егер де көп адамлар бул ҳақыйқатлықты түсинип қабыл еткенде, онда бизлердиң жәмәәтлеримиз улыўма басқаша болған болар еди.

## ЖӘМӘӘТ БУЛ КАФЕТЕРИЯ ЕМЕС

Көбинесе, адамлар жәмәәт басқарыўында қандай да бир қәтелерди көрсе, олар дәрҳал жәмәәттен кетиўге асығады. Мысалы, гей биреўлерге шопанның қурбанлықты қәйтип жыйнайтуғыны унамайды, ал басқаларға ақшаның қәйтип жумсалатуғыны унамайды. Я болмаса, оларға шопанның айтатуғын ўазлары жақпай қалады. Биреўлер: «Бизлердиң шопан дым қол жетпес», деп шағым қылса, екиншилер, керисинше: «Бизлердиң шопан ҳәдден тысқары қарапайым», деп шағым қылады. Айта берсең, буның изи таўсылмайды.

Бундай адамлар қыйыншылықларға дус келгенде, үмитлерин сақлап қалыўдың орнына, ҳеш «конфликт жоқ» жәмәәтлерди излеп баслайды.

Келиңлер, бир нәрсеге келисип алайық: Ийса жалғыз кемшиликсиз Шопан! Не ушын онда бизлер қыйыншылықларды жүзбе-жүз күтип алып, оларды туўры шешиўдиң орнына, дәрҳал олардан қашып баслаймыз? Бизлер конфликтлерди туўры шеше алмаған ўақытларымызда, әдетте, қапагершиликке түсемиз. Гейде бизлер өз пайғамбаршылық хызметимиздиң қабыл етилмегенлигин айтамыз. Кейин бизлер кемшилиги жоқ жетекшилерге ийе жәмәәтти излеп, жәмәәтпе жәмәәт жүремиз.

Исениўши болғалы бери, яғный он төрт жыл даўамында мен тек еки жәмәәттиң ағзасы болдым. Ол жәмәәтлердиң екеўи еки штатта жайласқан. Менде де өз жетекшилериме өкпелеўге көп ғана себеплер болды. Бирақ олардың көпшилиги өзимниң айыбым менен ямаса еле ержетпегенлигим себепли болған еди. Өз жетекшилеримди ҳүким етиўге менде көп ғана имканиятлар болды. Бирақ мен машқалаларды ҳеш қашан жәмәәттен кетиў арқалы шешиўге урынбадым. Бир сапары мен аўыр жағдайларға түсип қалдым, сонда Қудай мениң жүрегиме Мухаддес Китаптағы бир аят арқалы сөйлеп, былай деди:

Егер сен қашан болмасын бул жәмәәттен кететуғын болсаң, онда Мен сениң буны тек мынадай руўхта ислегениңди қәлеймен: *«Сонлықтан сизлер қуўаныш пенен шығасызлар, Парахатшылық пенен жетеленесизлер»* (Ийшая 55:12).

Көп ғана масийхыйлар өз жәмәәтлеринен бундай руўхта шықпайды. Олар ушын Қудай жәмәәтиниң кафетериялардан парқы жоқ, бир жәмәәт унамай қалса, олар *өзлерине унайтуғын* басқа жәмәәтлерди излеп баслайды. Олар: «Мен бул жәмәәтте машқалалар басланаман дегенше боламан! Егер машқалалар басланса, онда оны таслап кетиўиме толық ҳуқықым бар!» деп есаплайды. Бирақ бул улыўма Мухаддес Китаптың тәлимине жатпайды. Қайсы жәмәәттиң ағзасы болатуғыныңызды сизиң өзиңиз шешпейсиз. Буны Қудай шешеди! Мухаддес Китапта:

«Қудай денеге ҳәр бир мүшени *олардың қәлеўине қарап* қойды», деп жазылмаған. Ал: «... Қудай ҳәр бир мүшени денеге *Өз қәлеўи бойынша* жайластырып қойыпты», деп жазылған (1-Коринфлилерге 12:18).

Мына шынлықты ядыңызда тутың: егер сиз өз орныңызда, яғный Қудайдың қойған жеринде болсаңыз, онда шайтан сизди конфликтлер арқалы ол жерден қуўыўға ҳәрекет қылады. Егер шайтан сизди орныңыздан шығара алса, ол бул жеңисин байрамлайды. Ал егер сиз күшли конфликтлерге қарамай, Қудай қойған өз орныңызда қалсаңыз, онда сиз шайтанның режелерин бузған боласыз.

## ҲҮКИМ ЕТИЎ АЗҒЫРЫЛЫЎЫ

Мен бир жәмәәтте бир нешше жыл болдым. Бизлердиң шопанымыз Америкадағы ўазшылардың ең жақсыларының бири еди. Мен бул жәмәәтке енди келгенимде, оның аўзынан шығып атырған Мухаддес Китап тәлиминиң күшинен рәҳәтленип, аўзымды ашып тыңлап отыратуғын едим. Арадан бираз ўақытлар өткен соң мен оған хызмет ете басладым ҳәм оның барлық қәтелери менен кемшиликлерин көре алатуғын дәрежеде, оған жүдә жақынласып қалдым. Сонда мен хызмет бойынша оның шешимлериниң туўры екенлигине гүманлана басладым. Мен оны сынға алып, ҳүким ете басладым ҳәм өкпе мени қыйнай баслады. Енди ол ўаз айтып атырғанда, мен ҳеш қандай жигерлениў де алмай, майланыўды да сезбей қалдым. Оның ўазлары мениң жүрегиме тәсир етпейтуғын ҳәм маған ҳеш жәрдем бермейтуғын болып қалды.

Бизлердиң жәмәәтимизде және бир ерлизайыплы хызметкерлер бар еди. Олар да жәмәәт хызметкерлериниң арасында болып, маған олар да тап мениң ҳалатыма түскендей болып көринди. Қудай оларды жәмәәтимизден алып шықты ҳәм олар басқа хызмет баслады. Бир рет олар бизлерди қонаққа шақырды. Бизлердиң нелер менен гүресип, нелерди

басымыздан өткизип жүргенимизди билип, олар бизлерди қоллап-қуўатлады ҳәм бизлерди Қудайдың шақырығы бойынша ҳәрекет етиўге шақырды. Олар бизлерге шопанның, оның ҳаялының ҳәм жәмәәт жетекшилериниң барлық қәтелери ҳәм кемшиликлери туўралы айтып берди. Нәтийжеде, бизлер өзлеримизди тап қақпанға түсип қалғандай етип сезип, үмитсизлик ҳалатына түстик.

Бул ерлизайыплылар бизлерге шын жүректен ғамқорлық қылып атырғандай еди. Бирақ олардың сөзлери тап отқа май қуйғандай, бизлердиң жүрегимиздеги наразылық пенен өкпени еле де күшейтип жиберген еди. Мухаддес Китап бул туўралы былай дейди: *«Отын таўысылса, от өшер, Өсекши болмаса, даў сөнер»* (Ҳикметлер 26:20). Олардың бизлерге айтқан нәрселери ырас еди, бирақ бул Қудайдың алдында надурыс еди, себеби олар бизлердиң жүрегимиздеги өкпени еле де күшейтип атырған еди.

Олар маған: «Бизлер сениң Қудайдың адамы екениңди билемиз. Соның ушын, жәмәәтте сен усындай машқалаларға ушырап атырсаң», деди. Олардың сөзлери жағымлы еситилер еди.

Бизлер ҳаялымыз екеўимиз бир-биримизге: «Болды! Бизлердиң аўҳалымыз оғада жаман. Енди бул жәмәәттен кетпесек болмайды. Бизлерди сүйетуғын досларымыз бар. Олар бизлерге руўхый жақсы мәсләҳәтлер бере алады. Олардың жәмәәтиндеги адамлар бизлерди ҳәм Қудайдың бизлерге берген хызметин қабыл етеди», дедик.

Сөйтип бизлер өз жәмәәтимизден кетип, жаңағы ерлизайыплылардың жаңа жәмәәтине бара басладық. Бирақ бул тек бир неше ай даўам етти. Бизлер: «Болды, енди машқалалардан қашып қутылдық», деп айтқанымыз бенен, ишимизде азаплардың еле де даўам етип атырғанын көрдик. Бизлер руўхта ҳеш қуўаныш сезбес едик. Бизлерди: «Бизлер ол жәмәәтти бийкарға таслап кеттик. Енди бизлердиң аўҳалымыз да солардыкиндей болып қалады», деген күшли қорқыныш орап алды. Бизлердиң ислеген барлық нәрсемиз тап биреўдиң

мәжбүрлеўи менен, өзлеримиз қәлемеген ҳалда болғандай болып көринди. Бизлер Мухаддес Руўхтың жетегине кире алмай қалдық. Нәтийжеде, жаңа шопанымыз ҳәм оның ҳаялы менен қарымқатнасымыз да жаманласа баслады.

Ақырсоңында, мен алдынғы жәмәәтимизге қайтып барыўымыз керек екенлигин түсинип жеттим. Сырттан қарағанда, кейинги жәмәәт бизлерди көбирек сүйип, көбирек қабыл еткендей еди, бирақ соған қарамастан, бизлер алдынғы жәмәәтке қайтыўды шешкенимизде, бул Қудайдың ерки екенлигин дәрҳал сезе басладық.

Кейин Қудай маған: «Джон, ол жәмәәттен кетиўди Мен саған ҳеш қашан айтқан жоқпан. Сени ол жәмәәттен өкпе руўхы алып кетти!» деди.

Конфликтте шопан менен оның ҳаялы айыплы емес еди, ал бизлердиң өзлеримиз айыплы едик. Олар бизлерди түсиниўге ҳәрекет қылды ҳәм жүреклеринде бизлердики сыяқлы болып атырған сораўларға жуўап табыўға урынды. **Сиз жәмәәттен Қудайдың ерки бойынша кетпесеңиз, онда сиз ҳеш бир жәмәәтке жарылқаў бола алмайсыз.** Сиз Қудайдың еркинде болмасаңыз, онда, ҳәтте, ең жақсы қарым-қатнасларыңыз да кескин ҳәм шийеленискен болады. Бизлер де ҳаялымыз бенен бирге сонда Қудайдың еркинен сыртқа шығып кеткенимизди түсиндик.

Өкпелеген адамлар жағдайларды ҳәм мағлыўматларды натуўры қабыл ете беретуғын болады. Олар енди Қудайдың басқарыўында болмайды, ал тек үстиртин «дурыстай» болған нәрселерди ғана қылатуғын болады. Бизлер өз туйғы сезимлеримиздиң ишинде батып қалыўға шақырылмағанбыз, ал ҳақыйқатлық бойынша ис тутыўға шақырылғанбыз.

Егер бизлер Қудайға қулақ салсақ ҳәм Оны излесек, бирақ Ол бизлерге ҳеш нәрсе демесе, онда не қылыўымыз керек? Егер Қудай үндемесе, демек, бул Оның: «Усы жерде қал. Ҳеш жаққа кетпе», деп атырғаны болыўы мүмкин. Басым астына

түскенде, бизлер тезирек бул басым астынан шығып кетиў ушын, Қудайдан сөз күте баслаймыз. Бирақ бизлерди сондай қыйыншылықлар ошағына Қудайдың Өзи салады. Не ушын? Бизлерди өлтириў ушын ба? Яқ! Ал бизлер тазаланыўымыз, беккемлениўимиз ҳәм руўхый ержетиўимиз ушын!

Бир айдан соң менде алдынғы жәмәәтимниң шопаны менен ушырасыўға имкан пайда болды. Мен оның алдында оны критикалағаным ҳәм оған қарсы шыққаным ушын тәўбе еттим. Ол маған уллы адамгершилик көрсетип, мени кеширди. Бизлердиң қарымқатнасымыз қайтадан тикленип, еле де күшейди ҳәм жүрегиме қуўаныш қайтып келди. Мен шопанның ўазларынан қайтадан жигерлениў алатуғын болдым. Соннан кейин бизлер ол жәмәәтте бир нешше жыллар хызмет қылдық.

## ҚУДАЙ ҮЙИНЕ ОТЫРҒЫЗЫЛҒАНЛАР ГҮЛЛЕП ЖАСНАЙДЫ

Мухаддес Китап былай дейди: «Олар Жаратқан Ийениң Үйине *отырғызылған* болып, Қудайымыздың ҳәўлисинде *гүллеп жаснайды». (*Забур 91:14). Байқадыңыз ба, Қудай Үйине тек «отырғызылғанлар» ғана гүллепжаснайды екен? Егер бир өсимликти ҳәр үш ҳәптеден басқа жерге отырғыза берсең, не болады? Оның тамырлары қысқарып ҳәм ҳәлсиреп қалады, нәтийжеде, ол өсиўди тоқтатады. Егер сиз оны ҳәр жерге отырғыза берсеңиз, ол өледи!

Гей бир адамлар өз хызметин раўажландырыў мақсетинде бир жәмәәттен екинши жәмәәтке көшипқонып жүре береди. Егер оларды тән алмайтуғын ҳәм қоллап-қуўатламайтуғын бир жәмәәтке Қудай оларды отырғызса, олар өкпе руўхын жүреклерине киргизип алады. Егер олар бир нәрселер менен келисе алмаса, онда жәмәәттен кетеди. Кетип баратырып, жәмәәттиң хызметкерлерин ҳүким етип кетеди. Себеби олардың руўхый көзлерин өкпе руўхы соқыр етип таслайды ҳәм өз минез-қулқындағы кемшиликлерди көрмейди. Оларды тазалап,

минсизликке еристириў ушын, Қудайдың Өзиниң оларды сол басымлардың астында салғанын олар ҳеш түсингиси келмейди.

Келиңлер, Қудайдың бизлерге өсимликлер ҳәм тереклер арқалы берип атырған мысалынан өзлеримизге сабақ алайық. Миййели терек кишкене нәл гезинде жерге отырғызылады. Соннан кейин ол жаўынлар, даўыллар, жаздың саратан ыссысы ҳәм қыстың қаҳаман суўықлары менен ушырасады.

Егер де сол жас нәл сөйлей алғанда, бәлким, ол: «Илтимас, мени бул жерден алып кетиң! Мени даўыллар, ыссылар, суўықлар жоқ жерге отырғызың!» деп айтатуғын шығар.

Егер бағман оған қулақ салса, онда оған үлкен зыян тийгизеди. Негизи, тереклер жаздың ыссысы ўақтында ямаса күшли даўыллар ўақтында, тамырларын еле де тереңирекке жиберип баслайды. Олардың ушырасатуғын қыйыншылықлары, ақыр-соңында, олар ушын беккемлилик дереги болып хызмет ислейди. Оларды қоршаған тәбийий шәраятлар қанша жаман болған сайын, олар өсиў ушын сонша жаңа дереклер қыдырып баслай береди. Ўақыт өтип, олар сондай күшли ҳәм үлкен терекке айланады, сонда ҳеш қандай қыйыншылықлар олардың миййе бериў қәбилетине тәсир ете алмай қалады.

Мен Флорида штатында, ситрус миййелери пайтахтында жасайман. Флоридада жасайтуғын адамлардың көпшилиги қыс қанша суўық болса, апельсинлер сонша мазалы болатуғынын биледи. Егер де бизлер руўхый қарсылықлар келгенде, орнымызды таслап тез қашып кетпесек, руўхый тамырларымыз еле де тереңирек ҳәм күшлирек бола баслайды. Ал жемислеримиз болса, Қудайдың көз алдында еле де молырақ ҳәм унамлырақ болады ҳәм Қудайдың халқы ушын еле де гөззалырақ ҳәм шийринирек болады! Бизлер жемиси жоқ болғаны ушын шабылатуғын терек болыўдың орнына, Қудайға қуўаныш алып келетуғын ержеткен ҳәм жемисли терек боламыз (Лука 13:6-9). Бизлерди руўхый өсириў ушын Қудайдың Өзи бизлерге керек болған нәрселерди жибереди, сонда бизлер оларға қарсыласпаўымыз керек.

Мухаддес Руўхтың илҳамландырыўы менен Забур жырларын жазған Даўыт мына үш нәрсениң арасында күшли байланыс бар екенлигин көрсетеди: өкпе, Қудайдың нызамы ҳәм бизлердиң руўхый өсиўимиз. Ол былай дейди:

> «Қандай бахытлы мынадай адам: Напәклердиң мәсләҳәти менен жүрмейтуғын... Ал ол Жаратқан Ийениң көрсетпелеринен рәҳәтленер, Күни-түни көрсетпелериниң үстинде ой жуўыртар».
>
> – ЗАБУР 1:1-2

Кейин Қудайдың нызамын сүйетуғын адамлар туўралы бизлерге және бир ашылыс береди:

> «Нызамыңды сүйгенлер уллы абаданшылыққа жетисер, Олар ҳеш нәрсеге сүрникпес *(ҳеш нәрсе оларды өкпелете ямаса азғыра алмайды)***».**
>
> – ЗАБУР 118:165

Бундай адамның тәғдири қандай болатуғынын мынадай етип сүўретлейди:

> «Ол ағын суў бойына егилген миййе ағашына мегзер, Миййесин өз мәўсиминде берер, Жапырақлары қуўрап қалмас, Ол не ислесе де, табысқа ерисер».
>
> – ЗАБУР 1:3

Басқаша айтқанда, қыйыншылықлар ортасында да Қудай Сөзинен жубаныш табатуғын исениўшини ҳеш нәрсе я өкпелете алмайды, я сүрниктире алмайды. Бундай адам тамырларын тереңге урған терекке уқсайды. Оның тереңге кеткен тамырлары Мухаддес Руўхтан күш ҳәм азық-аўқат алып турады. Ол өз руўхының тереңликлериндеги Қудайдың булағынан өмир суўын алады. Сонлықтан ол беккемленип бара береди ҳәм руўхый ержеткенликке ерисип, өз ўақтында жемисин берип туратуғын болады. Ҳалеллуя!

Енди Ийемиздиң туқым себиўши туўралы айтқан тымсалын талқылап, мағанасын шағамыз.

> «Базылар таслақ жерге себилген туқымларға уқсайды. Олар сөзди еситкен ўақытта-ақ оны қуўаныш пенен қабыл етеди. Бирақ тамырсыз болғанлықтан *турақсызлық етип,* сөз ушын азап шегиўге ямаса қуўдаланыўға туўра келгенде, *тез исенимнен қайтады* (азғырылады)».
>
> – МАРК 4:16-17

Сиз Қудайдың сиз ушын таңлаған жеринен кеткен ўақтыңыздаақ, сиздиң тамырларыңыз раўажланыўды тоқтатады. Кейинги сапары қыйыншылықтан қашыў сизге бурынғыдан да аңсатырақ болады, себеби сиз тамырыңызды тереңирекке жибермеўге бар күшиңиз бенен ҳәрекет қылдыңыз. Ақырсоңында, сизде ҳеш қандай руўхый күш қалмайды ҳәм сиз сондай ҳәлсиз адамға айланып, ҳеш қандай қыйыншылық пенен қуўдалаўға шыдай алмайтуғын боласыз.

Соннан кейин сиз бир орыннан екинши орынға көшип-қонып жүре беретуғын руўхый гезендеге айланасыз ҳәм ҳәмме сизге жаман қатнас қылатуғындай, ҳәммеден гүманлана беретуғын боласыз. Бундай адам ҳеш қандай ҳақыйқый жемис әкеле алмайтуғын руўхый ләң адамға айланады. Оны тек өз мәплери қызықтырып, руўхый қараңғылыққа түсип қалады ҳәм ол тек басқа масийхыйлардың жемислериниң қалдықлары менен аўқатланатуғын болады.

Адаматаның ең биринши уллары болған Каин ҳәм Абылға қараң. Каин Жаратқан Ийеге қурбанлық сыпатында, жерден өнип шыққан өсимликлерди, яғный өз қолы менен еккен өсимликлердиң зүрәәтинен алып келеди. Ол зүрәәтти аламан дегенше көп мийнет етти: жерди таслардан, тамырлардан ҳәм ҳарам шөплерден тазалады, топырақты аўдарып, шүдигарлады, туқым екти, суўғарды, төгин берди ҳәм пискен зүрәәтин қорғады. Ол Қудайға хызмет етип, жүдә көп күшлерин

жумсады. Кейин ол Қудайдың еркин ҳәм қәлеўин сорамай, сол өз қолы менен жетистирген зүрәәтти Қудай анық қабыл етеди ойлап, Оған қурбанлыққа әкеледи. Бул Қудайға өз күшиң ҳәм өз қәбилетлериң менен сыйыныўды билдиреди.

Абыл болса, керисинше, Қудайдың қәлеўин билип, өз сүриўинен ең жақсы туңғыш қозыны ҳәм қозының ең жақсы майларын қурбанлыққа әкелди. Ол қозыны бағыў ушын, Каин сыяқлы мийнет етпеди. Бирақ та бул қозы Абыл ушын жүдә қымбат еди. Олардың екеўине де ата-аналары Эдем бағында не болғанлығын, Қудай қадаған еткен теректиң мийўесинен жегенде жалаңаш болып қалғанлығын, сонда әнжир терегиниң жапырақлары менен өз жалаңашлығын жабыўға ҳәрекет еткенлигин айтып берген еди. Жалаңашлығын жапырақлар менен жабыў адамның өз гүналарын өз күши менен жабыўға ҳәрекет етиўин билдиреди. Бирақ Қудайдың Өзи олардың жалаңашлығын жабыў ушын, бир айыпсыз ҳайўанды қурбан қылып, оның терисинен оларға кийим ислеп береди. Яғный, Қудай гүналарды ырастан да жаўа алатуғын қурбанлықтың не екенлигин көрсеткен еди. Ал Адамата менен Ҳаўаене өз ақылынан келип шыққан ҳалда, өз гүналарын жаппақшы болған еди. Соннан кейин олар тек Қудайдың Өзи ғана олардың жалаңашлығын жаба алатуғынын ҳәм бул ушын бир ҳайўанның қаны төгилип, өлиўи тийис екенлигин түсинген еди. Қурбанлық арқалы *Қудайдың мийрими* ҳәрекетке түсти. Олар балаларына да буны айтып берген еди.

Бирақ Каин Қудайдың көрсеткен жолына қулақ салмай, өзи ойлап тапқан жол менен Қудайдың кеўлинен шыққысы келди. Сонда Қудай Өзине қурбанлық арқалы мийрим жолы менен келгенлерди ғана қабыл ететуғынын көрсетти ҳәм «жақсылық пенен жаманлықты таныў» тийкарында, яғный өз диний ислери арқалы Өзине келгенлерди қабыл етпейтуғынын да көрсетти. Қурбанлығын қабыл етпегени ушын қапа болған Каинға Қудай былай деди:

> «Сен не ушын ашыўланасаң? Неге қабағың қарыс жаўылады? Егер нийетиң жақсы болса, басыңды көтерип жүрмес пе едиң? Бирақ, егер нийетиң жаман болса, есик алдында гүна жатыр. Ол сени өзине тартады, бирақ сен оннан үстем бол»
>
> – ЖАРАТЫЛЫС 4:6-7

Каин Қудайға өкпелеп қалды. Ол Қудайдың ескертиўинен кейин тәўбе етип, өмирин өзгертиўдиң орнына, бар ашыўы менен өкпесин Абылға төгеди, яғный, негизи Қудайға қаратылған ашыўы менен өкпесин инисине қаратып, оны өлтиреди. Сонда Қудай Каинды нәлетлейди:

> «Сениң өз қолың менен өлтирген иниңниң қанын ишиў ушын аўзын ашқан жерден енди сен қуўып жиберилип, нәлетий боласаң. Буннан былай, тәрбиялаған жериң *өним бермейтуғын болады* ҳәм сен жер бетинде *турақлай алмай, гезендеге айланасаң».*
>
> – ЖАРАТЫЛЫС 4:11-12

## ҚУДАЙ ШЕТЛЕТКЕН АДАМҒА АЙЛАНЫЎ...

Каинның ең ишинде қорққан нәрсеси өз айыбы себепли алдына келди. Ол жерге қарап, оннан ҳәр түрли өсимликлер өсириўи арқалы Қудайдың кеўлин табыўға ҳәрекет қылған еди. Енди болса, сол жер нәлетленди. Адам өлтирип, қан төгиў жерге нәлет алып келеди. Енди жер оған өз күшин бермейтуғын болды. Енди зүрәәт  тек үлкен күш жумсаўдың арқасында ғана алыныўы мүмкин болды.

Жемис әкелиў ушын Қудай масийхыйларға руўхый күш берип қойыпты. Бирақ өкпе руўхын киргизип алған масийхыйлар сол күшти набыт қылады. Туқым себиўши туўралы тымсалда Ийса атызды жүрекке салыстырады. Каинның атызлары жемис әкелмейтуғын болып қалғаны сыяқлы,

өкпелеген адамның жүреги де жемис әкелмейтуғын болып қалады. Ол жүрек тек қайғыға тола береди. Дурыс, өкпелеген адамлар да өз өмирлеринде бурынғыдай кәраматларды, пайғамбаршылықларды, күшли ўазларды ҳәм шыпаларды көре береди, бирақ булардың ҳеш қайсысы Мухаддес Руўхтың жемислери емес, ал тек сыйлары болып есапланады. Ал бизлер сыйларымызға қарап емес, ал жемислеримизге қарап ҳүким етилемиз. Сый ешейин бериледи, ал жемисмийнетлердиң арқасында өсип шығады.

Байқадыңызлар ма, Қудай Каинға қуўылатуғынын ҳәм гезенде болатуғынын айтты? Бүгин бизлердиң жәмәәтлеримизде көп ғана руўхый қашқынлар, қуўылғанлар ҳәм гезенделер бар. Олардың қосық айтыў сыйы, ўаз айтыў сыйы, пайғамбаршылық қылыў сыйы ҳәм басқа да сыйлары, Каинның сыйы қабыл етилмегендей, жәмәәт жетекшилери тәрепинен қабыл етилмеген, сонлықтан олар өз жәмәәтинен кетип қалған. Бундай адамлар мақсетсиз гезенделерге уқсайды. Олардың ишлери өкпеге толған. Олар: «Бизлердиң сыйларымызды қабыл ететуғын ҳәм бизлердиң жарақатларымызды шыпалай алатуғын кемшиликсиз жәмәәтти излеп жүриппиз», дейди.

Олар өзлерин жарақатланған ҳәм қуўылған деп санайды. Олар өзлерин заманагөй Еремиямыз деп ойлайды. Олар ушын тек ғана «олар ҳәм Қудай» бар, ал қалғанлардың ҳәммеси оларға душпан. Олар үйренип тәлим алыўға қәбилетсиз болып қалады. Оларда: «Ҳәмме мени қуўдалап атыр» деген *қуўдаланыў синдромы* пайда болады. Олар: «Бизлер Қудайдың мухаддеслери ҳәм пайғамбарларымыз. Сонлықтан бизлерди ҳәмме адамлар қуўдалап атыр», деген ой менен өзлерин жубатып жүреди. Олар ҳәр бир адамға гүман менен қарайды. Әне, усындай нәрсе Каинның да басына түскен еди. Оның не дегенине бир итибар қаратың:

> «Бүгин Сен мени бул жерлерден қуўып атырсаң, енди
> мен Сениң көзиңнен таса болып, бир жерде турақлай

> алмай, гезендеге айланаман. Мени дус келген адам өлтирип кетиўи мүмкин-ғо».
>
> – ЖАРАТЫЛЫС 4:14

Көрдиңиз бе, Каинда «қуўдаланыўү синдромы» болған. Оған тап ҳәмме адам оны қуўдалап атырғандай болып көрине берген! Бүгин де сондай «қуўдаланыўү синдромына» ийе адамлар көп. Өкпелеген адамлар: «Ҳәмме адам бизлердиң изимизге түсип алған», деп есаплайды. Сол себептен де олар өз өмирлеринде өзгериўи тийис болған жерлерди көре алмайды. Олар адамлардан бөлекленеди ҳәм адамлардың оларға сондай суўық қатнас қылыўына өзлери басқаларды мәжбүр етеди.

> «Саяқ адам қара басын ойлар, Барлық саў пикирге қарсы шығар».
>
> – ҲИКМЕТЛЕР 18:1

Қудай бизлерди басқа адамлардан ғәрезсиз болып, толық бөлекленген ҳалда жасаўымыз ушын жаратқан жоқ. Қудайдың балалары бирбирине қарасып, бирбирине ғамқорлық қылып жасаса, бул Қудайға унайды. Бизлер бахытсызлығымыз ушын басқаларды ҳүким етип, оларға өкпелеп, қапа болып, өзлеримизди аяп жасасақ, Жаратқан Ийе бизлерге қапа болады. Бизлер Оның шаңарағының сүйиспеншиликке толы ағзалары болғанымызды қәлейди. Ол бизлерге Өз булағынан өмир бергиси келеди. Басқа адамлар менен бирге болғысы келмейтуғын адам  Қудайдың қәлеген нәрсесин емес, ал тек қара басын ойлайды. Бундай адам ҳеш кимниң мәсләҳәтин қабыл етпейди ҳәм азғырылып кетеди.

Дурыс, гейде Қудайдың Өзи бизлердиң дем алып, Оның Сөзинен күш алыўымыз ушын, бизлерди ҳәммеден бөлекleniўге шақырады. Мен бундай ўақытлар туўралы айтып атырған жоқпан, ал өз-өзлерин түрмеге қамаған адамлар туўралы айтып атырман. Олар бир жәмәәттен екинши жәмәәтке гезип жүреди. Олар биреўлер менен жаңа қарым-

қатнас қурып баслайды, бираздан кейин қайтадан үзеди. Олар пүткил дүньяға өкпелеп, жаўылып қалады. Олардың ойынша, олардың пикири менен келиспеген ҳәмме адам наҳақ ҳәм душпан. Олар өзлерин қорғаў ушын бөлекленеди ҳәм өзлери қадағалай алатуғын аймақта ғана өзлерин қәўипсиз етип сезеди. Енди олар өз минез  қулқындағы кемшиликлерди жоқ қылмаса да болады. Қыйыншылықлар менен жүзбежүз ушырасыўдың орнына, олар сынақлардан қашыўға ҳәрекет қылады. Конфликтли жағдайларға түскенде, негизи, бул олардың минезқулқының жақсыланыўы ушын қолайлы пурсат, бирақ сол ўақытта олар қайтадан өкпе руўхын киргизип қояды ҳәм сол заматтаақ, олардың минезқулқының жақсыланыўына берилген пурсат жоқ болады.

# ӨКПЕ, ӘДЕТТЕ, ӨЗ МИНЕЗ-ҚУЛҚЫҢЫЗДАҒЫ КЕМШИЛИКЛЕРДИ КӨРИЎГЕ ТОСҚЫНЛЫҚ ҚЫЛАДЫ. СЕБЕБИ АЙЫП ТОЛЫҚ БАСҚА АДАМҒА ТАҒЫЛАДЫ.

Бизлер турмыстамыз. Көп жыллар даўамында, бизлер жүрегимизде кеширмеўшилик ҳәм өкпе руўхын сақлап жүрдик. Нәтийжеде, бизлердиң досларымыз жүдә аз қалды. Мен әжайып жәмәәтке барып жүргениме қарамастан, өзимди шетлетилген сезер едим ҳәм күйеўим мени сүймейтуғындай еди. Мен сизиң «Шайтанның жемтиги» атлы китабыңызды оқып шыққанымнан соң, бәри өзгерип кетти. Мен ишимдеги өкпелер ҳәм кеширмеўшилик пенен жүзбежүз дусластым. Қудайға алғыслар болсын, мен Оның көмеги менен азатлық алдым!

- С. Г., БЕЛФАСТ, ИРЛАНДИЯ

# 6-БАП

# ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚТАН ЖАСЫРЫНЫЎ

***...ҳақыйқатлықты бәрқулла үйренип, оны ҳеш қашан түсинип жете алмайды.***

**– 2-ТИМОФЕЙГЕ 3:7**

Мен көп адамлардан мынадай сораў еситтим: «Мен қандай ўақытта жәмәәтти ямаса хызметти қалдырып кетиўиме болады? Мениң кетиўим ушын, ол жерде жағдай қаншелли дәрежеде жаман болыўы керек?»

Мен: «Сизди сол жәмәәтке алып барған ким?» деп сорайман.

Көбинесе, маған: «Қудай», деп жуўап береди. Сонда мен: «Егер сизди ол жерге Қудай алып барған болса, онда қашан Оның Өзи рухсат етпегенше, ол жерден кетиўши болма. Егер Қудай сизге ҳеш нәрсе демесе, онда бул Оның: «Ҳеш жаққа

кетпе. Мениң алып барған жеримде қал!» деп атырғанының белгиси, деп жуўап беремен.

Егер Қудай сизге жәмәәттен кетиўди буйырса, онда оның жағдайы қандай болмасын, сиз ол жерден тынышлық пенен кетесиз.

> «Сонлықтан сизлер қуўаныш пенен шығасызлар, Парахатшылық пенен жетеленесизлер».
>
> – ИЙШАЯ 55:12

Солай етип, сизиң жәмәәттен кеткениңиз басқа адамлардың ислерине ямаса гәплерине тийкарланбайды, ал Мухаддес Руўхтың жетегине тийкарланады. Хызметти таслап кетиў ҳеш қашан сиздиң жеке тәсирлериңизге тийкарланбаўы керек.

Жәмәәттен өкпе ямаса ҳүким менен кетиў бул Қудайдың ерки емес! Адам Мухаддес Руўхтың жетелеўи астында емес, ал жағдайлар астында ҳәрекет қылыўды үйренсе, онда ол өкпе руўхының қурбаны болады ҳәм оның жетегинде жәмәәтинен шығып кетеди. Қудайдың Сөзи былай дейди:

> «Қудайдың Руўхы менен басқарылатуғынлардың ҳәммеси – Қудайдың балалары».
>
> – РИМЛИКЛЕРГЕ 8:14

Көрдиңизбе, бул аятта: «Аўыр жағдайлар менен басқарылатуғынлардың ҳәммеси Қудайдың балалары», деп айтылмаған.

Жаңа Келисим китапларында «ул», «бала», «перзент» деген сөзлер бар. Олар грек тилинде дерлик барлық ўақыт *«текнон»* ҳәм *«хьюос»* деп қолланылады. *«Текнон»* деген сөзге мынадай анықлама берсек болады: «Белиңнен шыққан бала. Ишиңнен шыққан перзентиң».

Мениң туңғыш улым Эдисон туўылған ўақытта, ол мениң ҳәм ҳаялымның ишлеринен шыққаны ушын, Джон Бивердиң баласы болды. Ол туўылыў үйинде жаңа туўылған басқа

балалардың арасында жатырғанда, сиз оны басқа балалардан айыра алмаған болар едиңиз. Ҳәтте, мениң ең жақын досларым менен жақынларым да туўыў үйине келгенге, оны басқа балалардың арасынан айыра алмас еди. Оның кимлигин билдиретуғын қағаз ол жатырған жерге жабыстырып қойылған болып, тек сол қағаздағы жазыўларға қарап, оның мениң балам екенин билиў мүмкин еди. Себеби кишкене нәрестелер бирбирине жүдә уқсас болады. Әне, усындай жағдайда, «ул», «бала», «перзент» деген сөзлердиң орнында, *текнон* деген сөз қолланылады. Сол ўақытта кишкене Эдисон Джон ҳәм Лиза Биверлердиң *текноны (баласы)* еди.

Римликлерге 8:15-16 аятларда, әне, усы *текнон* деген сөз қолланылған:

> «Себеби сизлер өзлериңизди және қул етип, қорқыныш беретуғын руўхты емес, ал Қудайдың баласы қылған Мухаддес Руўхты қабыл еттиңиз. Усы Руўх арқалы Қудайды: «Әке, Әкежаным!» деп шақырасыз. Мухаддес Руўхтың Өзи бизлердиң руўхымыз бенен бирликте Қудайдың балалары екенлигимиз ҳаққында гүўалық береди».

Адам Ийса Масийхты «Ийем» деп қабыл еткен ўақтында, ол жоқарыдан, Қудайдан туўылады ҳәм сол себепли енди ол Қудайдың баласы *(текноны)* болады (Юхан 1:12).

Грек тилиндеги Жаңа Келисимде «ул», «бала», «перзент» дегенди билдиретуғын екинши сөз *«хьюос»* деген сөз. Жаңа Келисимде бул сөз көп мәрте мынадай адамды сүўретлегенде қолланылған: Атаанасынан минезқулқын мийрас етип алған ҳәм оларға уқсайтуғын перзент. Яғный, минезқулқына ҳәм исҳәрекетлерине қарап, оның кимниң улы екенлигин таныўға болады.

Мениң улым Эдисон бираз өскеннен кейин ол маған уқсап баслады ҳәм өзин мендей етип тута баслады. Ол алтыға шыққанда, бизлер ҳаялымыз екеўимиз хызмет бойыншы бир жаққа кеттик

ҳәм оны ата-анамыздың үйине қалдырып кеттик. Мениң анам сонда Лизаға: «Эдисон қуйып қойғандай әкесиниң дәл өзи», деген. Сол ўақытта минезқулқы жағынан ол маған қатты уқсайтуғын еди. Ол өскеннен соң болса, маған бурынғыдан да бетер уқсайтуғын болды. Енди оны тек мениң белимнен шыққаны ушын ғана емес, ал түртүси менен минез-қулқы маған уқсайтуғын болғаны ушын, мениң балам екенлигин таныўға болады.

Егер әпиўайы тилде түсиндиретуғын болсақ, *«текнон»* бул кишкене нәрестелер менен еле ержетпеген балаларды, ал *«хьюос»* бул ержеткен балалар.

Келиңлер, Римликлерге 8:14 аятқа және бир нәзер таслайық:

> «Қудайдың Руўхы менен басқарылатуғынлардың ҳәммеси – Қудайдың балалары (хьюос)».

Бул жерде *хьюос* деген сөз қолланылған. Егер байқаған болсаңыз, ержеткен балалар ғана Қудайдың Руўхының жетегинде өмир сүреди екен. Ержетпеген масийхыйлар Қудай Руўхының жетегине толық ере алмайды. Көбинесе, олар жағдайларға қарайды. Олар қыйыншылықларға дус келгенде, өз ақылына ямаса сезимлерине сүйенеди. Себеби олар тек Қудай Руўхының жетеги тийкарында ғана ҳәрекет қылыўды еле үйренбеген, яғный еле руўхый ержетпеген.

Эдисон ержеткен сайын, оның минезқулқы да раўажланып бара береди. Ол қанша ержетсе, мен оған сонша үлкенирек жуўапкершиликлерди исенип тапсыра беремен. Егер ол ержетпей қалса, бул жүдә-жүдә жаман болады. Қудайдың ерки бизлердиң ержетип барыўымыз, ал нәресте болып қалыўымыз емес.

Улым Эдисонның минез-қулқы ҳәр түрли жоллар менен раўажланды. Сол жоллардың бири бул оның қыйын жағдайларға түсиўи болды. Ол мектепке барып баслағанда, бир нешше «бузақылар» менен дусласты. Мен бул қопал балалардың мениң улыма қарсы айтқан ҳәм ислеген нәрселери туўралы еситкенимде, мектепке барып, оларға өзим жақсылап

сабақ берип қойғым келди. Бирақ мен буның натуўры екенлигин түсиндим, себеби мениң араласыўым Эдисонның толық ержетиўине тосқынлық қылған болар еди. Сонлықтан бизлер ҳаялымыз бенен оған үйде мәсләҳәтлер бериў менен шеклендик ҳәм оны оқыўда болыўы мүмкин болған қуўдалаўларға таярладық. Оның минез-қулқы қыйыншылықлар арқалы ҳәм бизлердиң мәсләҳәтлеримизге қулақ салыўы арқалы беккемленип барды.

Бул Қудайдың бизлер менен тутатуғын жолына уқсайды. Мухаддес Китап Ийса туўралы былай дейди:

> «Ол Қудайдың Улы *(хьюос)* болса да, шеккен азаплары *арқалы бойсыныўды үйренди».*
>
> –ЕВРЕЙЛЕРГЕ 5:8

Физикалық өсиў бул ўақыт мәселеси. Еки жасар бир де бир баланың бойы 180 см болмайды. Ақылый жақтан өсиў тәлим алыў барысы арқалы жүз береди. Бирақ руўхый өсиўўақыт мәселеси де емес, тәлим мәселеси де емес. Руўхый өсиў бул қулақ салыў мәселеси. Енди Петрдиң не дейтуғынына бир қарап көрейик:

> «Солай етип, Масийх денеси менен азап шекти. Сизлер де Масийхта болған ойлар менен өзлериңизди азап шегиўге таярлаңлар. Себеби *денеси азап шегип атырған адам гүна ислеўди тоқтатады»*
>
> – 1-ПЕТР 4:1

Гүна ислеўди тоқтатқан адам *хьюос,* яғный Қудайға толық қулақ салыўға ерискен перзент болады. Ол руўхый ержеткен адам. Ол өз жолларын емес, ал Қудайдың жолларын таңлайды. Ийса басынан өткизген аўыр азаплар арқалы қулақ салыўды үйренгени сыяқлы, бизлер де аўыр жағдайларға түсиўимиз арқалы қулақ салыўға үйренип барамыз. Конфликтлер менен азапларға түскенимизде, Қудайдың бизлерге Мухаддес Руўхы арқалы айтқан сөзине қулақ салсақ, бизлер руўхый өсемиз

ҳәм ержетип барамыз. Мухаддес Китапты қуры билиў руўхый өсиўдиң гилти болып есапланбайды. Ал Қудай сөзине қулақ салыў гилт болып есапланады.

Әне, сонлықтан да бизлердиң жәмәәтлеримизде тәўбе еткенине он жылдан өткен, аятларды, ҳәтте, айырым бапларды ядлап алған, мың-мың ўазларды еситкен ҳәм жүдә көп китапларды оқыған, БИРАҚ елеге дейин руўхый памперске мүтәж исениўшилер бар. Ҳәр сапары, олар аўыр жағдайларға дус келгенде, Мухаддес Руўхтың жетегине ериўдиң орнына, өз ақылы ҳәм өз сезимлери бойынша ис тутады. Олар Қудайдың қорғаўын излеўдиң орнына, өз-өзлерин қорғап баслайды. Олар ҳақыйқатлықты бәрқулла үйренеди, бирақ ҳеш қашан оны түсинип жете алмайды (2-Тимофейге 3:7). Олар алған руўхый билимлерин өмирлеринде қолланбайды, сонлықтан олар ҳақыйқатлықтың мәнисин ҳеш толық түсинбей кетеди. Егер сиз руўхый өсиўди ҳәм ержетиўди қәлесеңиз, онда өмириңизде еркин ҳәрекет етиўи ушын, *ҳақыйқатлыққа* толық азатлық бериң. Ҳақыйқатқа қулақ салмай, ал тек оның ҳақыйқат екенин ақылың менен мақуллап қойыў жеткиликли емес!

## ӨЗ-ӨЗИҢДИ ҚОРҒАЎ

Неге гей бир адамлар қулақ салмай, тек өзинөзи қорғай береди? Себеби өкпе! Өкпе сақлаў адамда жалған сезимди пайда етеди ҳәм ол өзинөзи тап бир жаман заттан қорғап атырғандай, қорғай береди. Өкпе сизге ҳеш қашан өз минез-қулқыңыздағы кемшиликлерди көрсетпейди, ал айыптың бәрин толығы менен басқа адамға тағып қояды. Сонда сиз өз минез-қулқыңыздағы кемшиликлерге ҳәм қәтелерге улыўма нәзер қаратпайсыз, себеби сиздиң *бар дыққатыңыз* сизиң кеўлиңизге тийген адамның кемшиликлеринде ҳәм қәтелеринде турады. Нәтийжеде, конфликтлерди туўры шешиўиңиз арқалы сиздиң минез қулқыңызды раўажландырыўға қаратылған Қудайдың ҳәрекетин өзиңиз-ақ пүткиллей жоққа шығарасыз. Өкпелеген

адам өкпениң себебин анықлағысы келмейди ҳәм ақыр-соңында, руўхый гезендеге айланады.

Жақында бир ҳаял маған өзиниң достысы туўралы айтып берди. Оның достысы өз жәмәәтинен кетип, басқа жәмәәтке барып баслаған екен. Ол жаңа жәмәәтиниң шопанын үйине түслик аўқатқа мирәт етеди. Түслик ўақтында шопан оннан: «Не ушын сиз өз жәмәәтиңизден кеттиңиз?» деп сорайды. Ол өзиниң жәмәәтиндеги барлық машқалалар туўралы айтып береди.

Шопан оны ақырына дейин тыңлап болып, оны жубатыўға урынады. Өмирлик тәжирийбемнен келип шыққан ҳалда, мен мынаны анық билемен, егер шопан ол ҳаялға: «Мен сизди Қудайдың Сөзинен пайдаланған ҳалда, жүрегиңиздеги өкпеден ҳәм ҳүкимнен қутылып алыўға шақыраман», деп айтқанда, даналық жолын тутқан болар еди. Ямаса: «Мениң сизге мәсләҳәтим: сиз өз жәмәәтиңизге қайтып барың ҳәм Қудай сизди қашан ол жерден тынышлық пенен шығармағанша, сол жерде қалың», деп кеңес бергенде, дурыс қылған болар еди.

Егер ҳақыйқаттан да Қудай сизди өз жәмәәтиңизден тынышлық пенен алып шықса, онда сиз ҳеш қашан бурынғы жәмәәтиңизди қаралап, ол жерден не ушын кеткениңизди ақлаўға урынбайсыз ҳәм ол жерде болған машқалаларды да додалап ямаса ҳүким етип отырмайсыз. Өйткени буған сизди ийтермелейтуғын басым астында болмайсыз. Бираз ўақыт өткеннен соң, жаңағы ҳаял кейинги шопанын да ҳәм оның жәмәәтин де алдынғы жәмәәтин қаралағандай етип қаралап баслайтуғыны анық. Егер жүрегимизде өкпени сақлап жүрген болсақ, онда бизлер барлық нәрсени сол өкпе арқалы көретуғын боламыз.

Бир ески тымсал бар. Арқа Америкаға қоныс басыўға келген адамлар топар-топар болып өзлерине жаңа қоныс излеп, батысқа қарай жолға атланыпты. Олар көп жолларды басып өтип, бир жаңа қалаға келипти. Қаланың дәрўазасына кирер жерде бир төбешиктиң үстинде бир ғарры отырған екен. Ол данышпан екен. Қоныс басыўға киятырған адамлар бул жаңа

қаланың қандай қала екенин билиў ушын, сол ғарры менен сәлемлесипти ҳәм оннан: «Ата, бизлерге айтыңызшы, бул қалада қандай адамлар жасайды?» деп сорапты.

Сонда данышпан ғарры олардың сораўына сораў менен жуўап қайтарып: «Ал сизлердиң шыққан қалаңызда қандай адамлар жасайтуғын еди?» деп сорапты.

Адамлар: «Бизлердиң таслап шығып киятырған қаламыз жүдә жаман қала. Онда жасайтуғын адамлар барып турған өсекшилер, жүдә ҳийлекер ҳәм оңбаған адамлар. Олардың бәри уры ҳәм өтирикши», деп жуўап берипти.

Сонда ғарры данышпан оларға: «Ооо, бул қаланың адамлары да тап сол сизлердиң таслап шыққан қалаңыздың адамларындай», деп жуўап берипти.

Сонда адамлар оған: «Ооо, ата, сизге рахмет! Сиз бизлерди өзлеримиз зорға қутылған бәлелерге қайттан түсиўден сақлап қалдыңыз», деп миннетдаршылық билдирип, қалаға кирмей, жолларын алға даўам етипти.

Кейин қоныс басыўға басқа адамлардың топары келипти. Олар да сол данышпан ғарры менен сәлемлесип, оннан: «Ата, бул қалада қандай адамлар жасайды?» деп сорапты.

Сонда данышпан ғарры олардың сораўына да сораў менен жуўап қайтарып: «Ал сизлердиң шыққан қалаңызда қандай адамлар жасайтуғын еди?» депти.

Адамлар оған: «Бизлердиң қаламыз жүдә әжайып қала! Ол жерде жүдә әжайып адамлар жасайды! Ол жерде бизлердиң жүдә жақын досларымыз бенен жақын адамларымыз қалды. Ол жерде ҳәмме бир-бирине жәрдем бергиси келеди. Ҳеш ким ҳеш нәрсеге мүтәж емес, себеби ҳәмме бир-бирине ғамқорлық қылады. Егер бир адамның мүтәжлиги шығып қалса, пүткил жәмийет оған жәрдем бериўге жыйналысады. Ол жерден кетиўимиз бизлерге қатты қыйын болды, бирақ батысқа кетип, кейинги әўладларымызға жаңа жерлер таярлаўымыз керек болғаны ушын, бул жерге келип турыппыз», депти.

Сонда данышпан алдынғы адамларға айтқандай етип: «Ооо, бул қаланың адамлары да тап сол сизлердиң таслап шыққан қалаңыздың адамларындай», деп жуўап берипти.

Сонда сол адамлар қуўанысып: «Қудайға шүкир! Онда бизлер бул қалада қоныс басып қалайық!» десипти.

Адамлар өзлериниң бурынғы қарым-қатнасларына қәйтип қараса, кейинги қарым-қатнасларына да тап сондай етип қарайды.

Сиз өз жәмәәтиңизден қәйтип шықсаңыз, кейинги жәмәәтке сондай етип киресиз. Қандай руўхта шықсаңыз, сондай руўхта киресиз. Қандай қарым-қатнаслардан ажырассаңыз, сондай қарымқатнасларға және киресиз. Ийса былай деди:

> «Сизлер кимниң гүналарын кеширсеңлер, Қудай да оның гүналарын кеширеди. Сизлер кимниң гүналарын кеширмесеңлер, Қудай да оның гүналарын кеширмейди».
>
> – ЮХАН 20:23

Бизлер ишимизге өкпе ҳәм кеширмеўшилик руўхын киргизип қойсақ, онда бизлер адамлардың гүналарын кеширмеймиз. Егер бизлер өз жәмәәтимиз ямаса қандай да бир адам менен өкпе руўхының басқарыўында ажырассақ, онда кейинги жәмәәтке де ҳәм кейинги қарым-қатнасларға да сол руўхтың жетегинде барамыз. Кейин ол жерде де машқалаларға дус келгенимизде, ол жер менен де сол руўхтың басқарыўында аңсат ажырасып кетемиз. Сонда бурынғы қарым-қатнасларымыз арқалы алған ески жарақатларымыздың үстине, жаңа жарақатлар түседи.

Статистика бойынша, екинши мәрте турмыс қурған шаңарақлардың 60% қайтадан ажырасып кетеди (Америкада шаңарақ сораўлары менен шуғылланатуғын Рокфорд институтының берген мағлыўматы).

Адам өзиниң алдынғы некесинен қандай руўхта шықса, кейинги некесине сол руўта киреди. Алдынғы өмирлик

жолдасын кеширмеген адам сол кеширмеўшилик руўхы менен екинши өмирлик жолдасының өмирине кирип барады. Олар өз кемшиликлерин көрмейди, ал тек басқаның қәтелерин көреди ҳәм тез айыплап баслайды. Олар конфликтлерге ушырағанда, ҳәтте, өз ролиниң қандай болатуғынын да билмейди. Ең жаманы, олар қайтадан жарақатланыўдан еки есе қорқып, еки есе ҳүжимге өтеди.

Бул қағыйда тек неке менен ажырасыўға ғана байланыслы емес, ал барлық қарымқатнасықларға тийисли. Бир рет бизлердиң хызметимизге жаңа бир адам келди. Ол алдынғы хызметинде баслығы менен конфликтке ушырап, ишине өкпе киргизип алған екен. Бирақ бул ўақыяға көп ўақытлар болған еди ҳәм мен Қудайдың оны бизлер менен жумыс ислеўге мирәт еткенимизди қәлеп атырғанын сездим. Мен оны өз өкпесин жеңиў үстинде жумыс ислеп атыр деп ойладым.

Мен оның алдынғы баслығына қоңыраў етип, оны жумысқа шақырмақшы болып атырғанымды айттым. Ол мени мақуллап: «Дурыс ислеп атырсыз! Мениң ойымша, ол сизлер менен жумыс ислеп атырғанда, толық шыпа табады», деп жуўап берди. Соннан кейин мен олардың екеўине де: «Мен сизлердиң қарымқатнасларыңыздың шыпаланып, толық қайта тиклениўи ушын дуўа етип атырман», деп айттым.

Сөйтип бизлер оны жумысқа алдық. Ол бизлердиң командамызға келгеннен кейин, дәрҳал машқалалар пайда бола баслады. Мен оның сораўларын шешиўге ҳәрекет қылдым. Бирақ мениң ҳәрекетлерим оған тек ўақтынша жеңиллик берип атырғандай еди. Ол өзиниң алдынғы қарым-қатнасларында алған ойлары менен түсиниклеринен сирә қутыла алмастай болып көрине баслады. Бурынғы түсиниклери оның мийлерин бийлеп алған еди. Бираздан соң, ол мени, ҳәтте, былай деп айыплай баслады: «Сиз де алдынғы баслықтай болып маған қарымқатнас қылып атырсыз». Мен дым тынышсызланып қалдым, себеби оның бизлер ушын ислейтуғын жумысынан гөре, оның өзиниң жарылқанып кетиўи бизлер ушын көбирек

әҳмийетке ийе еди. Мен оған жақсы болыўы ушын, ҳәтте, өз жумысшыларыма ҳеш ислемеген нәрселеримди оның ушын ислей баcладым. Себеби мен оның толық шыпа табыўын қатты қәлеген едим.

Арадан еки ай өткенде, ол хызметтен кетиўге арза жазды. Ол өзин бурынғы жағдайға қайтқандай етип сезген еди. Кетип баратырып, ол маған: «Джон, мен енди ҳеш қашан масийхыйлардың хызметинде жумыс ислемеймен», деди.

Мен оны жарылқадым ҳәм оның қәйтип кетип баратырғанына қарап турдым. Бизлер оны ҳәм оның ҳаялын жақсы көремиз. Өкинишлиси, онда таслап кетип баратырған хызмети ушын күшли майланыў бар еди. Бәлким, ол басқа тараўларда табысқа ерисиўи мүмкин.

Мен ол кеткеннен соң ишимде тынышсызлық сезе басладым ҳәм Қудайды излеп, Оннан: «Қудайым, Сен де, мен де оның бул жерге келип хызмет ислегенин қәлеген едикғо, бирақ сонда не ушын ол тез кетип қалды?» деп сорадым.

Арадан бир неше ҳәпте өткен соң, Қудай мениң бул сораўыма мениң достым болған бир дана шопан арқалы жуўап берди. Ол маған былай деди: «Қудайдың ерки бизлердиң конфликтли жағдайлардан қашпаўымыз, ал оларды туўры шешип үйрениўимиз. Бирақ егер адам оларды шешпей, ал олардан қашыўды жүрегинде шешсе, онда Қудай оны зорламайды, ал қашыўына көп мәрте жол қояды».

Кейин достым мысал ретинде Изабелден қашқан Илияс пайғамбарды келтирди (3-Патша 18-19 баплар). Илияс пайғамбар жаңа ғана Израилды бутқа табыныўшылыққа жыққан жалған пайғамбарларды жеңип, оларды өлтирип жиберген еди. Бул жалған пайғамбарлар Баал ҳәм Аштартаның пайғамбарлары болып, олар патшаның ҳаялы Изабелдиң дәстүрханынан аўқатланатуғын еди. Изабел бул хабарды еситкенде, Илиясты ертеңге шекем өлтиретуғынын жәриялайды.

Қудай Илиястың Изабелге қарсы шыққанын қәлеген еди,

бирақ буның орнына Илияс оннан қашып кетеди. Ол сондай күшли үмитсизликке түсип, ҳәтте, өзине өлим тилеп баслайды. Ол сондай қорқынышқа түсип, Қудайдың тапсырмасын орынлай алмай қалады. Қудай оған Өз periштесин жиберип, оны еки нан менен аўқатландырады ҳәм Хореб таўына қарай қырық күн, қырық түн қашыўына жол қояды.

Ол таўға жеткенде, Қудай оннан: «Илияс, сен бул жерде не қылып жүрипсең?» деп сорайды.

Қызық сораў, солай емес пе? Қудайдың Өзи оны нан менен азықландырды ҳәм таўға дейин қашып келиўине жол қойды, бирақ ол жаңа таўға келгенде, оннан: «Сен бул жерде не қылып жүрипсең?» деп сорайды. Себеби Қудай оның аўыр жағдайлардан қашып қутылыўды шешкенин билер еди. Қудайдың жобасы Илиястың машқаладан қашыўы емес еди, бирақ сонда да оның қашыўына жол қойды.

Кейин Жаратқан Ийе Илиясқа былай деди:

> «Келген жолың менен изиңе қайтып, шөл арқалы Дамаскке бар. Ол жерге барғаныңда, Хазаелди майлап, Арамға патша етип қой, Нимший улы Еҳуды майлап, Израилға патша етип, ал абел-мехолалы Шафат улы Элишаны майлап, өзиңниң орныңа пайғамбар етип қой»
>
> –3-ПАТША 19:15-16

Элиша ҳәм Еҳудың хызмети арқасында Изабелге ҳәм оның қудайсыз ислерине шек қойылды (4-Патша 9-10 баплар). Бул тапсырманы Илияс жуўмақлаған жоқ, ал Қудайдың оған: «Өзиңниң орныңа пайғамбар етип майла», деп буйырған орынбасары жуўмақлады.

Сол шопан маған және былай деди: «Егер бизлер жүрегимизде аўыр сынақлардан өтпеўди анық шешкен болсақ, онда Қудай бизлерди олардан азат етеди, ҳәтте, бул Оның минсиз ерки болмаса да».

Кейинирек мен Санлар китабының 22-бабында жазылған тап соған уқсас ўақыяны еследим. Билам үлкен сыйлық ушын Израилды нәлетлегиси келеди.

Ол Қудайдан басында: «Барсам бола ма?» деп сорайды. Бирақ Қудай оған: «Балак жиберген адамлар менен барма», деп Өзиниң еркин ашып береди. Кейин моаблы ҳәкимлер бурынғыдан да көбирек пул ҳәм сыйлық пенен және оған келеди. Сонда Билам қайтадан Қудайдың еркин сорайды. Ол: «Моаблылар көбирек пул ҳәм сыйлық алып келдиғо, бәлким, енди Қудайдың пикири өзгерген шығар», деп ойлайды. Қандай ақмақшылық! Бирақ бул сапары Қудай оған олар менен бирге барыўға рухсат береди.

Не ушын Қудай Өз шешимин өзгертти?

Жуўабы мынадай: Қудай Өз шешимин улыўма өзгерткен жоқ. Ал Билам қатты барғысы келгени ушын, Қудай оның барыўына жол қояды. Әне, соның ушын да, ол моаблы ҳәкимлер менен кетип баратырғанда, Қудайдың ғәзеби оған қарсы от болып жанады.

Қудай бизлерге әлле қашан Өзиниң еркин анық ашып берген болса да, бизлер Оннан басқа нәрсени сорай берип, Оның ғәзебине тийиўимиз мүмкин. Ақырсоңында, Ол бизлерге рухсат бериўи мүмкин, ҳәтте, бул Оның ерки болмаса да ҳәм бул, ақырсоңында, бизлерге жарылқаў болмайтуғын болса да.

Гейде бизлер кемситилиўлерге ҳәм унамсыз қарым-қатнасларға дус келемиз ҳәм бул, көбинесе, бизлерди еле де күшейтиў ҳәм беккемлеў ушын жиберилген Қудайдың режеси болыўы мүмкин. Бирақ сол гезлери бизлер олардан бар күшимиз бенен қашамыз. Машқалаларды шешиўден бас тартыў бизлерди сол машқалалардан қутқармайды, ал тек ўақтыншалық жеңиллик береди. Бирақ машқаланың тамыры сол турысында тура береди.

Мен жумысқа алған сол жас жигит пенен болған ўақыя да маған жақсы сабақ болды. Алдынғы қарымқатнасларын өкпе ҳәм ашыў руўхының басқарыўында үзип таслаған адам менен

кейин жақсы қарым-қатнас қурыў мүмкин емес. Жақсы қарым-қатнас қура алыўы ушын, ол толық шыпа алыўы керек. Жигит алдынғы баслығын кеширгени ҳаққында көп мәрте айтқан еди, бирақ негизи кеширмеген екен.

Сүйиспеншилик барлық өкпе ҳәм кемситилиўлерди умытып, келешекке деген үмитти сақлап қалады. Егер бизлер ҳақыйқаттан да өкпени жеңген болсақ, онда шын жүрегимиз бенен жарасыў жолларын қыдырып баслаймыз. Бәлким, еле қолайлы ўақыт келмеген шығар, бирақ бизлер қарым-қатнасты қайта тиклеў ушын, шын жүректен имканият излеп баслаймыз.

Мениң бир дана достым сәл кейинирек маған былай деди:

«Аўзы күйген муздай суўды да үплеп ишеди», деген ески мақал бар.

Ырастан да, бүгин шөлин қандырыў ушын берилген муздай суўды да үплеп ишетуғын жүдә көп адамлар бар. Себеби олардың өтмиште аўзы бир рет күйген ҳәм енди олар буны ҳеш умыта алмайды ҳәм кеширмейди.

Ийса бизлердиң жарақатларымызды Өз жолы арқалы шыпалағысы келеди. Бирақ бул жол қандай да бир қыйыншылықларды туўдырыўы мүмкин болғаны ушын, бизлер Ийсаға: «Яқ, керек емес!» деймиз. Ийсаның жолы шыпаға ҳәм руўхый ержетиўге алып баратуғын жол болып, ол «Кишипейиллик ҳәм өзиңнен бас кешиў жолы», деп аталады. Бизлер өзимизге жақсы болыўдан гөре, басқа адамға жақсырақ болыўды әҳмийетлирек деп санаўымыз керек, ҳәтте, ол адам бизлерге көп қайғы алып келген болса да.

Адамда менменлик руўхы болса, бул жолдан жүре алмайды. Бул жолдан тек тынышлыққа ерискиси келетуғын ҳәм бул ушын өзинен бас кешиўге де тәўекел ететуғын адамлар ғана жүре алады. Бул кишипейилликке үйрететуғын сынақ. Бул өмирге баслап баратуғын жол.

# АДАМЛАР АРАСЫНДА ҲЕШ ҚАШАН ҮЙРЕНЕ АЛМАҒАН НӘРСЕЛЕРИМИЗГЕ ҚУДАЙДЫҢ ҲҮЗИРИНДЕ ҮЙРЕНЕ АЛАМЫЗ.

Мен «Шайтанның жемтиги» атлы китапты оқып шыққанымнан соң, мениң Қудайдың Сөзине деген көзқарасым өзгерип кетти. Мен өмиримде сондай бир әдилсиз қатнасты басымнан кеширгенмен, сонлықтан ишимде үлкен жарақатлар бар еди. Егер де бул китапты оқып шықпағанымда, бәлким, мен сол өкпе руўхының қақпанында мәңгиге қалып кеткен болар едим.

– Ф. Н., МАЛАЙЗИЯ

# 7-БАП

# ИСЕНИМЛИ ТИЙКАР

***Соның ушын Қудай Ийе былай дейди: «Мине, Мен Сионға тийкар тасын, сыналған тасты, қымбатбаҳа мүйеш тасын, исенимли тийкар қояман. Оған исенгенлер ҳеш қашан қәўетерге (үмитсизликке, түңилиўшиликке) түспейди.***

**– ИЙШАЯ 28:16**

«Оған исенгенлер ҳеш қашан қәўетерге (үмитсизликке, түңилиўшиликке) түспейди». Түңилиўшиликке түскен адам турақлы бола алмайды, себеби онда керекли тийкар жоқ. Ондай адам аңсат шайқатылады ҳәм қуўдалаў менен аўыр сынақлардың даўыллары келгенде, оны аңсат ушырып алып кетеди. Келиңлер, Шимон Петр менен не жүз бергенлигин көрейик.

Ийса Филип Кесариясындағы үлкеге келгенде, Өзиниң шәкиртлерине сораў береди:

> «Адамлар Мени, Адам Улын ким деп санайды?».
>
> – МАТТА 16:13

Бир неше шәкиртлери халықтың Ийса туўралы не деп жүргенин қызғынлы түрде Оған айтып береди. Ийса оларды ақырына дейин тыңлап турды. Олар жуўап берип болғаннан соң, Ийса олардың туўры көзлерине қарап, мынадай сораў береди:

> «Ал сизлер Мени ким деп санайсызлар?».
>
> – МАТТА 16:15

Бул сораў шәкиртлерди сасқалақлатып ҳәм ойландырып таслағанына исенимим кәмил. Олар аўызларын ашып, ҳеш сес шығармай турды. Олар жаңа ғана басқа адамлардың не деп жүргенлигин жарыспаққа айтысқан еди, ал енди болса тым-тырыс болып қалды. Бәлким, олар сол ўақытқа дейин бул сораўға жуўапты шынтлап ҳеш излеп көрмеген шығар. Не болса да, сол ўақытта олар өзлеринде бул сораўға жуўап жоқ екенлигин түсинди.

Ийса не қылса да, бәрин әжайып қылып ислейди! Оның бул сораўы шәкиртлердиң жүреклерине қозғаў салған еди. Олар бул әҳмийетли сораўға өзлеринде анық жуўап жоқ екенлигин ҳәзир ғана түсинип жетти. Соған дейин шәкиртлер басқа адамлардың сөзлеринен келип шыққан ҳалда Ийсаны таныр еди. Олар Ийсаның негизинде ким екенлиги ҳаққында өз жүреклериниң не дейтуғынына ҳеш итибар бермеген еди. Олар бул туўры сораўды өзөзлерине берип көрмеген еди.

Сонда Ийса Петр деп жаңа ат берген шәкиртлердиң бири Шимон бул сораўға жуўап берген ең биринши адам болды. Ол былай деп жуўап берди:

> «Сен – тири Қудайдың Улы Масийхсаң».
>
> – МАТТА 16:16

Ийса сонда оған былай деп жуўап қайтарды:

> «Юнустың улы Симон, сен бахытлысаң! Саған буны адам баласы емес, ал аспандағы Әкем ашып билдирди».
>
> – МАТТА 16:17

Ийса Шимон Петрге бул ашылысты оған Кимниң ашып бергенин айтады. Шимон Петр бул ашылысты басқа адамлардан, ямаса өз ақылынан емес, ал Қудайдың Өзинен алған еди.

Шимон Петр Қудайды таныўға оғада қуштар болған. Сонлықтан ол Ийсаға оғада көп сораўлар беретуғын еди. Ийсаның суўдың үсти менен киятырғанын барлық шәкиртлери көрди, бирақ тек Петр ғана Ийсаға: «Мен де суўдың үстинен жүрейин», деп Оған өтиниш қылды ҳәм жүрди, ал қалған он бири қайықтың ишинде қалды. Петр басқа адамлардың пикирлери менен жасағысы келмейтуғын адам еди! Ол туўры Қудайдың Өзинен еситкиси келетуғын еди.

Ийсаның Ким екенлиги туўралы ашылысты ол өзиниң адамға тән ойлаў сезиў қәбилетлерин ислетиўи арқалы алған жоқ. Қудай оның жүрегиндеги Қудайды билиўге деген күшли қуштарлықты көрди ҳәм Мухаддес Руўхы арқалы оған бул ашылысты сый ретинде берди. Бул уллы ашылыс Петрдиң ишки дүньясын жақтыландырып жиберди.

Шимон Петрдиң еситип көрген нәрселерин басқа да көп адамлар еситипкөрди, бирақ басқалардың жүрегинде Қудайдың еркин билиўге деген күшли қуштарлық жоқ еди.

Елши Юхан өзиниң биринши хатында былай деп жазады:

> «Бирақ сизлер Масийхтың Мухаддес Руўхына ийесиз. Сизлерде Мухаддес Руўх болғанлықтан, сизлерге ҳеш кимниң үйретиўиниң ҳәжети жоқ. Масийхтың

> Мухаддес Руўхы сизлерге ҳәммесин үйретеди. Оның тәлими ҳақыйқый, жалған емес. Оның сизлерге үйреткени сыяқлы, Масийх пенен жасаңлар».
>
> – 1-ЮХАН 2:27

Усы Мухаддес Руўх Шимон Петрге үйреткен еди. Ол басқа адамлардың не дейтуғынын ақырына дейин тыңлады, кейин Қудай не дейди екен деп өзиниң жүрегине қарады. Қудай сизге бир ҳақыйқатлықты ашып берген ўақытта, сиз бәрин түсинесиз ҳәм ҳеш ким сизди пикириңизден қайтара алмайды.

Қудай сизге бир ҳақыйқатты ашып берген ўақытта, қалған пүткил дүньяның сизге не дейтуғыны әҳмийетли болмай қалады. Ҳеш нәрсе сиздиң жүрегиңизди өзгерте алмайды.

Кейин Ийса Шимон Петрге ҳәм қалған шәкиртлерине былай деди:

> «Мен мына тастың үстине (яғный, Қудайдың ашып берген ашылысының үстине) Өз жәмәәтимди орната-ман, оны дозақтың күшлери де жеңе алмайды».
>
> – МАТТА.16:18

Демек, бул жерде аттан анық мына шынлықты көрсек болады: Қудайдың Сөзи, яғный Оның Өз Мухаддес Руўхы арқалы ашып берген ашылысы  бул исенимли тийкар! Бул рет Қудай Петрге Ийсаның  тири Қудайдың Улы Масийх екенлигин ашып берген еди.

## СӨЗ ЖАҚТЫЛАНДЫРАДЫ

Мен ўаз айтып атырып, жәмәәтлерди ҳәм адамларды мениң даўысым арқалы сөйлеп атырған Қудайдың даўысын еситиўге шақыраман. Әдетте, адамлар ўазды тыңлап атырып, тек ўазшының айтқан сөзлерин ғана жазады. Соның ушын бизлер Мухаддес Китапты ҳәм оның талқыланыўын тек өз ақылымыз

бенен ғана түсинип, қәдимги тәбийий билим сыяқлы қабыл етемиз. Егер бизлер тек тәбийий билимге ийе болсақ, онда бизлер: ямаса бөрттириўлер менен туйғысезимлерге дуўшар боламыз; ямаса өз ақылымыздың қулына айланамыз.

Бирақ булардың екеўи де Ийсаның қуратуғын Жәмәәтиниң исенимли тийкары бола алмайды. Ийса Өз Жәмәәтин Мухаддес Руўхтың ашылысының үстине қуратуғынлығын айтты, ал Мухаддес Китаптан ядлап алған аятларымыздың үстине емес.

Майланған хызметкердиң ўазын тыңлап атырып ямаса әжайып руўхый китап оқып атырып, бизлер ҳәр дайым ишимизде руўхымызды жанландырып жиберетуғын сөзди (ашылысты) излеўимиз керек. Бул Қудайдың бизлерге Өзи ашып беретуғын сөзи. Әне, сол сөз бизлерге *нур ҳәм руўхый түсиник* алып келеди. Забур жырларының авторы да бул туўралы айтады:

> «Мәниси ашылғанда, сөзлериң нур шашады, Садаларға ақыл береди» .
>
> – ЗАБУР 118:130

Қудайдың сөзи тек ақылымызға емес, ал жүрегимизге ашылыс арқалы кирген ўақытлары, ол ишки дүньямызды жақтыландырып жибереди ҳәм руўхый әжайып түсиник береди.

Мен ўаз тыңлап атырған ўақытлары, көбинесе, мынадай болады: ўазшы бир темада сөйлеп атыр, ал Қудай мениң жүрегимниң ишине улыўма басқа нәрсени ашып берип атыр. Бирақ та Қудай сол ўазшының айтып атырған бир сөзлерин алып, сол сөзлер арқалы жүрегиме ашылыс береди ҳәм ол ишки дүньямды нурландырып баслайды. Мухаддес Руўх қәлеген жолы арқалы мениң ушын Қудай ашылысын бере алады. Қудай бизлерди сол ашылыслары арқалы өзгертеди: Ол садаларды  руўхый өскен адамларға айландырады, руўхый түсиниги азларды  руўхый түсиниги бай адамларға айландырады. Жүрегимизди жақтыландырып жиберетуғын

Қудай сөзи исенимли тийкар болып, Ийса Өз Жәмәәтин сол тийкардың үстине қурады.

Ийса Қудайдың ашылысын тасқа уқсатады. Тас турақлылықтың ҳәм беккемлиликтиң белгиси. Ийсаның еки үй туўралы айтқан тымсалын ядыңызға түсириң. Олардың биринши жартастың үстине, ал екиншиси қумның үстине қурылады. Қуўдалаўлар, азаплар ҳәм қыйыншылықлар еки үйдиң де басына түседи. Сонда қумның үстине қурылған үй қатты қыйралып қалады, ал тастың үстине қурылған үй қуламай, беккем турады.

Гейде Қудайдан еситиўимиз керек болған нәрсени Мухаддес Китаптан таба алмаўымыз мүмкин. Мысалы, мынадай сораўларға Мухаддес Китаптан жуўап таба алмаймыз: Ким менен турмыс қурыўым керек? Қай жерде жумыс ислеўим керек? Қайсы жәмәәтте болыўым керек?

Бундай сораўлар дым көп. Бул сораўларға жуўапты бизлер Мухаддес Руўхтың ашылысы арқалы алып, шешим қабыл етиўимиз керек. Қудайдан сөз алмай, өз ақылымыз бенен ғана шешим қабыл етсек, онда бизлердиң шешимимиз қумның үстине қурылған үй сыяқлы болады.

Қудайдың бизлерге Өз Руўхы арқалы ашып берген нәрсесин ҳеш ким урлап кете алмайды. Сол ашылыс бизлердиң барлық ислеримиздиң исенимли тийкары болыўы керек. Болмаса, өмиримизге аўыр сынақлар ҳәм азаплар келген ўақытта, бизлер аңсат азғырылып кетемиз.

Ийса Қудай сөзин ҳәр кимниң ҳәр қыйлы етип қабыл ететуғыны туўралы әжайып тымсал айтты. Биреўлер Қудайдың сөзин қуўаныш пенен қабыл етеди, бирақ сөздиң жүрегине терең тамыр урыўына жол қоймайды. Себеби ол адам Қудай сөзин сезимлерге берилген ҳалда тек ақылы менен қабыл етеди.

> «Базылар таслақ жерге себилген туқымларға уқсайды. Олар сөзди еситкен ўақытта-ақ оны қуўаныш пенен қабыл етеди. Бирақ тамырсыз болғанлықтан

> турақсызлық етип, сөз ушын азап шегиўге ямаса қуўдаланыўға туўра келгенде, тез исенимнен қайтады»
>
> – МАРК 4:16-17

Бизлер «тамыр» ҳәм «тийкар» деген сөзлерди аңсат бир-бириниң орнына қоллана аламыз. Себеби олардың екеўи де турақлылықты көрсетеди. Олар өсимлик ҳәм имарат ушын беккемлилик дереги болып хызмет етеди. Қудайдың ашылысы үстине тийкарын қурмаған адам турақсыз болады. Гүман, азғырылыў ҳәм өкпе даўыллары оны аңсат ғана алып кете алады. Көп ғана адамлардың руўхый жағдайлары сондай. Олар Ийса сораў бергенде албырап қалған шәкиртлерге уқсайды. Олар басқалардың сөзлери менен, биреўлердиң гүўалықлары ямаса ўазлары менен ғана өмир сүреди. Олар басқа адамлардың пикирлери менен сөзлерин «ҳақыйқатлық» деп қабыл алады ҳәм Мухаддес Руўхтың кеңесин ямаса жетелеўин излемейди. Бизлер тек Қудайдың бизлерге ашып берген ҳақыйқатлығын ғана 100 пайыз исеним менен жәриялай аламыз. Мине, усы ҳақыйқатлықтың үстине Ийса Өз Жәмәәтин қурады.

Бурын мениң қолымда турмысқа шықпаған бир хаткер қыз иследи. Ол жәмәәтте хызмет қылатуғын бир жас жигит пенен сөйлесип жүретуғын еди. Күннен-күнге олардың қатнасы жақынласып барды. Олардың бундай қатнасы оларды турмыс қурыўға әкиятырғанын ҳәммемиз түсиндик. Олар турмыс қурыў туўралы әлле қашан келисип алысқан екен.

Бир рет екшемби күни кеште аға шопан оларды шақырып алып: «Қудай былай дейди: “Сизлер екеўиңиз турмыс қурасыз”», дейди.

Ертеңине азанда хаткер қыз офиске қуўанышқа ҳәм шадлыққа толып келди. Ол меннен: «Бизлердиң некемизди қыя аласыз ба?» деп сорады. Мен: «Бул мениң ушын ҳүрмет», деп жуўап бердим. Кейин некеден бурын олар менен сөйлесип алыў ушын, бир күнди белгиледим.

Бирақ жүрегимде қандайда бир аўырманлық сездим. Олар

офиске кирип келген ўақытта, мениң руўхым бир тынышсызлықты сезди. Мен хаткер қызға қарап: «Қудай сениң ушын анық усы жигитти таңлағанына көзиң жете ме?» деп сорадым. Ол қуўаныш ҳәм толық исеним менен: «Аўа», деп жуўап берди.

Кейин мен жигитке қарап: «Анық усы қызға үйлениўиң бул Қудайдың ерки екенине көзиң жете ме?» деп сорадым. Ол қандайда бир мәўрит азғана аўзын ашып маған қарап турды, кейин басын төмен қаратып, басын шайқады. Бул оның: «Яқ, көзим жетпейди», дегени еди.

Мен оларға қарадым ҳәм кейин жигитке: «Мен сизлердиң некеңизди қыймайман. Сизлерге ким пайғамбаршылық қылған болса да ҳәм не айтқан болса да, маған бәрибир. Сизлерге: «Сизлер бирбириңизге келисесиз», деп қанша көп адам айтқан болса да, маған бәрибир. Егер Қудай Өз еркин сениң жүрегиңе ашып бермеген болса, онда бул некеге қәдем басыўға ҳақың жоқ», дедим. Кейин сөзимди даўам етип, былай дедим: «Бул Қудайдың анық ерки екени туўралы Оннан жеке ашылыс алмай турып, оған үйленсең, онда өмириңизге күшли даўыллар келген ўақытта, сенде: “Мен оған емес, ал ана қызға үйленгенимде, жақсы болар ма еди? Бәлким, сонда бундай машқалаларға түспес пе едик? Эхх, Қудайдың ерки екенине көзим жетпей турып, үйленбей турыўым керек екен! Ҳәзир өзимди тап қақпанға түскендей етип сезип турман”, деген сораўлар менен гүманлар пайда болады. Сонда сен өзиңде исенимсизликти сезесең ҳәм некеңниң басына түскен күшли сынақлар менен даўылларға қарсы тура алмай қаласаң. Сен барлық жолларында турақсыз еки ойлы адам болып қаласаң. Ал сынақлар менен даўыллардың келетуғыны аттан анық».

Мен оларға: «Артық ушырасыўыңызға ҳеш ҳәжет жоқ. Кете берсеңиз болады», дедим ҳәм оларды шығарып салдым. Жигиттиң жүзинде жеңилликти сезгенин көрдим. Ал қыз қатты қапа болып қалды. Кейинги ҳәпте офисте атмосфера жүдә аўыр болды. Бирақ мен оларға ҳақыйқатлықты айтқанымды

билер едим. Қыз ушын сынақ ўақытлары басланған еди. Егер Қудай ҳақыйқаттан да сол жигитке турмысқа шығатуғынын оған айтқанда, онда Қудайдың сол жигитке де ашып беретуғынына ол исениўи керек ҳәм маған да, Қудайға да өкпелемеўи керек. Мен оған: «Оннан узақлас ҳәм оның Қудайдан өзи жуўап алыўына имканият бер», деп мәсләҳәт бердим. Ол тап сондай қылды.

Арадан үш ҳәпте өтти. Олар меннен: «Және ушырасып, сөйлесип алыўымызға бола ма?» деп рухсат сорады. Мен дәрҳал жүрегимде қуўаныш сездим ҳәм ушырасыўға қайылшылық бердим. Бул сапары жигит офиске қуўанышқа толып кирди. Ол маған: «Қудайдың бул қызды маған ҳаяллыққа берип атырғанына ийнениң ушындай да гүманым жоқ. Буған толық көзим жетеди!» деди. Жети айдан кейин олар турмыс қурды.

Сиз болажақ өмирлик жолдасыңыз туўралы, досларыңыз туўралы ямаса жәмәәтиңиз туўралы Қудайдан анық ашылыс алған ўақтыңызда, душпанға сизди олардан айырыў қатты қыйын болады. Сиз Қудайдың ашылысы үстине тийкар қурған ўақтыңызда, басып өтиў мүмкин емес болған тосқынлықларды да басып өте аласыз ҳәм қәлеген конфликтлерди жеңип шыға аласыз.

## БАСҚА ҲЕШ ҚАНДАЙ ВАРИАНТ ЖОҚ

Бизлер турмыс қурғанда, басындағы бес жыл оғада аўыр ҳәм қыйын болды. Бизлер бир-биримизге сондай дәрежеде аўыр жарақатлар ҳәм кемситиўлер жеткиздик, ҳәтте, некеге дейин арамызда болған нәзик қатнас пенен әжайып сүйиспеншиликтиң изи де қалмағандай болып көринди.

Бизлерди ажырасыўдан тек бир нәрсе ғана сақлап қалған еди: екеўимиз де некемиздиң Қудайдан болғанын билер едик. Бизлерде Қудайдан ашылыс бар еди. Сонлықтан да бизлер ҳеш қашан ажырасыўды бир вариант сыпатында көрген емеспиз. Бизлердиң анық шешип алған жалғыз қарарымыз мынадай еди: «Не болса да, Қудайдың бизлерди толық шыпалайтуғынына ҳәм

өзгертетуғынына исениў». Қанша азарлы болмасын, екеўимиз де өзлеримизди буған бағышладық.

Маған тәслим болыўға ҳәм қолды силтеп бәрин таслап кетиўге ойлар келген ўақытта, мен Қудайдың некем ҳаққында маған берген ўәделерин есиме түсирдим. Мен Қудайдың қурған нәрсесин ҳәм бизлердиң мухаддес аўқамымыз ушын берген жарылқаўларын бузбақшы емес едим.

Қудайдың маған берген ўәделериниң бири мынадай еди: «Сизлер ҳаялыңыз екеўиңиз Маған хызмет етесизлер!» Қудай маған бул ўәдени берген ўақытта, мен: «Мен буны апаңсат көз алдыма келтире аламан, себеби хызмет етиўимиз ушын Қудайдың қолы екеўимизди де қоллап-қуўатлап тур», деп ойлаған едим.

Кейин шаңарағымыз күшли даўыллар менен сынақлардың астына түсип қалған ўақытта, Қудайдың бул ўәдесине исениў маған қатты қыйын болды. Бирақ бәрибир бул ўәдеге исениўди шештим. Некемизге урысжәнжеллер менен менменлик араласқаны себепли тәбийий үмит жоғалып болған еди.

Бирақ бәрибир жүрегимде кәраматлы өмир туқымы жасар еди. Бул кәраматлы өмир туқымы Қудайдың ўәдеси еди. Бул ўәде қыйын дәўирлерде мениң ушын якорь ямаса тырнақ тас болып хызмет еткен еди.

Қудайдың ўәдеси орынланды! Ол бизлердиң қарым-қатнасымызды тек шыпалап ғана коймай, бурынғыдан да бетер беккемирек қылды. Бизлер конфликтлерде бирбиримизди кешириўимиз ҳәм өзлеримизге керекли сабақларды алыўымыз арқалы руўхый өсип бардық. Ҳәзир ҳаялымыз екеўимиз Қудайға бирге хызмет етип атырмыз. Ҳәзир Лиза мениң жалғыз сүйикли ярым ҳәм ең жақсы достым, және де, ол Қудайдың әжайып хызметкери. Мен оған ҳәммеден де бетер көбирек исенемен.

Турмысымыздың басындағы аўыр ҳәм қыйын бес жылды басымыздан кеширип болған соң, мен сол нәрсени түсинип жеттим: бизлерде өзлеримиз көрмейтуғын ҳәм ҳасла тән

алмайтуғын көп ғана кемшиликлер бар. Қудай конфликтлер арқалы сол кемшиликлеримизди жарыққа шығарады ҳәм көз алдымызға әкелип көрсетеди.

Мен Қудайдың уллы даналығын тән аламан. Мени Лиза менен қосқан да Оның даналығы еди. Мен оған үйленбесимнен алдын, болажақ ҳаялым болатуғын қыз ушын берилип дуўа ететуғын едим. Өмиримдеги ең әҳмийетли таңлаў  бул Хош Хабарға қулақ салыў, ал екиншиси  өмирлик жолдас таңлаў еди. Болажақ өмирлик жолдасым ушын көп дуўа еткеним себепли ҳәм Қудайдың оны маған көрсететуғынына исенимим кәмил болғаны себепли, мен: «Бизлердиң турмысымызда басқалардыкиндей ҳеш машқала болмайды!»  деп ойлайтуғын едим. О, мен қатты қәтелескен екенмен!

Қудай мениң ушын кеўлиме қатты унаған ҳаялды таңлады. Бирақ ол мениң ишимдеги эгоизм менен руўхый ержетпегенликти ашып берди, ал олар менде көп еди. Ажырасып конфликтлерден қутыламан деў ямаса барлық айыпты ҳаялыма жабыў  бул өз ержетпегенлигимди «өкпе» деп аталатуғын қәлбеки қорғанның ишине жасырыўды билдирер еди. Қудайдың бизлердиң некемиз туўралы ашып берген ашылысы мени бундай қәтеден сақлап қалды.

Ҳәзир мен бул баптың баслы мәнисинен бираз бир шетке шығып турмақшыман. Бул қатарларды оқып атырып, гейбиреўлериңиз, бәлким: «Мен турмыс қурғанымда исениўши емес едим»,  деўиңиз мүмкин. Сизге Қудай былай дейди:

> «Ал некеде болғанларға мен мынаны буйыраман, анығырағы мен емес, Ийемиз солай буйырған: ҳаял адам күйеўи менен ажыраспасын. Егер ажырасса, я күйеўсиз қалсын, я өз күйеўи менен жарассын. Ер адам да ҳаялы менен ажыраспасын. Туўысқанларым, ким қандай жағдайда шақырылған болса, Қудай алдында сол жағдайда қалсын».
>
> – 1-КОРИНФЛИЛЕРГЕ 7:10-11, 24

Неке Келисими туўралы Қудайдың бул сөзлери сиздиң жүрегиңизге әбден тамыр урсын. Сонда сиз «өкпе» деп аталатуғын қақпан себепли ажырасыўды ойыңызға да алмайсыз, ал мухаддес некеңизде беккем боласыз. Некеңизге байланыслы Қудайдан ашылыс ала алыўыңыз ушын, Оның жүзин излең.

Гейбиреўлериңиз, ҳәтте, исениўши болып турып та, Қудайдың ерки бойынша турмыс қурмаған болыўыңыз мүмкин. Некеңизге Қудайдан жарылқаў алыў ушын, турмыс қурмай турып Қудайдың мәсләҳәтин излемегениңиз ушын тәўбе етиң. Сонда Ол сизди кеширеди. Мына шынлықты жүрегиңиздиң төрине әбден жайластырып қойың: ажырасыў бул екинши қәтеңиз болады ҳәм ол ҳақлыққа әкелмейди. Өкпе себепли Неке Келисимин бузыў  ҳеш қашан некедеги машқалаға шешим бола алмайды. Соның ушын некеңизге байланыслы Қудайдан Сөз излең.

## ЖАРТАС

Бизлерге Мухаддес Руўхтың ашып берген Қудай Сөзи жартас болып есапланады. Бизлер сол жартастың үстинде өз өмиримизди ҳәм хызметимизди қурамыз. Жүдә көп адамлар өзлери бираз ўақыт болып, бирақ кейин бир қыйыншылықлар себепли кетип қалған жәмәәтлери ҳәм хызметлери ҳаққында айтып береди. Мен сонда Қудайдың балаларын Қудайдың буйрықлары емес, ал қыйыншылықлар басқарып атырғанын көрип, қатты қыйналып қаламан. Олар басларына түскен қыйыншылықларды ямаса оларға қылынған натуўры қатнаслары оғада бөрттирип айтады ҳәм өз ойларын пүткиллей дурыс деп есаплайды. Бирақ олар жүреклерине көп ғана жалғанларды киргизип алған болып, сол жалғанлар оларға өзлериниң кемшиликлерин улыўма көрсетпей турады.

Олар өзлериниң ҳәзир барып жүрген жәмәәтлери ямаса хызметлери туўралы: «Ўақтынша усы жерге барып жүриппен»

ямаса «Қудай ҳәзирше мени усы жерге әкелип қойыпты», деп айтады. Мен, ҳәтте, бир адамның: «Мен бул жәмәәтке гиреў сыпатында берилип қойыппан», дегенинде еситтим. Не ушын олар бундай деп айтады? Себеби олар егер және бир қыйыншылықлар туўылып қалса, шығып кетиўге саңлақ қалдырып қояды. Оларда беккем тийкар жоқ! Олар бир орында беккем тура алмайды: даўыллар оларды аңсат кейинги портқа ушырып алып кете алады.

## ҚАЯҚҚА БАРАМЫЗ?

Ийсаның Өз шәкиртлерине: «Ал сизлер Мени ким деп санайсыз?» деген сораўына қайтамыз. Сонда Қудай (Шимон) Петрге ашылыс береди ҳәм Петрдиң исеними күшейип баслайды.

Әке Ийса туўралы ҳақыйқатлықты Шимон Петрдиң жүрегине ашқаннан кейин, Ийса оған былай дейди:

> «Саған Мениң айтатуғыным мынаў: сен – Петрсең, Мен мына тастың үстине Өз жәмәәтимди орнатаман, оны дозақтың күшлери де жеңе алмайды».
>
> – МАТТА 16:18

Ийса Шимонға ПЕТР деген жаңа ат береди. Бул жүдә әҳмийетли, себеби «Шимон» «еситиў» дегенди аңлатады. «Петр» (грекше *петрос*) «тас» дегенди аңлатады. Жартастың үстинде тастан қурылған үй қәлеген даўылға шыдайды.

Көп жыллардан кейин Петр өз хатында былай деп жазады:

> «Сизлер де тири таслар сыяқлысызлар. Сонлықтан Қудай сизлерди руўхый Ибадатхана салыўда қолланып, Ийса Масийх арқалы Өзине унайтуғын руўхый қурбанлық бериўиңиз ушын, мухаддес руўханийлер қылып атыр»
>
> – 1-ПЕТР 2:5

Тас үлкен жартастың кишкене бир бөлеги. Қудайдың ашылысының ишинде беккемлилик, қаттылық ҳәм күш бар болады. Сонлықтан Қудайдың ашылысын қабыл еткен адам жемис әкелетуғын болады. Бул адам Қудайдың Тири Сөзи болған Ийса Масийхтың беккемлилигин қабыл етип, руўхый күшли адамға айланады.

Елши Павел Коринф жәмәәтине былай деп жазады:

> «Өйткени ҳеш бир адам салынған тийкардан басқа, яғный Ийса Масийхтан басқа бир тийкар сала алмайды»
>
> – 1-КОРИНФЛИЛЕРГЕ 3:11

Бизлер Қудайдың Тири сөзи болған Ийса Масийхты излеп баслағанымызда, Ол бизлерге Өзин ашып береди ҳәм бизлер исенимде еле де беккемленемиз.

Ийсаның жер бетиндеги өмириниң ақырғы күнлери келгенде, Оның шәкиртлериниң өмири қыйынласады. Диний хызметкерлер менен яҳудийлер Ийсаны өлтириў мақсетинде Оның изине түседи (Юхан 5:16). Бир рет Ийсаның изине ерип жүрген аламан Ийсаны күш пенен услап, Оны патша етип қоймақшы болды, бирақ Ийса ол жерден кетип қалды (Юхан 6:15).

Сонда шәкиртлери: «Не ушын Ол ондай қылды? Бул Оған ҳәм бизлерге әжайып имканият едиғо», дести. Оларды тынышсызлық бийлеп алды. Жағдай қәўипли түске кирип атырған еди.

«Бизлер өз үйлеримизди ҳәм жумысларымызды таслап ҳәм барлық нәрсемизди қурбан етип, бул Адамның изине ердик. Бизлер Оның болажақ Патша екенлигине исенемиз. Яқыя Шомылдырыўшы бул туўралы жәриялады ҳәм Филип Кесариясында Шимон Петр бул туўралы гүўалық берди. Бизлерде еки гүўа бар. Бирақ сонда не ушын Ол ҳәзирги

басшылардың ғәзебине тийип атыр? Не ушын Ол Өз-Өзине қарсы гөр қазып атыр? Не ушын Ол Өзиниң шәкиртлери болған бизлерге: «Ҳәй, исенбейтуғын, адасқан әўлад! Қашанға дейин сизлер менен бирге боламан?» деп айтады?»

Масийхтың изине ериў ушын барлық нәрсесин қалдырып шыққан адамлардың жүреклеринде өкпе пайда бола баслады. Кейин оннан да жаман болды. Ийса бир түсиниксиз нәрселерди, жалған тәлийматқа уқсап кететуғын нәрселерди айтты:

> «Сизлерге шынын, ҳақыйқатын айтаман: Адам Улының денесин жеп, қанын ишпесеңлер, сизлерде өмир болмайды. Мениң денемди жеп, қанымды ишкен адамда мәңгилик өмир бар ҳәм Мен оны ақырғы күни тирилтемен. Себеби Мениң денем – ҳақыйқый азық, қаным – ҳақыйқый ишимлик. Денемди жеп, қанымды ишкен адам Менде жасайды, Мен онда жасайман».
>
> – ЮХАН 6:53-56

Олар: «Ийса нени айтып атыр өзи? Оның сөзлери ақылға сыймайдығо», деп ойлады. Бул еле бәри емес! Ол булардың ҳәммесин Капарнаҳумда мәжилисхана басшылырының алдында айтты! Ийсаның бул сөзлерин түсиниў оларға оғада қыйын болған еди.

> «Шәкиртлериниң көбиси буны еситип: – Қандай қыйын сөзлер! Буны ким қабыллай алады? – деди».
>
> – ЮХАН 6:60

Ийсаның оларға берген жуўабы жүдә әжайып:

> «Шәкиртлериниң буған наразы болғанын билип, Ийса былай деди: – Бул сөзлер исениўиңизге тосқынлық қылып атыр ма? (басқа аўдармаларда: «Бул сөзлер сизлерди азғырылыўға салып атыр ма?»)».
>
> – ЮХАН 6:61

Олар Оның шәкиртлери еди! Ийса олардың айырымларының өз өмирин ҳәлсиз тийкар үстине қурғанлығын билер еди. Сонлықтан бул ҳәлсиз тийкарды Ийса ашып берип, оларға өз жүреклериндеги ҳақыйқаттың қаншелли дәрежеде сайыз екенин көриўге имканият берген еди. Олардың бәри де Шимон Петр сыяқлы ҳақыйқатлықты қатты сүйиўши емес еди. Ийсаның сөзлерин сыйдыра алмағанлардың не қылғанлығына қараң:

> «Сол ўақыттан баслап, Ийсаның *шәкиртлериниң көбиси* кетип қалып, енди Оның менен жүрмейтуғын болды».
>
> – ЮХАН 6:66

Итибар бериң, шәкиртлердиң «көбиси» деп қойыпты. Ийса Филип Кесариясында: «Адамлар Мени ким деп санайды?» деп сорағанда, сол шәкиртлердиң көбиси: «Гейбиреўлери Шомылдырыўшы Яқыя, гейбиреўлери Илияс, ал базылары Еремия ямаса пайғамбарлардың бири деп санайды», деп тез жуўап бергенлер еди. Олардың тийкары Қудайдың ашылысы емес, ал адамлардың гәпсөзлери еди.

Өкпе оларды Ийсадан алып кеткен еди. Бүгин де көп адамлар өкпе себепли, өзлерин алданған етип сезип, Ийсадан кетеди. Олар ҳақыйқатлықты көре алмады, себеби олардың бар дыққаты өзлериниң эгоистлик қәлеўлерине қаратылған еди.

Соннан кейин Ийса он еки шәкиртинен: «Сизлер де кетпекшимисиз?» деп сорайды. Сонда Шимон Петрдиң Оған қандай жуўап қайтарғанына нәзер қаратайық:

> «Симон Петр жуўап берип: – Ийем, бизлер кимге барамыз? Сенде мәңгилик өмир сөзлери бар. Бизлер исенемиз ҳәм билемиз: *Сен – Қудайдың Мухаддесисең, – деди».*
>
> – ЮХАН 6:68-69

Ийса ол адамларға: «Илтимас, Меннен кетип қалмаңлар.

Көрдиңиз ғо, жаңа Мени көп шәкиртлерим таслап кетти. Енди сизлер кетип қалсаңыз, Мен не қыламан?» деп жалынған жоқ. Яқ! Ал Ол: «Сизлер де кетпекшимисиз?» деп сорады.

Шимон Петрде де кеткен шәкиртлер сыяқлы Ийсаға өкпелеўге имканият болған еди. Бирақ та оның Ийсаға берген жуўабына және бир дыққатыңызды қаратың: «Ийем! Бизлер кимге барамыз?»

Оның Ийсадан еситкен нәрселери оны да ойландырып қойған шығар, бирақ оның ишинде Қудайдан ашылыс бар еди. Филип Кесариясында ол Қудайдан Ийсаның Ким екенлиги ҳаққында ашылыс алған еди: «Сен Тири Қудайдың Улы Масийхсаң» (Матта 16:16).

Сонлықтан ҳәзир ол күшли сынақлар ортасына түскенде, жүрегине беккем орналасқан ҳақыйқатлықты жәриялаған еди: «Сенде мәңгилик өмир сөзлери бар. Бизлер исенемиз ҳәм билемиз: *Сен – Қудайдың Мухаддесисең!»* Петр Филип Кесариясында Ийса туўралы алған ашылысы себепли усындай деп жәриялаған еди. Аўа, Петр Қудайдың Тири Сөзи болған жартастың үстине қурылған тас еди. Сонлықтан ол сынақ ўақытлары өкпеге ҳәм азғырылыўға берилип, Ийсадан кетип қалған жоқ.

## БАСЫМ АСТЫНДА БОЛАТУҒЫН РЕАКЦИЯЛАР

«Аўыр сынақлар *адамның ҳақыйқый ҳалатын ашып береди»* бул мениң тезтез айтып туратуғын сөзим. Басқаша етип айтқанда, аўыр сынақлар сиздиң руўхый ҳалатыңыздың негизинде қандай екенлигин анық етип ашып береди. Аўа, аўыр сынақлар сиздиң жүрегиңиздиң негизги жағдайын ашып көрсетеди. Демек, аўыр басым астына түскенде, сиздиң өзиңизди қәйтип тутатуғыныңыз, яғный реакцияларыңыз сизиң негизги болмысыңызды ашып көрсетеди.

Бәлким, сизиң жайыңыз бес этажлы, бәлент ҳәм әжайып шеберлик пенен безетилген гөззал сарай шығар. Бирақ та егер ол қумның үстине салынған болса, онда ол ҳаўа-райы жақсы ҳәм суў тасқыны жоқ ўақытлары әжайып, салтанатлы ҳәм уллы болып көринип турады.

Сизиң сарайыңыздың қасында бир этажлы әпиўайы жай турыпты дейик. Ол ҳеш көзге түспейди. Сизиң гөззал ҳәм бәлент сарайыңыздың қасында, ол улыўма сықылсыз болып көринип турады. Бирақ та ол көзге көринбей турған бир беккем нәрсениң үстине, яғный тастың үстине қурылған.

Даўыл ҳәм суў тасқынлары бул үйлерге келемен дегенше, бес этажлы жай әжайып болып көринип турады. Бирақ даўыл ҳәм суў тасқынлары оларды соққылағанда, бес этажлы жай қулап, қатты қыйралып қалады. Ол күшли емес даўылларға шыдам берсе де, бирақ күшли даўылларға шыдам бере алмайды. Ал әпиўайы бир этажлы жай қуламайды. Жай қанша бәлент болса, оның қулаўы да сонша жаман болады ҳәм сонша көзге түседи.

Жәмәәттеги гей бир адамлар Филип Кесариясында Ийсаға тез жуўап берген адамларға уқсайды. Олар аўыр сынақлар келгенде, орынларында беккем тура алмай, қулайды. Сыртынан қарағанда, олар бес этажлы бәлент жайдай, күшли, беккем ҳәм гөззал болып көриниўи мүмкин. Олар, ҳәтте, бир неше ҳәлсиз сынақларға да шыдам берген болыўы мүмкин. Бирақ ҳақыйқый күшли сынақлар келген ўақтында, олардың негизги ҳалаты айқын көринеди.

Сонлықтан өз-өзиниңизди тексерип көриңлер! Өзлериңизге мына сораўларды берип, оларға анық жуўап бериң:

1) Сиздиң өмириңиз адамлардың пикирлериниң үстине қурылмаған ба? Сиз өз өмириңизди адамлардың гәп-сөзлериниң үстине қурып жүрген жоқсыз ба?

2) Сиз, ырастан да, өз өмириңизди Қудай ашылысының

үстине, яғный Мухаддес Руўхтың сизге ашып берген сөзиниң үстине қурғансыз ба?

Жаратқан Ийени излеўди даўам етиң ҳәм жүрегиңизге қулақ салың. Өмириңизди басқа адамлардың ислери ҳәм гәплери үстине қурмаң. Қудайды излең ҳәм Оның сизиң жүрегиңизге ашып берген ашылысы үстине өмириңизди қурың!

# ДУШПАН ЖОҚ ҚЫЛЫЎ УШЫН СИЛКИЙДИ. ҚУДАЙДЫҢ МАҚСЕТИ БАСҚА.

Мен «Шайтанның жемтиги» атлы китап ушын Қудайға алғыс айтаман. Мен өмиримде үзилкесил өзгерис болыўы ушын ораза услап, дуўа еткен едим. Қудай маған бул китапты жиберди ҳәм ол мени түптен өзгертип жиберди. Мен бул китапты Қудай хызметиндеги барлық жетекшилерге усыныс етемен.

– С. П., НОВАЯ ЗЕЛАНДИЯ

# 8 БАП

# ШАЙҚАЛАТУҒЫН ҲӘММЕ НӘРСЕ ШАЙҚАЛАДЫ, СИЛКИНЕТУҒЫН ҲӘММЕ НӘРСЕ СИЛКИНЕДИ

***Қудай Синай таўында сөйлегенде, Оның даўысы жерди силкиндирип жиберген еди. Ол тағы да: «Және бир мәртебе тек жерди емес, ал аспанды да силкиндиремен», – деп ўәде берген еди. «Және бир мәртебе» деген сөзлер силкинбейтуғын нәрселердиң мәңгиге қалыўы ушын, силкинетуғын нәрселердиң, яғный жаратылған нәрселердиң жоқ болатуғынын аңлатады.***

**– ЕВРЕЙЛЕРГЕ 12:26-27**

Өткен бапта бизлер мына шынлықты анықлап алған едик: Ийса Өз Жәмәәтин беккем тийкардың үстинде көтереди ҳәм бул тийкар Қудайдың Сөзи, Қудайдың ашылысы! Бизлер басқа ҳәмме шәкиртлердиң қапа болып ҳәм азғырылып, Ийсаның қасынан кетип қалған ўақытларында да, Шимон

Петрдиң Ийсаның жанында қалғанын көрген едик. Ҳәтте, Ийса оған да кетиўге имканият берди, бирақ Петр жүрегинде беккем орналасқан сөзлер менен Оған жуўап берди.

Келиңлер, енди Шимон Петрдиң басынан өткен екинши сынақты көрейик. Бул Ийса қолға услап берилген түнде болған еди.

Ийса Өзиниң он еки шәкирти менен бирге кешки аўқатты жеп, Қудайды алғыслап отырған еди. Күтилмегенде, Ийса оларға таң қалдырарлық бир нәрсени айтты:

> «Мени сататуғын адамның қолы Мениң қолым менен бирге дәстүрханда. Адам Улы Қудай алдын ала белгилегендей баратыр. Бирақ Оған сатқынлық қылыўшы ҳәсирет шегеди!».
>
> – ЛУКА 22:21-22

Қандай мәлимлеме! Бүгинги күнде буны «бомба таслағандай болды» деп айтады.

Ийса Өзине сатқынлық қылатуғынын ең бастанақ билер еди, бирақ Оның шәкиртлери бул туўралы енди еситти. Ийса Өзи менен бәрқулла бирге жүрген сол он еки шәкиртиниң биреўи Оған сатқынлық қылатуғынын оларға айтқан гезде, оларды қандай қорқыныш бийлеп алғанын көз алдыңызға келтире аласыз ба?

> «Шәкиртлер бир-биринен: – Бул исти ислейтуғын қайсысымыз? – деп сорай баслады»
>
> – ЛУКА 22:23

Олар өзлериниң арасында сатқынлық қыла алатуғын биреўдиң барлығына ҳайран болған еди. Бирақ дәрҳал оның ким екенин анықлаў қәлеўи натуўры болған еди. Буны олардың сөзи қәйтип жуўмақланғанына қарап билиўимизге болады. Сатқынның ким екенлигин дәрҳал анықлаў қәлеўи менменликтен ҳәм өзлерин көбирек сүйиўден келип шыққан еди. Себеби кейинги аятта жазылған мына ўақыяға қараңлар:

> «Шәкиртлер арасында қайсысының ең уллы болып есапланыўы керек екени ҳаққында бир тартыс та пайда болды».
>
> – ЛУКА 22:24

Көз алдыңызға келтириңлер: Ийса оларға: «Мени тез арада бас руўханийлердиң қолына тапсырады. Олар Мени өлтириў ушын римлилердиң қолына тапсырады. Римлилер Мени масқаралайды, жүзиме түкиреди, қамшылап сабайды ҳәм атанақ ағашқа шегелеп өлтиреди. Бирақ Мени оларға сатып беретуғын адам сизлердиң араңызда Мениң менен бирге бир табақтан аўқат жеп отыр», деди.

Шәкиртлер буны еситкенде, дәслеп сатқынның ким екенлигин анықлаўға урынып баслады, бирақ кейин дәрҳал «Қайсысымыз уллымыз» деген тартысқа өтти. Олар өзлерин дым жаман тутқан еди олар мийрасқа таласып атырған кишкене балалар сыяқлы еди. Олардың Ийса менен улыўма жумысы жоқ еди, олар тек ҳәкимият пенен лаўазымға бар күши менен умтылып атырған еди. Не деген эгоизм!

Егер де мен Ийсаның орнында болғанымда, олардан: «Ҳәй, сизлер өзи мениң айтқан нәрсемди еситтиңлер ме? Сизлердиң мениң менен кишкене болса да жумысыңыз бар ма?» деп сораған болар едим. Бул жерде бизлер Устаздың Өз шәкиртлерине қаншелли сабырлылық ҳәм қаншелли сүйиспеншилик пенен қатнас қылғанына үлги көремиз. Егер де бизлер Ийсаның орнында болғанымызда, көпшилигимиз: «Болды! Қәне, көзимнен жоқ болыңлар! Мен басымнан өтежақ уллы азаплар туўралы сизлерге айтсам, сизлер тек қайсысыңыз уллы болатуғыныңыз туўралы ойланып атырсызлар!» деген болар едик. Қапа болыў ушын қандай имканият!

Қайсы шәкирти бул тартысты баслағанын бизлер шамалап тапсақ болады Шимон Петр. Себеби ол шәкиртлердиң арасында басқарғысы келип, әдетте, биринши болып сөз баслайтуғын еди. Бәлким, ол басқаларға: «Билесиз бе, мен де Ийем сыяқлы суў

үстинен жүргенмен», деп, я болмаса: «Ийсаның тири Қудайдың Улы Масийх екенлиги ҳаққында ашылысты ең биринши мен алдым», деп тезтезден еслетип турған болыўы мүмкин. Және де, таўдың басында Ийсаның түр-түси өзгергенин ҳәм Муўса менен Илиясты көргенлигин де айтқан болыўы мүмкин.

Петр қурыданқуры өзин он еки шәкирттиң арасында ең баслысыман деп ойлаған жоқ. Бирақ оның бул *исеними* сүйиспеншилик үстине емес, ал менменлик үстине қурылған еди.

Ийса оларға қарап, олар өзлерин Патшаның уллары сыяқлы емес, ал әпиўайы дүньяның адамлары сыяқлы тутып атырғанлығын айтты:

> «Миллетлердиң патшалары өз халықлары үстинен үстемлик етеди, оларға бийлик етиўшилер «халықтың қайырқомлары» деп аталады. Бирақ сизлер бундай болмаңлар. Керисинше, араңызда ең үлкен болған ең кишидей болсын, басшы да хызметшидей болсын. Қайсы бири уллы: дәстүрхан басында отырған ба ямаса хызмет етип турған ба? Дәстүрхан басында отырған емес пе? Бирақ Мен сизлердиң араңызда хызметшидеймен».
>
> – ЛУКА 22:25-27

## ЕЛЕКТЕН ӨТКИЗИЎДИҢ ЯМАСА КЕПШИК ПЕНЕН ЖЕЛПИЎДИҢ МАҚСЕТИ

Шимон Петр Ийсаның Ким екенлиги туўралы ашылысты алғаны менен, ол еле Масийхтың кишипейиллигине ийе емес еди. Ол өзиниң өтмиштеги жеңислерин ҳәм менменшиликлерин «қурылыс материаллары» сыяқлы пайдаланып, солардың тийкарында өз өмирин ҳәм хызметин қурмақшы еди. Елши Павел: «Тийкар бул Ийса Масийх!» деп жәриялайды ҳәм бул Тийкардың үстине масийхыйларды дурыс өмир қурыўға шақырады:

> «Қудайдың өзиме берген мийрими менен, мен уста қурыўшы сыяқлы тийкар салдым. Басқалары усы тийкардың үстине имарат салмақта. Бирақ, ҳәр бир адам қалай салып атырғанына дыққат аўдарсын. Өйткени ҳеш бир адам салынған тийкардан басқа, яғный Ийса Масийхтан басқа бир тийкар сала алмайды. Усы тийкардың үстине адамлар алтыннан, гүмистен, ҳасыл таслардан, ағаштан, пишеннен ямаса сабаннан имарат салады. Деген менен, ҳәр бир адамның ислеген иси ақырзаманда ашылып, отта белгили болады. Себеби ҳәр бир адамның исиниң қандай екенлигин от сынап береди. Кимниң салғаны отқа шыдаса, ол сыйлық алады. Ал шыдамай жанып кетсе, зыян көреди».
>
> – 1-КОРИНФЛИЛЕРГЕ 3:10-15

Шимон Петр Қудай Патшалығына керекли материалларды емес, ал адамның өзөзине деген исенимине тийкарланған материалларды пайдаланып атырған еди. Оның характери Қудай Патшалығы ушын өзгериўи керек еди. Ҳәзирше ол өзиниң «өмирдеги менменлигине» сүйенип атырған еди (1-Юхан 2:16).

Менменлик ҳеш қашан оған Масийхтағы өз хызметин орынлаўға жол қоймаған болар еди. Егер де ол өз менменлигин жоқ қылмағанда, ақырсоңында, менменлик оны жоқ қылған болар еди. Менменлик Люцифердиң ең баслы гүнасы еди. ОлҚудайдың майланған бас периштеси болса да, менменлик оның басына жетти (Езекил 28:11-19). Енди Ийсаның Шимон Петрге не деп айтқанына нәзер таслайық:

> «Шимон, Шимон! Адамлардың бийдайды кепшик пенен желпигени сыяқлы, шайтан сизлерди сынаў ушын рухсат сораған еди».
>
> – ЛУКА 22:31

Менменлик душпанның келип, Шимон Петрди «електен өткизе» алыўы ушын, оған есикти ашып берди. Бул жерде

грекше *синиазо* деген сөз қолланған болып, ол қарақалпақ тилине «електен өткизиў ушын шайқаў ямаса силкиў» деген деп аўдарылады. Руўхый мәнисте «Биреўдиң исенимин ақырына шекем сынаў ушын, оның ишки дүньясын қатты шайқаў, қатты силкиў» дегенди билдиреди.

Егер де Ийса ҳәзирги замандағы исениўшилер сыяқлы пикир жүргизгенде, онда Ол: «Туўысқанлар! Келиңлер, шайтанның бул ҳүжимин байлайық. Сүйикли туўысқанымыз Шимонға шайттанның бир нәрсе ислеўине жол қоймайық!» деген болар еди. Бирақ Ийсаның қандай ис тутқанына дыққатымызды қаратайық:

> «Бирақ Мен исенимиң таўсылмасын деп, сен ушын дуўа еттим. Сен Маған қайтып келгениңде, туўысқанларыңның исенимин беккемле».
>
> – ЛУКА 22:32

Шимон Петр бул силкиў нәтийжесинде қулаўы мүмкин еди. Бирақ Ийса: «Шимон Петр силкиўге түспесин» деп дуўа еткен жоқ. Ал Ол бул сынақлар гезинде Петрдиң исеними таўсылмаўы ушын дуўа етти. Бул сынақлардың нәтийжесинде Петрде жаңа характер пайда болатуғынын ҳәм тек соннан кейин ғана ол шақырылған хызметин орынлай алатуғынын, сондайақ, туўысқанлардың исенимин беккемлей алатуғынын Ийса билетуғын еди.

Шайтан Шимон Петрди исенимнен айырыў ушын, оны сондай күшли дәрежеде силкиўге рухсат сорады. Душпанның нийети үлкен имканиятларға ийе Шимон Петрди жоқ қылыў еди. Бирақ Қудай бул силкиўлер қандай нәтийжелерге алып келетуғынын толық билер еди. Қудай ҳәр дайым шайтанның жаман режелерин алып, оларды жақсылыққа айландырады. Қудай Шимон Петрдиң ишинде силкиниўи *тийис болған* барлық нәрсени силкиўге душпанға рухсат берди.

Қудай мениң ҳаялым Лизаға не ушын исениўши усындай

силкиўлерге түсетуғынының бес мақсетин көрсетти:

- Исениўшиниң негизин Тийкар үстинде еле де беккемлеў ушын.
- Өлген нәрселерди жоқ етиў ушын.
- Пискен барлық зүрәәтти жыйнап алыў ушын.
- Оятыў ушын.
- Бөлинип кеткен нәрселерди қайтадан қосып бириктириў ушын.

Эгоизм ямаса менменлик үстине қурылған ҳәр қандай ой-пикир ямаса қарымқатнас тазаланыўдан өтеди. Бул күшли силкиўлердиң нәтийжесинде Шимон Петрдиң ҳәр қандай өзимшиллиги жоқ болды ҳәм тек жалғыз Қудайдың беккем тийкары ғана қалды. Ол өзиниң негизги ҳалатын түсинди, өлген нәрселер жоқ қылынды, ал пискен зүрәәт жыйнап алынды. Ол тийкар үстине еле де беккем негиз салды. Ол енди өз мәпи ушын ҳәрекет қылмайтуғын болды, ал Қудайға шын жүреги менен толық исенетуғын ҳәм бойсынатуғын болды.

Алдын Петр Ийсаның сөзине бар күши менен қарсыласқан еди: «Ийем, мен Сениң ушын түрмеге де, өлимге де барыўға таярман». Бирақ оның бул сөзлери Мухаддес Руўхтан емес, ал оның өзимшиллигинен шыққан еди. Ол өзинде ҳеш дақ көрмес еди.

## ЯҲУДА ҲӘМ ШИМОН

Гей биреўлер Петрди сөйлемшек ҳәм қорқақ болған деп ойлайды. Бирақ Гетсемани бағына Ийсаны қолға алыў ушын әскерлер келген ўақытта, Петр қолына қылышты алып, бас руўханийдиң қулының қулағын шаўып таслайды (Юхан 18:10). Егер ол қорқақ болғанда, өзлеринен көп болған әскерлер топарына ҳүжим қылған болар ма еди? Петр күшли адам болған, бирақ бул Қудайдың кишипейиллиги емес, ал оның адамлық күши еди. Себеби ол еле силкиўден өткен жоқ еди.

Ҳәммеси Ийсаның айтқанындай болды. Ийса ушын өлиўге таяр, көп әскерлерге ҳүжим қылып, бир адамның қулағын шаўып таслаған сол Шимон Петр кишкене бир хызметши ҳаял менен дусласады. Шимон оннан қорқып, Ийсаны улыўма танымайтуғынлығын айтады.

Көп адамлар тек үлкен қыйыншылықлар ғана адамды сүрниктире алады деп ойлайды. Бирақ көбинесе дым кишкене тосқынлықлар адамды сүрниктиреди ҳәм адамның өзимшиллигин шылпәрше қылып, ҳәлсизлигин ашып таслайды.

Кейин Петр Ийсадан және еки мәрте танады. Қораз шақырған гезде, Петрдиң есине Ийсаның айтқан сөзи түседи ҳәм ол сыртқа шығып, өкирип жылайды. Оның барлық өзимшиллиги шылпәрше болған еди ҳәм енди онда қайтадан тиклене алатуғынына үмит те қалмаған еди.

Шимон Петр ҳәм Исқариотлы Яҳуда бир-бирине көп жағынан уқсап кетеди. Ийса аўыр сынақлардан өтип атырғанда, олардың екеўи де Оннан бас тартып кетеди. Бирақ та олар екеўиниң арасында аспан менен жердей парық бар.

Яҳуда ҳеш қашан Шимон сыяқлы Ийсаны еле де жақынырақ таныўға тырыспаған. Яҳуда Ийсаны өзиниң тийкарына айландырмаған. Сырттан қарағанда, ол тап Ийсаны сүйетуғындай еди, себеби Ол Ийсаның изинен ериў ушын барлық нәрсесин қалдырды ҳәм бәрқулла Оның менен бирге жүрди, ҳәтте, қуўдалаўлар ўақтында да Оның қасында болды. Сондай-ақ, ол жинлерди қуўды, аўырыўларға шыпа берди ҳәм Хош Хабар жәриялады. (Ядыңызда ма, Ийса Хош Хабар жәриялаў ушын, аўырыўларға шыпа берип, жаўыз руўхларды қуўыў ушын, он бир шәкиртин емес, ал он еки шәкиртин жиберген еди). Бирақ Яҳуда Ийсаны сүйгени ушын ямаса Ийсаның Ким екенлигин таныған ушын Оның изинен ерген жоқ еди.

Яҳуданың ең бастан-ақ өзиниң басқа мақсетлери, басқа жобалары бар еди. Оның өзиниң жасырын мәплери бар еди, бирақ ол бул жасырын мәплери ушын ҳеш қашан тәўбе еткен

емес. Оның мына сөзлери арқалы оның негизги нийетлерин анықласақ болады:

> «Ийсаны сизлерге услап берсем, маған не бересизлер?».
>
> – МАТТА 26:15

Ол өзиниң жасырын мәплери ушын өтирик сөйлеп, жағымпазлық қылар еди (Матта 26:25). Ол Ийсаның хызмети ушын арналған пуллардан өзи ушын урлап алатуғын еди (Юхан 12:4-6). Яҳуданың бундай жаман әдетлерин еле де даўам етсек болады. Ол Ийемиздиң жанында үш ярым жылдай бирге жүрген болса да, Оны ҳеш қашан танымаған.

Петр де, Яҳуда да, ислеген иси ушын қатты өкинди. Бирақ Петрде болған беккем тийкар Яҳудада жоқ еди. Яҳуда Ийсаны жақыннан таныўға ҳеш қашан урынбағаны ушын, Ийемиз оған ашылмаған еди. Егер де Яҳуда Ийсаның Ким екенлиги туўралы ашылыс алғанда, ол ҳеш қашан Оған сатқынлық қылмаған болар еди. Оның өмирине күшли боран, күшли силкиў келген ўақытта, оның өмириндеги барлық нәрсе шайқалып, күлталқан болды! Не жүз бергенине дыққат қаратың:

> «Сонда Ийсаға сатқынлық қылған Яҳуда Оның жазаға ҳүким етилгенин көрип өкинди де, алған отыз гүмис теңгени бас руўханийлер менен халық ақсақалларына қайтарып берип: – *Мен сатқынлық қылдым. Айыпсыз қанды төктирип, гүна иследим,* – деди. Олар оған: – Бизлерге не? Өзиң бил, – деди. Сонда Яҳуда гүмисти Ибадатхананың ишине ылақтырып таслады да, сыртқа шығып кетип, *асылып өлди».*
>
> – МАТТА 27:3-5

Ол өзиниң гүна ислегенин аңлап жетти ҳәм буған қатты өкинди. Бирақ ол еле Масийхты танымайтуғын еди. Ол Кимди сатқаны туўралы улыўма түсиникке ийе болмады. Ол

тек: «Мен айыпсыз Қанды төктим», деди. Егер де ол Шимон Петр сыяқлы Масийхты танығанында, ол Қудайдың соншелли ийгиликли екенлигин билип, Оған қайтып айланып келер еди ҳәм тәўбе етер еди. Оның өзин-өзи асып өлтириўи де оның өмириниң Қудайдың мийриминен айырылған өмир екени ҳаққында және бир дәлил болады. Бул күшли сынақ (күшли силкиў) соны көрсетти: ол Ийсаның изинен үш ярым жыл ерип жүрген болса да, оның өмиринде ҳеш қандай тийкар елеге дейин пайда болмаған.

Масийхыйшылықты қабыл еткен жүдәжүдә көп сандағы адамлар «тәўбе етиў дуўасын» оқыған, жәмәәтлерге келген ҳәм Мухаддес Китапты оқып, жәмәәтлердиң актив ағзалары болып жүрген. Деген менен, олардың көпшилиги Масийхтың негизинде Ким екенлигини ҳаққында улыўма ашылыс алмай-ақ кетеди (олар, ҳәтте, Ийса Масийхты «Қутқарыўшым ҳәм Ийем» деп аўызлары менен айтқанына қарамастан). Сонлықтан да олардың өмирине күшли сынақлар, күшли силкиўлер келгенде, олар азғырылыўға түседи, Қудайға қапа болады ҳәм Оның изинен ериўди тоқтатады.

Мен сондай адамлардың: «Қудай мениң ушын ҳеш нәрсе қылған жоқ! Мен масийхый болыўға ҳәрекет еттим, бирақ өмирим қайта жаман болып кетти» деген сөзлерин ямаса: «Мен дуўа етип, Қудайдан бир нәрсе сорап едим, бирақ Ол ҳеш қандай жуўап берген жоқ!» деген сөзлерин өз қулақларым менен еситттим. Бундай адамлар өз өмирлерин Ийсаның аяқлары алдына ҳеш қашан қоймаған адамлар. Олар тек өзиниң жасырын мәплери ушын Оның изинен ерген. Олар Ийсаға хызмет етиў арқалы өз мәпине ерисемен деп ойлаған, соның ушын, олар сынақ ўақытларында азғырылыўға түседи ҳәм Оған қапа болады. Мине, бундай адамлар туўралы Ийемиз мынадай сүўретлеме береди:

> «Базылар таслақ жерге себилген туқымларға уқсайды. Олар сөзди еситкен ўақытта-ақ оны қуўаныш

> пенен қабыл етеди. Бирақ тамырсыз болғанлықтан турақсызлық етип, сөз ушын азап шегиўге ямаса қуўдаланыўға туўра келгенде, *тез исенимнен қайтады (азғырылыўға түседи)».*
>
> – МАРК 4:16-17

Олардың не ушын тез исенимнен қайтатуғынын (азғрылыўға түсетуғынын) байқадыңыз ба? Ҳеш қандай тамырға (тийкарға) ийе болмағаны ушын! (Грек тилинде «исенимнен қайтады» деген сөз «нашүкир ҳәм наразы болады, қапа болып ғәзепленеди, сүрнигип қулайды» деген мәнислерди береди).

Бизлер не нәрсеге тамыр урыўымыз керек? Бул сораўға жуўапты Ефеслилерге жазылған хаттың 3:16-18 аятларынан таўамыз: «Бизлер сүйиспеншиликке тамыр урып, тийкар салыўымыз керек. Қудайға деген сүйиспеншилигимиз бизлердиң тийкарымыз болыўы керек.

Ийемиз былай дейди: «Documentaры ушын өз жанын берген адамның сүйиспеншилигинен артық сүйиспеншилик жоқ» (Юхан 15:3). Бизлер кимгедур исенбесек, оның ушын жанымызды бере алмаймыз. Егер бизлер Қудайды жетерли дәрежеде танымасақ, Оған исене алмаймыз. Ал Оған исене алмасақ, онда Оның ушын жанымызды да бере алмаймыз. Сонлықтан бизлер Қудайды, Оның тәбиятын ҳәм Оның характерин жақыннан таныўымыз ҳәм билип барыўымыз керек. Ол бизлерге зыян тийгизиў ушын ҳеш қандай жаман нәрсе қылмайды. Буған исенимимиз кәмил болыўы керек!

Жаратқан Ийе бизлер ушын бәрқулла тек бизлерге пайда алып келетуғын нәрселерди излейди. Егер бизлер исенимимизди жойтып алмасақ, бизлер ушын утылыстай болып көринген нәрселер де, ҳәр дайым жақсылыққа қарай бағады. Қудай сүйиспеншилик! Қудайда ҳеш қандай эгоизм ямаса жаманлық жоқ! Бизлерди жоқ қылыўға ҳәрекет қылатуғын бул шайтан.

Көбинесе, бизлер өмирлик жағдайларымызға ҳәзирги турған нуқтамыздан ғана қараймыз, сонлықтан ҳақыйқый картинканы

толық көрмеймиз. Қудай болса, бизлердиң сынақларымызға мәңгиликтен қарап турады. Егер бизлер өз жағдайларымызға тек өз нуқтамыздан ғана қарасақ, онда еки нәрсе жүз бериўи мүмкин.

Биринshиден, Қудайдың тазалаўынан өтип атырып, бизлер Қудайға ямаса Оның хызметкерлерине аңсат өкпелеп қалыўымыз мүмкин. Екиншиден, душпан бизлерди аңсат өз алдаўына түсириўи мүмкин. Шайтан бизлерди тап ҳәзир «дурыстай» болып көринип турған нәрселерге қарай ийтермелейди, бирақ оның ақырғы мақсети бизлерди қулатыў ямаса набыт қылыў. Бизлер Қудайға беккем исенимде турғанымызда, Оның ғамқорлығынан бир сәтте маҳрум болмаймыз. Бизлер өзлеримизге өзлеримиз ғамқорлық етиў азғырылыўына түспеймиз.

## ҚУДАЙДЫҢ ХАРАКТЕРИНЕ СҮЙЕНИЎ

Душпан бизлерге Қудайдың характерин натуўры ҳалда жеткизгиси келеди. Қудайдың садықлығына гүман туўдырыў ушын бул оның қолланатуғын усылларының бири. Ол Эдем бағында усы усылдан пайдаланған еди. Ол Ҳаўа енеден былай деп сорады:

> «Ҳақыйқаттанда да, Қудай бағдағы ҳеш *бир теректиң миййўесинен жемең деди ме?».*
>
> – ЖАРАТЫЛЫС 3:2

Ол Қудайдың характерин натуўры (бузылған) ҳалда көрсетиў ушын, Қудайдың буйрығын натуўры (бузылған) ҳалда жеткизди.

Қудай негизи Адам атаға мынадай буйрық берген еди:

> «Сен бул бағдағы *қәлеген терегиңниң миййўесинен жей аласаң.* Бирақ жақсылық ҳәм жаманлықты билиў терегинен жеме, жесең сөзсиз өлесең».
>
> – ЖАРАТЫЛЫС 2:16-17

Басқаша сөз бенен айтқанда, жылан Ҳаўа енеге: «Қудай сизлерден барлық жақсы нәрселерди жасырып қойыпты», деди.

Ал Қудай буйрық бергенде: «Сен ҳәмме тереклердиң мийўелеринен жей аласаң, тек бир теректиң мийўесинен жеме», деген еди. Қудай адамзатқа пүткил Эдем бағын олардың рәҳәтлениўи ушын берген еди ҳәм тек бир теректиң мийўесинен басқа барлық тереклердиң мийўесинен жеўге рухсат берди.

Жылан мынадай жалғанларды Ҳаўа енеге айтыўы арқалы, оған Қудайдың характерин бузылған ҳалда көрсетти: «Қудай негизи сизлерге ғамқорлық қылмайды. Қараңлар, Ол сизлерден ең жақсы нәрсени жасырып қойыпты! Демек, сизлер ойлағандай, Ол сизлерди ондай жақсы көрмейди. Шамасы, Ол ондай жақсы Қудай емес!»

Ҳаўа ене алданып, Қудайдың характери туўралы айтылған өтирикке исенди. Соннан кейин онда гүна ислеўге қәлеў оянды. Себеби Қудайдың сөзи оның ушын өмир емес, ал бир қадаған етиўши нызамға айланды. Ал «Гүна өз күшин нызамнан алады» (1-Коринфлилерге 15:56).

Душпан бүгин де сондай етип ҳәрекет қылады. Ол Қудай Әкениң әжайып характерин Оның балаларына бузылған ҳалда көрсетеди. Бизлердиң ҳәммемиз бизлердиң үстимизден бийликке ийе болған адамларға: әкелеримизге, муғаллимлеримизге ямаса баслықларымызға бойсынамыз. Олардың гей биреўлери эгоист, тас баўыр ямаса бизлерди сүймейтуғын болыўы мүмкин. Бул адамлар бизлердиң үстимизден бийликке ийе болғаны ушын, ҳәммениң үстинен бийликке ийе Қудайдың характерин олардың характерине аңсат уқсатып қалыўымыз мүмкин. Душпан бизлердиң жерлик әкелеримиздиң образын бузыўы арқалы, Аспандағы Әкемиздиң характерин шеберлик пенен бизлерге бузылған ҳалда көрсетеди. Қудай былай дейди:

> «Мен келип, пүткил елди ғарғап, жоқ қылмаўым ушын, ол әкелердиң жүреклерин балаларына, балалардың жүреклерин әкелерине қаратып, жарастырады».
>
> – МАЛАХИЯ 4:6

Қудайдың характери ҳәм тәбияты Оның хызметкерлериниң характеринде көринип турыўы керек. Сонда бул басланған шыпадан дерек берип турады.

Қудай сизге зыян келтириў ямаса сизди өлтириў мақсетинде ҳеш нәрсе қылмайды. Сизиң өмириңизде Ол не қылса да, бәрин сиздиң ең жоқарғы ийгилигиңиз ушын ислейди. Сиз бул ҳақыйқатлықты түсинген ўақтыңызда, өзиңизди толығы менен Оған бағышлай аласыз ҳәм қуўаныш пенен өз жаныңызды Жаратқан Ийе ушын бере алатуғын боласыз.

Егер сиз өзиңизди толығы менен Ийсаға берип, Оның ғамқорлығында жасап атырған болсаңыз, онда сиз азғырылыўға түспейсиз ҳәм өкпелемейсиз. Себеби сиз енди өзиңизге емес, ал Ийсаға тийисли боласыз. Өкпе ҳәм түңилиўшилик руўхында жүрген адамлар кимлер? Олар, көбинесе, Ийсаның Жүзин емес, ал қолын излеп Оған келген адамлар болады. Олар Ийсаға: «Ийем, Сениң ушын не ислейин?»  деўдиң орнына: «Ийем, мениң ушын не ислейсең?»  дейди.

Егер Ийсаға сондай қатнас жасайтуғын болсақ, онда тез арада үлкен түңилиўшиликке түсетуғынымыз анық. Дыққатымыз тек өзөзимизге қарап турса, бизлер узақты көре алмайтуғын кеселликке шатыламыз. Нәтийжеде, бизлер өмиримизде болып атырған жағдайларға исеним көзлери менен қарай алмайтуғын болып қаламыз. Өмиримиз ҳақыйқаттан да Ийсада жасырылған ўақытта, бизлер Оның характерин түсинип, Оның қуўанышын бөлисе алатуғын боламыз. Сонда бизлер исенимде силкнинбеймиз, шайқатылмаймыз ҳәм қуламаймыз.

Егер жағдайларға қарап жуўмақ шығаратуғын болсақ, онда бизлер тез өкпелегиш боламыз. Бул Мухаддес Руўхтың көзлери менен қараўға жатпайды. Қудай маған көбинесе өзим

ойлағандай етип жуўап бермейди ямаса мен қатты күткен ўақытта жуўап жибермейди. Бирақ ҳәзир өткен өмириме ҳәм басымнан кешкен ўақыяларға қарасам, Қудайдың даналығын ҳәм ҳәммесин ең туўры жол менен шешкенин көремен.

Бизлер балаларымызға тәрбия бергенде, оларға ең жақсы тилеклер менен ҳәм ең жақсы усыллар менен тәрбия беремиз, бирақ гейде олар буны түсинбейди. Балаларымыз үлкейинкирегенде, олардың пайдасы ушын сондай ис тутқанымызды оларға түсиндириўге ҳәрекет қыламыз. Гейде олар бизлерди түсинбейди ямаса түсингиси келмейди. Себеби олар еле жас. Бирақ олар өседи ҳәм бир күни бизлерди түсинеди. Гейде бизлер олардың қулақ салғышлығын, сүйиспеншилигин ямаса ержеткенлигин тексерип көргимиз келеди. Бизлердиң Аспандағы Әкемиз бенен қарымқатнасымыз да соған уқсайды. Исеним руўхына ийе адам Қудайдың нийетин түсинбеген гезлери де, Оған былай дейди: «Әке, мен сениң нийетлериңди түсинбей турман, бирақ бәрибир Саған исенемен ҳәм қулақ саламан!»

Еврейлерге жазылған хаттың 11 бабында бизлер көп ғана исеним қаҳарманлары туўралы оқыймыз. Олардың гейбиреўлери өз өмирлеринде Қудайдың ўәделериниң орынланғанын көрмесе де, бәрибир исенимде ақырына дейин беккем қалғанлығын көремиз:

> «Исеними себепли, ҳаяллар өз марҳумларын тирилген ҳалда қайтарып алды. Ал айырымлары еле де жақсырақ тирилиўге ерисиў ушын, азатлықтан ўаз кешти ҳәм азапланып өлтирилди. Және гейбиреўлери масқараланып, қамшы жеди, ҳәтте, шынжырлар менен байланып, қамаққа салынды. Исеними себепли, олар тас пенен урылды, пышқы менен кесилип екиге бөлинди, қылыштан өткерилип өлтирилди. Қой ҳәм ешкиниң терилерин жамылып, сергиздан болып жүрди, жоқшылықта жасады, қыйыншылықларға ушырады ҳәм хорлық көрди.

> Дүнья бул адамларға ылайық емес еди! Олар шөллерди, таўларды, үңгирлерди ҳәм төлелерди гезип себил болды. Олардың ҳәммеси де исеними себепли Қудай тәрепинен хошаметленген болса да, *ўәде етилгенди алмады».*
>
> – ЕВРЕЙЛЕРГЕ 11:35-39

Олар өз өмирлеринде былай деп шешим қабыл еткен: «Бизлердиң излегенимиз Қудай! Оған унаў ушын, қандай төлемлерди төлеўимиз керек болса да, төлеймиз!» Олар Қудайдың ўәделериниң орынланғанын көрмей дүньядан өтип атырған ўақытларында да, Оған беккем исенимде қалған. Оларды ҳеш ким ҳәм ҳеш нәрсе я азғыра алмаған, я өкпелете алмаған!

Егер бизлер де оларға уқсап Қудайға деген сондай күшли сүйиспеншиликке ҳәм исенимге ийе болсақ, онда бизлер Масийхқа терең тамыр урып, руўхый өскен масийхыйлар боламыз. Сонда даўыллар қанша күшли болса да, бизлерди исенимнен қозғалта алмайды. Бундай қәбилет адамның күшли еркинен келип шықпайды. Ал бул жоқарыдан келген мийрим сыйы болып, ол өзине исениўден толық бас кешип, тек Қудайға исениўди таңлаған ҳәр бир адамға бериледи. Бирақ сиз Қудайға толық сүйене алыўыңыз ушын, барлық нәрсени Өз қолларында услап турған Жаратқан Қудайды таныўыңыз керек.

## МИЙРИМ КИШИПЕЙИЛИЛЕРГЕ БЕРИЛЕДИ

Шимон Петр енди өз уллылығы менен мақтана алмайтуғын болды. Ол бурынғы оған тән болған өзөзине исениўшиликтен айырылған еди. Ол өз күшине исениўдиң бийҳуда екенлигин аттан анық көрди. Ол бурынғы менменликтен айырылып, кишипейил болған еди. Енди ол Қудайдың мийримин алыўға ең жақсы талабанға айланған еди. Себеби Қудай Өз мийримин кишипейиллерге береди. Кишпейиллик  Қудайдың мийримин

алыў ушын ең әҳмийетли шәрт. Кейин Петр өз хатын жазғанда, бул сабақты толық өзлестиргенлигин көремиз:

> «Ҳәй жаслар, сол сыяқлы сизлер де ақсақалларға бойсыныңлар. Ҳәммеңиз бир-бириңиз бенен кишипейил қатнаста болыңлар. Себеби: *“Қудай менменлерге қарсы турады, Бирақ кишипейиллилерге Өз мийримин береди”».*
>
> – 1-ПЕТР 5:5

Петр толық үмитсизликке түсип қалыўдан сәл қалды. Бизлер бул туўралы Қудайдың Периштесиниң қәбир басында Магдалалы Мәриямға айтқан сөзи арқалы көремиз:

> «Енди барып, Оның шәкиртлерине *ҳәм Петрге:* «Ол сизлерден бурын Галилада болады. Өзиниң айтқанындай, Оны сол жерде көресизлер», – деп айтыңлар, – деди»
>
> – МАРК 16:7

Периште Петрдиң бир өзиниң атын атап айтты. Себеби Петрдиң толық сынып кетиўине сәл қалып турған еди, бирақ оның ишинде Қудайдан берилген тийкар бар еди. Күшли силкиў себепли бул тийкар сынып кетпеди, қайта бурынғыдан да бетер беккемирек болды.

Ийса Петрди тек кеширип ғана қоймай, оны толық қайта тикледи. Күшли силкиўлерден кейин Петр жәмәәтти көтериўде ең баслы адамлардың бири болыўға таяр болды. Петр Масийхты атанаққа шегелеўге қатнасқан бас руўханийлердиң ҳәм үлкен аламанның алдында Масийхтың қайта тирилгенлигин батырлық пенен жәриялады. Енди ол бир хызметши қыз бенен емес, ал жоқарғы кеңес ағзалары менен жүзбе-жүз дусласыўға таяр еди. Ол халық ақсақалларының ҳәм бир неше мыңлаған халықтың алдында мәртликке ҳәм батырлыққа толып, бийлик пенен жүдә күшли ўаз айтты.

Тарийхтың айтыўынша, Петр узақ жыллар Қудайға садық хызмет етип болған соң, басы төмен қаратылған ҳалда атанақ ағашқа шегеленеди. Оны атанақ ағашына шегелейин деп атырғанда, ол: «Ийемиздей етип шегелениўге мен ылайықлы емеспен, сонлықтан мени басымды төмен қаратылған ҳалда шегелеңлер», дейди. Онда қорқыныш жоқ еди. Ол беккем тийкар болған Жартастың үстине қойылған тасқа айланған еди.

Жүрегиңизде Қудайға деген ямаса адамларға деген өкпе бар ма ямаса жоқ па? Өмир сынақлары буны анық ашып береди. Сынақлар сизиң жүрегиңизди қапашылыққа толтырыўы мүмкин (нәтийжеде, сиз Қудайға ҳәм жақынларыңызға қатты өкпелейсиз), ямаса сизди еле де руўхый күшлирек адамға айландырыўы мүмкин. Егер сиз сынаққа шыдап, оннан ылайықлы өтсеңиз, онда сиздиң исенимиңиз еле де тереңлесип, еле де руўхый өсесиз ҳәм еле де жарқынырақ келешекке ийе боласыз. Ал егер өте алмай қалсаңыз, онда жүрегиңиз өкпеге толады ҳәм бул сизди исенимнен қулаўға алып келеди.

## ИЙЕМ, МЕН САҒАН ХЫЗМЕТ ЕТТИМҒО, БИРАҚ СОНДА НЕГЕ...?

Мен шопан болған ўақтымда, жас өспиримлер топарында бир он төрт жасар бала бар еди. Оны දослары да, жәмәәт жетекшилери де ҳүрмет қылатуғын еди. Ол әжайып, табыслы шәкирт еди. Ол өз ықтыяры менен Қудайдың хызметлерине ҳәм жәмәәттиң ҳәр бир проектине берилип кирисетуғын еди. Арасында ол бизлер менен елшилик сапарларға да шығар еди ҳәм дусласқан ҳәр бир адамына гүўалық айтар еди.

Ол бир рет күнине төрт сааттан дуўа ете баслады. Ол Қудайдан көп ашылыслар алып, ашылыслары менен басқалар менен бөлисетуғын еди. Оның бөлискен нәрселери ҳәр дайым жарылқаў болар еди. Ол өзиниң Қудай хызметине шақырылғанын билип, он тоғыз жасқа шықпай турып шопан болғысы келетуғын еди. Ол беккем жартасқа уқсайтуғын еди.

Мен бул жас жигитти сүйетуғын едим. Мен оның өмириндеги Қудайдың майланыўын тән алып, ол ушын ҳеш ўақтымды аямайтуғын едим. Бирақ мени бир нәрсе тынышсызландыратуғын еди: ол өзине дым көп исенер еди. Бул туўралы оған айтпақшы болдым, бирақ бунын еле ўақты емес еди. Ол бир неше мәрте күшли даўыллардан өтти, бирақ исенимде беккем турыўын даўам етти. Оның күшли сынақлардан жақсы өтип атырғанлығын көрип: «Бәлким, мен қәтелесип атырған шығарман», деп ойлайтуғын едим.

Арадан бир неше жыллар өтти. Ол басқа жерге көшип кетти, ал мен көп саяхатларда болдым. Бирақ бизлер бирбиримиз бенен байланысып турар едик. Мен оның қыйналыў ҳәм сыныўларды басынан өткизетуғынлығын сезер едим. Бул жүз бериўи керек нәрсе еди, бирақ буның қәйтип болатуғынлығы туўралы улыўма түсинигим жоқ еди. Ол Қудайдың оның ушын белгилеп қойған өмирине ҳәм хызметине кириўи ушын, сынақлардан өтиўи тийис екенлигин ғана билер едим. Бул тап Шимон Петрди силкиўге салған сынаққа уқсас сынақ болыўы тийис еди.

Солай етип, ол он сегизге шыққанда, оның әкеси рактың емсиз түрине шалынды. Әкесиниң шыпа табыўы ушын, ол анасы менен бирликте ораза услады ҳәм дуўа етти. Оларға қосылып, басқа исениўши туўысқанлар да дуўа етти. Оның әкесиниң тәўбе етип, өмирин Ийсаға бағышлағанына бир неше айлар ғана болған еди.

Әкесиниң жағдайы аўырласа берди. Бир рет мен Алабама штатының бир қаласында хызмет етип атыр едим, ҳаялым маған қоңыраў етип, сол жигит пенен дәрҳал сөйлесиўим кереклигин айтты. Мен оған қоңыраў еттим ҳәм оны кимниңдур жубатып, жигерлендириўи керек екенлигин түсиндим.

Хызметтен соң мен машинама отырып, оның үйине қарай кеттим ҳәм пүткил түн бойы уйықламай, азанғы саат төртте оның үйине келдим. Оның әкесиниң жағдайы соншелли аўыр болып, тилден де қалған еди. Врачлар оның тек бир неше күн жасайтуғынын айтты.

Бирақ әкесиниң тәўир болып кететуғынына оның исеними кәмил еди. Мен қолымнан келгенинше оларға хызмет еттим ҳәм бир неше сааттан кейин ол жерден кеттим. Ертеңине азанда бизлерге қоңыраў етип, әкесиниң жағдайы еле де аўырласқанын хабарлады. Бизлер Лиза екеўимиз дәрҳал дуўа етиўге киристик. Бизлер дуўа етип атырғанымызда, Қудай мениң ҳаялыма көринис берди. Ҳаялым көринисте жигиттиң әкесин Аспанға алып кетиў ушын, Ийсаның оның жанында турғанлығын көреди. Ярым сааттан соң жигит қоңыраў етип, әкесиниң дүньядан өткенин хабарлады. Ол маған бурынғыдай исенимде беккем турғандай болып көринди. Бирақ бул тек басы екен. Сол күни кеште ол әкесиниң өлгенин айтыў ушын, өзиниң ең жақын досларының биреўине қоңыраў етеди. Достының үйинде трубканы алғанда, ол жылап атырған даўысларды еситеди. Ол: «Ҳаў, олар мениң әкемниң өлгенин әлле қашан еситкен бе?» деп ҳайран қалады. Бирақ олар басқа нәрсе ушын жылап атырған екен: жаңа ғана оның достысы аварияға ушырап, қайтыс болған екен. Бир күнниң ишинде ол ҳәм әкесин, ҳәм ең жақын достысын жойтқан еди.

Күшли сынақ басланған еди. Ол албырап, кеўли түсип кетип, бозарып қалады. Қудайдың ҳүзири оны таслап кеткендей еди. Бир айдан соң ол үйине машинада баратырып, еки машинаның дүгисип атырғанын көреди. Ол сондай жағдайлардың қурбаны болған адамларға биринши медициналық жәрдем берип билетуғын болғанлықтан, машинасын тоқтатады. Қараса, дүгискен еки машинаның айдаўшылары да оның жақын додлары екен. Ол оларға жәрдем бериў ушын ҳәрекет етип атырғанда, екеўи де оның қолларында жан тапсырады.

Сонда мениң сол жас достымның сабыр кесеси таўсылады. Ол үш саат тоғайда жүрип, Қудайға: «Сен қаяқтасаң? Сен маған: «Сениң Жубатыўшыңман», деген едиң, бирақ менде ҳеш қандай жубаныш жоқ!» деп бақырып дуўа етеди.

Қудай тап оннан жүз бурып кеткендей еди. Бирақ негизинде оны Қудай емес, ал оның өз күши тәрк еткен еди.

Ол Қудайға қатты наразы болды. Не ушын Ол булардың бәриниң болыўына жол қойды? Ол шопанына, анасына ямаса маған қарсы ғәзепленген жоқ. Ол Қудайға өкпелеп, Оған қарсы ғәзепленди. Оны түңилиўшилик өз ишине жутып жиберген еди. Қудай оның жүдә терең қайғыға жолығыўына жол қойған еди.

Ол Қудайға: «Қудай, мен Саған хызмет еттим ҳәм көп нәрселерден бас кештим. Бирақ ҳәзир Сен мени таслап кеттиң!» дер еди. Ол: «Мен Қудайға хызмет етиў ушын көп нәрселерди қалдырдым. Солар ушын енди Қудай маған қарыздар», деп санайтуғын еди.

Көп адамлар усыған уқсас, биреўлери көбирек, биреўлери азырақ, қыйын жағдайларға, жоғалтыўларға, жарақатларға ҳәм үмитсизликлерге ушырасады. Сонда көплери Қудайға қапа болады. Себеби олар: «Мен Қудай ушын көп нәрселерди иследим. Сонлықтан енди солар ушын Қудай маған қайтарыўы керек», деп ойлайды.

Олар натуўры нийет пенен Қудайға хызмет қылады. Бизлер Қудайға не ушын хызмет етиўимиз керек? Еткен хызметимиз ушын Оннан жарылқаў алыў ушын ба? Яқ! Бизлер Қудайға Оның Қудай болғаны ушын ҳәм бизлерге әлле қашан ислеген ислери ушын хызмет қыламыз. Қудайға қапа болған адамлар Оның бизлерди азатлыққа ерistiриў ушын қаншелли уллы төлемди төлегенлигин билмейтуғын адамлар. Қудайға наразы болған адамлар Қудайдың оларды мәңгилик өлимнен қутқарғанлығын билмейтуғын адамлар ямаса умытқан адамлар. Адамлар жағдайларға мәңгилик көзқарас пенен қараўдың орнына, ўақтынша дүньяның көзқарасы менен қарайды.

Соннан кейин сол жас жигит жәмәәтке барыўды тоқтатты. Ол напәк адамлар менен д速ласып, олар менен барларда ҳәм түнги кешелерде шағалмәслик қыла баслады. Қудайға қатты қапа болған ол Қудайдан узақласып, Ол туўралы ҳеш нәрсе еситкиси келмейтуғын болды.

Бирақ бундай натуўры жолда ол еки ҳәптедей жүргеннен

кейин, оның жүреги оны әшкаралайды. Бирақ бәрибир ол Қудайға жақынласыўдан бас тартады. Ол сондай етип алты ай жүреди. Оған Аспан тап темир менен бекленип қалғандай еди. Қудайдың ҳүзири оны мәңгиге тәрк еткендей еди.

Арадан бир жыл өтти. Соннан кейин ол Қудайдың оған бәрибир ғамқорлық қылып атырғанын көрди. Ол қайтадан Қудайға жақынласа баслады, бирақ бул рет ол Қудайға өз күшине исенип емес, ал кишипейиллик руўхында келген еди. Сынақ ўақты таўсылғаннан кейин Қудай оған оны ҳеш тәрк етпегенлигин көрсетти. Оның руўхый өмири толық қайта тикленген ўақытта, ол өзиниң күшине емес, ал Қудайдың мийримине үмит байлаўды үйренди.

Мен оның менен байланыс қурыўды даўам ете бердим. Арадан бир ярым жыл өткеннен кейин ол маған былай деди: «Мен өзимде бурын ҳеш қашан көрмеген нәрсени көрдим. Мен жақсы характерге ийе емес адам болған екенмен ҳәм мениң Қудай менен қарымқатнасым тек үстиртин болған екен. Маған тәрбия берген әкем мени тек сырттан күшли болыўға ҳәм өзиңе исениўге үйреткен еди. Егер сол ўақыялар болмағанында, мен ҳеш қашан Қудайдың менде көргиси келген характерине ийе болмаған болар едим. Мени бурынғы ҳалымда таслап кетпеген Қудайға мен алғыслар айтаман. Бирақ мениң жүрегимди ең ишинде қапа қылған нәрсе барларға барып, ишкиликке берилгеним емес, ал Мухадддес Руўхтан жүз бурғаным болды. Мен Оны қатты сүйемен. Мен ҳеш қашан Оның менен ҳәзиргидей әжайып қарым-қатнас қурып көрмеген едим».

Оның өмиринде көп ғана силкиниўлер жүз берди. Өзимшиллик шылпәрре болды. Бирақ бул жас жигиттиң ишинде, Петрде болғандай беккем тийкар бар еди ҳәм оны ҳеш қандай силкиўлер сындыра алмас еди. Ол ҳәзир өз өмирин ҳәм хызметин менменлик пенен өзимшилликтиң үстине емес, ал Қудайдың мийрими үстине қурып атыр.

Азғырылыўлар менен қапагершиликлер өмиримиздеги ҳәлсизликлеримизди ҳәм нәзик жерлеримизди ашып береди.

Көбинесе, «күшли жерим» деп санайтуғын жеримиз, керисинше, жасырын ҳәлсиз жеримиз болып шығады. Қашан күшли даўыл келип, оны жасырып турған пердени жулып алып тасламағанша, бизлер оны байқамаймыз. Елши Павел былай дейди:

> «Өйткени бизлер – руўхый сүннет етилген Қудайдың халқымыз. Бизлер Қудайға Оның Руўхы арқалы сыйынамыз, Масийх Ийса менен мақтанып, *өз шығысымызға ҳәм ерискен нәрселеримизге сүйенбеймиз».*
>
> – ФИЛИПЛИЛЕРГЕ 3:3

Егер өз күшимиз бенен бир нәрсеге ериспекши болсақ, онда бизлер мәңгилик баҳалыққа ийе ҳеш нәрсе ислей алмаймыз. Бул туўралы айтыў аңсат, бирақ бул ҳақыйқатлықтың жүрегимиздиң төрине дейин тамыр урыўына жол ашып бериў әдеўир мийнетти ҳәм күшти талап етеди.

# ИЙСА БАРҚУЛЛА ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚТЫ ЖӘРИЯЛАДЫ ҲӘМ ҲЕШ ҚАШАН АЙЫРЫМ ЖАЛҒАНЛАРҒА КӨЗИН ЖУМБАДЫ, ҲӘТТЕ, БУЛ АЙЫРЫМ АДАМЛАРДЫ ҚАПА ҚЫЛЫП, ОЛАРДЫ АЗҒЫРЫЛЫЎҒА САЛАТУҒЫНЫН БИЛСЕ ДЕ.

Сизиң «Шайтанның жемтиги» атлы китабыңыз мениң руўхый көзлеримди ашты. Бизлер күйеўимиз бенен бирге хызмет қыламыз ҳәм мен өзимди Қудайдың алдында дурыс ҳалатта жүриппен деп ойлайтуғын едим. «Шайтанның жемтиги» атлы китап жүрегимде жақын жийен апама деген он бес жыллық өкпениң барлығын ҳәм оны кеширмесем, онда мәңги дозаққа кететуғынымды ашып берди. Биз масийхыйларды барқулла кешириўге үйретеди, бирақ мен буны бурынлары жүрегиме жақын алмайтуғын едим. Бирақ сизиң китабыңызды оқып атырғанымда, жүрегимниң төринде нешше жыллық өкпениң барлығын Қудай маған ашып берди.

– Р. М. ТЕННЕСИ

# 9-БАП

# СҮРНИКТИРЕТУҒЫН ТАС

***«Өйткени Мухаддес Жазыўда былай делинген: «Мине, Мен Өзим таңлаған бийбаҳа бир тасты, мүйешке қойылатуғын тийкарғы тасты Ерусалимде орнатаман. Оған исенген адам ҳеш қашан уятқа қалмайды». Исенетуғын сизлер ушын бул тас қымбатлы. Ал исенбейтуғынлар ушын Ол: «Қурылысшылар керексиз деп таслаған тас, Үйдиң мүйешиниң тийкарғы тасы болды». Және де, «Сүрниктиретуғын ҳәм қулататуғын жартас болды». Исенбейтуғынлар Қудайдың сөзин тыңламағаны ушын сүрнигеди. Бул олардың тәғдирине жазылған».***

**– 1-ПЕТР 2:6-8**

Бүгинги күде «исениў» деген сөз өзиниң ҳақыйқый мәнисин жоғалтқан. Көпшилик адамлар ушын ол

тек *«белгили бир фактти билиў ҳәм тән алыў»* дегенди билдиреди, ал *«қулақ салыў»* дегенди аңлатпайды. Бирақ Мухаддес Китап «исениўши» деген сөз «қулақ салыўшы» деген мәнисти билдиреди.

> «Исенетуғын сизлер ушын бул тас қымбатлы. Ал исенбейтуғынлар (қулақ салмайтуғынлар) ушын О*л: «Қурылысшылар керексиз деп таслаған тас».*
>
> – 1-ПЕТР 2:7

Мухаддес Китап: «...Оған (Ийса Масийхқа) *исенген* ҳәр бир адам мәңгилик өмирге ийе болады», дейди. (Юхан.3:16). «Исеним» деген сөзди натуўры түсингенликтен көп адамлар қутқарылыў ушын тек Ийсаның жасағанына ҳәм Голготада өлгенине исенсең болды, яғный сол фактти билип, тән алсаң болды, сонда Қудай алдында дурыс жолда боласаң, деп ойлайды. Бирақ қутқарылыў ушын тек сол талап етилгенде, онда жинлер Қудай алдында дурыс жолда болар еди. Себеби Мухаддес Китап былай дейди:

> «Сен Қудайдың жалғыз екенине исенесең бе? Жақсы қыласаң. Жинлер де буған исенип, қалтырасады».
>
> – ЯҚЫП 2:19

Бирақ жинлер ушын қутқарылыў жоқ.

«Исениў» деген сөз Мухаддес Китапта терең мәнисти аңлатады, ал тек қандай да бир фактти қуры тән алып қойыўды емес. Жоқарыдағы аятты тийкар етип, соны айтсақ болады: исенимниң тийкарғы көриниси бул қулақ салыў. Бизлер бул аятты мынадай етип айтсақ та болады: «Солай етип, Ол қулақ салатуғын сизлер ушын қымбат баҳа тас! Ал қулақ салмайтуғынлар (ямаса бағынбайтуғынлар) ушын қурылысшылар керек емес деп таслаған тас. Бирақ Ол үйдиң тийкарғы тасы болды. Ол *сүрниктиретуғын ҳәм қулататуғын жартасдур!»*

Адам өз хожайынының әжайып характерин ҳәм сүйиспеншилигин аңлап жетсе, онда оған хожайынына қулақ салыў қыйын болмайды. Қандай да бир қағыйдаларға ямаса тәлийматқа деген сүйиспеншилик емес, ал Ийса Масийхтың Өзине деген сүйиспеншилик  бизлердиң Масийх пенен қарым-қатнасымыздың тийкары болып есапланады. Егер бул сүйиспеншилик бизлердиң жүрегимизде тамыр жаймаса, онда бизлер азғырылыўларға, өкпелерге ҳәм сүрнигиўлерге аңсат олжа боламыз.

Қудай израиллыларды қурылысшы болыўға шақырған еди, бирақ олар үйдиң тийкарғы Тасы болған Ийсадан бас тартты. Олар Ески Келисим тәлийматын сүйер еди. Таўрат Нызамын жақсы талқылайтуғынына олардың кеўли тоқ еди. Себеби олардан өз мәпи ушын ҳәм басқаларды қадағалаў ушын пайдаланатуғын еди. Бирақ Ийемиз Ийса яҳудийлер жақсылап услап алған нызам-паразлықты қатты әшкаралады. Ол былай деп жәриялады:

> «Сизлер Мухаддес Жазыўларды изертлейсизлер, себеби олар арқалы мәңгилик өмирге ийе боламыз, деп ойлайсызлар. Ал олар Мен туўралы гүўалық береди».
>
> – ЮХАН 5:39

Мухаддес Жазыўлардың баслы мазмуны мынаў: Қудай ең бастан-ақ жақын қарым-қатнаста болатуғын улқызларға ийе болыўды қатты қәледи ҳәм оларға Өз нызамларын берди. Бирақ адамлар бул нызамлар арқалы ҳәкимиятқа ийе болып, олар арқалы басқаларды басқарғысы келди. Олар нызамды Қудайдың Өзинен де ҳәм Оның менен жақын қарым-қатнастан да жоқары қойды. Олар Қудайдың сыйынан бас тартты. Олар адамның қолынан келмейтуғын Уллы Қутқарылыўға өз күшлери менен ерискиси келди. Мәңгилик өмирге ҳәм Уллы Қутқарылыўға еристиретуғын Қутқарыўшы  бул жалғыз Ийса Масийхдур! Бирақ олар қутқарылыў ушын Оған емес,

ал өз күшлерине исенди. Сонлықтан олар ушын Ийса Масийх *сүрниктиретуғын ҳәм қулататуғын жартас* болды.

Ғарры Шимон қолына Нәресте Ийсаны алғанда, былай деп пайғамбаршылық қылған еди:

> «Мине, бул Нәресте Израилда көп адамлардың қулаўына ҳәм қайта тиклениўине себепши болады».
>
> – ЛУКА 2:34

Көрдиңиз бе, Ийса Масийх көп адамлардың «қулаўына» ҳәм «қайта тиклениўине» себепши болған. Бул дүньяға тынышлық әкелиўге келген Ол, ақырсоңында, Өзине исенбегенлерге қулаў (набыт болыў), ал Өзине исенгенлерге қайта тиклениў (құтқарылыў) әкелди.

## ИЙСА ҲӘМ АЗҒЫРЫЛЫЎЛАР

Екшембилик мектеплерде Ийсаны көбинесе қандай етип сүўретлейди? Мийримли шопан сыпатында! Ол мийримли шопан сыпатында, жойтылған қозыны таўып, қолларына көтерип сүриўге алып киятыр. Ямаса Ийса кишкене балаларды қушақлап ҳәм дизелерине мингизип отыр. Ийса балалардың үстине қолын қойып, оларға сүйиспеншилик пенен күлимлеп қарап: «Мен сени сүйемен», деп атыр.

Булардың бәри дурыс, бирақ бул Оның толық көриниси емес. Сол Ийса парисейлердиң соқта ҳақлығын айыплап: «Ҳәй жыланлар, уўлы жыланлардың тұқымлары! Сизлер қалай етип дозақ жазасынан қашып құтылмақшысызлар?» дейди (Матта 23:33). Ол Ибадатханада қолына қамшы алып, ақша алмастырыўшылардың столларын ылақтырып таслайды (Юхан 2:13-22). Бир рет Ол бир адамды изинен ериўге шақырады. Бирақ ол Ийсадан дәслеп өлген әкесин жерлеп қайтыўға рухсат сорайды. Сонда Ийемиз оған былай деп жуўап береди: «Өз өлгенлерин жерлеўди өлилерге қалдыр. Ал сен барып,

Қудайдың Патшалығы туўралы жәрияла». (Лука 9:59-60). Бундай мысаллар жүдә көп. Егер Ийсаның хызметин жақсылап изертлеп көрсек, бизлерге Өз хызмети ўақтында көп адамларды қапа қылған ҳәм азғырылыўға (түсинбеўшиликке) салған Адам ашылады. Келиңлер, бир неше мысал келтирейик.

***Ийса парисейлерди азғырылыўға салды***

Көпшилик жағдайларда, Ийса диний жетекшилерди қатаң айыплап, оларды үлкен түсинбеўшиликке (азғырылыўға, сүрнигиўге) салды. Олар азғырылды ҳәм Ийсаға қарсы ашыўға толып, Оған жаўылып қалды. Сонлықтан да жек көриўшилик пенен олар Ийсаны атанақ ағашқа жиберди.

Бирақ Ийса оларды сүйип, оларға ҳақыйқатлықты айтты:

> «Ҳәй, еки жүзлилер! Ийшая пайғамбар сизлер туўралы алдын ала дурыс айтқан: *“Бул халық сыйлар Мени тили менен, Ал кеўиллери тур Меннен алыс. Олар Маған босқа сыйынып, Адам ойлап тапқан парызларды үйретер”».*
>
> – МАТТА 15:7-9

Ийсаның бул сөзлери оларды қатты қапа қылды ҳәм олар азғырылды.

Қараңлар, соннан кейин дәрҳал Оның шәкиртлери Оған былай дейди:

> «Сонда Оның шәкиртлери қасына келип, Оннан: – Бул сөзди еситкенде, парисейлердиң ашыўланып қалғанын билдиң бе? – деп сорады».
>
> – МАТТА 15:12

Сонда Ийсаның берген жуўабын изертлеп көриңлер:

> «Ийса оларға: – Аспандағы Әкем екпеген ҳәр бир өсимлик түп-тамыры менен жулып тасланады.

> Оларды қойыңлар. Олар – соқырлардың соқыр жетелеўшилери. Егер соқырды соқыр жетелесе, екеўи де шуқырға қулап түседи, – деди».
>
> – МАТТА 15:13-14

Демек, азғырылыўлар Қудайдың Патшалығын Әкемиз екпеген ҳәр бир нәрседен тазалайды екен. Гей бир адамлар Қудай жибермесе де, өзлериниң қәлеўи менен бир жәмәәтке ямаса бир хызметке қосылады. Кейин олар гей бир ҳақыйқатлықты көтере алмай, өкпелеп қалады ямаса азғырылады. Сонда олардың ҳақыйқый нийетлери ашылады ҳәм олар жәмәәттен кетеди.

Гейде жәмәәт хызметинен ямаса жәмәәттиң өзинен айырым адамлар кетип қалады. Сондай ўақытлары, мен көп мәрте шопанлардың қапагершиликке түсип қалғанын көрдим. Гейде жәмәәтте бир күшли ҳақыйқатлық ўаз етилип, айырым адамлардың натуўры өмир салты қатты әшкара етиледи. Сондай ўақытлары мен гей бир адамлардың ғәзепке толып, жәмәәттен кетиўди шешкенлерин көрдим. Олар туўры шешим шығара алмай, керисинше, жәмәәттеги ҳәр бир нәрсени критикалап баслады ҳәм кейин жәмәәттен кетти.

Егер шопанлар жәмәәтине келген ҳәр бир адамды *қалай болмасын (яғный, не зат болса да)* өз жәмәәтинде сақлап қалыўға ҳәрекет етсе, онда олар айырым жалғанларға көзлерин жумыўына туўра келеди. Егер сиз тек ҳақыйқатлықты ўаз етсеңиз, онда сиз, әлбетте, айырым адамлардың кеўлине тийип, оларды азғырылыўға саласыз ҳәм олар сизден кетеди. Бирақ олардың кеткенине улыўма қапа болмаң! Ал Қудайдың ҳақыйқаттан да сизге жиберген адамларын ҳақыйқатлық пенен азықландырып, Қудайдың ҳақыйқат жолында оларды тәрбиялаўды даўам еттире бериң.

Гей бир жетекшилер адамлардың кетип қалыўынан қорқып, оларға ҳеш қарсы шықпайды ҳәм айырым натуўры ислерине де көзлерин жумады. Гейде шопанның әшкаралаўы керек

болған адамлар жәмәәтке үлкен қурбанлықлар беретуғын ямаса жәмәәт пенен жәмийетте үлкен абырайға ийе адамлар болып қалыўы мүмкин. Сондай ўақытлары көпшилик шопанлар оларды әшкаралаўға қорқады.

Ал айырым шопанлар өзлери менен узақ ўақыт бирге болған адамлардың кеўлине тийиўге қорқады. Қудай шопанға қойларды ҳақыйқат сөзлери менен азықландырыўға ҳәм жалғанлардан қорғаўға бийлик берип қойыпты. Бирақ, адамлардан қорқатуғын шопанлар Қудайдың оларға берип қойған бул бийлигин жойтып алады.

Мен өмиримде биринши рет шопан болған ўақтымда, бир дана хызметкер мени былай деп ескерткен еди: «Саған берилген бийликти беккем етип усла! Болмаса, биреў келип, оны сениң қолыңнан тартып алады ҳәм сениң өзине қарсы пайдаланады».

Самуел нағыз Қудайдың адамы болған еди. Ол ҳеш кимниң алдында, ҳәтте, патшаның алдында да, ҳеш қандай натуўры иске көзин жумған емес. Патша Шаул Қудайға қулақ салмаған ўақтында, Қудай Самуелге патшаны әшкаралаўды тапсырады. Сонда ол барып, патшаны қатаң әшкаралайды. Тилекке қарсы, Шаул Қудайдың сөзине бойсынбайды, яғный тәўбеге келмейди. Шаул Қудайға емес, ал адамларға жақсы көриниўге урынады. Самуел оның жанынан кетип баратырғанда, Шаул оның кийиминиң етеклерине жабысады, ҳәтте, бир бөлегин жулып та алады. Сонда Самуел оған мынадай қәҳәрли сөзлерди айтады:

> «Бүгин Жаратқан Ийе Израилдың патшалығын сениң қолыңнан алды ҳәм сеннен жақсырағына берди».
>
> – 1-ПАТША 15:28

Әлбетте, бул Самуелдиң қәлеўи емес еди. Сол себептен ол қатты қапа болды. Себеби Шаулды патшалыққа майлап, оны патша етип қойған ҳәм оны ел басқарыўға үйреткен Самуелдиң өзи еди. Ол Шаулға дос еди. Бирақ Шаулдың қулақ

салмағанлығы себепли Самуел қатты қапагершиликке түсип қалады. Сонда Қудай оған былай дейди:

> «Шаулдың Израилға патша болыўынан Мени бас тартты деп, қашанға шекем ол ушын қайғырып жүресең? Май қуятуғын шақыңды зәйтүн майына толтырып жолға шық. Мен сени бейтлеҳемли Ишайдың үйине жиберемен».
>
> – 1-ПАТША 16:1

Қудай Самуелге қолына жаңа зәйтүн майын алып, алға жүриў кереклигин айтты. Ол Қудайдың сүйиспеншилигиниң де, ҳүкиминиң де кемшиликсиз екенлигин тән алыўы керек еди. Егер Қудай Шаулдан бас тартақаннан соң да, Самуел бәрибир Шаулға келгенинде, онда Самуелде жаңа зәйтүн майы болмас еди. Егер ол қайғырып жылаўын даўам ете бергенде, онда алға жүриўге күш болмас еди.

Жәмәәтинен кеткен адамлар ушын қайғырып жылаўды даўам етип жүрген шопанлардың, және де, қәтелери болса да, дослары болғаны ушын әшкараламайтуғын ҳәм қарсыласпайтуғын шопанлардың, ақырсоңында, зәйтүн майлары қурып қалады. Айырым хызметлер өледи, ал қалғанлары тири өлик болып қалады. Себеби олар өзлери аңламаған ҳалда, Қудай менен қатнасына қарағанда, адамлар менен қатнасын жоқары қойып қояды.

Мухаддес Китап Ийсаны қалдырып кеткен адамлар ушын Оның қыйналғанлығы ҳаққында ҳеш нәрсе айтпайды. Оның жүреги тек Әкениң еркин орынлаўға қуштар еди. Соның ушын да, Ол жүдә көп адамларға пайда алып келе алды.

Мениң ядымнан бир ўақыя ҳеш қашан шықпайды. Мен бир мәрте бир жәмәәтте ўаз айттым. Ол жәмәәттиң пайда болғанына бир жылдай болған екен. Биринши екшемби күни мен тәўбе етиў ҳәм биринши сүйиспеншиликке қайтыў туўралы ўаз айттым. Мен анық сол туўралы ўаз айтыўым керек екенлигин билсем де, ўаз ўақтында бир қарсылықты сездим.

Хызметтен кейин шопан маған: «Бүгин таңда Қудай маған сиздиң айтқан нәрселериңизди көрсеткен еди, бирақ мениң адамларым бул туўралы еситиўге таяр емес деп ойлаған едим», деди.

Сонда мениң ҳаялым шопанға мынадай сораў берди (кейин ҳаялым бул сораўды бериўге Мухаддес Руўхтың оны жетелегенин сезгенлигин айтты): «Бул жәмәәттиң шопаны ким: сиз бе ямаса Ийса ма?»

Шопан буны еситкенде, басын төмен түсирди. Ол: «Бир айдай бурын Қудай маған усы нәрсени, яғный адамлар нени көтере алатуғынын, нени көтере алмайтуғынын Өзи билетуғынын айтқан еди», деди. Кейин шопан: «Жәмәәтимиздиң үштен бир бөлеги ҳеш қандай өзгеристиң болыўын қәлемейтуғын «консерваторлардан» ибарат. Олар я алғыста, я ўазда ҳеш нәрсе өзгермеўин қәлейди», деди. Бизлер шопанды: «Беккем бол ҳәм тек Қудайға бойсын!» деп жигерлендирдик.

Оның жәмәәтинде бизлер төрт мәрте хызмет өткиздик. Бирақ барған сайын хызмет етиў қыйынласа берди. Бизлер оның қаласынан кеткен гезимизде, мен өзимди тап үстимде қара тас турғандай етип сездим. Мен буның себебин түсинбедим ҳәм өзимди кем-кемнен жаман сезе бердим. Әдетте, мен жәмәәтте болғанымнан соң, жүрегимди қуўаныш толтырады. Сонлықтан не ушын бундай болып атырғанының себебин түсине алмадым.

Ақыры, мен Қудай менен аўлақта қалғанымда, Оннан: «Әке, мен не нәрсени натуўры қылдым? Мениң қәтем қай жерде? Не ушын руўхымда бундай күшли аўырманлықты сезип атырман? Ямаса мен шопанның ҳәкимиятын тартып алдым ба?» деп сорадым.

Қудай маған: «... аяқларыңыздағы шаңды қағып кетиңлер», деди (Лука 9:5).

Қудайдан бундай сөзди еситкен ўақтымда, мен қатты аңтаң болдым. Мен дуўа етиўди ҳәм Оннан сораўды даўам еттим, бирақ қайтадан: «... аяқларыңыздағы шаңды қағып кетиңлер», деген жуўапты еситтим. Ақырында, мен Қудайға қулақ салдым.

Мен аяқларымдағы шаңды қаққан гезимде, жүрегимди қуўаныш толтырып жиберди. Мен ҳайран қалып: «Бирақ, о Қудайым, не ушын бундай қылыўым керек болды? Олар маған ҳүжим қылмады ямаса мени қаласынан қуўып жибермедиғо?» деп сорадым.

Сонда Ол маған сол жәмәәт жетекшилериниң ҳәм басқа көп ағзаларының Оның оларға айтқан сөзин қабыл етпегенлигин көрсетти.

«Оларға және ўақыт бер, Ийем», дедим мен.

«Ҳәтте, Мен оларға және елиў жыл берсем де, олар бәри бир өзгермейди. Олар өз жүреклеринде беккем шешим қабыл етип болған».

Сонда мен сол шопанның не нәрседе қәтелескенин түсиндим. Ол өз жәмәәтинде конфликт шығып қалыўынан қорқып, қалай болмасын (не зат болса да), тек тынышлықты сақлап қалыўды шешкен. Яғный, ол Қудайға толық бойсынып, ҳақыйқатлықта турыўдың орнына, айырым жалған нәрселерге көзлерин жумған. Оның руўхый зәйтүн сақланатуғын мүйизи жаңа зәйтүн майына толтырылмаған еди. Ол өзин Қудайдың жолы менен жүргендей етип көрсеткени менен, Қудайдың жолынан жүрмеген еди. Басқаша етип айтқанда, ол сыртынан Мухаддес Руўхқа толып жүргендей болып көринетуғын еди, бирақ онда я Қудайдың күши, я Оның ҳүзири жоқ еди. Бираз ўақыттан соң мен оның шопанлық хызметин таслап кеткенин ҳәм сол жәмәәтте тек азмаз адам қалғанын еситтим.

Ийса ҳеш кимге Өзин басқарттырып қойған жоқ. Ҳақыйқатлық күшли қарсылықларды ҳәм азғырылыўларды келтирип шығаратуғынын Ол билсе де, Ол тек ҳақыйқатлықты айтты. Ол ҳақыйқатлықты ҳасла бурмалаған емес.

Егер сиз Қудайға қарағанда, көбирек адамлардың кеўлинен шығыўға урынсаңыз, онда Қудайдың жаңа зәйтүн майы сизге түспейди. Ҳақыйқатлықты айтқаныңыз себепли, басқалардың кеўлине тийип, оларды азғырылыўға салатуғыныңызды

билсеңиз де, тек Қудайдың сөзин айтыўға ҳәм Оның еркин орынлаўға беккем шешим қабыл етиң.

***Ийса Өз қаласының турғынларын түсинбеўшиликке (азғырылыыўға, сүрнигиўге) салды.***

Ийса хызмет етиў ушын, Өзи өскен қалаға келди. Бирақ басқа қалалардағыдай адамларға азатлық ҳәм шыпа бере алмады. Адамлардың Ол туўралы не деп айтқанына қарайық:

> «Ол – ағаш устасының баласы емес пе? Оның анасының аты Мәриям, инилериниң атлары Яқып, Юсуп, Симон, Яҳуда емес пе? Оның ҳәмме қарындаслары да бизиң арамызда емес пе? Ал булардың ҳәммеси Онда қаяқтан пайда болды екен? – деди де, Оны тән алмады (Ол себепли *түсинбеўшиликке ҳәм азғырылыўға түсти).* Сонда Ийса оларға: – Пайғамбардың барлық жерде қәдири бар, ол тек өз ўатаны менен үйинде ғана қәдирсиз, – деди».
>
> – МАТТА 13:55-57

Насыра қаласының адамларының не деп айтып атырғанына қараңлар: «Бизлерге бийлик пенен сөйлегендей Ол ким болыпты? Бизлер Оның ким екенин билемиз. Ол усы жерде өсти. Бизлер  Оның жасы үлкен ағаларымыз. Ол бир ағаш устасының баласы ғана. Оның, ҳәтте, рәсмий саўаты да жоқ».

Ийса бул ретте де «олардың азғырылыўына (сүрнигиўине) себеп болып қалмайын» деген жоқ. Ол ҳақыйқатлықта ҳәрекет етиўин даўам етти ҳәм жалғанға бармады. Сонда Насыра қаласының турғынлары Оған сондай дәрежеде ғәзепленди, ҳәтте, Оны жартастан ылақтырып, өлтирмекши болды (Лука 4:28-30). Оның өмири өлим қәўпи астына түскен гезлери де, Ол ҳақыйқатлықты айтыўды даўам етти. Бүгин бизлер Ийсаға уқсайтуғын адамларға қаншелли мүтәжбиз!

***Ийса Өзиниң шаңарақ ағзаларын түсинбеўшиликке салды.***

Ҳәтте, Ийсаның шаңарағының ағзалары да Ол туўралы азғырылды. Оның ислери себепли олардың басына түскен аўыр басым оларға унамады. Олардың Ийсаға исениўи қыйын болды. Келиңлер, буны оқып көрейик:

> «Ийсаның үй-иши буны еситип, Оны алып кетиў ушын келди. Өйткени адамлар: «Ол есинен аўыпты», – деген еди. Сонда Ийсаның анасы ҳәм туўысқанлары келди. Олар үйдиң сыртында турып, адам жиберип, Оны шақыртты. Әтирапында отырған аламан Ийсаға: – Сениң анаң менен туўысқанларың келип, Сени сыртта шақырып тур, – дести. Ийса оларға жуўап қайтарып: – Мениң анам ким, туўысқанларым кимлер? – деди де, әтирапында отырғанларға қарап: – Мине, Мениң анам ҳәм туўысқанларым! Ким де ким Қудайдың еркин орынласа, Мениң туўысқаным да, анам да – сол, – деди».
>
> – МАРК 3:21, 31-35

Оның үй-иши Оны “еси аўған” деп есаплады. Мухаддес Китап Ийсаның үй-иши Оны алып кетиў ушын келгенин айтады. Марк Ийсаның жақынларынан кимлер Оны алып кетиўге келгенлигин айтады: Оның анасы ҳәм туўысқанлары. Олар Ийсаны бир үйде ўаз айтып атырған жеринде табады. Юхан жазған Хош Хабарда болса, былай дейди:

> «Өйткени Оған, ҳәтте, инилери де исенбейтуғын еди».
>
> – ЮХАН 7:5

Ийса Өз жақынлары тәрепинен қабыл алынбады. Көп адамлар бул туўралы ойланбайды. Ийса олардың қабыл алыўы ушын, олардың айтқанын қылыўға ҳәрекет еткен жоқ. Кимниңдур Оны қадағалаўына Ол жол қоймады. Оның жалғыз тилеги Оның жақын туўысқанлары буны мақуллай ма ямаса

мақулламай ма, буған қарамастан, тек Қудайдың жобасын әмелге асырыў еди.

Көп ғана адамлар (әсиресе, ерли-зайыплылар) өз өмирлик жолдасын ямаса үй-ишин қапа қылып алмаўы ушын, Ийсаның изинен ериўден бас тартады. Тилекке қарсы, мен буған көп мәрте гүўа болдым. Нәтийжеде, олардың айырымлары исенимнен қайтты, айырымлары өз шақырығын толық орынлай алмады.

Мен жоқарыдан туўылған гезимде, мениң шаңарағымдағылардың ҳәммеси католиклер еди. Сонлықтан олар мениң жаңа исенимди қоллап-қуўатлаған жоқ. Әсиресе, анам маған қатты ғәзепленди, себеби ол мени католик жәмәәтинде тәрбиялап өсирген еди ҳәм мениң ол жәмәәттен кетиўиме улыўма қарсы болды. Қудайды сүйетуғын католиклер бар екенлигине шубҳа жоқ, бирақ Қудайдың мениң ол жерден кетиўимди қәлеп атырғанын билдим.

Шаңарағым тәрепинен маған екинши ҳүжим мен хызметкер болыўды таңлаған ўақтымда жүз берди. Мен жаңа ғана университетти питкерип, механик-инжинер дипломын алған едим ҳәм ата-аналарым маған үлкен үмитлерин артып отырған еди. Бирақ мен Қудайдың меннен нени күтип атырғанлығын ҳәм буның үйишимди қатты қапа қылатуғынын да билер едим. Мен бир неше жыллар даўамында олар тәрепинен қабыл алынбадым. Көп ғана түсинбеўшиликлерди басымнан кеширдим. Бирақ мен мынадай шешим қабыл еттим: Туўысқанларым маған қаншелли ғәзепленбесин, мен бәрибир Ийсаның изинен еремен!

Басында мен оларға Хош Хабар менен ҳүжим етиўге ҳәрекет еттим. Мен оларға: «Сизлер мессаға барғаныңыз бенен қутқарылмайсыз», дер едим. Ақылсыз ҳәрекет еткеним ушын, олардың әбден ғәзебине тийдим.

Кейин Қудайдан ашылыс алып, олар мениң өзгергенимди ҳәм жақсы ис ҳәрекетлеримди көриўи ушын, олардың алдында ҳақыйқый масийхыйларша өмир сүрип басладым.

Шаңарағымның кеўлинен шығыў нийетинде, мен ҳеш қашан гей бир жалғанларға көзимди жумбағанман.

Ҳәзир мениң атааналарым мени қоллапқуўатлайды. Ең ишинде, мениң атам маған қарсылық билдирген еди. Ол өлмесинен еки жыл бурын, 89 жасында қутқарылды.

Ийсаның анасы менен инилери Оны есинен аўған деп ойлады. Бирақ Ийсаның Аспандағы Әкеге толық қулақ салғанлығы себепли, ақырсоңында, Оның анасы да, инилери де қутқарылды ҳәм Елиўинши Күн байрамында олардың ҳәммеси елшилер менен бирге Мухаддес Руўхқа толды. Ийсаның иниси Яқып Ерусалим жәмәәтинде жетекши елши болды.

Егер үй-ишимиздиң ағзаларының кеўлинен шығыў нийетинде, Қудайдың бизлерге ашқан ҳақыйқатларына бираз көзлеримизди жумсақ, онда бизлер өмиримизде жаңа зәйтүн майынан айырыламыз ҳәм жақынларымыздың қутқарылыўына да жәрдем бере алмай қаламыз.

***Ийса Өзиниң шәкиртлерин түсинбеўшиликке салды.***

Өткен бапта бизлер Ийсадан қапа болған шәкиртлериниң ойпикирлерине толық тоқталған едик. Келиңлер, буны және бир рет көрип шығамыз, бирақ енди оларға Ийсаның көзқарасы менен қараймыз.

> «Шәкиртлериниң көбиси буны еситип:
>
> – Қандай қыйын сөзлер! Буны ким қабыллай алады? – деди. Шәкиртлериниң буған наразы болғанын билип, Ийса былай деди:
> – Бул сөзлер исениўиңизге тосқынлық қылып атыр ма? Сол ўақыттан баслап, Ийсаның шәкиртлериниң көбиси кетип қалып, енди Оның менен жүрмейтуғын болды».
>
> – ЮХАН 6:60-61, 66

Жағдай шийеленискен еди. Диний жетекшилер Ийсаны қалай

өлтириў туўралы кеңесе баслады. Оның өсип ержеткен Насыра қаласы Оннан бас тартты. Оның өз үйишиниң адамлары Оны есинен аўған деп есаплады. Булардың үстине Оның көп ғана шәкиртлери Оннан қапа болып кетип қалды. Бирақ сонда да Ийса толық ҳақыйқатлықта турыўын даўам етти. Ол, ҳәтте, қалған шәкиртлерине: «Сизлер де кетпейсизлер ме?» деп айтты.

Ийса ушын әҳмийетли болған жалғыз нәрсе  Әкениң еркин орынлаў еди. Егер де сол күни ҳәмме Оны таслап, Ол жалғыз қалған жағдайда да, бул Оның жүрегин өзгерте алмаған болар еди. Ол Өз Әкесине қулақ салыўға беккем шешим қабыл еткен еди.

***Ийса айырым Өзиниң жақын досларының кеўлине тийди.***

> «Бетания деген аўылда Лазар атлы бир адам аўырып атырған еди. Оның қарындаслары Мәриям менен Марта да сол аўылда жасайтуғын еди. Кейинирек Ийемиз Ийсаға әтир май қуйып, Оның аяқларын шашы менен сүртетуғын ҳаял, усы Мәриям еди. Апалы-сиңлили Ийсаға: «Ийем, Сениң жақсы көретуғын адамың аўырып атыр», – деп хабар жиберди».
>
> – ЮХАН 11:1-3

Ийса Мартаны, Мәриямды ҳәм Лазарды жақсы көретуғын еди. Олар Ийсаның жақынлары еди. Ийса олар менен көп мәрте бирге ўақыт өткизген еди. Ийсаға Лазардың аўырып атырғанын айтқан ўақытта, Ийсаның не қылғанлығын оқып көрейик:

> «Ийса Лазардың аўырып атырғанын еситсе де, Өзи болып атырған жерде және еки күн қалды».
>
> – ЮХАН 11:6

Ийса Лазардың бул кеселлиги оны өлимге алып баратуғынын билген еди. Бирақ Ол Өзи болып атырған жерде және еки күн қалды. Ийса Бетанияға барыўды шешкен ўақтында болса, Лазар әлле қашан өлген еди. Лазар өлген соң Ийса Бетанияға келди.

Сонда Марта да, Мәриям да Оған былай деди:

> «Ийем! Егер Сен усы жерде болғаныңда, әжағам өлмес еди».
>
> – ЮХАН 11:21, 32

Басқаша сөз бенен айтқанда, олар Ийсаға: «Не ушын Сен еситe сала дәрҳал келмедиң? Ертерек келгениңде, оны өлимнен қутқарып қалған болар едиңғо!» деди.

Марта да, Мәриям да, Ийсаға азмаз болса да, өкпелегени көринип тур. Олар әжағасының аўырып атырғаны ҳаққында Ийсаға хабар жиберген еди, бирақ Ийса буны еситип, еки күнге шекем жолға шықпады. Олар Ийсаны дәрҳал келеди деп күткен еди. Ал Ол олардың күткениндей қылмады. Ол барлық жумысларын таслап, Бетанияға жуўырып кеткен жоқ. Ал буның орнына, Ол толық Мухаддес Руўхтың жетегинде болды. Мухаддес Руўхқа қулақ салыў бәрқулла ең туўры жол болып есапланады. Бирақ сырттан қарағанда, Лазардың өлейин деп атырғаны Ийсаға улыўма қызық еместей болып көринип турған еди.

Көпшилик жағдайларда хызметкерлер өз қойларының қадағалаўы астына түсип қалады. Себеби олар «қойлар нени қәлесе де, бәрин орынлаўым керек» деп ойлайды.

Бир рет бир жәмәәттиң шопаны шопанлық хызметин таслап кетти. Сонда оның жәмәәтиндеги жәмәәт кеңесиниң бир ағзасы маған былай деди: «Бизлерге енди бизлердиң барлық мүтәжликлеримизди қанағатландыратуғын шопан керек. Ол, ҳәтте, егер мен қәлесем, мениң үйиме азанғы саат 08:00 де мениң менен кофе ишиўге де келетуғын болыўы керек».

Олар Мухаддес Руўх басқаратуғын шопанды емес, ал өзлери толық басқарып, толық қадағалай алатуғын шопанды излеп атыр еди. Соннан кейин олар бир ярым жыл даўамында төрт шопанды өзгертти.

Мен жаслардың шопаны болып хызмет етип атырғаныма алты ай болғанда, алдыма бир жас жигит келди. Ол меннен:

«Сеннен алдынғы шопан мениң достым болған еди. Сен мениң достым боласаң ба?» деп сорады.

Меннен алдынғы болған жаслар шопаны жүдә ашық ҳәм тез дosласып кететуғын адам еди. Олар түрлитүрли ойынлар ҳәм тапсырмалар менен шуғылланатуғын еди. Сонлықтан мен ол жигиттиң меннен нени күтип атырғанын түсиндим. Алдынғы айтқан жәмәәт кеңеси ағзасы да өзине сондай шопанды күткен еди.

Мен оған Матта жазған Хош Хабардағы Ийсаның мына сөзлерин айттым:

> «Ким де ким пайғамбарды пайғамбар болғаны ушын қабыл алса, ол пайғамбар алатуғын сыйлықты алады. Ким де ким ҳақ адамды ҳақ болғаны ушын қабыл алса, ол ҳақ адам алатуғын сыйлықты алады».
>
> – МАТТА 10:41

Сениң досларың көп, солай емес пе? деп сорадым мен.

Аўа, деп жуўап берди ол.

Бирақ жаслар хызметиндеги сениң шопаның тек биреў. Дурыс па?

Дурыс.

Сен қайсысының сыйлығын алыўды қәлейсең: жаслар хызмети шопанының сыйлығын ба ямаса достыңның сыйлығын ба? Себеби сен мени ким деп тән алсаң, Қудай соған қарап саған сыйлық береди.

Ол мениң не айтпақшы болғанымды түсинди.

Жаслар хызмети шопанының сыйлығын алыўды қәлеймен, деди ол.

Көпшилик масийхый хызметкерлер өз қойларының үмитлерин пушқа шығарыўдан, олардың сезимлерин жарақатлап алыўдан ҳәм олардың қоллап-қуўатлаўынан айырылып қалыўдан қорқады. Олар басқаларды түсинбеўшиликке (өкпеге,

азғырылыўға) салыўдан қорқып, қорқыныш қақпанына түсип қалады. Сонлықтан оларды Қудай емес, ал адамлар басқаратуғын болады. Нәтийжеде, олардың жәмәәтлеринде мәңгилик баҳалықларға ийе руўхый нәрселер жүдә аз жүз береди.

***Ийса Яқыя Шомылдырыўшыны түсинбеўшиликке салды.***

Ийса, ҳәтте, Яқыя Шомылдырыўшыны да түсинбеўшиликке салды ҳәм ол Ийсаға қапа болыўдан сәл қалды.

> «Шәкиртлери Яқыяға болып өткен ўақыялар ҳаққында хабарлады. Яқыя шәкиртлериниң екеўин шақырып алып: «Келетуғын Қутқарыўшы Сенбисең ямаса басқа биреўди күтиўимиз керек пе?» – деп сораў ушын, оларды Ийемизге жиберди. Олар Ийсаға келип:
>
> – Шомылдырыўшы Яқыя бизлерди: «Келетуғын Қутқарыўшы Сен бе ямаса басқасын күтейик пе?» – деп сораў ушын, Саған жиберди, – деди».
>
> – ЛУКА 7:18-20

Бул қалай болыўы мүмкин?! Не ушын Яқыя Ийсадан: «Келетуғын Қутқарыўшы Сенбисең?» деп сорап атыр? Ақыры, Яқыя Оның алдынан келип, Оның келиўине жол таярлаған ҳәм Ол туўралы жәриялаған уллы хабаршы едиғо:

> «Ертеңине Яқыя өзине қарай киятырған Ийсаны көргенде былай деди: – Мине, Бул – дүньяның гүнасын Өзине алатуғын Қудайдың Қозысы!».
>
> – ЮХАН 1:29

Яқыя Шомылдырыўшы Ийса туўралы былай деген еди: «Мухаддес Руўх пенен шомылдыратуғын Сол» (Юхан 1:33). «Оның уллыланыўы, ал мениң пәсейиўим тийис» (Юхан 3:30). Сол ўақытлары Ийсаның негизинде Ким екенлигин билетуғын жалғыз адам сол Яқыя еди. (Шимон Петрге еле Әке ашылыс бермеген еди).

Не ушын онда ол: «Келетуғын Қутқарыўшы Сенбисең ямаса басқасын күтиўимиз керек пе?» деп сорап атыр?

Өзиңизди Яқыяның орнына қойып көриң. Сиз Қудайдың ислеп атырған ислериниң ең алдыңғы қатарында турыпсыз. Сиз жүдә көп адамларға хызмет еттиңиз ҳәм сиздиң хызметиңиз елдеги ең атақлы хызмет болып, пүткил халық сиз туўралы айтып жүр. Сиз өзиңизди Қудай жолына толық бағышлап, Қудайдың шақырған хызметин толық орынлаўыңыз ушын, ҳәтте, турмыс та қурмадыңыз. Сиз шөлистанда жасадыңыз, шегиртке ҳәм жабайы пал ҳәррениң палы менен азықландыңыз ҳәм жүдә көп ораза усладыңыз. Сиз парисейлер менен саўаш жүргиздиңиз ҳәм олар сизди «жин урған» деп атады. Сиз пүткил өмириңизди Киятырған Қутқарыўшыға жол таярлаўға бағышладыңыз.

Ал енди сиз түрмеде отырсыз. Қамақта отырғаныңызға да бираз ўақыт болып қалды. Сизди көриўге тек арасында келип турады, себеби сиздиң таярлаған адамларыңыздың дыққаты енди Насыралы Ийсаға қарап кеткен. Ҳәтте, сиздиң шәкиртлериңиз де Оның изине ерип кеткен. Тек азмаз шәкиртлериңиз ғана сизге хызмет етиў ушын, қасыңызда қалған. Олар сизди көриўге келгенде, Ийсаның ҳәм Оның шәкиртлериниң не қылып атырғаны туўралы айтып береди. Олардың өмири сиздиң өмириңизге улыўма уқсамайды. Олар Шаббат күнин бузып жүр, ҳәтте, ораза да усламайды.

Булардың бәрин еситип, сиз өз-өзиңизге былай дейсиз: «Мен Оның үстине Қудайдың Руўхының908 кептер пишинде түсип киятырғанын көрген едим. Бирақ Қутқарыўшы Масийх Өзин сондай етип тута ма екен?»

Сиз түрмеде қаншелли көп отырған сайын, Оған қапа болыў ҳәм азғырылыў қәлеўи сонша күшейип баратыр. «Мен Оған жол таярлаў ушын пүткил өмиримди бағышлаған едим. Бирақ Ол, ҳәтте, түрмеге мени көриў ушын бир рет те келген жоқ! Бундай болыўы мүмкин емес! Егер Ол ҳақыйқаттан да Масийх болатуғын болса, неге мени түрмеден шығарып алмайды? Мен бирде бир қылмыс ислемедимғо, ақыры!»

Соның ушын сиз еки шәкиртиңизди шақырып алып, оларды Ийсаның алдына мына сораў менен жибересиз: «Келетуғын Қутқарыўшы Сенбисең ямаса басқасын күтейик пе?»

Келиңлер, Ийсаның Яқыяға не деп жуўап бергенине қарайық:

> «Сол ўақытта Ийса аўырыў менен кеселлерге ҳәм жаўыз руўхларға шалынған көплеген адамларға шыпа берип, көп соқырлардың көзин ашқан еди. Ийса оларға жуўап берип:
>
> – Барыңлар, еситип-көргенлериңизди Яқыяға билдириңлер. Соқырлардың көрип, ақсақ болғанлардың жүрип, мақаў кесел болғанлардың тазаланып, гереңлердиң еситип, өлгенлердиң тирилип, Хош Хабардың жарлыларға жәрияланып атырғанын айтып бериңлер. *Маған гүмансыз исенгенлер (Мен туўралы азғырылыўға түспегенлер) бахытлы! – деди».*
>
> – ЛУКА 7:21-23

Ийса Яқыяға таныс болған Ийшая пайғамбардың китабындағы сөзлерди келтиреди. Яқыяның шәкиртлери Ийсаға сораў бериў ушын, өз гезеклерин күтип отырғанында Ийсаның ислеп атырған әжайып кәраматларын көреди. Бул Ийшая пайғамбар китабының 29:18, 35:4-6 ҳәм 61:1 аятларындағы сөзлердиң орынланып атырғанының дәлили еди. Бул кәраматлар Ийсаның ҳақыйқаттан Қутқарыўшы Масийх екенлигине анық гүўалықлар болған еди. Бирақ Ийса буған және мына сөзлерди де қосады: *«Маған гүмансыз исенгенлер (Мен туўралы азғырылыўға түспегенлер) бахытлы!»*

Басқаша айтқанда, Ол былай деди: «Яқыя, сен не ушын бул нәрселерди басыңнан өткизип атырғаныңды түсинбей атырсаң ҳәм Мениң жолларымды түсиниў де саған қыйын болып атыр. Бирақ Мен туўралы азғырылыўшы болма. Себеби Мен сениң күткениң сыяқлы ҳәрекет етпеймен».

Ол Яқыяны өз түсиниги бойынша Құдай жолына баҳа бермеўге шақырды. Яқыяға Құдайдың жобасы толық ашылмаған еди. Бүгин бизлерге де Құдайдың жобасы толық ашылмаўы мүмкин. Бирақ Ийса оны жигерлендирип: «Сен өзиңе тапсырылған тапсырманы жақсы орынладың. Сениң сыйлығың үлкен. Тек Мен туўралы азғырылыўға түсиўши болма!» деди.

## КЕШИРИМ СОРАЎҒА ТУЎРА КЕЛМЕЙТУҒЫН ӨКПЕ (АЗҒЫРЫЛЫЎ)

Сиз, ҳәтте, Құдай жолларын жақсы үйренген болсаңыз да, бәрибир Яқыя сыяқлы Ийсаға қапа болып, Ол туўралы азғырылыўға түсиўиңизге себеплер табылыўы мүмкин. Егер сиз шынында да Оны сүйсеңиз ҳәм Оған исенсеңиз, онда Оған қапа болмаўға ҳәм Ол туўралы азғырылыўға түспеўге бар күшиңиз бенен ҳәрекет қыласыз. Себеби сиз Оның жолларының сизиң жолларыңыздан бәрқулла дым бәлент болатуғынын түсинесиз.

Егер сиз Ийса сыяқлы бәрқулла Құдайдың Руўхына қулақ салып жасасаңыз, онда адамлар сизге қапа болып, сиз туўралы азғырылыўға түседи. Юхан жазған Хош Хабарда Ийса былай дейди:

> «Самал қәлеген жеринде еседи, оның даўысын еситесең, бирақ қаяқтан келип, қаяққа кететуғынын билмейсең. Мухаддес Руўхтан туўылған ҳәр бир адам да усындай»
>
> – ЮХАН 3:8

Сиз Мухаддес Руўхтың жетеги астында ҳәрекет қылған ўақытларыңызда, айырым адамлар сизди түсинбейди. Сонда олардың наразылығы ямаса түсинбегени ушын, ҳақыйқатта ҳәрекет етиўди тоқтатыўшы болмаң. Адамлардың кеўлинен шығаман деп, Мухаддес Руўхтың жетегинен бас тартыўшы болмаң. Петр бул туўралы былай дейди:

> «Солай етип, Масийх денеси менен азап шекти. Сизлер де Масийхта болған ойлар менен өзлериңизди азап шегиўге таярлаңлар. Себеби денеси азап шегип атырған адам гүна ислеўди тоқтатады. Буннан былай, дүньядағы өмириңиздиң қалған бөлегинде адамның жаман қәлеўлери бойынша емес, ал Қудайдың ерки бойынша жасаңлар».
>
> – 1-ПЕТР 4:1-2

Сиз Қудайдың еркин орынлап жасап баслағаныңызда, адамлардың қәлеўлерин орынламайсыз. Нәтийжеде, қарсылықларға ҳәм азапларға ушырасасыз. Ийса диний жетекшилер тәрепинен жүдә көп мәрте қарсылықларға ушырады. Диний жетекшилер: «Қудай тек орнатылған диний шәртлер ишинде ҳәрекет қылады», деп санайды. Олар өзлерин Қудайдың дәргайына бара алатуғын жалғыз адамлар деп ойлайды. Еки мың жыл бурын Ийемиз Ийса Мухаддес Руўхтың жетегинде ҳәрекет еткен ўақтында, диний хызметкерлерди қапа қылып, оларды азғырылыўға салған болса, ҳәзир де Ийсаның изинен жүрип, Мухаддес Руўхтың жетегинде ҳәрекет ететуғынлар диний хызметкерлердиң ғәзебине тийип, оларды азғырылыўға салатуғыны шубҳасыз.

Елши Павелге қарсы шөлкемлестирилген қуўдалаўлар буған айқын мысал бола алады. Сол ўақытлары гей бир адамлар: «Павел сүннет етилиўди талап етип атырған диний хызметкерлердиң шәртлерине көнип, атанақ ағашқа тийкарланған Хош Хабарға бираз өзгерис киргизди», деген өсек тарқатады. Айырым галаталылар, ҳәтте, бул өсекке исене баслайды. Бирақ Павел оларға аттан анық етип, өз көз-қарасын түсиндирип береди. «Маған қараң, дейди Павел, Диний хызметкерлер мени жәнжақтан қысқыға алып атыр. Егер де мен сүннет етилиў туўралы ўаз айтқанымда, олар маған усыншелли қарсы шығатуғын ба еди? Атанақ ағашы қутқарылыўымыз ушын жалғыз жол! Мен усы ҳақыйқатлықта турғаным ушын,

оларды азғырылыўға (түсинбеўшиликке) салып атырман. Бирақ мен бул ҳақыйқатлықтан басқа ҳеш нәрсе айтажақ емеспен!» (Галатиялыларге 5:11).

Бизлер өзлеримиз ушын шын жүректен мынадай шешим қабыл етиўимиз керек: «Мен қандай қарсылықларға ушырасам да, қандай төлем төлеўиме туўра келсе де, тек Қудай Руўхының жетегинде боламан!» Сонда бизлер адамлардың ямаса жағдайлардың басыма астында ҳақыйқатқа қарсы шешим қабыл етпеймиз. Себеби бизлер әлле қашан туўры шешим қабыл етип болған боламыз.

## ИЙСА ӨЗИНИҢ ӘКЕСИНЕ ҚУЛАҚ САЛЫЎЫ АРҚАЛЫ АЙЫРЫМ АДАМЛАРДЫҢ КЕЎЛИНЕ ТИЙДИ. БИРАҚ ОЛ ТЕК ӨЗ ҲУҚЫҚЛАРЫН ҚОРҒАЎ МАҚСЕТИНДЕ, ҲЕШ ҚАШАН ҲЕШ КИМНИҢ АЗҒЫРЫЛЫЎЫНА СЕБЕПШИ БОЛМАДЫ.

Жақында мен сизиң «Шайтанның жемтиги» атлы китабыңызды оқып шықтым. Мениң өмиримниң бир бөлегинде үлкен машқалам бар еди ҳәм мен бул қуллықтан өмир бойы ҳеш қутыла алмайман деп ойлайтуғын едим. Бирақ сизиң китабыңыз мениң бул қуллықтан толық қутылыўыма жәрдем берди. Бул китапты жазғаныңыз ушын, сизге үлкен рахмет айтқым келеди. Себеби ол мениң өмириме әжайып өзгерис алып келди.

– С. Р., ТЕННЕСИ

# 10-БАП

# ОЛАРДЫ ТҮСИНБЕЎШИЛИККЕ САЛМАЎЫМЫЗ УШЫН

***«Сонлықтан буннан былай, бир-биримизди ҳүким етпейик. Керисинше, туўысқаныңызды азғырыўға салмаўға ҳәм оның исенимине зыян келтирмеўге тырысыңлар».***

**– РИМ 14:13**

Ийемиз Ийса жер бетинде хызмет етип жүргенинде, көп ғана адамлардың Оған өкпелегени туўралы алдынғы бапта көрип шықтық. Бир қарағанда, Ийса қай жерде болмасын, дерлик барлық жерде адамлар Оған қапа болып ҳәм шубҳаланып қалғандай болып түйиледи. Бул бапта бул сораўдың екинши тәрепин көрип шығамыз.

Ийса жаңа ғана Өзиниң шәкиртлери менен Капарнаҳум қаласына келди. Олар басқа қалаларда хызмет етти ҳәм енди

қысқа, бирақ зәрүрли дем алыўға келди. Егер қандай да бир жерди Оның хызметлериниң орайы болды деп айтатуғын болсақ, онда Капарнаҳум сол жер. Сонда Шимон Петрге бул қаланың бир рәсмий басшысы келди. Ол Ибадатхана салығы ушын жуўапкер адам еди. Ол Петрден былай деп сорады:

> «Сизлердиң Устазыңыз Ибадатхана салығын төлемей ме екен?».
>
> – МАТТА 17:24

Петр оған: «Аўа, төлейди», деп жуўап береди ҳәм Ийсаның алдына келеди. Еле Петр Оған ҳеш нәрсе деп айтпасынан бурын Ийса оған былай дейди:

> «Симон, сен қалай ойлайсаң? Жер бетиниң патшалары бажылар менен салықты кимлерден алады? Өз балаларынан ба ямаса басқа адамлардан ба? – деп сорады.
>
> Петр:
> – Басқа адамлардан, – деди.
> Ийса:
> – Олай болса, патшаның балалары салық төлеўден азат».
>
> – МАТТА 17:25-26

Ийса Петрге патша өз балаларынан салық талап етпейтуғынлығын айтады. Олар салықтан азат. Керисинше, олар сол салықлардан пайдаланады. Олар сол салықлардың арқасында тәмийинленетуғын сарайда жасайды. Шахзадалар патшаның дәстүрханынан аўқатланады ҳәм патшаға тийисли кийимлерди кийип жүреди ҳәм булардың барлығына салықтан түскен пуллар сарпланады.

Петрге келген салық жыйнаўшы Ибадатхана ушын салық жыйнап жүрген еди. Бирақ Ибадатхананың ийеси ҳәм патшасы ким еди? Ибадатхана ким ушын қурылған еди? Әлбетте, Қудай Әке ушын! Петр жаңа ғана Қудайдан Ийсаның тири Қудайдың Улы Масийх екенлиги ҳаққында ашылысты алған еди.

Соның ушын Ийса Петрден: «Егер Мен бул Ибадатхананың Ийеси болған Қудайдың Улы болсам, онда Ибадатхана салығынан азат епеспен бе?» деп сорайды. Әлбетте, Ол толық азат еди ҳәм салық төлемеўине де толық ҳуқықы бар еди. Бирақ та, Оның Петрге не дегенине қараңлар:

> *«Бирақ, оларды түсинбеўшиликке (азғырылыўға, сүрнигиўге) салмаўымыз ушын,* теңизге бар да, қармақ салып, ең биринши илинген балықты ал. Оның аўзын ашсаң, төрт драхмалық бир гүмис теңгени табасаң. Оны алып, Мениң менен өзиң ушын оларға төле».
>
> – МАТТА 17:27

Ол жаңа ғана азат екенин дәлиллеген еди. Бирақ сол адамларды түсинбеўшиликке (азғырылыўға, өкпелеп қалыўға, сүрнигиўге) салмаўы ушын, Ол Петрге: «Яқшы, төлеймиз!» деди. Оның Петрге теңизге барып, қармаққа түскен ең биринши балықтың аўзынан гүмис теңге табатуғынын айтыўы Оның азат екенлигине және бир дәлил болып хызмет етеди. Қудай Әке оларды, ҳәтте, салық ушын керек болған пуллар менен де тәмийинлеген еди. Ийса пүткил жер шарының Ийеси. Ол Қудайдың Улы. Жер ҳәм оны толтырып турған барлық нәрселер Ол арқалы жаратылған ҳәм Оған бағынады. Солай екен, Ийса сол балықтың аўзында гүмис теңге болатуғынын билди. Ол бул пулларды табыў ушын жумыс ислеўи шәрт емес еди, себеби Ол Қудайдың Улы еди. Бирақ сонда да Ол салық төлеўге ҳәм адамларды өкпелетпеўге (қапа қылмаўға, кеўлине тиймеўге) қарар етти.

Бул ырастан да алдынғы бапта бизлер көрген Ийса ма? Ол ҳеш кимниң кеўлине қарамай, адамлардың сүрнигиўине себеп болған жоқ па еди? Ол салық төлеўден азат екенин дәлилледи, бирақ сонда да былай деди: «Оларды азғырылыўға (түсинбеўшиликке, сүрнигиўге) салмаў ушын, барып салық төле!» Бул еки пикир бирбирине уйқаспай турғандай болып көринип турған жоқ па?

Буған жуўапты келеси аяттан таўамыз:

> «Сол ўақытта шәкиртлери Ийсаның жанына келип: “Аспан Патшалығында ең уллы ким?” – деп сорады. Ийса бир баланы шақырып алып, оны олардың ортасына турғызып қойып былай деди: “Сизлерге шынын айтып турман: кеўиллериңизди өзгертип, балалар сыяқлы болмасаңлар, Аспан Патшалығына кире алмайсызлар. Солай етип, ким де ким өзин усы бала сыяқлы пәс тутса, сол Аспан Патшалығында ең уллы болады”»
>
> – МАТТА 18:1-4

Бул жерде шешиўши сөз дизбеги «пәс тутса» деген сөзлер. Соннан сәл кейинирек Ийса буған еле де толығырақ түсиник береди:

> «Бирақ, сизлердиң араңызда бундай болмасын. Араңызда ким уллы болғысы келсе, сол сизлерге хызметши болыўы шәрт. Араңызда ким биринши болғысы келсе, сол сизлерге қул болыўы шәрт. Адам Улы Өзине хызмет еттириўге емес, ал Өзи хызмет етиўге ҳәм көплеген адамлардың қутқарылыўы ушын, Өз жанын қурбан етиўге келди».
>
> – МАТТА 20:26-28

Әне, саған! Қандай мәлимлеме! Ол Өзине хызмет еттириў ушын келмеген, ал Өзи хызмет етиў ушын келген. Ол Қудайдың Улы еди. Ол азат еди. Ол ҳеш кимге қарыздар емес еди. Оның үстинен улыўма адам ҳәкимиятларының бийлиги жоқ еди. Деген менен, Ол Өз азатлығынан басқаларға хызмет етиў ушын пайдаланыўды шешти!

## ХЫЗМЕТ УШЫН АЗАТ АДАМЛАР

Жаңа Келисим Қудайдың уллары болған бизлерди Ийсаға еликлеўге ҳәм Оның жүрегиндей жүрекке ийе болыўға шақырады:

> «Туўысқанлар! Қудай сизлерди азат болыўға шақырған. Тек азатлығыңызды өз тәбиятыңыздың қәлеўлериниң қурбаны қылмаң. Оның орнына бир-бириңизге сүйиспеншилик пенен хызмет етиңлер»
>
> – ГАЛАТИЯЛЫЛАРҒА 5:13

Азатлықтың мәнисин беретуғын және бир сөз бар: бул сөздиң аты *артықмашылық.* Тири Қудайдың балалары болған бизлер өз азатлығымыздан ямаса артықмашлықларымыздан өзөзлеримизге хызмет етиў ушын пайдаланбаўымыз керек. Азатлық басқаларға хызмет етиў ушын қолланылыўы керек. Хызмет бул ықтыярлы түрде етилетуғын мийнет. Байлаўда мәжбүрий ҳәм ықтыярсыз етилетуғын мийнет  бул қуллық. Қул  *мәжбүрий түрде, өз еркисиз* хызмет ететуғын адам, ал хызметкер  *өз ерки ҳәм өз қәлеўи менен* хызмет ететуғын адам. Қул менен хызметкердиң арасында үлкен айырмашылықлар бар. Олардың екеўи жумысқа еки түрли қатнас қылады. Келиңлер, олардың арасындағы бир нешше парықты көрейик:

- *Қул* мәжбүрий түрде хызмет етеди, ал *хызметкер* иске өз ерки менен кириседи.
- *Қул* берилген жумысты ғана ислейди, оннан артығын ислемейди, ал *хызметкер* артығы менен ислейди ҳәм өз имканиятларынан барынша пайдаланады.
- *Қул* тек бир шақырым жүреди, ал *хызметкер* еки шақырым жүреди.
- *Қул* байланған, ал *хызметкер* азат.
- *Қул* өз ҳуқықы ушын гүреседи, ал *хызметкер* өз ҳуқықларынан бас тартады.

Мен жүрегинде өкпе сақлап жүрип хызмет ететеуғын көп ғана масийхыйларды көрдим. Олар салық төлеп атырғанда, тоңқылдап өз қарсылығын көрсетеди ҳәм наразылық пенен береди. Олар «нызам қуллығынан» азат болғанына қарамастан, елеге дейин «нызамның қуллары» болып өмир сүреди. Олар жүреклеринде еле қул адамлар.

Ең қайғылысы, олар Жаңа Келисимди тийкар етип, сол «нызамларды» жаратып алған. Олар Ийсада болған қатнас пенен хызмет қылмайды. Олар хызмет ушын азат етилгенлигин билмейди. Сонлықтан олар басқалардың мәпи ушын емес, ал өз мәпи ушын гүресиўди даўам етеди.

Павел бундай қатнасты Римлилерге ҳәм Коринфлилерге жазған хатларында әшкаралайды. Жейтуғын аўқатлар ҳаққында сораўлар сол жердеги исениўшилерди «нызам» қуллығына түсирип атырған еди. Павел оларға былай деп жазады:

> «Исеними ҳәлсиз адамды оның пикирлери ҳаққында тартыспай қабыл етиңлер. Мысалы: биреў ҳәмме нәрсени жеўге болады деп исенеди. Ал исеними ҳәлсиз болған тек палыз өнимлерин ғана жейди».
>
> – РИМЛИЛЕРГЕ 14:1-2

Ийса анық етип, адамды аўзына енген нәрсе емес, ал аўзынан шығатуғын нәрсе ҳарамлайтуғынын айтқан еди. Бул арқалы Ол исениўшилер ушын барлық азық-аўқат ҳадал екенлигин түсиндирди. (Марк 7:18-19).

Соған қарамастан, Павел елеге шекем бутқа арналған гөштен ҳарамланып қалыўдан қорқып, гөш жей алмайтуғын исеними ҳәлсиз исениўшилердиң барлығын айтады. Ийса бул туўралы анық көрсетпе бергенине қарамастан, бундай исениўшилер елеге дейин арқайын гөш жей алмас еди.

> «Ал, бутларға берилген қурбанлық гөшин жеўге келсек, хабарымыз бар, бут дүньяда негизинде ҳеш қандай әҳмийетке ийе емес ҳәм жалғыз Қудайдан басқа қудай жоқ. Бирақ, бизлер ушын тек жалғыз ғана Қудай Әкемиз бар. Ол ҳәмме нәрсениң тийкары ҳәм бизлер Ол ушын жасап атырмыз. Және де, бизлердиң тек жалғыз ғана Ийемиз – Ийса Масийх бар. Ҳәмме нәрсе Ол арқалы жаратылған, бизлер де Ол себепли жасап атырмыз. Деген менен, исениўшилердиң

> ҳәммеси де усындай билимге ийе емес. Олардың айырымлары бул гөшти жегенде, өзлериниң бурынғы бутпаразлық әдети бойынша, елеге дейин оны бутқа берилген қурбанлықтың гөши деп есаплайды. Сонлықтан олардың ҳүжданы қыйналып, өзлерин ипласландық деп ойлайды»
>
> – 1-КОРИНФЛИЛЕРГЕ 8:4, 6-7

Рим ҳәм Коринф қаласындағы жәмәәтлерде исеними басқаларға қарағанда күшлилеў исениўшилер болған ҳәм олар исеними ҳәлсиз исениўшилердиң көзинше гөш жеп, оларды азғырылыўға (түсинбеўшиликке, сүрнигиўге) салған. Сол дәўирде адамлар ҳайўанларды бир бутларға қурбанлық қылып, кейин айырым гөшлерин базарларда сататуғын болған. Исеними ҳәлсиз исениўшилер сол гөшлерди жеўден қорқып, оларды жемеген. Ал исеними күшлилеў исениўшилер бутлардың ҳеш нәрсе емес екенлигин билип, бул гөшлерди алып, арқайын жейтуғын болған ҳәм бул ушын олардың ҳүжданы қыйналмаған.

Бирақ, исеними күшлилеў исениўшилер исеними ҳәлсиз исениўшилерди азғырылыўға салып атырғанына қарамаған. Олар: «Бизлерге Жаңа Келисим азатлық берди» деп, көбирек тек өз мәпин ойлаған. Олар исеними ҳәлсиз туўысқанлары ушын сүрниктиретуғын тас болып атырғанлығы туўралы ойланбаған. Хызметкердиң жүрегинде бундай қатнас болмаўы керек. Павелдиң оларға не деп жазғанлығына қараңлар:

> «Сонлықтан буннан былай, бир-биримизди ҳүким етпейик. Керисинше, туўысқаныңызды азғырыўға салмаўға ҳәм оның исенимине зыян келтирмеўге тырысыңлар. Өйткени Қудайдың Патшалығы жейтуғын ҳәм ишетуғын нәрселерден ибарат емес, ал ҳақлық, тынышлық ҳәм Мухаддес Руўх беретуғын қуўаныштан ибарат».
>
> – РИМЛИЛЕРГЕ 14:13, 17

Павел: «Туўысқанлар, келиңлер, Қудайдың Патшалығының негизинде мына үш нәрседен: *ҳақлық, тынышлық* ҳәм Мухаддес Руўх беретуғын *қуўаныштан* ибарат екенлигин умытпайық!» дейди. Жаңадан келген исениўшилер еле руўхый өспеген еди. Ал исеними күшлилеў исениўшилер болса, өз азатлығын оларға хызмет етиў ушын емес, ал өзлериниң «ҳақ» екенин оларға дәлиллеў ушын қолланып атырған еди.

Олар Жаңа Келисимге муўапық өзлериниң азатлыққа ийе болғанын билер еди. Оларда билим бар еди, бирақ сүйиспеншилик жоқ еди. Сүйиспеншилик болмаса, қуры билим адамды менменликке алып келеди ҳәм қулатады.

Ийсаның жүреги бундай болмаған: Онда билим де, сүйиспеншилик те толық бар еди! Ийса Ибадатхана салығын төлеўге ҳақылы емес екенлигин Петрге ашып берди, бирақ басқаларға хызмет етиў ушын өз мәпинен бас тартыўдың қаншелли әҳмийетли екенлигине үлги көрсетти. Ийсаның қәлеўи бизлер азатлығымызды тек өз мәпимиз ушын, тек өз ҳақымызды қорғаў ушын пайдаланбаўымыз. Яғный, азатлығымыз басқалардың азғырылыўына ҳәм сүрнигиўине себеп болмаўы керек. Павел бул ескертиўди Масийхтағы өз ҳуқықларын билетуғын, бирақ Қудайдың жүрегине ийе емес болған хызметкерлерге жазған еди:

> «Солай етип, сениң билимиң себепли, бул исеними ҳәлсиз туўысқаның набыт болады. Бирақ, Масийх ол ушын да қурбан болған-ғо. Сизлер усы тәризде туўысқанларыңызға қарсы гүна ислеўиңиз арқалы ҳәм олардың қыйналып атырған ҳүжданын азапқа түсириўиңиз арқалы Масийхқа қарсы гүна ислеген боласызлар».
>
> – 1-КОРИНФЛИЛЕРГЕ 8:11-12

Исеними ҳәлсиз туўысқанларға сондай қатнас жасағанымызда, «Ийемиздиң кишкене балалары» болған оларға азғырылыўға ҳәм сүрнигиўге себепши боламыз ҳәм сол арқалы азатлығымыздан гүна ислеў ушын пайдаланған боламыз.

## ӨЗ ҲУҚЫҚЛАРЫМЫЗДАН БАС ТАРТЫЎ

Ийса Ибадатхана салығын төлемеў ҳуқықына, яғный азатлыққа ийе екенин дәлиллеп болып, бирақ кейин бул ҳуқықынан бас тартып, кишипейиликке үлги көрсетти:

> «Бирақ ким де ким Маған исенип турған мына кишкенелердиң биреўин азғырса, оның мойнына үлкен дигирман тасы байланып, терең теңиздиң түбине батырылғаны оған жақсырақ болар еди. Адамларды азғырыўшы нәрселер себепли, дүнья ҳәсирет шегеди! Азғырыўшы нәрселердиң болыўы сөзсиз, бирақ азғырыў ким арқалы келсе, сол адам ҳәсирет шегеди! Егер сени қолың ямаса аяғың азғырса, оны шаўып тасла. Еки қолың менен ямаса еки аяғың менен мәңгилик отқа тасланғаныңнан гөре, бир қолың ямаса аяғың менен өмирге ерискениң өзиңе жақсырақ. Егер сени көзиң азғырса, оны ойып тасла. Еки көзиң менен дозақ отына тасланғаныңнан гөре, жалғыз көзиң менен өмирге ерискениң өзиңе жақсырақ. Абайлаңлар, мына кишкенелердиң ҳеш қайсысын да кемситиўши болмаңлар! Себеби сизлерге айтатуғыным: олардың аспандағы периштелери аспандағы Әкемниң жүзин ҳәмме ўақыт көрип турады».
>
> – МАТТА 18:6-10

Матта жазған Хош Хабардың бул бабында көп мәрте азғырылыўлар туўралы айтылған. Ийса бизлерге анық етип, гүнаға азғырыўшы барлық нәрседен азат болыўымыз кереклигин айтады. Демек, Жаңа Келисим адамы болған бизлер айырықша ҳуқықларға ийе болсақ та, егер өмирге ийе болыўды қәлесек, онда туўысқанларымызды азғырылыўға алып келетуғын барлық ислерден бас кешиўимиз керек. Егер сизиң жақсы көретуғын гөшиңиз ҳәлсиз туўысқаныңыздың гүна ислеўине себепши болса, тап сол заматта-ақ ол гөшти өзиңизден кесип таслаң. Бәлким,

сиз: «Онда не ушын Ийса көп адамлардың сүрнигиўине себепши болды?» деп сораўың мүмкин. Жуўабы әпиўайы: Аўа, Ийса айырым адамларды түсинбеўшиликке (азғырылыўға, сүрнигиўге) салды, себеби Ол Өз Әкесине қулақ салып, басқа адамларға хызмет етти. Ол буны Өз ҳуқықларын қорғаў ушын ислемеди.

Ийса Шаббат күни аўырыў адамларға шыпа бергенде, парисейлер азғырылды. Ол Өз Әкесиниң айтқан ҳақыйқатлығын жәриялаған ўақтында, буны еситкен Оның шәкиртлери түсинбеўшиликке түсти. Мариям менен Марта өз әжағасының қатты аўырып атырғанын айтып Ийсаға адам жибергенде, Ол еки күн келмей қалды, сонда Мариям менен Марта түсинбеўшиликке түсти (өкпеледи). Бирақ сиз Мухаддес Китаптың ҳеш бир жеринде Ийсаның Өз мәпи ушын басқаларды азғырылыўға салғанын таба алмайсыз. Павел Коринф жәмәәтине жазған хатында, былай деп ескертеди:

> «Бирақ, абайлы болыңлар, бул азатлығыңыз исеними ҳәлсизлердиң азғырылыўына себеп болмасын»
>
> – 1-КОРИНФЛИЛЕРГЕ 8:9

Бизлердиң азатлығымыз бизлерге не ушын берилген? Басқаларға өз өмиримизди бериўимиз ушын! Бизлер басқалардың исенимин сындырыўымыз емес, ал беккемлеўимиз керек. Бизлерге бул азатлық өз-өзлеримиз ушын тырысыўға берилмеген. Бизлер бул азатлықтан надурыс пайдаланып, исеними ҳәлсизлердиң азғырылатуғынына итибар бермей, өз қәлегенимизше жасай берсек, бул көп ғана адамлардың азғырылыўына себеп болады.

1-Коринфлилерге 8:9 аятта берилген мына ескертиўге және бир мәрте қулақ салыңлар:

> «Бирақ, абайлы болыңлар, бул азатлығыңыз исеними ҳәлсизлердиң азғырылыўына себеп болмасын».

Бул буйрықтың қәйтип бузылғанына бир мысал келтирейин. Мен Индонезияға екинши елшилик сапарыма ҳаялым Лизаны,

балаларымды ҳәм оларға қарайтуғын тәрбияшыны да алып жүрдим. Бизлер Денпасарге, дем алатуғын Бали атаўына келдик.

Бизлер келген жәмәәттиң ақсақалы жүдә шаўқымлы районда жайласқан кишкене бир мийманхананың хожайыны екен. Бизлер уйықламай жүдә узақ аралықты басып өттик. Сонлықтан бизлер жүдә шаршаған едик. Сол күни түнде бизлер күшли шаўқымнан ҳәм ийттиң үргенинен бир неше мәрте оянып кеттик ҳәм дурыслап дем ала алмадық. Ертеңине бизлер Яваға кеттик ҳәм еки ҳәпте даўамында басабас хызметте болдық. Бизлерде дем алыўға тек бир күн бар еди, бирақ ол да жолда жүриўге кетти. 24 саат даўамында бизлер отыз мың адамнан туратуғын жәмәәтте бес мәрте хызмет қылдық.

Бизлер Бали арқалы кейинге қайтыўымыз тийис еди. Шопан бизлерге және сол алдынғы мийманханада түнейтуғынымыз туўралы хабарлады. Бул хабардан бизлердиң кеўлимиз түсип кетти, себеби еки ҳәпте үзиликсиз даўам еткен аўыр хызметтен соң түнди қайтадан уйқысыз өткизгимиз келмеген еди.

Солай етип, бизлер Явадан Балиге кетпесимизден алдын азанғы аўқатымызды жеп атырғанымызда, бир ҳаял бизлерге: «Егер қәлесеңиз, Балидеги ең жақсы мийманханалардың биреўинде түнеўиңиз ушын, сизлерге орын сатып алып беремен», деп усыныс етти. Мен әжайып орында дем алыў имканиятына ийе болғанымыздан қуўанып кеттим.

Кейин бизлер рестораннан кетип, затларымызды жыйнастырып атырғанымызда, ҳаялым Лиза маған: «Жаңағы ҳаялдың усынысы маған онша унамай атыр», деди. Бизлер аўдармашы екеўимиз Лизаға: «Қәўетерленбе! Бәри жақсы болады!» дедик. Кейин самолетта Явадан Балиге ушып баратырғанымызда, Лиза маған: «Бизлер натуўры жол тутып атырмыз», деди.

Мен сонда ақмақларша ис тутып, оның сөзлерине мән бермедим. Мен ҳаялыма: «Бизлер туўры ис тутып атырмыз. Қайта жәмәәтке де жүк болмаймыз», деп айттым. Бизлер Балиге жетип келип, багажларымызды күтип турғанымызда,

ҳаялым және бир рет мени қайтармақшы болды, бирақ мен қайтадан оған қулақ салмадым.

Бизлер жергиликли шопанды көргенимизде, мен оған: «Бизлер ушын енди тәшиўишленбесеңиз де болады, себеби бизлер басқа мийманханада түнейтуғын болдық», деп айттым. Ол мениң сөзлеримди еситкенде, биртүрли болып кетти. Мен оннан: «Тынышлық па?» деп сорадым. Бахтыма ол жасырмай, не ушын биртүрли болғанының себебин айтты: «Джон, егер сизлер басқа жерде түнесеңиз, жәмәәтимиздиң ақсақалы ҳәм оның шаңарағы қапа болады. Олардың мийманханасында тоқтаўға жүдә көп қарыйдарлар келип атыр, бирақ олар сизлерге арналған ханаларын ҳеш кимге сатпай, сизлер ушын орын таярлап қойыпты», деди.

Мен шопанның да кеўлине тийгенимди түсиндим. Себеби мен оның ғамқорлығын миннетдаршылық пенен қабыл етиўдиң орнына, менсинбей қараппан. Сонда мен оған: «Бизлер басқа мийманханада түнеўден бас тартамыз ҳәм сизлердеги сол ақсақалдың мийманханасында тоқтаймыз», деп ўәде бердим.

Қудай маған қай жерде алжасқанымды түсиндирди. Мен шопанның кеўлине тийгенлигимди көрдим. Мен өз ҳуқықларымнан пайдаланаман деп, бул туўысқанымды қапа қылғанымды түсиндим. Туўысқанды қапа қылыў (азғырыўға, өкпеге, түсинбеўшиликке салыў) бул гүна. Сонлықтан мен оның алдына келип, оннан кеширим сорадым. Ол мени кеширди. Бул қәтени қайтып тәкирарламайман деп үмит етемен.

## БЕККЕМЛЕП КӨТЕРЕТУҒЫН СЫНАҚ

Елши Павел Римлилерге жазған хатында Қудайдың азғырылыўларға деген қатнасына мынадай жуўмақ шығарады:

> «Солай етип, өзлеримизди тынышлық алып келетуғын ҳәм өз ара руўхый күш беретуғын *(беккемлеп көтеретуғын)* ислерге бағышлайық».
>
> – РИМЛИЛЕРГЕ 14:19

Бизлердиң азатлығымыз басқалардың сүрнигиўине себеп болмаўы керек. Бизлердиң ҳәрекетлеримиз, ҳәтте, Мухаддес Китап ҳәриплерине сәйкес те болыўы мүмкин. Бирақ өз-өзиңизге деп сораў бериң: бул ҳәрекетим басқалардың беккемлениўине хызмет ете ме ямаса тек өз мәпиме ме?

> «Сизлер: «Не ислесем де ерклимен» дейсизлер, бирақ ҳәмме нәрсе де пайдалы емес. «Не ислесем де ерклимен», – дейсизлер, бирақ ҳәмме нәрсе де исенимди жетилистирмейди. Ҳәр бир адам өзиниң емес, ал басқалардың пайдасын гөзлесин. Солай етип, жесеңиз де, ишсеңиз де, не нәрсени ислесеңиз де, ҳәмме нәрсени Қудайдың даңққа бөлениўи ушын ислеңлер. Яҳудийлердиң де, греклердиң де, Қудайдың жәмәәтлериниң де *азғырылыўына себеп болмаңлар.* Мен де өзимниң *пайдамды емес,* ал көплердиң қутқарылыўы ушын олардың пайдасын гөзлеп, ҳәр бир исте ҳәр бир адамның кеўлинен шығыўға тырысып атырман».
>
> – 1-КОРИНФЛИЛЕРГЕ 10:23-24, 31-33

Қандай алтын нәсиятлар! Даналыққа толы бул аятлар арқалы Мухаддес Руўх сизиң өмириңиздиң ҳәр бир тараўына Өз нурын шашқысы келип тур. Мен сизди шақыраман: Мухаддес Руўхқа рухсат бериң! Мухаддес Руўхтың нурына ишиңиздеги жасырын болған барлық натуўры нийетлериңизди, тек өз мәпиңизди ойлаған ўақытларыңызды алып шығың.

Өмириңиздиң ҳәр бир тараўында, Мухаддес Руўх сизди ҳәмме адам ушын хызмет етиўге шақырады. Оның шақырығын қабыл етиң. Масийхтағы өз азатлығыңыздан өз жеке ҳуқықларыңызды қорғаў ушын емес, ал басқаларды азат етиў ушын пайдаланың. Бул Павелдиң хызметлериниң де бир шәрти еди. Ол былай деп жазады:

> «Хызметимизге сөз келмесин деп, ҳеш кимге ҳеш бир нәрседе тосқынлық жасамаймыз».
>
> – КОРИНФЛИЛЕРГЕ 6:3

## ҚУДАЙ АДАМНЫҢ ОҒАДА УЛЛЫ ҚАРЫЗЛАРЫН КЕШИРДИ! КЕШИРГИСИ КЕЛМЕГЕН АДАМ, ӘНЕ, ҚУДАЙДЫҢ СОЛ УЛЛЫ КЕШИРИМИН УМЫТҚАН АДАМ.

«Шайтанның жемтиги» атлы китап мениң китапханамда бир жылдан көбирек турды. Ақырсоңында, мен оны қолыма алып, оқый басладым. Мен жүрегиме қандай руўхтың жайғасып алғанын дәрҳал түсиндим. Бул китапты оқыўға мени Мухаддес Руўхтың Өзи жетелегенине ийнениң ушындай да шубҳаланбайман. Мен қанша оқысам, сонша әшкара алдым. Жәмәәтимизде шопанымыз: «Егер кешириўди шешкен адамлар болса, алдыға шығың», деп шақырғанда, мен иркилип турмастан, дәрҳал, алдыға шықтым. Мен ҳәммени, әсиресе, өз әкемди кеширдим. Кейин әкеме барып, оннан кеширим сорадым. Ол мени кеширди. Мен ҳәзир толық азатлық алдым. Сизге бул китап ушын үлкен рахмет айтаман!

– Р. П., ВИРДЖИНИЯ

# 11 БАП

# КЕШИРИМ: БЕРМЕСЕҢИЗ, АЛМАЙСЫЗ!

***«Сонлықтан да, сизлерге айтатуғыным: дуўа еткениңизде нени сорасаңлар да, алғаныңызға исениң, сонда ол сизлерге бериледи. Дуўа етип турғаныңызда, биреўге өкпели болсаңыз, оны кешириң, сонда аспандағы Әкеңиз де сизлердиң гүналарыңызды кеширеди. Егер сизлер басқалардың гүналарын кеширмесеңлер, аспандағы Әкеңиз де сизлердиң гүналарыңызды кеширмейди – деди».***

**– МАРК 11:24-26.**

Бул бапта мен сизлердиң дыққатыңызды кеширмеўшиликтиң ақыбетлерине ҳәм оннан азат ететуғын жолларға қаратпақшыман.

Ийемиз Ийса жоқарыдағы аяттағы сөзлерди айтқан

ўақтында, қорқынышлы шынлықты айтты: *«Егер сизлер басқалардың гүналарын кеширмесеңлер, аспандағы Әкеңиз де сизлердиң гүналарыңызды кеширмейди».* Ийемиз бул аятта нени айтқан болса, соны нәзерде тутты. Адамлар, әдетте, бир затты айтады, бирақ басқа затты ислейди. Нәтийжеде, олардың сөзлери онша үлкен әҳмийетке ийе емес болып қалады.

Бул балалықтан басланады. Ата-аналар өз баласына: «Егер сен буны және бир рет қайталасаң, жазаланасаң», дейди. Бирақ баласы тек бир рет қайталап қоймайды, ал бир неше рет қайталайды. Ол ҳәр сапары қайталаған ўақтында, ата-анасы қайтадан жазалайтуғынын айтып ескерте береди. Бирақ ата-аналары қуры ескертип, баласын, әдетте, жазаламайды. Жазалаған жағдайда да, ўәде еткендей етип емес, ал жеңил түрде жазалап қояды, егер қатты ғәзеплense, керисинше, шектен тыс қатты жазалайды.

Бул еки жаза да балаға мынадай мағлыўмат береди: «Ата-анаңның сөзлеринде күш жоқ. Өйткени олар айтқан сөзлерин орынламайды». Нәтийжеде, балада мынадай түсиник қәлиплесип баслайды: *«Бийликке ийе адамлардың аўзынан шыққан сөзлери ҳақыйқат бола бермейди».*

Сонлықтан бала алжасады ҳәм бийликке ийе адамлардың сөзлерине онша үлкен әҳмийет бермейтуғын болады. Бундай ҳүрметсизлик қатнасы оның өмириниң басқа тараўларына да өтеди. Ол өзиниң муғаллимлерине, досларына ҳәм басшыларына да тап сондай қатнас жасап баслайды. Ол үлкейгеннен соң, бундай қатнас оның ушын әдетий ҳалатқа айланады. Енди ол сөйлегенде, негизинде нәзеринде тутпаған бос тастыйықлаўларды ҳәм күшке ийе емес ўәделерди бере беретуғын болады.

Сизлерге әпиўайы сәўбеттен бир мысал келтирип берейин. Джим бираз ўақыт көриспеген танысы Томды көрип қалады. Джим асығыс еди, сонлықтан ишинен: «Оо, мынаў Том ғо. Бирақ оның менен сөйлесип турыўға улыўма ўақтым жоқ», деп ойлайды.

Том да оны көреди. Сонда Джим оған: «Оо, туўысқан! Сени көргениме қуўанышлыман. Қудайға шүкир!» дейди. Олар азмаз сөйлесип болғаннан кейин, Джим асығыс екенлигин көрсетип: «Кел, бир күни көрисип отырайық. Бирге бир жерде аўқат жейик», дейди.

Биринширен, Джим асығыс еди ҳәм Томды көргенине негизинде қуўанған жоқ. Екиншиден, ол Қудай туўралы ойлаған да жоқ, бирақ сонда да: «Қудайға шүкир», деди. Үшиншиден, онда негизи Том менен көрисип, бирге аўқат жеў нийети болған да жоқ. Ол айтқан сөзлерин улыўма орынламақшы емес еди. Ол тек Томнан тезирек қутылыўы ушын сондай деп атырған еди. Солай етип, ҳақыйқатында Джимниң айтқан сөзлериниң бәри қуры айтылған бос сөзлер еди.

Бирақ бундай ўақыялар күнделикли өмиримизде ҳәр күни ушырасады. Бүгинги күнде адамлар айтып атырған сөзлериниң төрттен бирин де негизинде нәзерде тутпайды. Сондай екен, не ушын бүгин адамлар бир-бириниң сөзлерине исенбейтуғыны ҳайран қалдырарлық нәрсе емес.

Бирақ Ийемиз Ийса сөйлеген ўақытта, Ол бизлердиң Оның ҳәр бир сөзине толық исенгенимизди қәлейди. Бизлер Оның сөзлерине адамлардың сөзлерине қарағандай етип қарамаўымыз керек. Ийемиздиң ҳәр бир сөзи пүткиллей ҳақыйқат ҳәм жүз пайыз исенимли. Қудай ҳәр бир сөзине жуўап береди. Ҳәтте, бизлер садық емес болып қалған жағдайда да, Ол бәрибир садық болып тура береди. Ол бизлердиң жәмийетимизде жоқ болған ҳақыйқаттың, ҳақлықтың ҳәм ҳадаллықтың шыңында жасайды. Ийемиз Ийса: «Егер кеширмесеңлер, онда Аспандағы Әкеңиз де сизлердиң гүналарыңызды кеширмейди», деген ўақтында, Ол әне соны нәзерде тутып айтқан еди.

Егер алдыға және бир қәдем таслайтуғын болсақ, онда бизлер Оның Хош Хабарда буны тек бир мәрте емес, ал бир неше мәрте тәкирарлағанын көремиз. Ийса бул ескертиўдиң оғада әҳмийетли екенлигин көрсетеди.

> «Егер сизлерге гүна ислегенлерди кеширсеңлер, аспандағы Әкеңиз де сизлерди кеширеди. Ал егер сизлерге гүна ислегенлерди кеширмесеңлер, Әкеңиз де гүналарыңызды кеширмейди».
>
> – МАТТА 6:14-15

> «...Кешириңлер, сонда сизлер де кеширилесиз».
>
> – ЛУКА 6:37

Сондайақ, «Аспандағы Әкемиз» дуўасында да бул шынлықты көремиз:

> «Бизлерге гүна ислегенлерди кеширгенимиздей, Бизлердиң де гүналарымызды кешире гөр».
>
> – МАТТА 6:12

Қызық, бүгин қанша масийхыйлар тап өзи басқаларды кеширгениндей етип, Қудайдың өзин кеширгенин қәлейди екен? Деген менен, олар тап сол дәрежеде кешириледи. Бизлердиң жәмәәтлеримизде кеширмеўшиликтиң сондай күшли дәрежеде кең тарқалғанлығы соншелли, бизлер Ийемиздиң бул ескертиўине онша әҳмийет бергимиз келмейди. Бирақ арамызда кеширмеўшилик қаншелли кең тарқалған болмасын, ҳақыйқат өзгермейди. Басқаларды шын жүрегимизден кешириў, босатып жибериў ҳәм қайта тиклеў оғада әҳмийетли ҳақыйқатлық! Себеби бизлер жүреклеримизде басқа адамларды қай қурақым кеширсек, өзлеримиз де сол қурақым кеширимге ийе боламыз.

Мен Филиппин атаўларында жасайтуғын бир масийхый туўралы әжайып гүўалық еситтим. Оны бурыннан таныйтуғын мениң досларым маған бул масийхый туўралы жазылған бир мақаланы көрсетти.

Оның бизнеси жүдә жақсы гүллеп-жаснап турғанлығы себепли, ол бир неше жыллар даўамында Қудайдың шақырған хызметине: «Яқ!» деп келген. Ол жүдә көп пуллар табатуғын

еди. Бирақ, ақырсоңында, оның Қудайға қулақ салмаўы оның басына жетип, ол жүрек қәстелигине ушырайды ҳәм емлеўханаға түседи.

Ол операция ўақтында жаны үзиледи ҳәм ол өзиниң Бейиш дәрўазаларының сыртында турғанлығын көреди. Оның жанында Ийса турған еди. Ийса оған оның Өзине қулақ салмағанлығын айтады. Сонда ол Ийсаға жалынып: «Егер мениң өмиримди және узайтсаң, мен Саған хызмет етиўге ўәде беремен», дейди. Жаратқан Ийе оған келисим береди.

Бирақ оның жанын денесине қайтармастан бурын, Ийемиз Ийса оған дозақты көрсетеди. Ол сонда өзиниң ҳаялының анасының дозақ отында жанып атырғанлығын көреди.

Ол қаттыға таң қалады. Себеби оның қәйин енеси тири гезинде тәўбе етиў дуўасын оқып, өзин масийхыйман деп айтып жүрген ҳәм жәмәәтке баратуғын болған. Сонда ол Ийемизден: «Не ушын ол дозақта?» деп сорайды.

Жаратқан Ийе оған: «Ол өзиниң ағайинлериниң биреўин кешириўден бас тартты. Сонлықтан ол кешириле алмайды», деп жуўап береди.

## КЕШИРИМ ҲӘМ РУЎХЫЙ ӨСИЎ

Бизлер өз хызметлеримизде де көп мәрте кеширмеўшилик қақпанларына түскен адамларды көрдик. Мен Индонезияда хызметти баслағанымда, бир бай бизнесменниң үйинде турдым. Олар үй иши менен қутқарылмаған болса да, мен хызмет етип атырған жәмәәтке баратуғын еди.

Мен оның үйинде болғаныма бир ҳәпте болғанда, оның ҳаялы қутқарылды, ал кейин оның өзи де, үш баласы да тәўбе етти. Олардың өмирине азатлық келди ҳәм үйинде атмосфера пүткиллей өзгерип кетти. Олардың үйин бир уллы қуўаныш толтырып жиберди.

Олар мениң Индонезияға ҳаялым менен және келмекши

болғанымды еситкенде, бизлерди үйинде жасаўға мирәт етти ҳәм бизлердиң пүткил шаңарағымыз ушын, ҳәтте, балаларымызға қарайтуғын тәрбияшылар ушын да самолетқа билет сатып алып бериўди усынды.

Бизлер келип, олардың жәмәәтинде он мәрте хызмет алып бардық. Мен тәўбе етиў ҳәм Қудайдың ҳүзири туўралы ўаз айттым. Хызмет ўақтында көп адамлар тәўбе етип көз жасларын төкти ҳәм зал Қудайдың ҳүзирине толды.

Бизнесмен пүткил шаңарағы менен жәмәәт хызметлерине қатнасты. Сол қалада туратуғын оның анасы да барлық хызметлерге қатнасты. Ол да бизлердиң балаларымызға авиабилетлерди сатып алыў ушын көп ақша тикти.

Бир ҳәптелерден соң ол ҳаял мениң туўры көзлериме қарап: «Джон, не ушын мен бир рет те Қудайдың ҳүзирин сезбедим?» деп сорады. Бизлер жаңа ғана азанғы аўқатты жеп болып, қалған адамлардың бәри дәстүрхан басынан турып кеткен еди.

Ол: «Мен ҳәмме хызметлерге қатнастым ҳәм сениң айтқан ҳәр бир сөзиңди дыққат пенен тыңладым. Мен тәўбе етиў ушын алдыға шықтым ҳәм тәўбе де еттим, бирақ бир рет те Қудайдың ҳүзирин сезбедим», деди.

Мен оның менен бираз сөйлескенимнен соң оған: «Келиң, сизиң Қудай Руўхына толыўыңыз ушын дуўа етейик», дедим. Мен қолларымды оның үстине қойып, оның Мухаддес Руўхты қабыл етиўи ушын дуўа ете басладым. Бирақ Қудайдан улыўма ҳеш қандай белги болмады.

Кейин Қудай мениң руўхыма: «Ол өз күйеўин кеширген жоқ. Оған өз күйеўин кешириўи керек екенлигин айт», деп сөйледи.

Мен қолларымды оның үстинен алдым. Мен оның күйеўиниң әлле қашан дүньядан өткенин билер едим, бирақ оған қарап: «Қудай маған көрсетти, сиз өз күйеўиңизди еле кеширмеген екенсиз», дедим.

Ол: «Аўа, бирақ оны кеширiў ушын қолымнан келген барлық нәрсени қылдым», деп жуўап берди.

Кейин ол маған күйеўиниң оған қандай жаманлықларды ислегенлигин айтып берди. Сонда не ушын оған күйеўин кешириўи қыйын екенлигин түсиндим.

Бирақ мен оған: «Қудайдан бир зат ала алыўыңыз ушын, кешириўиңиз керек», дедим ҳәм Ийемиз Ийсаның бизлерди кешириўге үйреткенин түсиндирдим.

Сиз оны өз күшиңиз бенен кешире алмайсыз. Сиз буны Қудайға алып келип, Қудайдан сизди кешириўин сораўыңыз керек. Соннан кейин сиз күйеўиңизди кешире аласыз. Сиз өз күйеўиңизди босатып жибериўди қәлейсиз бе?

Аўа, деди ол.

Мен оған мынадай әпиўайы дуўа менен дуўа етиўге жәрдем бердим: «Аспандағы Әкемиз, мен өз күйеўимди кеширмегеним ушын, Сеннен Ийем Ийса Масийхтың атынан кеширим сорайман. Жаратқан Ийе, мен оны өз күшим менен кешире алмайтуғынымды билемен. Себеби кешириў өз қолымнан келмей атыр. Бирақ ҳәзир Сениң алдыңда мен күйеўимди жүрегимнен босатып жиберемен. Мен оны кеширемен».

Ол бул сөзлерди айтар-айтпастан, көзлеринен көз жаслар аға баслады. Мен оған: «Қолларыңызды көтерип, жаңа тиллерде дуўа етиўди баслаң», дедим. Сонда өмиринде биринши мәрте ол әжайып аспан тиллеринде дуўа ете баслады. Бизлер сонда Қудайдың ҳүзирине толып кеткенимиз соншелли, Қудайдың Жүзи алдында қалтыраўға ҳәм терең ҳүрметке бөлендик. Ол бес минут даўамында жылады. Бизлер бираз сөйлестик, кейин мен оған Қудайдың ҳүзиринде рәҳәтлениўди усыныс еттим. Ол Қудайға табыныўды даўам етти, ал мен оның жалғыз өзин сол бөлмеде қалдырып, сыртқа шығып кеттим.

Бул хабар оның баласы менен келинине жеткенде, олар таң қалды. Олар оның жылағанын ҳеш қашан көрмегенин айтты. Оның өзи де соңғы мәрте қашан жылағанын еслей алмай: «Ҳәтте, күйеўим қайтыс болғанда, көзимнен бир тамшы жас шыққан жоқ еди», деди.

Сол күни кешки хызметте ол суўға шомылдырылыў рәсиминен өтти. Соннан кейин үш күн даўамында оның жүзин әжайып қуўаныш тәрк етпеди. Оннан алдын оның бундай етип қуўанып жүргенин ҳеш еслей алмайман. Ол кеширмеген ўақтында, кеширмеўшилик қамақханасында тутқынлықта еди. Бирақ ол күйеўин кеширип, оны босатып жиберген заматта, өмирине Қудайдың күши кирип келди ҳәм ол ҳақыйқаттан да Қудайдың ҳүзирин сезе алатуғын болды.

## КЕШИРМЕГЕН ХЫЗМЕТШИ

Кеширмеўшилик пенен өкпениң ақыбети адамды ең жаман жерге алып барады. Кеширмеўшилик ҳәм өкпе азат адамды қорқынышлы қамақхана тутқынына айландырады. Бул туўралы Ийемиз Ийса Матта жазған Хош Хабардың 18 бабында аттан анық етип түсиндирип береди. Ол шәкиртлерине қапа қылған туўысқанлар менен қалай жарасыў кереклигине жол көрсетеди (жарасыў туўралы кейинги бапларда көрип шығамыз).

> «Сонда Петр Ийсаға келип:
>
> – Ийем, маған қарсы гүна ислеген туўысқаныма неше рет кеширим берсем болады? Жети ретке дейин бе? – деп сорады».
>
> – МАТТА 18:21

Петр өзин қатты кең пейил етип көрсетип атырыппан деп ойлады. Ол барлық нәрсени ҳәдден тысқары етип көрсетиўди жақсы көрер еди. Ол Ийемиздиң түртүси өзгерген таўда былай деген еди: «Ийем, биздиң бул жерде болғанымыз қандай жақсы! Егер қәлесең, мен бул жерге үш қос қураман: биреўин Саған, биреўин Муўсаға, биреўин Илиясқа». (Матта.17:4). Ал енди болса, ол жети ретке дейин кешириўге таяр екенин Устазға көрсетип, бундай кең пейиллиги менен Оны таң қалдырмақшы болған еди.

Бирақ ол Устаздан жүдә таң қалдырарлық жуўапты еситеди:

> «Саған жети ретке дейин емес, ал жетпис жердеги жети ретке дейин кеширим ет, деймен».
>
> – МАТТА 18:22

Ийемиз Ийса Петрдиң «кең пейиллик» туўралы түсинигин сындырып жиберген еди. Басқаша сөз бенен айтқанда, Ийемиз бизлерге Қудай сыяқлы бәрқулла кешириўимиз керек екенлигин айтты.

Кейин Өз пикирин тастыйықлаў ушын, Ийемиз Ийса мынадай бир тымсал айтып береди.

> «Солай етип, Аспан Патшалығы өз хызметшилери менен қарызын есапласқысы келген бир патшаға уқсайды. Ол есапласа баслағанда, оның алдына оннан ***10 000*** *талант* қарыздар болған биреўди алып келипти».
>
> – МАТТА 18:23-24

Он мың таланттың қаншелли дәрежеде көп екенин билиў ушын, бизлер талант дегенниң не екенин билип алайық. Сол дәўирде талант бул өлшеў бирлиги еди. Ол алтынды, гүмисти ҳәм басқа металларды өлшеў ушын қолланылар еди. (Мыс, 2-Патша.12:30; 3-Патша.20:39). Бул тымсалда ол қарызды билдирип тур. Демек, бул анық алтын ямаса гүмис теңгелер. Келиңлер, буны алтын деп алайық.

Әдетте, бир талант ҳәзирги 34 килограммға тең. Бул адам көтерип жүре алатуғындай жүк еди (4-Патша 5:23). Он мың талант алтын, шама менен, 375 тонна алтынға тең болады. Солай етип, бул хызметкер өз патшасына 375 тонна алтын қарыздар болған.

Ҳәзир бир унция (28,3 грамм) алтын 375 АҚШ долларына баҳаланады. Ҳәзирги дәўир базарында бир талант алтын 450 000 долларға баҳаланады. Ал он мың талант алтын 4,5 миллиард доллар турады. Демек, хызметкер өз патшасына 4,5 миллиард доллар қарыздар болған!

Яғный, ол өз патшасы алдында ҳеш қашан өтеп болмайтуғындай үлкен қарызға ийе.

> «Бирақ ол қарызын төлей алмайтуғын болғанлықтан, патша оған оның өзи менен қосып ҳаялын, балаларын ҳәм барлық мал-мүлкин сатып, қарызын төлеўди буйырыпты. Сонда хызметши оның аяғына жығылып: «Тақсыр, шыдап турың, мен барлық қарызымды төлеймен!» – деп жалыныпты. Хызметшиге жаны ашыған патша оны босатып, қарызынан кешипти».
>
> – МАТТА 18:25-27

Енди бул тымсалдың өкпе туўралы не дейтуғынын көрейик. Өкпе пайда болғанда, кимдур қарыздар болады. Сиз: «Ол маған бул ушын жуўап береди!» деген сөзди еситип көрген шығарсыз. Солай екен, кеширим бул қарызлардың бәрин кеширип жибериўге тең. Патша Аспандағы Қудай Әкемизди билдиреди. Ол Өз хызметкериниң ол ҳеш қашан төлей алмайтуғын қарызын кеширип жибереди.

> «Сизлер гүналарыңыз ҳәм гүнакар тәбиятыңыздың сүннетсизлиги себепли өли едиңлер, бирақ Қудай сизлерди Масийх пенен бирге тирилтти. Ол барлық гүналарымызды кеширди. Мухаддес Нызам талаплары бойынша бизлерге қарсы айып тағып, ҳүким белгилейтуғын ҳүжетти (барлық қарызларымыздың дизимин) Қудай өширди ҳәм оны атанақ ағашқа шегелеп, жоқ қылды».
>
> – КОЛОСАЛЫЛАРҒА 2:13-14

Қудай бизлердиң барлық қарызларымызды, яғный бизлер улыўма төлей алмайтуғын қарызларымызды кеширди. Бизлер Қудайға қарыздар болған нәрселеримизди қайтарып бере алатуғындай ҳеш қандай имканият жоқ. Сонлықтан Қудай бизлерге Уллы Қутқарылыўды сый (саўға) ретинде берди. Ийемиз Ийса бизлердиң барлық қарызларымызды

Өзи төледи. Өз патшасына қарыздар болған сол хызметкер бизлердиң ҳәр биримизди билдиреди. Бизлердиң ҳәр биримиз Қудайға қарыздардармыз, бирақ Ол сол шектен тыс уллы қарызларымыздың бәрин Ийса себепли толық кеширди.

> «Ал хызметши сыртқа шығып, өзине жүз динар қарыздар болған бир хызметши жолдасын ушыратып: «Маған беретуғын қарызыңды бер», – деп оны буўындыра баслапты».
>
> – МАТТА 18:28

Бир динар жумысшының бир күнлик ис ҳақысын билдиреди. Ҳәзирги күнде АҚШта орташа айлыққа қарап есаплайтуғын болсақ, жүз динар 4000 доллардай турады. Тымсалдың кейнин оқыймыз:

> «Сонда оның жолдасы аяғына жығылып: «Шыдап тур, мен қарызымды төлеймен», – деп жалыныпты. Бирақ ол жолдасының сөзин тыңламай, өзине беретуғын қарызын төлемегенше, оны қаматтырып таслапты».
>
> – МАТТА 18:29-30

Бул хызметкердиң оған қарыздар бир жолдасы бар екен. Қарызы, шама менен, бир жыллық айлықтың үштен бири бөлеги. Егер сиз бир жыллық айлығыңыздың үштен бирин жоғалтсаңыз, бул сизге унарма еди? Бирақ оның 4,5 миллиард доллар қарызы кеширилгенин ядыңыздан шығармаң. Ол, ҳәтте, бир өмир жумыс ислесе де, бундай ақша таба алмас еди!

Басқалардың бизлерге қарсы қылған қылмысларын 4 000 мың долларға теңлестирсек, онда бизлердиң Қудайға қарсы қылған қылмысларымыз 4 500 000 000 доллар болады екен. Бәлким, биреў бизлерге қатты жаман нәрсе қылған шығар, бирақ бул бизлердиң Қудайға қарсы қылған қылмысларымыздың алдында ҳеш нәрсе болмай қалады.

Бәлким, сизге исленилген жаманлық дүньядағы ең үлкен

жаманлықтай болып көриниўи мүмкин. Бирақ сиз өзиңиздиң Ийсаға қаншелли жаман қатнаста болғаныңызды аңлап та жете алмайсыз. Ол айыпсыз болса да, бизлердиң айыпларымыз ушын қурбанлық Қозысы болып баўызланған еди.

Кешире алмаған адам  Қудайдан алған сонשелли үлкен кеширимди ямаса түсинбеген, ямаса умытқан адам. Қудай оның қаншелли үлкен қарызын кеширди! Сиз Ийемиз Ийсаның сизди мәңгилик өлимнен ҳәм азаптан қутқарғанын аңлап жеткен гезиңизде, басқалардың гүналарын ҳеш қандай шәртсизақ кеширип жибере алатуғын боласыз. (Буны қалай ислеўге болатуғынын 13-бапта бөлисемиз).

Өмирлик қамақхана жазасы адам өлемеген дегенше даўам етеди. Ал дозақ жазасы миллиард жыллар өтсе де, ҳеш таўсылмайды. Бул мәңгилик өлим. Мәңгиликти отлы көлде өткизиўден жаманырақ нәрсениң өзи жоқ. Ол жерде ийнениң ушындай да жеңиллик жоқ: дозақтың қурты өлмейди, оты өшпейди. Ол жер гүнакар болған бизлер ушын таяр турған еди, бирақ Қудай бизлерди Өз Улы Ийса Масийхтың өлими арқалы кеширди. Ҳалеллуя! Егер сизге кешириў аўыр болып турған болса, онда дозақ туўралы ҳәм сизди қутқаратуғын Қудайдың сүйиспеншилиги туўралы ойлаң.

## ИСЕНИЎШИЛЕР УШЫН САБАҚЛАР

Келиң, бул тымсалдың изин оқыйық:

> «Оның басқа хызметши жолдаслары бул ўақыяны көрип, қатты қапа болыпты ҳәм патшаға барып, болған истиң бәрин айтып берипти. Сонда патша оны шақыртып алып, оған: «Ҳәй, жаўыз хызметши! Сен маған жалынғаның себепли ғана барлық қарызыңнан кешкен едим. Мениң саған реҳим еткенимдей, сениң де өз жолдасыңа реҳим етиўиң тийис емес пе еди?» – депти».
>
> – МАТТА 18:31-33

Бул тымсалда Ийса исениўшилер туўралы айтады. Ийса: «Патшаның хызметшилери», дейди. Қараң, сол хызметшиниң жүдә үлкен қарызы кеширилген. Демек, ол гүналары кеширилген исениўшилерди билдиреди. Бирақ ол өз жолдасын, яғный басқа хызметшини кеширмеген. Солай екен, бизлер мынадай жуўмақ шығарсақ болады: кеширмеген исениўшиниң тәғдири сондай болып жуўмақланады.

> «Патша қәҳәрленип, өзине берилетуғын қарыздың бәрин төлеп болмағанша, оны жазалаўшылардың қолына тапсырыпты. Егер сизлердиң ҳәр бириңиз туўысқаныңыздың гүнасын шын кеўлиңизден кеширмесеңлер, Мениң аспандағы Әкем де сизлерге солай ислейди, – деди».
>
> – МАТТА 18:34-35

Бул аятлардан баслы үш пикирди көрсек болады:

- Кеширмеген хызметши жазалаўшылардың қолына тапсырылды.
- Ол басындағы қарызын, яғный 375 тонна алтынды төлеўи керек.
- Қудай Әке де өз туўысқанын шын жүрегинен кеширмеген ҳәр бир исениўшиге сондай қылады.
- Кеширмеген хызметши жазалаўшылардың қолына тапсырылады.

Вебстер сөзлигинде «жазалаўшылар» деген сөзге мынадай анықлама береди: «дененiң ямаса ақылдың азап шегиўи», «азаплап жазалаў ушын ямаса садистлер сыяқлы ләззет алыў ушын, қыйнаў ҳәм күшли азарлы аўырыўды келтирип шығарыў».

Демек, бундай азап беретуғын жазалаўшылар «жаўыз руўхларды» билдиреди. Адам исениўши болыўына қарамастан, Қудай бундай «жазалаўшыларға» оның денесине ҳәм жанына азап бериўге рухсат береди. Мен өз хызметим даўамында

жүдә көп мәрте басқаларды шын жүреги менен кешириўден бас тартқан исениўшилер ушын дуўа еттим. Олар кеширмегени ушын, шыпа, жубаныш ямаса азатлық алалмайтуғын еди.

Шыпакерлер менен илимпазлар айырым кеселликлердиң, атап айтқанда, артрит пенен рактың кеширмеўшилик ҳәм дәрт пенен байланысы бар екенлигин айтады. Көп ғана руўхый кеселликлер өтлесип кеткен кеширмеўшиликтен келип шығады.

Әдетте, адамлар басқа адамларды кеширмейди, бирақ арасында адамлар өзлерин өзлери де кеширмейди. Егер сизди Қудайдың Өзи кеширип турғанда, өзиңизди өзиңиз кеширмейтуғындай сиз ким болыпсыз? Сиз Қудайдан үлкенбисиз?

- Кеширмеген хызметши ең бастан киятырған барлық қарызын, яғный 375 тонна алтынды төлеўи керек.

Оннан оның қолынан келмейтуғын нәрсени талап етти. Ийемиз Ийса Голготада атанақта бизлердиң шексиз қарызларымыздың бәрин Өзи төледи. Бизлер ҳеш қашан бул қарызларымызды өзлеримиз төлей алмаймыз. Бирақ кеширмеген адамнан сол қарызлардың бәрин төлеў талап етиледи. Демек, кеширмеген адам қутқарылыўды жоғалтады.

Бирақ сиз: «Тоқтап турың! Адам тәўбе етиў дуўасын оқып, өз өмирин Ийсаға бағышласа, ол қутқарылмай ма?» деп сораўың мүмкин.

Егер сиз ырастан да сондай деп ойлайтуғын болсаңыз, онда Петрдиң мына сөзлериниң мәнисин маған түсиндирип бериң:

> «Адамлар Ийемиз ҳәм Қутқарыўшымыз Ийса Масийхты билип, дүньяның напәкликлеринен қутылғаннан соң, және сол нәрселердиң дузағына түсип, олардан жеңилсе, онда кейинги аўҳалы бурынғыдан да бетер болады. Өйткени ҳақыйқатлық жолын билгеннен соң, берилген мухаддес буйрықтан жүз бурғаннан гөре, бул жолды ҳеш билмеген олар ушын жақсырақ болар еди».
>
> – 2-ПЕТР 2:20-21

Петр бул жерде Ийса Масийхтағы қутқарылыў арқалы дүньяның напәкликлеринен қутылған адамлар туўралы айтып атыр. Деген менен, олар қайтадан гүналардың (гүналардың биреўи кеширмеўшилик) дузағына түсип, олардан жеңилип қалған. «Жеңилген» деген енди гүналары ушын тәўбе етпеў ҳәм Қудайға қайтпаў дегенди билдиреди.

Петр: «Ҳақлықты билип болып, оннан жүз бурыў ҳақлықты улыўма билмей кеткеннен де жаманырақ», деп тастыйықлайды. Басқаша айтқанда, Қудайдың Сөзи бизлерге былай дейди: «Мәңгилик өмир сыйын қабыл етип болып, оннан биротала жүз бурғаннан гөре, улыўма ҳеш қутқарылмаған жақсырақ».

Елши Яҳуда болса, жәмәәтте «еки мәрте өлген» адамлар туўралы сүўретлейди (қарақалпақша аўдармада *«гүзде миййўесиз қалып өлген, тамыры менен жулып тасланған тереклерге уқсайды»* деп айтылған). Еки мәрте өлген деген мынаны билдиреди: «Адам алдын Масийхсыз өли болған, кейин Ийсаға келип тирилген, бирақ кейин Қудайдың жолынан шығып кетип қайтадан өлген».

Мухаддес Китапта көп адамлардың соңғы күнде Ийсаға келип, өзлерин ақламақшы болғаны туўралы оқыймыз:

> «Заманның ақырғы күнинде көбиси Маған: «Ийем! Ийем! Бизлер Сениң атың менен пайғамбаршылық етип, Сениң атың менен жинлерди қуўып шығармадық па? Сениң атың менен көп кәраматлар ислемедик пе?» – дейди. Сонда Мен оларға: «Мен сизлерди ҳеш қашан таныған емеспен, Меннен аўлақ кетиңлер, ҳәй, нызамды бузыўшылар!» – деп ашық айтаман».
>
> – МАТТА 7:22-23

Олар Ийсаны таныған. Олар Ийсаны Ийем деп атаған ҳәм Оның атынан кәраматлар ислеген. Бирақ Ийса оларды танымаған. Сонда Ийса соңғы күнде кимлерди таныйды? Елши Павел деп жазады:

> «Бирақ, Қудайды сүйген адамды Қудай биледи»
>
> – 1-КОРИНФЛИЛЕРГЕ 8:3

Демек, Қудай Өзин сүйген адамларды таныйтуғын екен.

Сиз: «Мен Қудайды сүйемен. Мен тек мени жарақатлаған туўысқанымды сүймеймен», деўиңиз мүмкин.

Бирақ бундай жағдайда, сиз алжасасыз, себеби деп жазылған:

> «Егер ким де ким: «Қудайды сүйемен» деп, туўысқанын жек көрсе, ол өтирикши. Себеби көзге көринетуғын туўысқанын сүймеген адам көзге көринбейтуғын Қудайды қалай сүйе алады?».
>
> – 1-ЮХАН 4:20

Азғырылыў ҳәм алданыў жүдә қорқынышлы нәрсе. Себеби азғырылып алданған адамлар шын жүреги менен өзиниң ҳақ екенлигине исенеди. Ол наҳақ болса да, ҳақпан деп ойлайды. Қудайдың Сөзине бойсыныўдан бас тартқан адам өз-өзиниң жүрегин алдап атырған болады.

Мухаддес Китаптан еки пикирди салыстырып көрейик. Бириншиси «көплер» аспанға барамыз деп исенеди, бирақ олар аспанға киргизилмей қалады. Екиншиси «көплер» соңғы күнлерде исенимнен қайтады (ямаса өкпелеп қапа болады). (Матта.24:10). Бәлким, бул екеўинде де бир қыйлы адамлар айтылып атырған шығар.

Гей бир исениўшилер кеширмеўшиликтен соншелли дәрежеде азап шегеди, олар ҳәттеки сол азаптан өлип қутыламан деп ойлайды ҳәм өз өлимин күтип жүреди. Бирақ бул алданыў ҳәм азғырылыў! Бизлер кеширмеўшиктен тап ҳәзирақ қутылып алыўымыз керек, болмаса, кейин кеш болады ҳәм бизлерден төлеў қолымыздан келмейтуғын нәрсе талап етиледи.

- Исениўшиниң жарақаты ҳәм өкпеси қанша үлкен болмасын, бәрибир ол шын жүреги менен кешириўи

керек. Егер ол кешириўден бас тартса, Қудай Әке де оның гүналарын кеширмейди.

Ийемиз Ийса ҳәмме шәкиртлер Оны толық түсиниўи ушын, бул туўралы аттан анық етип айтады. Ийсаның айтқан тымсалларына шәкиртлери түсинбей қалып, Оннан мәнисин сорағанда, Ол барлық ўақыт айтқан тымсалларын талқылап берген. Бирақ бул тымсалды айтқанда, түсинбейтиндей ҳеш нәрсе қалдырмай, бәрин аттан анық қылып айтады. Ол кешириўден бас тартқан ҳәр бир адамды реҳимсиз ҳүким күтип турғанына ҳеш қандай гүман қалдырмайды.

Ийса басқа жағдайларда да, егер кеширмесек, онда кеширилмейтуғынымызды жүдә анық етип бир неше рет айтады. Ядыңызызда ма, Ол бизлердей емес: Ол нени айтса, соны нәзерде тутады.

Жәмәәтте бундайды көп ушырата бермейсең. Көбинесе, исениўшилер не ушын кешире алмайтуғынына көп ғана сылтаўлар ҳәм бәнелер табыўға урынады. Негедур, кеширмеўшилик гүнасын адамлар «гомосексуализм», «бузықшылық», «урлық» ҳәм «мәслик» гүналарынан жеңилирек гүна деп ойлайды. Бирақ та кешириўден бас тартқан ҳәр бир адам басқа үлкен гүналарға батқан адамлар сыяқлы Қудай Патшалығына кире алмайды.

Гей биреўлер бул сөзди жүдә қатаң ўаз сыяқлы қабыл етиўи мүмкин. Бирақ мен бул сөзди реҳимсиз ҳәм қатаң ўаз деп емес, ал реҳимлилик хабары ҳәм мийримлилик ескертиўи деп қабыл етемен. Сиз мына еки жолдың қайсысын таңлайсыз?

Бириншиси, бүгин сиз Мухаддес Руўх тәрепинен әшкараланып, ақылландырылып, шын жүректен тәўбе етесиз ҳәм кеширилесиз.

Ал екиншиси, сиз кешириўден бас тартып, соңғы күнде Қудайдың сизге: «Мен сени танымайман! Мениң қасымнан кет!» деген қатаң ҳүкимин еситесиз, бирақ енди тәўбе етиўге кеш қалдыңыз?

# ӨЗИМИЗ УШЫН ӨШ АЛЫЎ ҚӘЛЕЎИ БИЗЛЕР УШЫН ПҮТКИЛЛЕЙ ЖАТ НӘРСЕ БОЛЫЎЫ КЕРЕК, ҲӘТТЕ, ОЛ ТУЎРАЛЫ ОЙЛАМАЎЫМЫЗ ДА КЕРЕК.

Мен сизиң «Шайтанның жемтиги» атлы китабыңыз ушын Қудайға алғыслар айтаман. Бул майланған китап! Оны оқып баслағанымнан ақырына шекем Қудайдың Руўхы мениң ишимде жумыс исследи. Сонлықтан бул китапты екиүш күнниң ишинде оқып тасладым. Бул китап мениң өмиримди пүткиллей өзгертип жиберди. Мен өкпелер шынжырларынан азатлық алдым. Енди азатлықта қалыўым ушын, өз жүрегимниң үстинен, ақылойымның ҳәм ишки сезимлеримниң үстинен жумыс ислеўди тоқтатпайман.

– Л. М., ЮЖНАЯ КАРОЛИНА

# 12-БАП

# ӨШ АЛЫЎ БУЛ ҚАҚПАН

***«Ҳеш кимниң жаманлығына жаманлық пенен жуўап қайтармаңлар. Ҳәммениң ойы бойынша жақсы деп саналған ислерди ислеўге тырысыңлар».***

**– РИМЛИЛЕРГЕ 12:17**

Өткен бапта анық көргенимиздей, кеширмеўшиликти услап турыў бул кимдидур өзиңе қарыздар деп санаўды билдиреди. Бир адамға байланыслы ҳуқық бузылғанда, әдетте, ҳуқықы бузылған адам ҳуқықын бузған адамды өзиниң қарыздары сыяқлы етип көреди. Ол қаржылай ямаса моральлық қандай да бир төлемди күте баслайды.

Бизлердиң суд системамыз жәбир шеккен адамның ҳуқықын қорғаў менен шуғылланады. Адамлар қарызын талап еткени

ушын, суд ислери келип шығады. Бир адам екинши адамның ҳуқықын бузып, оған жәбир келтирген ўақытта, адамның әдиллиги: «Ол ислеген иси ушын суд алдында жуўап бериўи ҳәм айыбы ушын төлем төлеў керек», дейди.

Кеширмеген хызметкер де өз достынан қарызын қалай болмасын алыўды қәлегени ушын, оны қазыларға тапсырды. Бул «әдиллик» болыўы мүмкин, бирақ Ҳақлық Жолы емес.

> «Сүйикли туўысқанларым! Өзиңиз ушын өш алмаңлар. Ал буны Қудайға тапсырыңлар. Себеби Мухаддес Жазыўда Ийемиз былай дейди: *“Өш алыў Мениң қолымда, сазайын Өзим беремен”».*
>
> – РИМЛИЛЕРГЕ 12:19

Қудайдың балалары өзлери ушын өш алмайды. Бирақ кеширмеген ўақтымызда, бизлер өш алыўға урынып атырған боламыз. Бизлер өш алыўды қатты қәлеймиз, жобаластырамыз ҳәм әмелге асырамыз. Бизлерге қашан қарызын толық төлемегенше, кеширмеймиз ҳәм қанша төлем төлеўи тийис екенлигин тек өзлеримиз анықлаймыз. Бирақ егер бизлерге келтирилген зыян ушын, қанша төлем төлеў кереклигин өзлеримиз белгилесек, онда бизлер өз-өзлеримизди Қудайдың орнына судья қылған боламыз. Бирақ Қудайдың Сөзи былай дейди:

> «Нызам шығарыўшы ҳәм ҳүким етиўши (Судья) – жалғыз Қудай. Тек ғана Ол қутқарыўға ҳәм набыт қылыўға қүдиретли. Ал туўысқаныңды ҳүким ететуғындай, сен ким болыпсаң? Туўысқанлар, ҳүким етилмеўиңиз ушын бир-бириңизге қарсы наразылық билдирмеңлер. Мине, ҳүким етиўши Ийемиз (Судья) қапы алдында тур».
>
> – ЯҚЫП 4:12; 5:9

Қудай ҳақ Судья. Ол әдил ҳүким шығарады. Егер биреў гүна ислеп қойып, бирақ кейин шын жүректен тәўбе қылса, онда Голготада төгилген Ийемиз Ийсаның Қаны бул қарызды өширип таслайды.

Сиз: «Бирақ Ийсаға емес, ал маған жаманлық қылдыға», деўиңиз мүмкин.

Дурыс, бирақ сиз өзиңиздиң Ийсаға қарсы қанша жаманлықлар ислегениңизди, ҳәтте, көз алдыңызға да келтире алмайсыз. Бизлердиң ҳәммемиз гүна ислеп, өлимге ылайықлы болған гезимизде, Ол бирде бир дағы ямаса кемшилиги жоқ айыпсыз қурбанлық болған еди. Бизлердиң ҳәммемиз мәмлекетлик нызамлардан анағурлым уллырақ болған Қудай Нызамларын бузғанбыз. Қудайдың әдиллиги бизлердиң гүнакар ҳәм жоқары ҳүкимге ылайықлы екенимизди көрсетеди. Егер пүткил әлемниң Әдил Қазысы бизлерди әдиллик пенен сотлайтуғын болса, онда ҳәммемиз мәңгилик өлимге кетемиз.

Бәлким, сизге жаманлық қылыўға биреўлерди ийтермелейтуғындай, сиз ҳеш нәрсе қылмаған шығарсыз. Бирақ адамлардың сизге қылған наҳақ қатнасларын Қудайдың уллы кеширими менен салыстырып көрсеңиз, Қудайдың уллы кеширими алдында адамлардың сизге қылған наҳақлықлары көринбей қалатуғынын көресиз. Сиз өзиңиздиң Қудайға қаншелли дәрежеде қарыздар екениңизди бир көргениңизде ме еди! Бирақ тәўбе еткен ўақтыңызда, Қудай сол таўдай барлық гүналарыңызды кеширди. Егер сиз өзиңизди алданған етип сезип жүрген болсаңыз, демек, сиз Қудайдың сизге қаншелли реҳим еткенин түсинбегенсиз ямаса умытқансыз.

## НАШҮКИРЛИК ПЕНЕН НАРАЗЫЛЫҚТЫҢ ҚАРАҢҒЫ АЙМАҚЛАРЫ

Егер де сиз Ески Келисим дәўиринде маған қарсы гүна ислеп қойғаныңызда, мен сизден нызамлы түрде өш алған болар едим: «Көзге көз, тиске тис. Жанға жан, қанға қан». Ески Келисимде жаманлыққа жаманлық пенен жуўап берип, қарызыңды алыўға рухсат бар еди. (Леб.24:19; Шығыў.21:23-25 аятларына қараң). Таўрат Нызамы  Бас Судья еди. Таўрат Нызамы астында болғанларды азат етиў ушын, Ийемиз Ийса еле өлген жоқ еди.

Жаңа Келисим дәўиринде, Оның исениўшилерге не деп атырғанлығына қараңлар:

> «Сизлер: *«Көзге көз, тиске тис»,* – дегенди еситкенсиз. Ал Мениң сизлерге айтатуғыным: жаман адам менен қарсыласпаңлар. Биреў бетиңниң оң жағына урса, оған бетиңниң сол жағын да тут. Биреў сениң менен даўласып көйлегиңди алғысы келсе, оған шапаныңды да шешип бер. Биреў сени өзи менен бирге бир шақырым жер жүриўге мәжбүрлесе, оның менен бирге еки шақырым жүр. Сеннен сорағанға бер, сеннен қарызға алайын дегеннен аяма».
>
> – МАТТА 5:38-42

Наразылық (өш) рухсат қылынған барлық қараңғы аймақларды Ийемиз Ийса бийкар қылады. Негизи, бизлер басқаларға хызмет ете алыўымыз ушын, Ийемиз бизлердиң өш алыў ойынан жүдә узақ болыўымыз кереклигин айтады.

Бизлерге қылған жаманлығына жаманлық пенен жуўап қайтарыўға урынып атырғанымызда, бизлер өз-өзлеримизди Судьяның орнына қойып атырған боламыз. Матта 18-бапта өз жолдасын кеширмеген адам туўралы айтылады ол да өзин ҳүким шығарыўшы Судьяның орнына қойған еди. Сол себептен, оның өзи де барлық қарызларын төлеп болмағанша жазалаўшылардың қолына тапсырылады, ал балашағасы сатып жибериледи.

Бизлер жолды әдил ҳүким шығарыўшы жалғыз Судьяға бериўимиз керек. Тек Ол ғана ҳәммеге дурыс ҳүким шығара алады.

Бир рет Флорида штатының Тамп қаласында бир жәмәәтте өкпе руўхы туўралы ўаз айттым. Ўаздан кейин мениң алдыма бир ҳаял келди. Ол маған бурынғы күйеўин әлле қашан кеширгенлигин айтты. Бирақ ол мениң қәйтип өкпеден қутылыў туўралы ўазымды тыңлап отырғанында, өзин жүдә қолайсыз сезгенлигин ҳәм ишинде елеге дейин тынышлық жоқ екенлигин айтты. Мен оған жумсақ даўыс пенен: «Демек, сиз

оны елеге дейин кеширмегенсиз», дедим.

Яқ, кеширдим. Мен кеширим көз жасларын төккенмен, деди ол.

Сиз жылаған болсаңыз да, оны еле босатып жибермеген болыўыңыз мүмкин, дедим.

Яқ, мен оны кеширдим. Маған оның ҳеш нәрсеси керек емес.

Маған айтшы, ол сизге не қылды?

Мениң күйеўим жәмәəттиң шопаны еди. Ол мени ҳәм үш баламызды таслап, жәмәəте бир жетекши ҳаял менен бирге қашып кетти. Оның көзлеринде көз жаслар көрине баслады. Ол сөзин даўам етип: Күйеўим маған: «Сениң менен турмыс қурғаным Қудайдың ерки болмаған екен. Қудайдың маған деген ерки ана ҳаял менен турмыс қурыўым екен», деди. Күйеўим және: «Ол ҳаял мениң хызметим ушын үлкен ғәзийне болып тур. Себеби ол маған саған қарағанда көп жәрдем береди. Ал сен мениң ушын тосқынлық бола бересең, мени сынға ала бересең. Бизлердиң некемиздиң бузылыўына тек сен айыпкерсең. Ал мениң улыўма айыбым жоқ», деди.

Әлбетте, оның күйеўиниң азғырылғанына ҳәм ҳаялы менен балаларын тас баўырларша таслап кеткенлигине шубҳа жоқ. Оның ҳаялы қатты азап шекти ҳәм күйеўинен қарызын төлеўин күтти. Ол қандай қарызды күтти? Алимент ямаса балаларына материаллық жәрдем бе? Яқ, себеби оның кейинги күйеўи шаңарағын толық тәмийинлеп турған еди. Ол таслап кеткен күйеўинен, қандай «қарызды» күтер еди? Ол бурынғы күйеўиниң оның алдына келип: «Мени кешир! Мен наҳақ екенмен, ал сен ҳақ екенсең! Енди мени қәйтип жазаласаң да, ҳақыласаң», деп тән алыўын күтер еди.

Мен оған: «Ол саған келип, ҳәмме нәрсе ушын бар айыпты мойнына алмағанынша ҳәм кейин сизден кеширим сорамағанынша, сиз оны кеширмейсиз. Бул төленбеген қарыз сизди қуллықта услап тур», дедим.

Егер де Ийса бизлер қашан Оған барып: «Бизлер наҳақпыз, ал Сен ҳақсаң. Бизлерди кешир», деп айтқанымызды күтип отырғанда, Ол бизлерди атанақта кеширмеген болар еди. Атанақта азап шегип атырып, Ол былай деп бақырды:

> «Әке, оларды кешире гөр! Олар не ислеп атырғанын билмейди».
>
> – ЛУКА 23:34

Бизлер еле Ийсаға келмесимизден алдын ҳәм гүналарымызды мойынламасымыздан алдын, Ол бизлерди кеширди. Елши Павел бизлерди былай деп ескертеди:

> «Бир-бириңизге шыдамлы ҳәм кеширимли болыңлар. Егер ким де ким биреўден өкпели болса, Ийемиздиң сизлерди кеширгени сыяқлы, сизлер де бир-бириңизди кешириңлер».
>
> – КОЛОСА.3:13

> «Албир-бириңизгемийирманҳәмжанашырболыңлар. Қудай сизлерди Масийх арқалы кеширгендей, сизлер де бир-бириңизди кешириңлер».
>
> – ЕФЕСЛИЛЕРГЕ 4:32

Мен жаңағы ҳаялға: «Бурынғы күйеўиңиз сизге келип, бар айыпты өз мойнына алмағанша ҳәм сизиң айыбыңыз жоқ екенин тән алмағанша, сиз оны кеширмейсиз», деген ўақтымда, оның жүзинен көз жаслар аға баслады. Күйеўиниң келтирген азапларының алдында, оның күтип атырған нәрсеси оған ҳеш нәрсе еместей болып көринип турар еди. Бирақ ол адам әдиллигиниң қуллығында еди. Ол: «Қарызымды қайтып алыўға мениң ҳуқықым бар ҳәм ол маған қалай болмасын қарызын төлеўи керек!» деўи арқалы өзи-өзин судьяға айландырған еди. Бул өкпе оған жаңа күйеўи менен жақсы қарым-қатнас қурыўға кесент берер еди. Сондайақ, ол енди ҳәкимиятқа ийе ҳәр бир еркек адамға исене алмас еди, себеби оның бурынғы күйеўи ҳәкимиятқа ийе шопан еди.

Ийемиз Ийса бизлердиң жүрегимиздиң ҳалатын көбинесе атыздың ҳалатына уқсатады. Бизлерге Қудайдың сүйиспеншилигине беккем тамыр урыў туўралы буйрық берилген. Тек сонда ғана жүрегимизге егилген туқым, яғный Қудайдың сөзи терең тамыр жаяды, өсип шығады ҳәм ҳақлық жемисин әкеледи. Бул жемис мыналардан ибарат:

> «...сүйиспеншилик, қуўаныш, тынышлық,
> сабырлылық, мийримлилик, қайырқомлық,
> садықлық, мүләйимлилик ҳәм өзин тутып билиў».
>
> – ГАЛАТИЯЛЫЛАРҒА 5:22-23

Бирақ атыз тек өзине егилген туқымларды ғана өсирип шығара алады. Егер бизлер жүрегимизге «қарыз», «киширмеўшилик» ҳәм «өкпе» туқымларын ексек, онда Қудайдың сүйиспеншилигиниң орнына ҳарам шөплер өсип шығады. Ҳарам шөплер «ашшы тамырдан» өсип шығады. Френсис Френджипейн ашшы тамырға мынадай зор анықлама береди: *«Ашшы тамыр бул орынланылмаған кек».* Кек ямаса өш қәлегениңдегидей етип алынбаған ўақытта, ашшы тамыр пайда болады.Еврейлерге жазылған хаттың авторы бул туўралы ашық айтады:

> «Ҳәмме менен татыў болып жасаўға ҳәм мухаддес болыўға тырысыңлар. Мухаддесликке ийе болмай турып, ҳеш ким де Ийемизди көрмейди. Араңыздағы ҳеш бириңиз Қудайдың мийриминен айырылып қалмаўы ушын ҳәм *араңызда сизлерге зыян тийгизип, көплерди зәҳәрлейтуғын* <u>*ашшы тамыр*</u> көгерип шықпаўы ушын, бир-бириңизге жақсылап қараңлар».
>
> – ЕВРЕЙЛЕРГЕ 12:14-15

Көрдиңиз бе, ашшы тамыр бизлерге зыян тийгизип, көплерди зәҳәрлей алатуғын күшке ийе екен. Бул зәҳәрленетуғын «көплер» кимлер? Матта.24:10 аятта Ийемиз Ийса соңғы күнлерде көп адамлардың исенимнен қайтатуғыны (ямаса өкпелейтуғыны) ҳаққында айтады. Зәҳәрленетуғын «көплер»

сол исенимнен қайтатуғын көп адамлар емес пе? Ашшы тамыр бул тамыр. Егер оны суўғарсаң, қорғасаң ҳәм азықландырсаң, ол кемкемнен күшейип, тереңлесип бара береди. Егер тамырды басында жулып тасламасаң, ўақыт өтип кеткен соң оны жулыў дым аўыр болады. Өкпе күн сайын өсетуғын нәрсе. Сонлықтан Павел бизлерге мынадай әжайып нәсият береди:

> «Ғәзепленсеңиз де, гүна ислемеңлер. Қуяш батқанша, ғәзептен қайтыңлар. Шайтанға жол бермеңлер».
>
> – ЕФЕСЛИЛЕРГЕ 4:26-27

Болмаса, ҳақлық жемисиниң орнына бизлер *ғәзеп, өкпе, налыў, көре алмаўшылық, жек көриўшилик, наразылық ҳәм алаўызлық өнимлерин* көремиз. Ийемиз Ийса булардың ҳәммесин жаман мийўелер деп атады (Матта.7:19-20).

Мухаддес Китап өкпени таслап, тынышлыққа ерисиўге бар күши менен урынбайтуғын ҳәр бир адамның, ақыр соңында, ҳарамланатуғынлығын айтады. Сонда ҳәтте «қымбат ғәзийне» болып есапланған нәрсе де, ақыр соңында, кеширмеўшиликтиң «ашшы тамырына» айланады.

## БОЛЫЎЫ МҮМКИН БОЛҒАН ПАТШАНЫҢ ҲАРАМЛАНЫП ҚАЛЫЎЫ

Бизлер бул китапта Шаул ҳәм Даўыт патшалар ҳаққында көрип шыққан едик. Патша Шаул өз хызметкери Даўытқа байланыслы наҳақ, әдилсиз ҳәм жүдә жаман қатнас қылған ўақтында да, Даўыт оған садық болып қалады. Шаулдан өш алыўға Даўытқа еки рет әжайып имканият берилген болса да, ол өзи ушын өш алыўға урынбайды. Даўыт Қудайдың жүрегиндегидей мәрт адам болған еди. Ол өзи менен Шаул ортасындағы мәселени әдил шешиўди Қудайға қойып береди. Шаулға Қудайдың ҳүкими келген ўақытта болса, Даўыт буған қуўанбайды. Ал Шаул ушын қайғырып жылады, себеби оның жүрегинде Шаулға байланыслы ҳеш қандай ашшы тамыр жоқ еди.

Шаул өлген соң Даўыт тахтқа отырады. Ол өз елин беккемлеп, әскерий жақтан үлкен табысларға ериседи ҳәм тахттың ҳақыйқый ийеси екенин дәлиллейди. Ол бир неше ҳаялларға үйленеди. Олар Даўытқа көп балалар туўып береди. Оның туңғыш улының аты Амнон, ал үшинши улының аты Абшалом болады.

Амнон аналары басқа болған Абшаломның қарындасы Тамараны сумлық жолы менен қолға түсирип зорлайды. Ол өзин аўыр кесел болғандай етип тутады. Оны әкеси Даўыт көриўге келгенде, ол әкесинен: «Маған қарындасым Тамара аўқат таярлап берсин», дейди. Тамара келип аўқат писирип берген ўақтында, Амнон үйиндеги барлық хызметшилерин шығарып жиберип, Тамараны зорлайды. Ол ҳарам нийетин әмелге асырып болған соң, Тамараны жек көрип қалады ҳәм хызметшилерин шақырып: «Мынаны мениң көзимнен жоқ қылың», деп буйрық береди. Ол патшаның пәк қызының намысына тийип, оны масқара қылған еди (2-Патшалықлар 13 бап).

Сонда Абшалом қарындасын үйине әкелип, оған қарайды ҳәм әжағасы Амнонға ҳеш нәрсе демейди. Абшалом Амнонға деген үлкен жек көриўшиликке толған еди.

Абшалом әкеси Даўыттан әжағасы Амнонды жазалаўын күтеди. Патша Даўыт болған ўақыяны еситкенде, қатты қәҳәрленеди, бирақ ҳеш қандай шара қолланбайды. Абшалом әкесиниң болған ўақыяға ҳеш қандай әдил ҳүким шығармағанын көргенде, қатты ғәзепке толады.

Алдын Тамара патшалардың қызлары кийип жүретуғын әжайып кийимлерди кийип жүретуғын еди, ал енди болса, ол уят ҳәм масқарашылыққа кийинген еди. Ол жүдә сулыў қыз болған еди, сонлықтан халық алдында да үлкен ҳүрметке ийе еди. Енди болса ол жалғыз өзи жасаўы керек болды. Ол «бузылған» болып есапланып, енди турмысқа шыға алмас еди.

Бул әдилсизлик болған еди. Себеби Тамара патшаның тапсырмасы менен Амнонға қарап атырған ўақтында, оның намысына тийген еди. Оның бахытлы өмирине шек қойылған

еди. Бирақ бул нызамсызлықты келтирип шығарған Амнон тап ҳеш нәрсе болмағандай жасап атыр еди. Бул аўыр дәрт тек жалғыз Тамараның басына түскен еди.

Абшалом ҳәр күни үлкен дәрт астында жасап атырған қарындасын көрер еди. Маликаның бахытлы өмири жаман түске айланған еди. «Әкем Амнонға әдил жаза шығарады» деп ойлап, Абшалом бир жыл патшадан әдил ҳүким күтеди, бирақ Даўыт ҳеш қандай шара қолланбайды. Сонда Абшалом әкесине өкпелейди ҳәм наҳақ Амнонды жек көреди.

Арадан еки жыл өткенде, оның жек көриўшилиги оның жүрегинде «Амнонды өлтириў» жобасын пайда етеди. Ол: «Әкем қарындасым ушын әдил ҳүким шығармады. Енди әкемниң орнына өзим қарындасым ушын өш аламан», деп ойлады.

Ол патшаның барлық уллары ушын зыяпат өткизеди. Оның жаман нийетинен хабары жоқ Амнон да зыяпатқа келеди ҳәм Абшалом оны өлтиреди. Өшин алып болған соң, ол Гешурға қашып кетеди. Бирақ оның әкесине деген өкпеси бурынғыдан да бетер үлкейип бара береди, әсиресе, ол патша сарайынан узақ-узақларда жасап атырған ўақытларында, оның жүрегиндеги өкпе еле де тереңлесип барады.

Абшаломның жүрегине *ашшы тамыр* терең жайғасып үлгерген еди. Сол себептен ол Даўыттың кемшиликлерин ҳәм қәтелерин көрип баслайды. Деген менен, ол әкесиниң оны сарайға алдырғанын қәледи. Бирақ Даўыт оны жанына шақырмады. Бул тап отқа май қуйғандай, оның өкпесин еле де күшейтти.

Бәлким, оның кеўлинде мынадай ойлар болған шығар: «Халық мениң әкем менен мақтанып жүр. Бирақ адамлар тап соқыр сыяқлы әкемниң негизинде қандай адам екенин көрмейди. Ол тек Қудайдың атынан пайдаланады, бирақ негизи өз пайдасын гөзлейтуғын өзимшил адам. Ол, ҳәтте, патша Шаулдан да жаман адам! Шаул амалеклердиң патшасын ҳәм оның ең жақсы қойлары менен малларын өлтирмегени ушын, тахтынан айырылды. Ал мениң әкем болса, өзиниң ең садық

әскериниң ҳаялы менен бузықшылық қылды. Кейин ол өз гүнасын жасырыў ушын, өзиниң садық әскерин өлтирди. Оның өзи қанхор ҳәм бузық. Соның ушын ол Амнонды жазалаған жоқ! Ол Жаратқан Қудайға қәлбеки сыйынады».

Абшалом Гешурда үш жыл жасады. Ўақыт өтип, Даўыт тынышланды ҳәм туңғыш улы Амнонның өлиминиң күйиги де басылды. Сонда Иоаб патшаны Абшаломды алып келиўге көндиреди. Бирақ Даўыт улы Абшаломды алып келиўге келисим бергени менен, оның менен көрисиўден бас тартады. Арадан және еки жыл өтти. Ақырсоңында, Даўыт Абшаломның ҳуқықларын толық тиклеп, оған және пәтиясын береди. Бирақ Абшаломның жүрегиндеги өкпе бурынғыдай жасаўын даўам ете береди.

Ол шеберлик пенен нийетлерин басқалардан жасырып билетуғын еди. «Абшалом Амнонға жақсы да, жаман да сөз айтпады. Өйткени ол қарындасы Тамараның намысына тийгени ушын, Амнонды жек көрип қалған еди» (2-Патша 13:22). Көп адамлар Абшалом сыяқлы өз өкпесин ҳәм жек көриўшилигин шеберлик пенен басқалардан жасырып биледи.

Жүреги өкпеге толған ҳалда Абшалом ҳәмме нәрсеге тек сын көзи менен қарайтуғын болды. Ол енди патшаға кеўли тоқ емес адамлардың патшаға деген арзыларын тыңлап, оларды әтирапына жыйнай баслады. Ол гүрсинип: «Эхх, мениң өзим патша боларма едим, бәри басқаша болған болар еди», дейтуғын еди. Ол патшаға арыз етип келген израиллыларды тыңлап, олардың кеўиллерин өзине аўдара баслады:

> «Сонда Абшалом сол адамға: «Қара, сениң даўа исиң туўры ҳәм әдил. Бирақ патшаның жанында сени тыңлаў ушын тайынланған ҳеш ким жоқ», – дейтуғын еди. Соңынан: «Қәнекей, енди мени елге қазы қылып қойса, өз арзысы менен келген ҳәр бир адамның исин әдалатлық пенен шешер едим», – деп қосып қоятуғын еди. Егер биреў Абшаломға тәжим етиў ушын жақынласса, ол сол адамға қолын созатуғын

> ҳәм оны қушақлап, сүйетуғын еди. Абшалом патшаға арыз қылып келген израиллылардың ҳәр бирине усылай қатнас жасайтуғын еди. Солай етип, ол израиллылардың кеўлин өзине аўдырып алды».
>
> – 2-ПАТША. 15:3-6

Бәлким, Абшалом олардың арызларын дыққат пенен көрип шыққан шығар. Себеби ол «мениң арзымды да патша әдиллик пенен көрип шыққан жоқ» деп ойлайтуғын еди. Сырттан қарағанда, ол халыққа ғамқорлық қылып атырғандай еди. Ол усылайынша халықтың кеўлин әкеси Даўыттан өзине қаратып алды. Бирақ, негизинде, не жүз берген еди? Ол ҳақыйқаттан да халыққа ғамқорлық қылды ма ямаса оның нийети тек әкеси Даўытты тахттан түсирип, орнын ийелеў болды ма?

## БАСҚАЛАРДЫҢ ҚӘТЕЛЕРИН ТАБЫЎ БОЙЫНША ҚӘНИЙГЕЛЕР

Абшалом Израил халқын өз тәрепине аўдарып, әкеси Даўытқа қарсы көтерилиске шықты. Сонда патша Даўыт өз өмирин қутқарып қалыў ушын, Ерусалимнен қашыўға мәжбүр болды. Сол ўақытта Абшалом тап өз патшалығын әлле қашан қурып үлгергендей болып көринген еди. Ол пүткил халықты изине ертип, әкеси Даўытты өлтириў ушын, оның изинен түседи ҳәм Даўыттың әскерлери менен урысқа түседи. Даўыт өз әскербасыларына: «Улым Абшаломды өлтирип қоймаң», деп буйрық бергенине қарамастан, урыста Абшалом өледи.

Негизинде, Абшаломның басына жеткен нәрсе оның кеўлиндеги *өкпе* ҳәм жүрегиндеги *ашшы тамыр*. Онда патша болыўға үлкен қәбилетлер ҳәм имканиятлар бар еди. Ол тахтқа мийрасхорлардың бири еди. Бирақ сондай үлкен имканиятларға ийе болған адам өз әкесин өзине *қарыздар* деп есаплағаны ушын ҳәм оны кешириўден бас тартқаны ушын, жаңа күшке толған дәўиринде шерменде болып әлемнен өтеди. Әкесин өзине қарыздар деп есаплағаны ҳәм кеширмегенлиги

оны ҳарамлаған еди. «Ҳарамланыў» бул «жарамсыз болыў» дегенди аңлатады. Өкпе Абшаломды жарамсыз қылған еди.

Жәмәәтлерде жәрдемшилер өз жетекшилерине хызмет етип атырып, оларға көп өкпелейди. Олар өз жетекшилерин сынға ала берип, тез арада олардың қәтелерин табыў бойынша қәнийге болып кетеди. Жетекшилери не қылса да, биреўлерди хызметке қойса да, қәтесин көре беретуғын болады. Себеби олардың руўхый көз-қарасы менен мақсетлери бузылған, сонлықтан олар енди Қудайдың көзқарасы менен көре алмайтуғын болады. Олар енди өзлериниң өмирдеги баслы мақсетин «наҳақ жетекшиниң тәсиринен ҳәмме адамларды қутқарыў» деп есаплап баслайды ҳәм жетекшиге өкпелеген, наразы ҳәм жақын емес адамлардың кеўиллерин өзине қаратыў исине шын жүректен бериледи. Олардың тәсири астына түсип қалған адамлар еле ҳеш нәрсени аңлап жетпей атырып-ақ, жәмәәтте ямаса хызметте бөлиниў жүз береди. Яғный Абшаломның ўақыясы және қайталанады.

Гейде олардың жүргизген бақлаўлары дурыс ҳәм анық болады. Бәлким, Даўыт та улы Амнонға бир шара қолланыўы керек болған шығар. Бәлким, ырастан да жетекшиниң қәте жиберетуғын гей бир жерлери бар шығар. Бирақ әдил судья ким: сиз бе ямаса Қудай ма? Тек бир нәрсени есиңизден шығармаң: сиз нени ексеңиз, соны орып аласыз! Душпанлық ексеңиз, душпанлық орып аласыз.

Абшаломның өмиринде болған ўақыя ҳәм ҳәзирги дәўирде жүз беретуғын сондай ўақыялар, яғный «өкпе» деп аталатуғын ашшы тамырдың раўажланып барыўы белгили бир ўақыт даўамында әстеәсте раўажланып баратуғын барыс. Бизлер, көбинесе, жүрегимизге өкпе киргенлигин билмей қаламыз. Ашшы тамыр өзиниң раўажланыў барысының басында дерлик билинбейди. Бирақ оны азықландыра берсең, ол өсип тереңлесе береди. Сонлықтан Еврейлерге жазылған хаттың авторы бизлерди бир-биримизге дыққат пенен жақсылап қараўға шақырады:

> «Араңыздағы ҳеш бириңиз Қудайдың мийриминен айырылып қалмаўы ушын ҳәм араңызда сизлерге

> зыян тийгизип, көплерди зәҳәрлейтуғын ашшы тамыр көгерип шықпаўы ушын, бир-бириңизге жақсылап қараңлар».
>
> – ЕВРЕЙЛЕРГЕ 12:15

Қудай бизлерди дурыслаўы ушын, бизлер жүреклеримизди изертлеп, Оған толық ашыўымыз керек. Өйткени тек Қудайдың Сөзи ғана жүреклеримиздиң төрине кирип барып, жасырын ойнийетлеримизди әшкара қыла алады (Еврейлерге 4:12). Мухаддес Руўх ҳүжданымызға сөйлеп, бизлерди әшкаралайды. Бизлер Оның әшкаралаўларына үлкен итибар берип, Оған қарсыласпаўымыз керек. Егер сиз өкпеңиз бар болса да, Қудайдың әшкаралаўына итибар бермей, Оған қарсыласып жүрген болсаңыз, онда Қудайдың алдында тәўбе етиң ҳәм жүрегиңизди Мухаддес Руўхқа ашың.

Бир рет бир хызметкер өз хызмети туўралы мениң менен кеңести. Ол бир қалада бир жәмәәт шопанының жәрдемшиси болған, бирақ шопаны оны хызметтен шығарып жиберген екен. Оның айтыўынша, оның шопаны бул жас хызметкерди көре алмаған ҳәм қорққан, себеби Қудайдың қолы бул жас хызметкер менен бирге болған.

Арадан бир жыл өткенде, ол «Қудай қаланың басқа районында мениң жаңа жәмәәт көтергенимди қәлеп атыр» деген шешимге келеди ҳәм жаңа жәмәәт ашады. Оның алдынғы жәмәәтинен гей бир адамлар келип, оның жәмәәтине қосылады. Бирақ оның жүрегинде буған қәўетер оянады, себеби ол Абшалом сыяқлы ис тутқысы келмейди. Ол өзиниң жүрегин изертлеп көреди ҳәм жүрегинде бурынғы шопанына ҳеш қандай өкпениң жоқлығын көреди. Солай етип, ол Қудайдың буйрығы менен жаңа жәмәәтти баслайды. Яғный, оның кеўлинде «Мениң бурынғы жәмәәтим мениң қәдиримди билмеди, соның ушын енди оларға көрсетип қояман» деген ой болмайды.

Мен оған Абшалом ҳәм Даўыттың ортасындағы парықты көрсеттим. Абшалом өз жетекшисине өкпелегени ушын,

адамлардың жүрегине сумлық пенен киреди. Даўыт болса, адамларды Шаулға садық болып қалыўға шақырады, ҳәтте, Шаул оны қуўдалап атырған болса да. Абшалом сумлық пенен адамларды өз әтирапына жыйнайды, ал Даўыт жалғыз болып қалады.

Мен оннан: «Сиз жәмәәтиңизди өзиңиз таслап кеттиңиз бе? Сиз адамларды өзиңизге тарттыңыз ба ҳәм сизди қоллап-қуўатлаўға оларды шақырдыңыз ба? Сиз оларды жәмәәттен кетиўге ҳәм сизге қосылыўға шақырдыңыз ба?» деп сорадым.

Ол былай деп жуўап берди:

Яқ, мен жәмәәттен бир өзим кеттим ҳәм адамларды өзиме тартатуғындай ҳеш нәрсе қылмадым.

Дурыс қылғансыз. Сиз Даўыт сыяқлы ис тутқансыз. Сизге келген адамлар алдынғы шопанына өкпели емес пе, соны тексерип көр. Егер оларда өкпе бар болса, онда оларға азатлық ҳәм шыпа керек, дедим мен.

Ҳәзир бул адамның жәмәәти жақсы өсип атыр. Оның маған әсиресе унаған жери оның өз жүрегин изертлеп көриўге қорқпағаны. Тек өз жүрегин изертлеўге қорқпағаны ғана емес, және де, оның мәсләҳәтти туўры қабыл еткени. Оның ушын өз «ҳақлығын» дәлиллегенге қарағанда, Қудай жолына бағыныў әҳмийетлирек болған еди.

Мухаддес Руўх жүрегиңиздеги кеширмеўшиликти ҳәм ашшы тамырды ашып бермекши болса, қорқпай Оған жол бериң. Сиз оларды қанша узақ жасырсаңыз, олар сонша күшейип бара береди ҳәм жүрегиңиз сонша тасқа айланып барады. Жүреклериңизди тасқа айландырмаңлар! Буны қалай ислеўге болады?

> «Жек көриўшилик пенен бирликте ҳәр бир жаман нийет, ашыў, ғәзеп, бақырыс ҳәм өсек сизлерден узақ болсын. Ал бир-бириңизге мийирман ҳәм жан ашыр болыңлар. Қудай сизлерди Масийх арқалы кеширгендей, сизлер де бир-бириңизди кешириңлер».
>
> – ФЕСЛИЛЕРГЕ 4:31-32

# КҮШЛИ ӨКПЕНИ СИЗ ҚАНША ЖЕҢИП БАРҒАН САЙЫН, СОНША КӨБИРЕК РУЎХЫЙ ӨСИП БАРАСЫЗ.

Мен «Шайтанның жемтиги» атлы китапты алдым! Бул китап үлкен жарылқаў. Мен оны оқыўды көп адамларға усыныс қылдым. Қудай мениң өмиримде бул китап арқалы әжайып жумыс иследи. Рахмет!

- С. Т., ДЖОРДЖИЯ

# 13-БАП

# ҚАҚПАННАН ҚАЛАЙ ҚАШЫП ҚУТЫЛЫЎҒА БОЛАДЫ?

***«Сонлықтан да, мен Қудайдың ҳәм адамлардың алдында пәк ҳүжданлы болыўға ҳәмме ўақыт тырысаман (инг, “шынығаман”)».***

**– ЕЛШИЛЕРДИҢ ИСЛЕРИ 24:16**

Ҳәр қандай өкпеден азат болыў күшли тырысыўды талап етеди. Павел буны шынығыўларға уқсатады. Бизлер денемизди шынықтырсақ, денемизде аўырыўларға қарсы күш ҳәм иммунитетлер пайда болады ҳәм бизлер кем аўырамыз. Бир сапары мен Гавай атаўларында болғанымда, сүўретке түсириўге жақсы жерди излеп, бир диййўалдың үстине шығыўға ҳәрекет қылдым. Нәтийжеде, диземниң булшық ети созылып, төрт күн даўамында жүре алмай қалғанман.

Сонда врач маған: «Егер де сиз денеңизди ҳәр дайым шынықтырып жүргениңизде еди, бундай жарақат алмас едиңиз. Сизиң булшық етлериңиз ҳәлсиз болып қалған, сонлықтан олар тез жарақат алады», деди.

Мен жаңа жүрип баслағанымда, басқа бир қәнийге врач маған: «Дизеңиздиң булшық етлери жақсы ислеп кетиўи ушын, сиз белгили бир шынығыўларды ислеп жүриўиңиз тийис», деди. Дизем толық шыпа алып кетиўи ушын, сонда төрт ай ўақтым кеткен еди.

Елши 24:16 аятындағы «тырысыў» деген сөз (инглис тилинде «шынығыў») грек тилинде *аскео* деген сөзге сәйкес келеди. Вайнның түсиндирме сөзлигинде *«тырысыў»* деген сөзге мынадай анықламаларды береди: *«аўырыўларға шыдаў, күш салыў, денени шынықтырыў ямаса тәртипке бағындырыў».*

Қашан бизлер өзлеримизди өкпелеткен адамларды тез кеширип жибере алатуғын боламыз? Жүреклеримизди шынықтырған ўақтымызда! Жүреклеримизди шынықтырып, руўхый күшейген ўақтымызда, жүрегимиз ҳеш қандай жарақат алмай-ақ ямаса қыйратыўшы нәтийжелерсиз-ақ, өкпени жеңе алатуғын болады.

Денелерин шынықтырып, жақсы формада жүрген көп ғана адамлар булшық етлерине ҳеш қандай жарақат жеткизбей-ақ, сол Гавай атаўындағы диўалдың үстине аңсат шыға алады. Тап сондай руўхый күшли масийхыйлар да бар. Олар Қудай менен тығыз қарымқатнаслары арқалы жүреклерин шынықтырып, жақсы формаға алып келген. Өкпени қанша аңсат жеңе алатуғынымызға қарап, қанша руўхый ержеткенимиз көринеди. Қанша руўхый өссек, өкпени сонша аңсат жеңе аламыз.

Сатқынлық сыяқлы жүдә жаман ислер жүдә терең өкпелердиң келип шығыўына себепши болады. Сиз сатқынлыққа дус келгениңизде, өкпе сиз ушын оғада аўыр болып, оған руўхый таяр болмаўыңыз мүмкин. Руўхый таяр болмасаңыз, бул сизиң жүрегиңизге жарақат ҳәм үлкен зыян

тийгизеди. Бундай жағдайда, қашан толық азатлық алып, шыпа таппағанымызша, руўхый көп шынығыўларды ислеўимизге туўра келеди. Бирақ азат жүрекке не жетсиз? Азат ҳәм саў жүрек толық шыпа табыў ушын кеткен барлық ис ҳәрекетлерге ҳәм урынысларға турарлы! Бул бапта сондай шектен тыс аўыр өкпелер туўралы бөлисемен. Оларды жеңиў ушын жүдә үлкен күш талап етиледи.

Мен бир хызметкерге қатты өкпелегенмен. Ол мени жийи-жийи масқаралайтуғын еди ҳәм ол бул исин бир ярым жыл даўамында даўам етип жүрди.

Әтирапымдағы адамлардың бәри бул туўралы билетуғын еди. Олар маған: «Сен жарақатланып қалмадың ба? Енди не қылажақсаң? Үндемей жүре бересең бе? Оған бир жуўап қайтармайсаң ба?» дейтуғын еди.

Ал мен оларға: «Бәри жақсы! Маған тәсир қылмайды. Мен өмиримде Қудай шақырған хызметти орынлап атырыппан», дейтуғын едим.

Бирақ мениң бул жуўапларым менменликтен басқа ҳеш нәрсе емес еди. Мен қатты жарақатланған едим, бирақ буны ҳеш тән алғым келмес еди. Гей ўақытлары мен өзиме не болғанын билиў ушын, бир нешше саатлар қатты терең ойға шөгип, бир жерде отырып қалар едим. Мен қатты есеңкиреп қалған едим, басым қатып қалған еди. Бирақ сонда да бул ҳалатымды тән алмай, өзимди күшлидей етип тутыўға ҳәрекет етер едим. Ал негизи жүрегим тилким-тилким болып, терең жарақатланып атырған еди.

Бир неше айлар өтти. Тап барлық нәрсе қуўрап қалғандай еди: хызметим шөкти, дуўа ететуғын бөлмем босап қалды, ал өзим үзиликсиз азапта едим. Мен Қудайдың қутлы күни жаўыз руўхлар менен гүресетуғын едим. Бул азаплардың бәри Қудай шақырған хызметим себепли болып атыр деп өзимди жубатыўға ҳәрекет етер едим. Бирақ негизи кеширмеўшилик руўхын жүрегиме киргизип қойғаным ушын, мен бул азапларды

басымнан өткизип атырған едим. Мени жарақатлаған сол адамның қасында ҳәр сапары турғанымда, өзимди тап биреў урып таслағандай етип сезер едим.

Кейин таң атты. Мен бул таңды ҳеш қашан умытпайман. Мен үйимниң алдындағы отырғышқа барып отырдым ҳәм дуўа ете басладым. «О Қудайым, мен ырастан да жарақатланғанман ба?» деп Қудайға айтар айтпасымнан, руўхымның төринде: «Аўа!» деген даўысты еситтим.

Жүрегим жарақатланып қалғанын анық билиўимди ҳәм тән алыўымды Қудай қәлеп атырғанын сездим.

Мен: «О Қудайым, бул жарақатлардан ҳәм өкпеден қутылыўыма жәрдем бер. Мениң күшим жетпей атыр», деп Қудайға жалбарындым. Қарасам, Қудай мениң тән алыўымды күтип турған екен.

Соған дейин мен өз күшим менен жеңиўге ҳәрекет еттим, бирақ толық утылған едим. Көбинесе, бизлер руўхый урыста руўхымыздың емес, ал жанымыздың күши менен жеңиўге ҳәрекет қыламыз. Бирақ бул бизлердиң руўхый өсиўимизге алып келмейди. Керисинше, бизлердиң еле де көбирек қулаўымызға себепши болады.

Шыпаға ҳәм азатлыққа қарай тасланатуғын биринши қәдем мынадай: жарақатланғанымызды тән алыў. Көбинесе, жарақатланғанымызды ҳәм өкпелегенимизди тән алыўымызға менменлик тосқынлық қылып турады. Мен жүрегимниң ҳақыйқый ҳалатын, яғный жарақатланғанымды ҳәм өкпе руўхын ишиме киргизип қойғанымды тән алған гезимде-ақ, Жаратқан Қудайдан жәрдем сорап басладым ҳәм Оның мени әшкаралаўына ҳәм дүзетиўине жүрегимди аштым. Мен Қудайдың мени бир неше күн ораза услаўға шақырып атырғанын сездим. Ораза бизлерди Мухаддес Руўхтың даўысын еситиўге еле де сезгирирек қылады:

> «Мен қәлеген ораза – бул әдалатсызлық шынжырларын шешиў, мойынтырық жиплерин үзиў, езилгенлерди

азат етиў ҳәм ҳәр қандай мойынтырықты сындырыў емес пе?»

– ИЙШАЯ 58:6

Мен сол әдалатсызлық шынжырларының үзилиўине таяр болдым. Тек сонда ғана мен езилиўден азат бола алар едим.

Бир нешше күннен соң мен бир жаназаға келдим. Мени жарақатлаған адам да сол жерде еди. Оған узақтан қарап турып, мен: «Қудай, мен оны кеширемен. Ол маған ислеген барлық заттан мен оны азат етемен!» деп жылай басладым. Сол заматта-ақ, мен жүрегимнен бир аўыр жүктиң түскенин сездим. Мен оны кеширдим. Сонда мени бир әжайып жеңиллик орап алды!

Бирақ бул мениң қайта тиклениўимниң тек басы екен. Дурыс, мен жүрегимде оны кеширдим, бирақ жарақатымның қаншелли тереӊ екенлигин билмеген екенмен. Мен ҳәлсиз болыўды даўам ете бердим ҳәм қайтадан өкпе руўхын жүрегиме киргизип қойыўым қыйын еместей еди. Бул тап денеӊ бир жарақатлардан жазылып атырғанға уқсас ҳалат еди. Себеби ендиги жағында мен қайтадан жарақатланбаўым ушын, жүрегимди, ақыл-ойымды ҳәм ишки сезимлеримди шынықтырып беккемлеп барыўым тийис еди.

## ҚАЙТАЛАНСА НЕ?

Арадан бир неше айлар өтти. Гейде кеширмесимнен алдын ушырасқан ойлар менен қайтадан ушырасыўыма ҳәм оларды қуўыўыма туўра келди. Маған уқсап жарақатланған бир адам маған келип жарақатларын ашқанда ямаса мени жарақатлаған адамды көргенимде ямаса оның атын еситкенимде, сол бурынғы ойлар қайтадан келетуғын еди. Сол ойлар келгенде, мен дәрҳал оларға қарсы турып, оларды өзимнен ылақтырып таслайтуғын едим (2-Коринфлилерге 10:5). Бул мениң азатлығым ушын болатуғын урыслар еди.

Ақырсоңында, мен Қудайдан: «Бул ойлар мени қайтадан кеширмеўшиликке қул етпеўи ушын, мен не қылыўым керек?» деп сорадым. Себеби азатлықтың еле де жоқарырақ дәрежесине Қудайдың мени алып шыққысы келип атырғанын билер едим. Оннан қалса, өмиримниң қалған бөлегин өкпеге қарсы гүресиў менен өткизгим келмес еди. Сонда Қудай маған: «Сени жарақатлаған адам ушын дуўа ет», деп, ядыма мына аяттағы Өзиниң айтқан сөзлерин түсирди:

> «Ал Мениң сизлерге айтатуғыным: душпанларыңызды сүйиңлер, сизлерди қуўдалайтуғынлар ушын дуўа етиңлер».
>
> – МАТТА 5:44

Мен дуўа етип баследым. Басында жүректен қәлемей, әсте дуўа етип басладым. Тек Қудай айтқаны ушын, мен: «Қудай, оны жарылқа. Оған жақсы күн бер. Барлық жумысларында оған жәрдем бер. Ийсаның аты менен. Аўмийин», деп мурнымнан дуўа еттим.

Бул бир неше ҳәпте даўам етти. Буннан ҳеш қандай пайда жоқтай болып сезилер еди. Бир сапары азанда Қудай маған Забур 34-бапты көрсетти. Мен бул бапты ядтан билмес едим, сонлықтан Мухаддес Китапты ашып, Забурдың 34-бабын таўып, оқый басладым. Ярымына келгенимде, мен өзимди ҳәм өз жағдайымды көрдим:

> «Жаўыз нийетли гүўалар турып, билмейтуғын нәрселерим ҳаққында меннен сорар. Олар жақсылығыма жаманлық қайтарар. Жаным жалғызланып қалды».
>
> – ЗАБУР 34:11-12

Мен өзимди Даўытқа уқсата басладым. Мениң ойымша, бул жерде жазылғанындай сол мени жарақатлаған адам ҳәм оның гей бир жәрдемшилери мениң жақсылығыма жаманлық

қайтарған еди. Жаным қайғыға батты. Қудай бул жырды маған кейинги бир неше жыл ишинде болып атырған гүресте көрсетиў ушын пайдаланып атырған еди. Кейинги аяттағы сөзлер маған соншелли қатты тәсир етип кетти, мен орнымнан ушып турып, жоқарыға қатты секирип жибердим, ҳәтте, басым потолокққа тийиўге сәл қалды!

> «Олар кесел болған ўақытта, мен аза кийим кийип, ораза туттым. Басымды ийип, дуўа қылдым. Достым, туўысқаным, деп қайғырдым, Анам ушын аза тутқандай етип, қайғыдан басымды ийип жүрдим».
>
> – ЗАБУР 34:13-14

Бул адамлар Даўытты өлтириўге ҳәрекет қылған еди. Даўыт оларға ҳеш қандай жаманлық қылмаған болса да, олар Даўытқа жаманлық қылып атырған еди.

13 ҳәм 14 аяттағы сөзлер мениң машқалама жуўап болған еди.

Бул адамлар Даўытқа не қылған болса да, Даўыт оларға сондай жуўап қайтармаған еди. Дурыс жуўап қайтарыў ушын, Даўыт тап өзиниң жақын туўысқан ағалары сыяқлы олар ушын дуўа етти, анасының өлимине қайғырып атырғандай болып, олар ушын қайғыдан басын ийип жүрди. Қудай мени жарақатлаған адам ушын қәйтип дуўа етиўимди көрсетип: «Меннен өзиңе не тилесең, соны ол адам ушын да сорап басла!» деди. Соннан кейин мениң дуўаларым толық өзгерип кетти. Енди мурнымнан дуўа етпейтуғын болдым.

Дуўаларым өмирге толды. Мен: «О Қудайым, оған еле де көбирек Өзиңди аш. Оны Өзиңниң ҳүзириңе толтыр. Ол Сени еле де жақынырақ танысын. Ол Сени ыразы қылғай ҳәм оның өмиринде Сениң атың алғысланғай!» деп шын жүрегимнен берилип дуўа ете басладым. Мен Қудайдан өзиме не тилесем, сол нәрселерди оның ушын сорап басладым. Бир ай даўамында мен шын жүректен берилип, оның ушын дуўа еттим. Мен бәлент

даўыс пенен: «Мен сени жарылқайман! Мен Ийем Ийсаның атынан сени сүйемен!»  деп бақырар едим. Бул қышқырық мениң руўхымның төринен шығатуғын еди. Мен өзимниң ийгилигимди ойлап оның ушын дуўа етиўден, оның ийгилигин ойлап оның ушын дуўа етиўге өткен едим. Мен өзимниң де толық шыпа тапқаныма исенген едим.

## ҚАРСЫЛАСЫЎ АРҚАЛЫ ШЫПА

Және бир неше ҳәпте өткеннен соң, мен сол адам менен және ушырастым. Жүрегимде бир жағымсыз сезим еле даўам етер еди. Елеге дейин оның қәтелерин бетине айтып таслаўға деген сезим менен гүресер едим.

Ҳаялым да маған: «Джон, сен оған барып сөйлесип алыўың керек»,  дейтуғын еди. Ал мен: «Яқ, ҳәжети жоқ. Мен онсызақ шыпа таптым»,  дер едим.

Бирақ мениң сөзлеримди Мухаддес Руўхтың мақулламай атырғанын сезер едим. Соның ушын мен: «Қудайым, оған барыўым керек пе?» деп сорадым. Ол: «Аўа», деп жуўап берди.

Мен оның менен ушырасыўға келистим. Ушырасыўға оның ушын саўға алып бардым. Мен өзимди пәс услап, оған деген өзимдеги натуўры қарым-қатнасты тән алдым ҳәм оннан кеширим сорадым. Бизлер жарастық. Сонда мениң жүрегимниң ишине кеширим руўхы менен толық шыпа кирип келди. Соннан баслап, қайтып жүрегимдеги жарақат пенен гүресиўиме туўра келмеди ҳәм ол адамды қайтып ҳүким етпедим. Себеби жүрегим жарақаттан толық шыпа алған еди. Соннан берли бизлердиң қарым-қатнасымыз жүдә жақсы болды ҳәм арамызда қайтып машқала болмады. Ҳәзир бизлер тез-тезден бир-биримизди қоллап-қуўатлап турамыз.

Мен ҳаялым Лизаға былай дедим: «Мен ол адамды биринши рет көргенимде, ол маған жүдә жақсы адам болып көринди. Мен онда ҳеш қандай кемшилик көрмедим ҳәм оны жақсы

көрип қалдым. Себеби оны минсиз деп санайтуғын едим. Бирақ оннан жарақат алған гезимде, оны ҳеш жақсы көре алмай қалдым. Оны қайтадан жақсы көриўим ушын, бар исенимимди ҳәм бар күшимди иске түсириўиме туўра келди. Ҳәзир оның кемшиликлери бар болса да, мен оны әўел бастағыдай етип жақсы көремен. Себеби мениң жүрегим шыпаланды ҳәм қайта тикленди. Бул ержеткен сүйиспеншилик».

> «Ең баслысы, бир-бириңизди шын жүректен сүйиңлер. Өйткени сүйиспеншилик көп гүналарды жуўады».
>
> – 1-ПЕТР 4:8

Бизлерге ҳеш қандай жаманлық ислемейтуғын адамларды сүйиўимиз аңсат. Бул пал айында ғана болатуғын сүйиспеншилик. Бирақ адамның қәтелерин ҳәм кемшиликлерин көрип болғаннан кейин де оны сүйиў бул басқа гәп! Әсиресе, оның сол кемшиликлериниң ҳәм қәтелериниң қурбаны болып, сонда да оны сүйиўди таңлағанлар кәмил сүйиспеншиликке ийе адамлар. Қудайдың сүйиспеншилиги мени минсизликке қарай жетелеп, жүрегимди беккемлеген еди.

Соннан кейин де мен бир неше рет бундай ўақыялар менен дусластым, бирақ кейинги сапарлары өкпе ҳәм кеширмеўшилик пенен гүресиў маған қыйын болмады: мен оларды аңсат кеширип жибердим ҳәм жүрегиме өкпени ҳасла киргизбедим. Бунbackup себеби: мениң жүрегим өкпеге қарсы шыныққан еди.

Қудай үйимниң қасында мениң жүрегиме сөйлегенине де бир нешше айлар болды. Ол адамның офисинен толық шыпа таўып шыққан ўақтымда, Қудай мениң жүрегиме сөйлеген еди. Бул ўақытлар мениң жүрегим ушын күшли шынығыўлардан өткен ўақыт еди. Бул ўақыт ишинде мениң жүрегим шынықты ҳәм беккемленип барды. Арасында оны кешире алмайтуғын ҳәм өкпеден қутыла алмайтуғын шығарман деп те ойлайтуғын едим. Ырасын айтсам, мен өзимди бурынғыдан да жаман адам болып кеткендей етип сезер едим. Бирақ қайта тиклениў жолын жаздырмай, туўры жолға асылып алдым. Жаратқан Ийениң

Руўхы мен жүре алғандай тезликте мени жетелеп барды. Бул Қудайдың мени минсизликке еристириў жобасының бир бөлеги болған екен. Мен сол болып өткен ўақыя ушын Қудайға шексиз миннетдарман ҳәм сол басымнан кеширген гүреслерди басқа ҳеш нәрсеге алмастырмаған болар едим. Аўа, сол ўақыя себепли өмиримде пайда болған жақсы жемис ушын Қудайға шын жүрегимнен миннетдарман.

## ҚЫЙЫНШЫЛЫҚЛАР АРҚАЛЫ ЕРЖЕТИЎ

Бизлер аңсат ўақытлары емес, ал қыйын ўақытлары руўхый өсемиз. Ийемиздиң изине ерген ҳәр бир масийхый қыйыншылықларға дус келеди. Қыйыншылықлардан қашып қутылыў мүмкин емес, себеби Қудай жолында руўхый ержетиўимиз ушын Қудай сол қыйыншылықлардан пайдаланады. Егер сиз қыйыншылықлардан қашып, жеңил өмир сүриўди шешсеңиз, бул сизиң руўхый өсиўиңизге нуқта қойыўы мүмкин.

Ҳәр қыйлы тосқынлықларды жеңип өткен сайын, сиз еле де күшлирек ҳәм реҳимлирек болып бара бересиз. Сондай-ақ, сиз Ийсаны еле де көбирек сүйип барасыз. Набада, сиз қыйыншылықтан қутылып, бирақ Ийсаға деген күшли сүйиспеншиликти сезбей атырған болсаңыз, демек, сиз еле қайта тикленбегенсиз ҳәм өкпеден еле шыпа таппағансыз. Шыпа бул сизиң таңлаўыңыз! Айырым адамлар жарақатларынан ҳеш қашан шыпаланбайды. Тилекке қарсы, бул олардың жеке таңлаўы.

Ийса басынан өткизген қыйыншылықлары арқалы қулақ салыўға үйренди. Петр басынан өткизген қыйыншылықлары арқалы қулақ салыўға үйренди. Павел басынан өткизген қыйыншылықлары арқалы қулақ салыўға үйренди. Ал сиз не? Сиз қулақ салыўға үйрендиңиз бе? Я болмаса, сиз қопал, реҳимсиз, тас баўыр, қайғыға, кеширмеўшиликке ҳәм өкпеге толы адамсыз ба? Егер сондай болса, онда сиз еле қулақ салыўға үйренбегенсиз.

Дурыс, үйректиң үстинен суў тез ағып кеткендей болып, бирден кетип қалмайтуғын өкпелер де болады. Олардан қутылыў ушын, айтарлықтай жумыс ислеўиңизге ҳәм күш салыўыңызға туўра келеди. Әне, сол күш салып атырған ўақытлары, сиз өсип, руўхый ержетип барасыз.

Руўхый ержетиўге аңсат ерисиў мүмкин емес, болмағанда, ҳәмме руўхый ержеткен болар еди. Басып өтиўимиз ҳәм жеңип шығыўымыз керек болған аўыр сынақлардың бар болғанлығы себепли, тек бир нешше адамлар ғана руўхый ержеткенлик дәрежесине ериседи. Сынақлар ҳәм қарсылық күшлери бар, себеби бизлер арасында жасап атырған жәмийет Қудайдың қәлеўин орынлаўға емес, ал өз қәлеўлерин орынлаўға умтылыды. Бул дүньяны ҳаўада ҳүкимдарлық етиўши ҳәким болған шайтан басқарады (Ефеслилерге 2:2). Сонлықтан Масийхтың минсизлигине кириў ушын, адам эгоизмниң күшли ағыслары себепли пайда болатуғын көп ғана қыйыншылықларды жеңип өтиўи тийис болады.

Павелдиң биринши елшилик саяхатында ол арқалы көп қалаларда жәмәәтлер көтериледи. Ол өзиниң екинши саяхатында және бул қалаларда болады. Оның мақсети шәкиртлердиң жанларын беккемлеў еди. Оның буны қалай әмелге асырғаны қызық. Ол шәкиртлерди жигерлендирип, оларға мынадай нәсият береди:

> «Жол-жөнекей шәкиртлердиң жанларына күш-қуўат берип, исенимде беккем турыўды үгит-нәсият етти де: «Қудайдың Патшалығына кириўимиз ушын, көп қыйыншылықлардан өтиўимиз тийис», – деди».
>
> – ЕЛШИЛЕР14:21-22

Павел шәкиртлерге аңсат өмирди ўәде етпеди. Ол бул дүньяның түсинигиндей табысларды ўәде етпеди. Ал ол: «Егер Қудайдың Патшалығына кириўди қәлесеңиз, онда көп қыйыншылықлардан өтиўиңиз тийис», деди.

Егер де дәрьяда бир қайықтың ишинде болсаңыз ҳәм ағысқа қарсы жүзгиңиз келсе, онда сизге үзиликсиз түрде ескеклерди есиўге туўра келеди. Егер сиз ескеклерди еспей қалсаңыз, онда ағыс сизди төменге қарай ағызып кете береди. Қудай жолы да сондай, егер Қудайдың изине ериўди қәлесек, онда «қыйыншылықлар» деп аталатуғын бул дүньяның күшли ағысларына қарсы жүзиўимизге туўра келеди. Ҳәр сапары сиз қыйыншылықларға дус келгениңизде, сиз ең баслы мына сораўға жуўап бересиз: «Сиз бул дүньядағы адамларға еликлеп, өз мәпиңизди таңлайсыз ба ямаса өзиңизден бас тартып, Қутқарыўшының изинен ересиз бе?»

Есиңизде тутың, егер бизлер Ийемиз Ийса ушын өз өмиримизди жоғалтсақ, онда Оның өмирине ийе боламыз. Сонлықтан да бар дыққат итибарыңызды гүреске емес, ал жеңимпазларға берилетуғын сыйлыққа қаратың.

Петр буны жақсы ашып береди:

> «Сүйикли туўысқанларым, сизлерди сынаў ушын келетуғын аўыр азапты таң қаларлық нәрсе деп, ҳайран болмаңлар. Керисинше, Масийхтың азапларына шерик болғаныңызға қуўаныңлар. Солай етип, Масийх салтанат пенен келгенде, қуўанып шадланасызлар»
>
> – 1-ПЕТР 4:12-13

Көрдиңиз бе, Петр азаплардың дәрежесин оннан кейин келетуғын қуўаныштың дәрежесине теңлестиреди. Ол үлкен қуўанышқа қалай ерисиў жолын көрсетеди. Масийх салтанат пенен келгенде, аўыр азаплардан өткен масийхыйлар Оның менен бирге қуўанып шадланады!

Сиз Ийса ушын қанша көп қыйыншылықлардан өтсеңиз, сонша руўхый ержетип, сонша Ийсаға уқсап барасыз. Ал сиз руўхый өзгерип, қанша көп Ийсаға уқсасаңыз, сонша көп Оның қуўанышын бөлисесиз. Сонлықтан өкпеге қарамаң. Ал киятырған уллы қуўанышқа қараң. Ҳалеллуя!

# ӨЗИҢНИҢ ҲАҚ ЕКЕНИҢДИ ДӘЛИЛЛЛЕГЕНГЕ ҚАРАҒАНДА, СҮРНИГИП (АЗҒЫРЫЛЫП) АТЫРҒАН ТУЎЫСҚАНҒА ЖӘРДЕМ БЕРГЕН ӘҲМИЙЕТЛИРЕК.

Мен он сегиз жастаман. Мени ҳәм егизегимди анам тәрбиялаған ҳәм бизлердиң әжайып туўысқанларымыз бар. Мен өзимниң биологиялық әкемди ҳеш қашан көрмеген едим, сонлықтан пүткил өмир бойы жүрегимде оған деген өкпем бар еди. Мениң атам Қудайдың әжайып хызметкери. Ол маған бул «Шайтанның жемтиги» деп аталатуғын китапты берди. Бул китапты оқып шыққанымнан соң, әкемди толығы менен кешире алдым.

– Н. М., НЬЮ МЕКСИКО

# 14-БАП

# БИЗЛЕРДИҢ МАҚСЕТИМИЗ ЖАРАСЫЎ

*«Адам өлтирме! Ким де ким адам өлтирсе, ол ҳүким етилиўге тийисли», – деп бурынғыларға айтылғанды еситкенсиз. Ал Мениң сизлерге айтатуғыным: ким де ким туўысқанына бийкарға ғәзепленсе, ол ҳүким етилиўге тийисли. Ким де ким туўысқанын масқаралап, оған: «Ақылсыз адамсаң!» десе, жоқарғы кеңес тәрепинен ҳүким етилиўге тийисли. Ал ким де ким туўысқанына: «Ақмақ!» десе, дозақ отына түсиўге тийисли. Сонлықтан егер де сен қурбанлығыңды қурбанлық шалынатуғын орынға алып келгениңде, жақын адамыңның саған өкпели екени сол жерде есиңе түссе, қурбанлығыңды сол жердиң алдында қалдырып, әўели жақын адамыңа барып, оның менен жарасып ал! Соңынан қайтып келип, қурбанлығыңды Қудайға бер.*

**– МАТТА 5:21-24**

Бул Таўдағы Ўаздан алынған сөзлер. Ийемиз Ийса: *«...деп бурынғыларға айтылғанды еситкенсиз»,* деп, кейин: *«Ал Мениң сизлерге айтатуғыным»,* дейди. Ийса ўазының усы бөлегинде көп мәрте усындай деп салыстырады. Дәслеп Ол Қудай Нызамынан бир буйрықты келтиреди. Кейин бул буйрық бизлердиң жүрегимизге жазылған гезде қәйтип орынланатуғынын көрсетеди. Қудайдың нәзеринде тек адам өлтирген адам ғана «адам өлтириўши» болып есапланбайды, ал және де, туўысқанын жек көрген адам да «адам өлтириўши» болып есапланады. Қудай жүрекке қарайды! Сиз жүрегиңизде қандайсыз? Әне, негизи сиз сол адамсыз!

Ўаздың бул бөлиминде Ийса өкпелеўдиң ақыбетлери ҳаққында анық айтады. Ол ашыўғәзеп ямаса өкпелеў ушын жазаның қаншелли аўыр екенлигин айтады. Туўысқанына бийкарға ғәзепленген адам ҳүким етилиўге тийисли. Егер ол ғәзепке берилип, туўысқанына «ақылсыз адамсаң» деп қойса, онда ол жоқары кеңес тәрепинен ҳүким етилиўге тийисли.

«Ақылсыз адамсаң» деген сөз «басың ислемейди», «аўыш» ямаса «шаймий» деп те аўдарылады. Бул масқаралаўшы сөз Масийх жасаған дәўирде яҳудийлер арасында көп қолланылатуғын сөз еди. Демек, егер бир адам ғәзепке берилип кетип, туўысқана: «Ақмақ», деп қойса, онда бул ушын ол дозақ отына түсиўге тийисли екен. «Ақмақ» деген сөз «қудайсыз» дегенди билдиреди. «Ақмақлар өз кеўлинде: «Қудай жоқ», – дер». (Забур.13:1). Сол дәўирде туўысқанына «ақмақ» деген адамға үлкен айып қойылатуғын еди. Бундай деп тек ғәзеби *жек көриўшиликке* айланып үлгерген адам ғана айтыўы мүмкин еди. Бул тап бүгин туўысқаныңа «дозаққа түскейсең» деген менен тең.

Егер адам ғәзебин тыя алмаса, демек, оның ғәзеби кейин жек көриўшиликке айланады. Ал егер жек көриўшиликтен қутыла алмаса, онда дозаққа түсиў қәўпи бар. Соннан кейин Ийса: «Егер жақын адамыңның саған өкпели екени есиңе түссе, ең биринши гезекте, оны таўып, оның менен жарасып ал», деди.

Ким ушын бизлер дәрҳал жарасыўға ҳәрекет етиўимиз

керек? Өзлеримиз ушын ба ямаса туўысқанымыз ушын ба? Бизлер туўысқанымыз ушын оған барыўымыз керек, яғный оның өкпеден қутылыўы ушын, оның менен жарасыўға ҳәрекет етиўимиз керек. Егер бизлер туўысқанымызға өкпелемесек, онда бизлердеги Қудай сүйиспеншилиги оның жаўыз болып қалыўына жол қоймайды, ал оның қайта тиклениўи ушын оған жәрдем қолын созады. Бәлким, бизлер ҳеш қандай жаманлық ислемеген шығармыз. Бул әҳмийетли емес. Бизлер ушын өзимиздиң ҳақ екенимизди дәлиллегенге қарағанда, сүрнигип атырған туўысқанымызға жәрдем бергенимиз әҳмийетлирек. Өкпелеў ушын себеплер дым көп. Гейде бизлер туўысқанымызға ҳеш жаманлық қылмасақ та, ол бизлерди оған жаман қатнаста болды деп ойлап, бизлерге өкпелеўи мүмкин. Оған биреў надурыс мағлыўмат жеткизип, ол сол надурыс мағлыўмат тийкарында надурыс шешим шығарыўы мүмкин. Гейде бизлердиң айтқан сөзлеримиз түрли-түрли тәсирлерге ушырап, улыўма басқаша болып жетип барыўы мүмкин. Ҳәтте, бизлердиң нийетимиз толық ҳақ болса да, бирақ сөзлеримиз бенен ис-ҳәрекетлеримиз өзгертилген ҳалда жетип барып, кимгедур жаман тәсир етиўи мүмкин. Көбинесе, бизлер нийетимиздиң ҳақ болғанын айтып өзлеримизди ақлаймыз дә, бирақ басқаларға келсек, олар, ҳәтте, жақсы нийетте ислеген болса да, нийетлерине қарағымыз келмей, оларды қаралаймыз. Гейде ҳақыйқый нийет пенен өтирик нийетти алжастырып алыўымыз мүмкин. Мысалы, жаман нийетимиз сондай шеберлик пенен жақсы нийеттиң артында жасырынып турады, оны, ҳәтте, өзлеримиз де бирден сезбеўимиз мүмкин. Бизлер сонда нийетимиздиң жақсы екенин дәлиллеўге урынамыз. Бирақ нийетимизди Қудай Сөзиниң нурына салып көрсек, оның негизги келбети ашылады.

Бәлким, бизлер ырастан да ол адамға қарсы гүна ислеген болыўымыз мүмкин. Бизлер ашыўландық ямаса басым астында болдық, ал ол адам сол себепли соққыларға ушырады. Я болмаса, ол адам үзиликсиз түрде бизлерге ҳүжимлер жасай

берди, нәтийжеде, бизлер шыдамай кетип оған ашыў менен жуўап қайтардық.

Өкпе неден келип шыққан болмасын, өкпелеген адамның ақылы қараңғыласып, ол дурыс түсиник жүргизе алмай қалады. Ол мыш-мышларға, гәп-сөзлерге, өсеклерге, натуўры түсиниклерге исенип, бизлерди жаман нийетте оған сондай жаман қатнас қылып атыр деген шешим шығарады. Бирақ қәте мағлыўматларға ийе болып турып, қалай туўры шешим шығарыўға болады?

Себепсиз бизлерге өкпелеген адамға қандай қатнаста болыўымыз керек? Ийса бизлерди оның менен де жарасыўға шақырады! Руўхый ержетпесек, бизлер Ийемиздиң буйрықларына қулақ сала алмаймыз ҳәм жараспаймыз. Әдетте, өкпелеген адамға биринши қәдемди таслаў қатты қыйын болады. Әне, соның ушын Ийса өкпелеген адамға емес, ал өкпелеткен адамға барып жарасыўды айтады:

> «...жақын адамыңның саған өкпели екени сол жерде есиңе түссе, оған барып, оның менен жарасып ал».
>
> – МАТТА 5:23-24

## ӨКПЕЛЕГЕН АДАМНАН ҚАЛАЙ КЕШИРИМ СОРАЎҒА БОЛАДЫ?

Елши Павел былай дейди:

> «Солай етип, өзлеримизди тынышлық алып келетуғын ҳәм өз ара руўхый күш беретуғын ислерге бағышлайық».
>
> – РИМЛИЛЕРГЕ 14:19

Бул аят бизлер өкпелеткен адамымызға қалай барыўымыз кереклигин көрсетеди. Егер оған ашыўғәзеп ҳәм үмитсизлик пенен барсақ, онда бизлер жараса алмаймыз, ал тек оны еле де

қыйынырақ ҳалатқа салып қоямыз. Бизлер Құдайдың сөзлерине қулақ салып ҳәм менменликтен бас тартып, тынышлыққа қарай шын жүректен умтыла бериўимиз керек. Тек сондай жол менен ғана жарасыўға ерисе аламыз.

Гейде мен өкпелеткен адамларыма ямаса маған қарсы ғәзепленген адамларға барғанымда, олар маған қарай алып топылар еди. Олар маған: «Сен эгоистсең», «Басқаларға итибар бермейсең», «Менменсең», «Қопалсаң», «Адамлардың кеўлине қарамайсаң» дейтуғын еди. Мен, әлбетте: «Яқ, ондай емес. Сизлер мени улыўма түсинбегенсиз», деп өзимди ақлағым келер еди. Бирақ мен өзимди ақлаў ушын айтқан сөзлерим қайта отқа май қуйғандай болып, олардың өкпесин қайта күшейтип алар едим. «Өзиңди ақлаў» бул, әлбетте, тынышлыққа шын жүректен урыныў емес! «Өзиңди ақлаў» ҳеш қашан ҳақыйқый тынышлық бере алмайды.

Сонлықтан өзимди ақлаўдың орнына, мен тилимди тислеп, олар ишиндегилерин айтып болмағанша, үндемей тыңлап отырыўды үйрендим. Олардың айтып атырған сөзлери маған қәте болып көринсе де, мен бәрибир олардың айтып атырған сөзлерин ҳүрмет ететуғынымды ҳәм өз қатнасым менен нийетлеримди тексерип көретуғынымды айтаман. Кейин оларға: «Мен сизлерди қапа қылып алғаныма қатты өкинишлимен», деймен.

Ал гейде олар болып өткен жағдайларға туўры баҳа берип, мен туўралы ҳақыйқатлықты айтады. Сондай ўақытлары мен қәтемди тән алып: «Сизлер ҳақсыз. Мен сизлерден кеширим сорайман», деймен.

Қайталап айтаман, жарасыўға ерисиў ушын, бизлер Құдай Сөзине бойсыныўымыз керек. Яғный, бизлерге кишипейиллик керек. Бәлким, соның ушын Ийса былай деп айтқан шығар:

> «Сен даўласың менен бирге ҳүким етилиўге баратырған ўақтыңда, оның менен тезирек жарасып ал. Олай етпесең, ол сени қазының алдына апарады,

> қазы сени сақшыға тапсырып, қаматып таслайды. Саған шынын айтаман: соңғы тийиниңди төлеп таўыспағаныңша, ол жерден шыға алмайсаң».
>
> – МАТТА 5:25-26

Менменлик қарсыласады ҳәм өзин қорғайды. Кишипейиллик болса, келиседи ҳәм былай дейди: «Сен ҳақсаң. Мен ырастан да сондай қылдым. Илтимас, мени кешир».

> «Бирақ жоқарыдан түскен даналық биринширден пәк, соңынан татыў, мүләйим, бойсыныўшы, мийрим-шәпәәтке ҳәм жақсы жемислерге толы. Ол әдалатсыз ҳәм еки жүзли емес».
>
> – ЯҚЫП 3:17

Қудайдың даналығы бойсыныўшаң (яғный, кишипейил болыўға таяр). Ол өзимшил ҳәм менмен емес. Ол жараспай қалыўға жетелемейди. Қудайдың даналығына бағынған адам кишипейил болыўға, орын бериўге ямаса басқаның пикирин қабыл етиўге қорықпайды. Оның ушын ең баслысы Қудайдың сөзине қайшы келетуғын ис-ҳәрекетлерди ислеп қоймаў.

## СИЗДИ ӨКПЕЛЕТКЕН АДАМҒА ҚӘЙТИП БАРЫЎҒА БОЛАДЫ?

Бизлер туўысқанымызды өкпелетип алғанымызда, не қылыўымыз керeклигин билдик. Енди болса, туўысқанымыз бизлерди өкпелеткен ўақытта, не ислеўимиз кереклигин көрип шығайық:

> «Егер туўысқаның саған қарсы гүна ислесе, оған бар да, аўлақта сөйлесип, айыбын бетине ашық айт. Егер ол сөзиңди тыңласа, онда туўысқаныңды өзиңе қайтарып алғаның болады».
>
> – МАТТА 18:15

Көп адамлар бул аятты Ийса көрсеткен руўхта орынламайды. Ал оларды өкпелеткен ўақытта, олар өзлерин өкпелеткен адамға ашыў ҳәм өшпенлик руўхында барады. Олар өзлерин өкпелеткен адамға барып, оларды айыплаў ушын бул аяттан пайдаланады. Олар Ийемиздиң нени негизинде нәзерде тутқанына итибар бермей, туўысқанын ҳүким етиў ушын барады.

Бирақ бизлер туўысқанымызды ҳүким етиў ушын емес, ал оның менен жарасып алыў ушын барыўымыз керек. Ийемиз: «Оларды айыплаўға ҳәм ҳүким етиўге барың», деген жоқ. Ал қарымқатнасымыздың тиклениўине кесент етип турған нәрсени жоқ етип, жарасыўға барыўымыз кереклигин айтады.

Бул Қудайдың ислеген исине уқсайды: Ол да бизлер менен қарым-қатнасын тиклеў ушын, Аспаннан жерге келди. Бизлер Қудайға қарсы гүна иследик, бирақ *«бизлер еле гүнакар болған ўақтымызда Масийх бизлер ушын өлди. Бизлерге деген сүйиспеншилигин Қудай усылай дәлилледи»* (Римлилерге 5:8). Енди бизлер де өзлеримизди өкпелеткен адам менен жарасыў ушын, өзөзимизди қорғаўдан бас тартыўға ҳәм менменлик ушын өлиўге таярмыз ба? Бизлер Қудайдан еле кеширим сорамасымыздан бурын, Ол бизлерге деген Өз сүйиспеншилигин толық көрсетти. Бизлер еле өз гүналарымызды толық аңлап жетпесимизден бурын, Масийх бизлерди кешириўди шешти.

Ол бизлерге Өз қолларын созды, бирақ бизлер Оның жарастыратуғын сөзлерин қабыл етпегенимизше, Әке менен жараса алмадық:

> «Буның ҳәммеси Қудайдан. Қудай Масийх арқалы бизлерди Өзи менен жарастырды ҳәм адамларды Өзи менен *жарастырыў хызметин* бизлерге тапсырды. Яғный, Қудай Масийх арқалы дүньяны Өзи менен жарастырып, адамлардың гүналарын есапқа алмады ҳәм усы *жарастырыўшы сөзлерди* бизлерге берди. Солай етип, бизлер Масийхтың елшилеримиз. Қудайдың Өзи бизлер арқалы сизлерге ақыл-нәсият

> берип атыр. *Масийхтың атынан жалбарынамыз: Қудай менен жарасыңлар!».*
>
> – 2-КОРИНФЛИЛЕРГЕ 5:18-20

“Жарасыў” деген сөз ҳәмме адам ушын ортақ болған мына шынлыққа барып тақалады: «Бизлердиң ҳәммемиз Қудайға қарсы гүна иследик!» Бизлер гүналарымыз себепли Қудайға душпан болып, Оннан ажыралып қалған едик ҳәм дозаққа ҳүким етилген едик! Бирақ бул ҳақыйқатлықты түсинбегенимизше, бизлер өзлеримиздиң қутқарылыўға мүтәж екенимизди де, Оның менен жарасыўды да ойламаймыз.

Жаңа Келисимде шәкиртлер ҳәмме адамлардың Қудайға қарсы гүна ислеги ҳаққында жәриялады. Бирақ адамларға олардың гүна ислегени ҳаққында айтыўдың не кереги бар? Оларды ҳүким етиў ушын ба? Қудай ҳүким етпейди. *«Қудай Өз Улын бул дүньяны ҳүким етиў ушын емес, ал дүньяны Ол арқалы қутқарыў ушын жиберди»* (Юхан 3:17). Онда шәкиртлер не ушын ҳәмме адамлардың гүна ислегени ҳаққында жәриялады? Адамлар өзлериниң қандай ҳалатта екенлигин түсинип жетиўи ушын ҳәм өз гүналарына тәўбе етип, Қудайдан кеширим сораўы ушын емес пе?

Не нәрсе адамды тәўбеге алып келеди?

Буған жуўапты бизлер Римлилерге жазылған хаттан таўамыз.

> «Я болмаса, Қудайдың кең пейиллилигиниң сени тәўбеге алып келетуғынын билмей, Оның шексиз кең пейиллилигин, сабырлылығын ҳәм шыдамлылығын писент етпейсең бе?».
>
> – РИМЛИЛЕРГЕ 2:4

Қудайдың *кең пейиллиги* бизлерди тәўбеге алып келеди екен! Ҳақыйқаттан да, дозақ азапларына ҳүким етилген бизлерди Қудайдың сүйиспеншилиги қутқарады. Қудай Өзиниң жалғыз Улын бизлер ушын атанақтағы өлимге жиберип, Өз сүйиспеншилигин бизлерге дәлилледи. Бизлер Қудайға қарсы гүна ислегенимизге

қарамастан, Ол биринши болып бизлерге қәдем таслады. Ол Өз қолларын ҳүким етиў ушын емес, ал қутқарып қайта тиклеў ушын созып тур. Мына, әжайып аятқа қараң:

> «Қудайдың сүйикли балалары ретинде Оған еликлеңлер!».
>
> – ЕФЕСЛИЛЕРГЕ 5:1

Демек, бизлер Қудайдың сүйикли балалары ретинде Оған еликлеп, өзлеримизге қарсы гүна ислеген туўысқанымызға биринши болып жарасыўды усыныс етиўимиз керек. Ийса мынадай үлги берди: туўысқаныңа бар ҳәм оны ҳүким етиў ушын емес, ал сизлерди айырып турған ҳәр қандай тосқынлықты жоқ етип, оның менен жарасыў ушын оның гүнасын көрсет ҳәм оның менен қарымқатнасыңды қайтадан тикле. Сонда ишимиздеги Қудайдың кең пейиллиги туўысқанымызды тәўбеге ҳәм жарасыўға алып келеди.

> «Солай етип, Ийемиз ушын тутқын болған мен сизлерден жалынып сорайман: Қудайдың өзлериңизди шақырған өмирине ылайықлы түрде жасаңлар. Толық кишипейиллик, мүләйимлилик ҳәм сабырлылық пенен жасаңлар. Бир-бириңизди сүйип, мийзамкеш болыңлар. Өзлериңизди бирлестириўши тынышлық пенен, Мухаддес Руўх берген бирликти сақлаўға тырысыңлар».
>
> – ЕФЕСЛИЛЕРГЕ 4:1-3

Бизлер бул бирлестириўши тынышлыққа қалай ерисемиз? Толық кишипейиллик, мүләйимлилик, сабырлылық ҳәм сүйиспеншилик пенен бир-биримиздиң ҳәлсизликлеримизди жаўыўымыз арқалы! Сүйиспеншиликке орнатылған қарым-қатнаслар сол арқалы беккемленип бара береди.

Гейде маған өкпелеген гей бир адамлар мени *ҳүким етиў ушын* алдыма келеди. Сол ўақытлары олар менен жарасыўға

деген қәлеў менде улыўма өшип кетеди. Себеби олар улыўма *жарасыў ушын* емес, ал маған қаншелли ғәзеби бар екенин көрсетиў ушын келеди.

Ал гейде маған өкпелеген бир адамлар *кишипейиллик руўхында* келеди. Сондай ўақытлары мен дәрҳал өз пикирлеримнен қайтып, олардан кеширим сорайман, оннан қалса, олар еле сөйлеп болмай атырыпақ, сондай қыламан.

Сизлердиң алдыңызға деп айтып келген адамлар болды ма: «Мен сени жақсы дос деп жүриппенаў, ал сен мениң ушын мынадай-мынадай нәрселерди қылмадың. Бирақ мен сонда да сени кеширип атырыппан?»

Ишиндеги ашыўын төгип болған соң, «Енди сен меннен кеширим сорамайсаң ба?» дегендей, саған қарап турады. Ал сиз не қыларыңызды билмей қаласыз, себеби олардың сөзлери сизге аўыр тийеди. Негизи, олар сиз бенен жарасыўға емес, ал сизди қорқытыўға ҳәм айтқанын қылдырыўға келди.

Бизлерди өкпелеткен туўысқанымызды шын жүректен кешириўге бел байламағанымызша, оның алдына бармаўымыз керек. Оның алдына бармасымыздан алдын оған деген барлық душпанлық жаман сезимлеримизден қутылып алыўымыз керек. Болмаса, бизлерди сол душпалық сезимлер басқарып кетип, жарасыўдың орнына, оларды жарақатлап, қатнасымызды қайта бурынғыдан да жаманырақ етип алыўымыз мүмкин.

Бир адам сизге қарсы гүна ислеп, сизди қатты өкпелетти дейик. Бирақ сиз оны шәртсиз түрде толық кеширдиңиз ҳәм оның менен жарасыўды қәлеп атырсыз, ал ол болса, сизди тыңлағысы келмей атыр. Сонда не ислеў керек?

> «Егер туўысқаның саған қарсы гүна ислесе, оған бар да, аўлақта сөйлесип, айыбын бетине ашық айт. Егер ол сөзиңди тыңласа, онда туўысқаныңды өзиңе қайтарып алғаның болады. Егер ол сөзиңди тыңламаса, өзиң менен бирге бир ямаса еки адамды ертип оған бар, өйткени айтылған барлық сөзлериңе

> еки ямаса үш гүўа болыўы тийис. Егер олардың да сөзин тыңлағысы келмесе, онда исениўшилер жәмәәтине айт. Ал исениўшилер жәмәәтин де тыңлағысы келмесе, онда оны бутқа табыныўшы ҳәм салықшы деп сана».
>
> – МАТТА 18:15-17

Бул басқышлардың ҳәр бир бөлегинде тек бир мақсет бар: Жарасыў! Ийемиз бизлерге: «Жарасыўға ҳәрекет қыла бериң!» дейди. Байқадыңыз ба, өкпелеткен адам ҳәр бир басқышта қатнасыўы шәрт. Бул Ийемиздиң буйрығы. Бирақ бизлер Ийемиздиң бул буйрығына қулақ салмай, көбинесе, бизлерге қарсы гүна ислеген адамның алдына бармаймыз, ал өкпемизди басқа ҳәмме адамларға айтып жүремиз!

Неге? Себеби бизлер еле өз жүрегимиздеги машқаланы шешип алған жоқпыз, сонлықтан сондай қәте исҳәрекетлерди қыламыз. Бизлерге сол ўақыяны басқалар менен бөлисиўге ҳақымыз бардай болып түйиледи. Бизлер оның қаншелли жаман нәрсе қылғанын дүньяға ашып бериўге урынамыз. Егер басқалар бизлерге қулақ салып, оның жүдә жаман зат қылғанын мақулласа, онда бизлер өзлеримиздиң «ҳақ» екенимизге еле де исенип баслаймыз ҳәм тап «жубаныш» тапқандай боламыз. Бирақ бул эгоизмге тийкарланған исҳәрекеттен басқа ҳеш нәрсе емес.

## ТИЙКАР

Егер бизлердиң негизги нийетимиз Қудайдың сүйиспеншилигин көрсетиў болса, онда бизлер ҳеш қашан сәтсизликке ушырамаймыз. Сүйиспеншилик уятқа қалдырмайды. Егер Ийса бизлерди сүйгендей етип, бизлер де басқаларды сүйсек, онда бизлер азатлыққа ийе боламыз, ҳәтте, гей бир адамлар бизлер менен жарасыўды қәлемесе де. Бизлер қәлеген жағдайда Қудайдың даналығынан өзлеримизге ақыл алсақ болады. Қудайдың даналығынан қәлеген ўақытта

пайдалансақ болады. Мухаддес Китаптағы мына бир аятқа дыққат пенен қараң:

> «Егер мүмкин болса, қолыңыздан келгенше, барлық адамлар менен татыўлықта жасаңлар».
>
> – РИМЛИЛЕРГЕ 12:18

Мухаддес Китап: «Егер мүмкин болса...», дейди. Себеби гейде бизлер менен татыўлықта жасаўды қәлемейтуғын адамлар да болады. Ал гейде жарасыўымыз ушын қолымыздан келмейтуғын шәртлерди бизлерден талап ететуғын адамлар да болады. Мысалы, Қудайға унамайтуғын нәрселерди бизлерден талап етиўи мүмкин. Бундай жағдайларда, бизлер бундай адамлар менен қарымқатнасымызды тиклей алмаймыз.

Қудай: «Егер мүмкин болса, қолыңыздан келгенше...», дейди. Егер Қудай жолына қарсы нәрселерди талап қылмаса, онда бизлер қолымыздан келгенинше, ол адам менен жарасыўға ҳәрекет ете бериўимиз керек. Көбинесе, бизлер тез тәслим боламыз ҳәм қарымқатнасты қайта тиклеўге ҳәрекет етпей қаламыз.

Мен бир ўақыяны ҳеш есимнен шығара алмайман. Бир рет достым маған бир унамсыз жағдайдан қашпаўға кеңес берди. Ол: *«Джон, сен өзиңе Мухаддес Китаптан бир аятларды таўып, не ушын жәмәәттен кетиўиң керек екенине бир себеплер таўып бериўиң мүмкин. Бирақ бундай қылмасыңнан бурын, Қудайдың: «Егер мүмкин болса, қолыңнан келгенинше...» деген буйрығын толық орынлағаныңа көзиңди жеткиз. Сен бул жағдайға Қудай тынышлығын әкелиў ушын қолыңнан келген ҳәмме нәрсени қылдың ба? Бул машқалаға Қудайдың шешими келиў ушын жеткиликли дуўа еттиң бе? Соны бир ойланып көр»,* деди.

Кейин ол даўам етип: *«Егер бул қарым-қатнасты сақлап қалыў ушын сен қолыңнан келген ҳәмме нәрсени қылмаған болсаң, онда бир күни артыңа қарап, бундай қылмағаныңа*

*қатты пушайман боласаң. Сонлықтан қолыңнан келген ҳәмме нәрсени қылып болғаныңа ҳәм енди ислейтуғын басқа ҳеш бир нәрсе қалмағанына көзиңди жеткиз»,* деди.

Мен бул кеңеске қатты миннетдар болдым ҳәм онда Қудайдың даналығын көрдим. Ийемиз Ийса былай деген:

> «Жарастырыўшылар бахытлы! Олар Қудайдың балалары деп аталады».
>
> – МАТТА 5:9

Ол: «Тынышлықты сақлағанлар бахытлы» деген жоқ. Тек тынышлықты сақлаўға урынатуғын адамлар ҳәр қандай қарама-қарсылықтан қашады. Олар қарсы болып қалмаўы ушын, ҳәтте, Қудайдың сөзине қайшы келетуғын нәрселерди ислеўге де таяр турады. Бирақ оның сақлағысы келип атырған «тынышлығы» ҳақыйқый тынышлық емес, ал узақ ўақыт даўам етпейтуғын, үстиртин, жалған тынышлық.

Ал жарастырыўшылар болса, мәңги қалатуғын ҳақыйқый жарасыўға ерисиў ушын, ҳақыйқатлықта болады ҳәм қарама-қарсылықлардан қорқпайды, бирақ ҳәр қашан сүйиспеншилик руўхында ҳәрекет етеди. Олар жасалма ҳәм үстиртин қарымқатнас қурмайды. Олар өкпесин өтирик күлкиниң артына жасырыўдан бас тартады, ҳақыйқатлықта ҳәм кишипейилликте турады ҳәм ҳеш қашан уятқа қалдырмайтуғын батыр сүйиспеншиликтиң жәрдеми менен ҳақыйқый тынышлықты орнатады.

Қудай адамзат пенен тап сондай қылады. Ол ҳеш кимниң набыт болғанын қәлемейди. Бирақ Ол адамзатты қутқарыў ушын ҳақыйқатлықты ҳеш қашан бурмаламайды. Ол қәйтип болса да қутқармайды, ал тек ҳақыйқатлық пенен қутқарады. Ол үстиртин бағышланыўға тийкарланған жарасыўды емес, ал ҳақыйқый бағышланыўға тийкарланған жарасыўды излейди. Ол ҳеш қандай жаўызлық жеңе алмайтуғын ҳақыйқый сүйиспеншилик пенен ҳәрекет етеди. Ол бизлер ушын Өз өмирин берди. Ол бизлерди де Өз жолынан жүриўге шақырады.

Барлық нәрсениң тийкарыбул Қудайдың сүйиспеншилиги. Ол ҳеш қашан жоғалмайды, қуўрамайды ҳәм таўсылмайды. Ол өз пайдасын гөзлемейди. Ол ғәзепленбейди ҳәм өкпелемейди (1-Коринфлилерге 13-бап).

Елши Павел сүйиспеншиликтиң барлық гүналарды жеңетуғынын жазады:

> «*Сүйиспеншилигиңиз толық билим ҳәм терең түсимпазлық пенен өсип арта бериўи ушын* дуўа етип атырман. Солай етип, сизлер Масийхтың келетуғын күнинде пәк ҳәм *минсиз* болыўыңыз ушын, ең жоқары ийгиликтиң не екенин айыра аласызлар. Җәне де, Қудайды уллылап, алғыс-мақтаўлар айтыўыңыз ушын, Ийса Масийх арқалы ҳақыйқатлық жемисине бай боласызлар.
>
> – ФИЛИПЛИЛЕРГЕ 1:9-11

Биреўге өкпелеў бул шайтанның қақпанындағы *жемтик* болса, Қудайдың Сүйиспеншилиги бул қақпаннан азат ететуғын гилт. Бирақ бул толық ҳәм ҳақыйқый сүйиспеншилик болыўы керек, яғный жүрегимизде бәрқулла өсип, тереңлесип, күшейип бара беретуғын сүйиспеншилик болыўы керек.

Бүгин жүдә көп адамлар үстиртин сүйиспеншиликке алданып жасап атыр. Бундай сүйиспеншилик тек сөзде көринеди, бирақ исте көринбейди. Бизлерди сүргигиўден ҳәм қақпаннан аман сақлап *минсиз* қылатуғын сүйиспеншилик бул ҳәтте душпанына жақсылық қылыў ушын өзинен бас кеше алатуғын сүйиспеншилик. Ийемиз Ийса Масийх гүнакарлар ушын Өз өмирин берди. Мине ҳақыйқый сүйиспеншилик! Егер де бизлер усы сүйиспеншиликте жасасақ, онда бизлер азғырылмаймыз ҳәм шайтанның жемтигине алданып, қақпанына түспеймиз.

# ЭПИЛОГ

# ӘМЕЛИЙ ҚӘДЕМЛЕР

Бул китапты оқып атырғаныңызда, Жаратқан Ийениң Руўхы сизиң ядыңызға кимгедур жүрегиңизде өкпе барлығын салған болыўы мүмкин. Өкпеден азатлық алыў ушын, ҳәзир мениң менен бирге әпиўайы дуўа менен дуўа етиўди сизден илтимас қылыўымды Қудай мениң кеўлиме салды.

Бирақ дуўа етпестен бурын, Қудайдан: «Жаратқан Ийе, мениң жүрегимде кимлерге өкпе бар? Кишкене балалығымнан баслап ҳәзирге дейин кимлерге өкпе сақлап қалған болсам, ҳәтте, умытып кеткен болсам да, бәрин Мухаддес Руўхың арқалы ҳәзир ядыма түсир», деп сораң. Ол сиз күтпеген адамларды да ядыңызға салыўы мүмкин. Ол сизиң ядыңызға сиз өкпелеген адамларды салып баслағанда, тынышлықта турың. Ол сиз ырастан да өкпелеген адамларды ядыңызға анық

етип салады ҳәм сизде буған ҳеш қандай гүман қалмайды. Қудай сизиң ядыңызға гей бир адамларды салғанда, олардың сизиң қәлбиңизге қандай жарақат салғаны ядыңызға түсиўи мүмкин. Қорқпаң. Мухаддес Руўхтың Өзи сизиң қасыңызда болып, сизге жубаныш береди.

Сиз сол адамлардың сизге қылған жаманлықларын ҳәм айыпларын кеширип атырғаныңызда, олардың бәрин гезекпе-гезек көз алдыңызға келтириң ҳәм ҳәммесин босатып жибериң. Олардың ҳәр қайсысын өз алдына кешириң. Олардың сизге қарыздар болған қарызын кешип жибериң. Кейин төменде берилген сөзлер менен дуўа етиң, бирақ тек бул сөзлер менен шекленип қалмаң. Бул сөзлерди тек үлги сыпатында пайдаланың. Ең баслысы, Мухаддес Руўхтың жетегинде болың.

*Аспандағы Әкемиз! Мени өкпелеткен адамларды кеширмеўим арқалы Саған қарсы гүна иследим. Мен буны Ийем Ийса Масийхтың атынан тән аламан. Мен ҳәзир буның ушын тәўбе етемен ҳәм Сеннен кеширим сорайман. Мен ол адамларды Сениң көмегиңсиз кешире алмайтуғынымды да тән аламан. Сонлықтан шын жүрегим менен толық кешириўге мен бел байлайман. (Енди өкпелеген адамларыңның ҳәр бириниң атын айтып, олардың ҳәр қайсысын өз алдына кешириң ҳәм босатып жибериң). Мен Ийем Ийсаның қаны менен олардың ислеген барлық жаманлықларын жуўаман. Олар ендигиден былай маған ҳеш қандай қарыздар емес! Мен олардың маған қарсы ислеген барлық гүналарын кеширемен!*

*Аспандағы Әкемиз! Ийем Ийса Өзине қарсы гүна ислеген адамларды кешириўиңди Сеннен сораған еди. Мен де, Ийем сыяқлы, маған қарсы гүна ислеген адамларды кешириўиңди Сеннен сорайман.*

*Әке, оларды жарылқа ҳәм оларды Өзиңе еле де жақынлат, олар Сениң менен еле де жақынырақ қарым-қатнасқа келсин.*

*Аўмийин.*

Енди блакнотыңызға кеширген адамларыңыздың атларын бирмебир жазың ҳәм оларды кеширген сәнеңизди қасына жазып қойың.

Бәлким, өкпе руўхын ендиги жағында киргизип қоймаўыңыз ҳәм оған қарсы сизде руўхый күш пайда болыўы ушын, жүрегиңизди шынықтырыўыңыз керек шығар. (Буны қалай әмелге асырыўды билмесеңиз, 13-бапты қайтадан оқып шығың). Енди олар ушын, тап өзиң ушын дуўа етип атырғандай етип, дуўа етиў жуўапкершилигин мойныңызға алың. Жазған нәрселериңиз оларды кеширгениңиз ҳаққында сизге ўақты-ўақты еслетип турады. Егер шайтанның ойлары сизге қарсы ҳүжимге өтип басласа, онда Қудайдың Сөзи менен сол ойларды өзиңнен қуўып ҳәм ол адамларды әлле қашан толық кеширгениң ҳаққында жәрияла. Сиз өкпе ҳәм кеширмеўшилик руўхынан толық азат болыўыңыз ушын, Қудайдан мийрим сорадыңыз. Сонлықтан мәрт болың ҳәм исеним ушын болатуғын жақсы гүресте жеңип шығың.

Сиз өз жүрегиңиздиң толық кеширгенине ҳәм енди күшли болғанына көзиңиз жеткен ўақытта, ол адамларға барың. Ядыңызда тутың, сиз олардың алдына өзиңизди ақлап, оларды қаралаў ушын бармайсыз, ал олар менен жарасыў ушын барасыз. Бул сизиң жүз пайыз жеңиске ерискениңизге сынбайтуғын кепиллик болады. Соннан кейин жеңисиңизди байрамласаңыз болады. Сиз туўысқаныңызды қайтарып алдыңыз (Матта.18:5) ҳәм бул Қудайға унайды.

> Қутқарыўшымыз болған жалғыз Қудай сизлерди жығылыўдан сақлаўға, Өзиниң салтанатында уллы қуўаныш пенен минсиз қылып турғызыўға қүдиретли. Ийемиз Ийса Масийх арқалы әзелден, ҳәзир ҳәм мәңгиге, уллылық, салтанат, күш-қүдирет ҳәм ҳүкимдарлық Қудайдики болсын! Аўмийин.
>
> – ЯҲУДА 24-25

# ҚУДАЙ ТААЛАНЫҢ ПАНАСЫ АСТЫНДА




Сиз баслықтың ямаса жетекшиниң пикирине қосылмаған ўақтыңызда, оларға қалай жуўап қайтарыўды билмей, қыйналған ўақытларыңыз болды ма? «Оларға қулақ салыўым шәрт пе өзи?» деп, өзөзиңизге сораў берген ўақытларыңыз болды ма?

Қудай ҳәкимиятқа ҳәм бийликке ийе адамлар арқалы қорғаў шегараларын, яғный пана береди. Бул қайта исленген ҳәм жаңаланған баспада, бестселлер авторы болған Джон Бивер жаңа әўлад ўәкиллерин усы ҳақыйқатлыққа үйретеди. Душпан Қудайға тийисли болған ҳәкимият туўралы ҳәм Оның орнатқан ҳүкимети туўралы түсинигимизди бурмалап, бизлерге: «Қудайдың қойған жетекшилерисизақ, сизлер өзиңиздиң ҳақыйқый шақырығыңызға кире аласыз», дейди ҳәм бул өтиригине бизлерди исендириўге ҳәрекет қылады. Джон душпанның бул өтиригин пуш етип, бизлерге өз жетекшилеримизге қандай қатнаста болыўымыз кереклигин үйретеди ҳәм не ушын ҳәкимият астындағы өмирдиң бизлерге тәмийинлениў, қорған ҳәм келешекке үмит инам ететуғынын ашып береди.

Тапсаңыз болады: MessengerX

# MessengerX

*Ҳәмме жерде ҳәр бир адам ушын шәкирт таярлаў жолы*




- **Дуньяның 125 тен аслам тиллеринде бийпул**
  Қолланба (приложение) ҳәм онлайн арқалы
- кириўге болады
  Сизиң өсиўиңиз ушын жаратылған ресурслар
- Өз тарийхыңызды ҳәм шәкиртлик
- жолыңызды гүзетип барың



Ишине электрон китапларды, аудиокитапларды, қысқа метражлы фильмлерди, видео сабақларды, Муқаддес Китапты ҳәм шәкирт таярлаў бойынша басқа да материалларды қамтыған «Мессенджер»диң пүткил китапханасын қабыл етиң. Сиз бул материаллардың барлығын өзиңиздиң барлық қурылмаларыңызда бул «Мессенджер» қолланбасы арқалы көре аласыз, оқый аласыз ҳәм тыңлай аласыз




**MessengerX.com**

Жүклеў App Store

Қабыллаў Google Play

Дуньяның барлық жеринде оны App Store ҳәм Google Play арқалы жүклеп алсаңыз болады.

# ДУШПАННЫҢ ӨЛИМГЕ АЛЫП БАРАТУҒЫН ҚАҚПАНЫНАН ҚАЛАЙ ҚАШЫЎҒА БОЛАДЫ?

«Шайтанның жемтиги» китабы - исениўшилерди Қудайдың еркинен сыртқа шығарып жибериў ушын, шайтанның қолланатуғын ең ҳийлели дузақларының бирин әшкара қылады. Бул өлим дузағының аты «өкпе» деп аталады. Шайтанның бул жемтиги арқалы өлим дузағына түсип қалған адамлардың көпшилиги - өзлериниң өлим қақпанына түскенлигин ҳәтте аңғармайды да.

Алданып қалмаңлар! Сиз «өкпе» пенен дусласасыз. Сонда Қудай менен қарым-қатнасыңыздың қандай болатуғынын өзиңиз шешесиз. Яғный, өкпеге қандай жуўап беретуғыныңыз - сизиң тәғдириңиздиң қандай болатуғынын шешеди. Егер сиз өкпеге дурыс жуўап қайтарып, оны жеңсеңиз, онда сиз күшли масийхыйға айланасыз, ал өкпеден жеңилсеңиз, онда қайғы ҳәм дәрт астына түсесиз.

Джон Бивер өзиниң бестселлериниң бул юбилей басылыўында, өкпеден қалай азатлық алыўға болатуғынын ҳәм «өзин жемтик сезиў» ойынан қалай қутылыўға болатуғынын ашады. Бул китап пүткил дүнья бойлап көп тиллерде бир миллионнан аслам нусқада басылып шықты. Онда биринши басылыўын оқыған адамлардың гүўалықлары да бар. Сондай-ақ, сәўбетлесиў ушын сораўлар менен қосымша материаллар, Мухаддес Китаптан үзиндилер ҳәм дуўалар бар.

**Сиз төмендеги қыйын сораўларға жуўап аласыз:**

- Мени не нәрсе тарийхтағы «өз ўақыямды» айтып бериўге мәжбүрлейди?
- Мен гүманлар ҳәм исенбеўшиликлер менен қалай гүрессем болады?
- Өтмиштеги жарақатларыма қайтпаўым ушын, мен не ислесем болады?
- Бир нәрсе мениң кеўлиме қатты тийди. Енди соннан кейин мен қайттан адамларға қалай исене аламан?

Бул китап сизге душпанның қәўипли қақпанынан қутылыўға жәрдем береди. Сондай-ақ, ол сизге өкпеден азат өмир сүриўге ҳәм Қудай менен иркинишсиз қарым-қатнастан рәҳәтленип жасаўыңа күш-қуўат береди.



**ДЖОН БИВЕР** ҳәм оның ҳаялы Лиза Бивер - «Мессенджер Интернэшнл» хызметиниң тийкарын салыўшылар болып есапланады. Көп ғана бетселлерлердиң авторы ҳәм Қудайдың хызметшиси болған Джон Бивер толық ҳақыйқатлықты мәртлик ҳәм жигер менен ўаз етеди. Оның күшли қәлеўи - жергиликли жәмәәтлерди қоллап-қуўатлаў ҳәм жәмәәт жетекшилерине, олардың қай жерде жасаўына, тилине ҳәм финанслық жағдайына қарамастан, ресурсларды жеткизип бериў. Дүньяның 125 тен аслам тиллерине аўдарылған ресурслар бар. Миллионлаған нусқалары пүткил дүнья бойлап шопанлар менен жетекшилерге тарқатылған.


Және де көбирек материалларға ийе болыўды қәлейсиз бе? Сканерлең.

MessengerX

Бийпул жүклемелер ҳәм ағымлы видеолар ушын **MessengerX.com** сайтына кириң.

MESSENGER INTERNATIONAL
MessengerInternational.org

Бул китап - автордан саўға.
Сатыўға болмайды.